# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ**
**общественно-политическэ**
**журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ
цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм,
Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2015

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*ТхакIуэ IутIыж Борис къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*

**БакIуу Хъанджэрий.** Тхьэр куэдкIэ зыхуэупса...... 3
**Гъут Iэдэм.** Псэ дахэм и лъэужь...... 11
IутIыж Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр...... 15
**IутIыж Борис.** Сурэт. *Новеллэ*...... 19
**IутIыж Борис.** *Усэхэр*...... 27

*ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 75-рэ ирокъу*

**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ГъащIэм и гъукIэ...... 35
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIыф...... 39

*ЩIэныгъэлI ТIымыжь Хьэмыщэ илъэс 60 ирокъу*

**БищIо Борис.** Емызэшыж...... 43
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Шыбжийм нэхъри нэхъ плъыжьу укъызэщIэзыгъаплъэ телъыджэ...... 53

## Прозэ

**Мэзыхьэ Борис.** Хъуэхъубжьэ. *Рассказ*...... 59
**Тхьэзэплъ Хьэсэн.** Гъуэгу нэхъыщхьэ. *Рассказ*...... 71
**Мыкъуэжь Анатолэ.** ТетIысхьэпIэм. *Рассказ*...... 75
**КIурашын Алий.** Сабийм и бампIэ. *Рассказ*...... 81

## Усыгъэ

**Бещтокъуэ Хьэбас.** *Усэхэр*...... 83
**Шорэ Ахьмэд.** *Усэхэр*...... 91

## Литературэм и илъэс

**Леонидзе Георгий.** Маритэ. *Рассказ*...... 97

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Зэхуэсышхуэ...... 109

## Культурэ

Гум имыхуж макъамэхэр...... 117

## ЩIэблэ

**ГъукIэ Маринэ.** Жэнэтым лъэтэжхэр. *Рассказ*...... 125

## IуэрыIуатэ

Нарт Уэзырмэс и хъыбархэм щыщщ...... 145

## ЕгъэджакIуэхэм папщIэ

**Къэмбэчокъуэ Iэдэм. Бетыгъуэн Лианэ.** Адыгэбзэм и деепричастием бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр...... 151

## «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ

Псалъэм и купщIэр...... 158

*ТхакIуэ IутIыж Борис къызэральхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*





# ТХЬЭР КУЭДКIЭ ЗЫХУЭУПСА

IутIыж Борис адыгэбзэм, зэрыщыту къапщтэмэ, ди культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар ебгъапщэ хъунущ Ломоносовым урыс тхыдэм хуилэжьам.

Псалъэм папщIэ, Ломоносовым Германием къригъэхырти Урысейм къигъэхьырт нэмыцэ усакIуэхэм яжь къыщIихуу итха одэхэр, итIанэ, нэмыцэ химикхэмрэ физикхэмрэ я къэхутэныгъэхэр кулуэ иджырти, ахэр и лэжьыгъэхэм къызэрыщигъэсэбэпыным яужь итт. IутIыжри, Куржым аспирантурэм щыщIэсам, грузин художник-чеканщикхэм я деж куэдым щыхуеджащ, икIи абы иужькIэ ищIащ адыгэ гъащIэм, тхыдэм, мифхэм, езым итха и трагедиехэм ятеухуауэ жэзым тещIыхьа сурэт гъуэзэджэхэр.

IутIыжым ди литературэм щIэуэ зыкъом хилъхьащ. Ар литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэрт – эпосми, драмэми, лирикэми. Абыхэм я Iэмалхэр зы тхыгъэм щызэдигъэлажьэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм литературэм куэдрэ ущыхуэзэркъым. Гринберг И. зэритхыгъащи: «Къыщыхъу щыIэщ зы усакIуэм лирикэри, эпосри, уеблэмэ, драмэри щызэхиухуанэ». Критикым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэу щытащ Луговской В., Твардовский А., Марцинкявичус Ю. сымэ. Абыхэм ябгъэдэбгъэувэ хъунущ IутIыжри.

Дэтхэнэ жанрми, ахэр зытепсэлъыхьым и мызакъуэу, къызэриIуатэ щIыкIэми IутIыжым щIэщыгъуэ гуэрхэр хилъхьэрт. Къапщтэмэ, адыгэ литературэм щIэуэ къыхигъэхьахэм ящыщщ «философие лирикэ» прозэр. Мыбы екIуу щызэхошыпсыхь прозэу тха усэмрэ искусствэм уахътыншэу къыдэгъуэгурыкIуэ философие эссемрэ. IутIыжым и апхуэдэ тхыгъэхэм фIищахэми – «Бжьэхэр», «Къырхэр», «Гум и гупсысэхэр», «Лъагъуныгъэ», нэгъуэщIхэми – уигу къагъэкIыж дунейпсо литературэм дызыщыхуэзэ философие теплъэгъуэхэр. А теплъэгъуэ мыин дыдэхэр Iуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрым теухуа усэ гупхэм я пэублэу ягъэув икIи абыхэм усэхэм ящIэлъ гупсысэр нэхъри куу ящI. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм щыдолъагъу тхыгъэр усэм и жыпхъэм икIыу прозэм е прозэр усэм зэрыхуэкIуэр («Къырхэр»). Прозэм щыхуэкIуэм деж усэр «усэ жыпхъэм и Iэхъулъэхъум» къыIэщIегъэкIри, тхылъеджэм нэхъ хуиту епсэлъэну Iэмал егъуэт.

Лирикэр IутIыжым псэуху къыдэгъуэгурыкIуащ. Абы медитатив (гупсысэр щытепщэ) усэхэм нэхъ гулъытэ хуещI. УсакIуэр философие гупсысэкIэм нэхъ зэрызыIэпишэр нэхъыбэу щыболъагъу «ХъуаскIэхэр» зыфIища сатыр плIырыплI усэ гупым. Абы IупщIу къыхолыдыкI ди псэукIэм и теплъэгъуэ цIыкIухэу философие гупсысэкIэкIэ гъэнщIахэр. Кавказ Ищхъэрэм и усыгъэм философие лирикэр нэхъ убгъуауэ къыхыхьэн щыщIидзар лIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ Iыхьэрщ. Сатыр тIурытI, плIырыплI хъу лирикэм нэхъ зыщиужьащ Гамзатов Р., КIыщокъуэ А., Кулиев Къ. сымэ я творчествэм.

IутIыжым философие гупсысэр къызэриIуатэ усэ гъэпсыкIэхэм я гугъу пщIымэ, нэхъыбэу къигъэсэбэпу щытар сатыр тIурытIхэмрэ плIырыплIхэмрэ тещIыхьа строфахэрт. Философие гупсысэ ящIэлъщ и сонетхэми, сыту жыпIэмэ, сонетым, баснями хуэдэу, псори къызэщIэзыкъуэж гупсысэ хэлъщи. Апхуэдэ тхыгъэхэм усакIуэр щыхущIокъу куэдыIуэрэ къагъэсэбэпа къупхъэ, пщалъэ тхэкIэмрэ образхэмрэ запыIуидзыну. УсакIуэм псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ философие гупсысэ куу къеIуатэ. Абы и щыхьэтщ мы сатыриплIыр:

*Зеплъыхьри щылъщ сабий махуищ мыхъуар,*
*Илъагъу дунейр зищIысыр къыхуэмыщIэу.*
*Гупсысэу йоплъ дуней жьы дыдэ хъуар*
*И куэщIым кърalьхъа упщIэ нагъыщэм.*

Сонетым IутIыжым и творчествэм увыпIэ хэха щеубыд. УсакIуэм и сонет нэхъыфIхэр ихуащ «Къудамэхэр» зыфIища тхылъым. Борис сонетым зыщыхуигъэзар гъащIэми усыгъэми зэфIэкIыфIхэр щызригъэхъулIа 90 гъэхэм яужьщ. Сонет жыпхъэм усэ тхыкIэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэрыхуэн хуейуэ къегъэув. Арагъэнщ усакIуэхэм я нэхъыбэм абы куэдрэ зыщIыхуамыгъазэри. Къапщтэмэ, «Сонет Iэрамэхэм» литературэ зызыужьахэм я усакIуэхэми зрапщытыну таучэл ящIыщэркъым.

ЗыщIыр зырызыххэщ. Адыгэ усыгъэми сонет зытххэр куэд щыхъуркъым. Ахэр Бэрэтарэ Хьэмид, Къуиикъуэ Налбий, Бемырзэ Мухьэдин (КъШР), IутIыж Борис, Ацкъан Руслан, Уэрэзей Афлик (КъБР) сымэщ.

IутIыжым и сонетхэм къыщыгъэнэIуащ псоми я зэхуэдэ цIыхугъэм и хабзэхэр. Абыхэм гуауи нэщхъеягъуи уащыхуозэ. Сонетхэм къагъэлъагъуэ ди жылагъуэр зэхакъутэжу щыхуежьа зэман хьэлъэр, бгъущI гъэхэм я пэщIэдзэ – «пэжыр гъащIэм хэкIуэдыкIын щыщIидза лъэхъэнэр».

IутIыж Борис и философие гупсысэхэр, лирикэм и мызакъуэу, прозэ цIыкIуми къыщиIуэтащ. ТхакIуэм теплъэгъуэ зыбжанэ къигъэщIащ, апхуэдэ прозэ гъэпсыкIэм тету («ГущIагъщIэлъхэр»). Абыхэм ящыщ зым авторым мыпхуэдэу щыжеIэ:

«Гум едэхащIэ фIэщыгъэцIи къыхуигъуэтыжащ цIыхум абы: ИСКУССТВЭ. Сыхуитамэ, адыгэбзэкIэ мыпхуэдэу фIэсщынт: ГУРЫЩIАСЭ». («Къудамэхэр». н. 212)

Апхуэдэ Iэмалым гур игъэгъущIэркъым икIи абы зэреджэ «искусствэ» псалъэм псэр егъэхуабэ. Мы тхыгъэ гупым щыдолъагъу авторыр реализмэм и жыпхъэм зэрикIар, языныкъуэхэм деж искусствэр гъащIэм и пэжыпIэ дыдэм пэщIигъэувэу. Куэдрэ дыхуозэ жыIэгъуэ шэрыуэхэм. Къэтхынщ щапхъэ.

Искусствэм теухуауэ:

«Искусствэр гу къабзагъэм хухаха щIыналъэщ. Аращ абы узыщрихьэлIэ фIеягъэхэр нэм нэхъ къыщIыщIэуэр. Гум нэхъ щIешыкъылIэр. Псэм хагъуэу къыщIытенэр».

Усэм теухуауэ: «Усэр, ар усэ дыдэр пэжмэ, гум къытраш телъыджэ IуданэхэмкIэ зэIуащэ. Апхуэдэ усэхэр мащIэщ. МащIэ дыдэщ. Гум къытепшыфынум хуэдизщ».

Лъагъуныгъэм ехьэлIауэ:

«ФIыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, уи гум сыщыгъэпсэу. Мы дунейм нэгъуэщI егъэзыпIэ щиIэкъым лъагъуныгъэм».

Пэжым щхьэкIэ:

«Пэжыр псоми къалъыхъуэу жаIэ, ауэ зыми дзыхь ищIыркъым ар и унэ щIигъэхьэну. Дунейр къызэриухуэрэ Пэжыр гызыжу уэрамым дэтщ. ЛъапцIэу. ПцIанэу. И гугъэр зыхихыжа дыгъэм пэплъэу». («Къудамэхэр» н. 215–227).

Прозэр къапщтэмэ, жыIапхъэщ тхакIуэр абы и жанр цIыкIухэм нэхъ зэрыдахьэхыр: рассказ, прозэу тха усэ, новеллэ.

Прозэу тха усэм, усыгъэмрэ прозэмрэ зэпызыгъэщхьэхукI «гъунапкъэ» пэлъытэу щыткIэрэ, эпосымрэ лирикэмрэ я нагъыщэхэр щызэхеухуанэ. Уи гупсысэр нэхъыфIу къэпIуэтэн папщIэ, мыпхуэдэ тхэкIэм Iэмалышхуэхэр къуитми, ар къызыхуэгъэсэбэпу тхакIуэхэм яхэтыр мащIэщ. Ди литературэм а жанрым лъэтеувэ щыхуэзыщIар IутIыжыр арауэ жыпIэ хъунущ. Абы япэ дыдэу прозэу усэ щитхар щыстудентам щыгъуэщ – 1967 гъэм. «Пхъэхуеймрэ жыгеймрэ», «Ар хэт?» жыхуиIэ уситIым зы IэрамэфI къакIэлъыкIуащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIащ IутIыжым езым и увыпIэ ди литературэм щиубыдынымкIэ. Языныкъуэ усэхэр монолог, исповедь фащэм итщ, яхэтщ диалог щIыкIэу ухуахэри.

Зытепсэлъыхь я лъэныкъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэщ. Iуэхугъуэ купщIафIэ куэд къыщыIэтащ искусствэм, литературэм, бзэм, лъэпкъым и къэкIуэнум, гъащIэмрэ ажалымрэ епха тхыгъэхэм. «Дыгъэм кIэрыщIыхьа абгъуэ» жыхуиIэм икъукIэ уигъэпIейтейуэ къыщигъэлъэгъуащ и анэм и образыр, ар дунейм зэрехыжа щIыкIэр, къигъэщIа гъащIэ гугъур. Анэм и образыр Дыгъэм и нэщэнэщ, абы и хуабэр ярет абгъуэр зыхуищIа и сабийхэм. IутIыжым «Нэху» фIищу псоми фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа КъардэнгъущI Зырамыку хуитха тхыгъэми хэлъщ гъащIэм и пэжыр къэзыгъэлъэгъуэж нагъыщэхэр. ГъащIэр – зэпымыууэ нэхум хуеIэнырщ. ГъэщIэгъуэнщ, философие мыхьэнэ куукIэ гъэнщIащ дахагъэм теухуауэ тхакIуэм къиIуатэ гупсысэхэри («Телъыджалъэ», 1993). ГъэщIэгъуэну зэхэлъщ «Анэдэлъхубзэм и гурыгъузхэр» (1993) жыхуиIэри. Мыбдежым тхакIуэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я закъуэу зэбгъэдэтIысхьауэ щызопсалъэ. Анэдэлъхубзэм и гукъеуэр хуеIуатэ ар зыIурылъ лъэпкъым. Ар хуабжьу ирогумэщI илъэс мин бжыгъэкIэрэ лъэпкъым зэхуихьэса бзэр зэрыкIуэдыжым. Ауэ ар апхуэдизу зыхуэгузавэ лъэпкъым зы псалъи къыпидзыркъым, а гурыгъузым зэщIиубыдауэ ари иIыгъыщи.

Бзэр лъэпкъым къигъэщIащ икIи фIыщэу елъагъу, арщхьэкIэ анэдэлъхубзэм шынагъуэшхуэ къыщхьэщыхьащ. ЦIыху мелуан бжыгъэхэм я бзэр яфIокIуэд. ТхакIуэм щапхъэу къехь языныкъуэ лъэпкъхэм яхэлъа хабзэ гуемыIур:



«ПщIэрэ, адэ, адэ, илъэс мин бжыгъэ куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, Iэщым къызэрыхэщхьэхукIрэ куэд мыщIа пасэрей цIыхухэм хабзэ гущIэгъуншэ дыдэ куэд яхэлъауэ жаIэ: лIакъуэм щыщу адрейхэм ядэмылъэхъущыжыфыр, ишхын къэзымыущэкIужыфыр, жьэ леи, зехьэнеи хъуауэ къалъытэрти бгым щадзырт, е бжьымыкъуэ мэзым яхьырти и закъуэпцIийуэ къыщIанэрт, е дыгъужь ныбаджэхэмрэ хьэIуцыдз уэдыкъуахэмрэ щызэщIэкъугъэ губгъуэ нэщI пхыдзам кърanэрт...

ГуемыIу хъыбархэм зи тхьэкIумэ емысам игу кърнгъэкIуэн хуэдизу гущыкIыгъуэщ пасэрей лIакъуэхэм ящыщ гуэрым хэлъауэ мы иджыпсту нывжесIэжыну хабзэри.

Тхыдэжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, а хабзэр зыхэлъауэ жыхуаIэ лIакъуэм (массагетхэм) мыпхуэдэут а дауэдапщэр зэрырагъэкIуэкIыр. Жьэ лей, зехьэней хъуауэ къалъытар езыхэм я IэкIэ яукIыжт, къаущэкIуа пшэрыхь гуэрхэм я лым хаупщIатэрти, зэхэлъу ягъавэрт. Лыр вэуэ Iэнэ папщIэу зэрахьэ чийм къытралъхьа нэужь, бынхэри, бынхэм я бынычжхэри, абыхэм къащIэхъуэжахэри пIэцIеижу къетIысэкIырти, я мажусииthьэхэм Iыхьэ хуащI хуэдэ, дэтхэнэми абы щыщ нэхъыбэ зэрызылъигъэсынум хэтурэ зи пкъым къикIа цIыхур яшхыжырт.

Я нэхъ пэж дыджхэри зэтезыуIэфIэну хэтхэр къэзыгъэуIэбжьын икIи зыщымэхъэшэн зэгъэпщэныгъэщ мыр, ауэ, а пэж дыджым и хьэтыркIэ жысIэнщи, дунейр къытщIэплъу уэрэ сэрэ нобэ дызэрызэфIэкIуэд щIыкIэм зэгъэпщэныгъэ нэхъ щабэ къыхуэгупсысыгъуейщ. Хэти сыти жрыреIэ, ауэ сэ

къысхуемыплъэкӀыжыххэ адыгэ минхэм, мелуанхэм сащыхэплъэм деж, хуэм-хуэмурэ сыщӀэхъуэпсу щӀызодзэ ижь-ижьыжым псэуа а мажусийхэм къадекӀуэкӀа хабзэм... Сэри сыхуейт уи псэм уахътыншэ сыщыхъуну, адыгэ лъэпкъ. Мыпхуэдэу успыӀукӀуэтурэ зэгуэрым укъысщыфӀыкӀыжыпэнкӀэ хъумэ, сыхуейт, уи лъым сыхыхьэу, Тхьэм и тыгъэ лъапӀэу АнэдэлъхубзэкӀэ зэджэ сэ уи гъащӀэм зэгуэр сыкъыщызэщӀэблэжыну. Псэ уахътыншэ къыпхэзылъхьэфын къарууэ зэгуэрым уи пкъым сыкъыхэпсэукӀыжыну». («Къудамэхэр», нап. 211).

Тхыгъэр еух Ӏущыгъэрэ лӀыгъэрэ хэлъыну, зэрызихъумэжын Ӏэмал къигъуэтыну анэдэлъхубзэм зэрыхуэлъаӀуэ хъуэхъукӀэ.

ЗэрыжытӀащи, ӀутӀыжым прозэкӀэ тха и усэхэм щытепщэщ тхыгъэ кӀэщӀхэр, новеллэр, рассказыр. ӀутӀыжым прозэ тхын пасэу, и щӀалэгъуэм, щӀидзащ, и прозэр зытепсэлъыхькӀи художественнэ ухуэкӀэкӀи зэмылӀэужьыгъуэщ. ТхакӀуэм и прозэм куэду хэтщ гушыӀэ рассказхэр. Зэман зэмылӀэужьыгъуэхэм итха гушыӀэхэр итщ «ГушыӀалъэ» тхылъым.

Ахэр рассказ 25-рэ мэхъу, дэтхэнэ зыми езым и ухуэкӀэрэ зэхэтыкӀэрэ иӀэжу. Авторыр щӀонакӀэ езым и зэманым щыпсэу, щылажьэ цӀыхухэм я ныкъусаныгъэхэм, ар ялъоӀэс тхакӀуэхэми усакӀуэхэми. Апхуэдэ рассказхэм языныкъуэхэр Ӏуэхугъуэ пыухыкӀам тегъэпсыхьа ущие щӀыкӀэу, адрейхэр детектив жыпхъэм иту, ещанэхэр хъуэхъу дахэ хабзэм тету тхащ. Зи гугъу тщӀы тхылъым итщ къэӀуэтэкӀэ къызэрымыгуэкӀкӀэ тха гушыӀэхэри. Абыхэм уащыхуозэ «пащӀэкӀэм щӀэгуфӀыкӀ усэ сатырхэми», «сатыр пӀаскӀуэхэми», нэгъуэщӀхэми. КъэӀуэтэкӀэщӀэ дыдэщ «ГушыӀэрейрэ къэщӀэрейрэ я псалъалъэ» тхылъым итхэр. Мыбы нэхъ ӀупщӀу щыболъагъу тхакӀуэм и гупсысэкӀэр. Абы и щапхъэ зыбжанэ къэтхынщ: **ЦӀыху** – ар дуней езым къимыгъэщӀар зыкъутэжыну хэтырщ; **Бгырыпх** – псэукӀэм и пщалъэщ; **Археолог** – диссертацэм щхьэкӀэ лӀахэри щӀэзымыгъэзагъэрщ. н. къ. («ГушыӀалъэ» н. 246–249).

ӀутӀыжым и гушыӀэ прозэм лъабжьэ хуэхъур лъэпкъым и псэукӀэрщ. ТхакӀуэм ди лъэхъэнэгъухэм я мыхъумыщӀагъэхэр къегъэнаӀуэри, абыхэм образ купщӀафӀэхэмкӀэ ящӀонакӀэ. Авторым дащегъэдыхьэшх зи псалъэмрэ зи Ӏуэхумрэ зэтемыхуэхэм, зыкъызыфӀэщӀыжхэм. Мыбдежым тхакӀуэм журналист Ӏэзагъи къызыкъуех. И пьесэхэми ещхьыркъабзэу, ӀутӀыжым и рассказхэм хэт лӀыхъужьхэм я цӀэхэми куэд къыбжаӀэ. Рассказ зыкъомым яхыболъагъуэ драматургием и нэщэнэхэри. Сэ сызэреплъымкӀэ, ӀутӀыжым и прозэм и фӀыпӀэщ новеллэхэр. Ахэр итщ «Къудамэхэр» тхылъым. Новеллэ тхыкӀэм и хабзэхэм тету, тхакӀуэм сюжет узыӀэпызышэ еухуэри, абы узыпэмыплъэхха кӀэух къыхуегъуэтыф. Ахэр я темэкӀи, къаӀэт ӀуэхугъуэхэмкӀи, сюжеткӀи, къэӀуэтэкӀэкӀи зэмылӀэужьыгъуэхэщ. «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ» новеллэм тхакӀуэм Ӏэзэу къыщигъэлъэгъуащ зауэ нэужь илъэс гугъухэм хапӀыкӀа щӀалэ цӀыкӀуищым я психологиер, я хъуэпсапӀэр, я зэныбжьэгъугъэр.

ТхакӀуэм гум щӀыхьэу къеӀуэтэж жыг щхьэкӀэ лъагэм

фIэщIауэ фIэлъ дыгъэм ещхьу щIакхъуэ хъуреишхуэ къыхуахьа хуэдэу зылъэгъуа щIалэ цIыкIум и пщIыхьыр. ЩIалэ цIыкIур, и ныбжьэгъухэм ящIыгъуу, губгъуэм щхьэмыжщыпэ кIуэн хуейт. И пщIыхь телъыджэр зэпиуду (пщIыхьэпIэм хэту абы жыг къудамэхэм къафIихырт якIэрыщIа щIакхъуэхэмрэ кIэнфетхэмрэ), анэм ар пщэдджыжьым къегъэуш: «Тэдж, си щIалэ цIыкIу, насыпыр пщэдджыжьым ягуэш». И ныбжьэгъухэм щIалэ цIыкIур щхьэмыжщыпэ здашэ. И къуэм къихьа щхьэмыжхэр зэтриудри, анэм щIакхъуэ игъэжьати, абы нэхъ IэфI игъащIэм Iухуауэ ищIэжыртэкъым.

Езыри зауэ нэужь илъэсхэм халъхуати, IутIыжым адрей новеллэхэми хьэкъ пщыхьуу къыщиIуэтэфащ а лъэхъэнэм щыIа Iуэхугъуэхэр, псалъэм папщIэ, «Жызумыр къыпачыж», «Сурэт» жыхуиIэхэм. НэгъуэщI Iэмалхэмкlэ, тхыкIэкIэ ухуащ «ГъащIэмрэ гъащIэ нэужьымрэ» новеллэр. Мыбы фIищари къызэрыгуэкIкъым. Мы новеллэм авторым къыщегъэсэбэп зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхыжын Iэмалыр, къапщтэмэ, зэхэуэ нэужьым губгъуэм икъухьауэ къина щхьэхэр, Iэхэр, цIыху Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэхэр. Абыхэм я псэхэм губгъуэм щхьэщыту къалъэтыхь. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, Iэпкълъэпкъхэр щыпсэум зэрызэбиям хуэдэу иджы псэхэр зэбийкъым. Ахэр зоуэршэрылIэ икIи я нэхъыбэр зыхэта Iэпкълъэпкъхэм яхуэарэзыщ, абыхэм ящыщу зыри тхьэусыхэркъым, Iэпкълъэпкъым гугъу иригъэхьауэ жиIэу. Псэм, пцIы лъэпкъ химылъхьэу, зэрыщыта дыдэр къеIуэтэж. Мы новеллэм дыщыхуэзэркъым драмэм къигъэсэбэп Iэмалхэм: диалог, монолог, репликэ хуэдэхэм. Мыбы нэхъ зытригъащIэр, псэзэпылъхьэпIэ ихуа цIыхур зыхуэдэр дигъэлъагъунырщ. Зэщхьыркъабзэурэ къалъхуа псэхэр къемэтмахуэм бзу зэмылIэужьыгъуэ мэхъу.

IутIыжым мы новеллэм щIилъхьам хуэдэ философие куу зыхэлъ нэгъуэщI тхыгъэ «прозэ цIыкIум» щиIауэ ди литературэм ищIэжыркъым. АтIэми, новеллэр гугъуу зэрызэхэлъым тхыгъэр гурыIуэгъуей ищIыркъым, апхуэдэ тхэкIэм тет языныкъуэ тхакIуэхэм яйхэм хуэдэу.

IутIыжым и творчествэ гъуэгур къыщызэщIэпкъуэжкIэ, хэхауэ къытеувыIапхъэщ и драматургием. ТхакIуэр иджыри псэу щIыкIэ ар къэбэрдей драматургием и классикыу зэралъытар щхьэусыгъуэншэкъым. СызэреплъымкIэ, Кавказ Ищхъэрэм и драматург нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщ IутIыжыр.

Драматургием и жанр псоми IутIыжыр ехъулIэныгъэ иIэу щылэжьащ. Ауэ пьесэ итхахэм я нэхъыбапIэр комедиещ. Комедием щыщу абы ди литературэм нэхъыбэу къыхигъэхьащ водевилымрэ фарсымрэ, либреттэ итхащ, музыкэм тещIыхьауэ.

ЦIэрыIуэ хъуа и комедиехэм и пэ къихуэу, Борис егугъуу елэжьащ «Пшыналъэ» радиожурналым. А журналыр зэманышхуэкIэ радиом и къэтынхэм хэтащ, артистхэу Щэрмэт Людмилэрэ Иуан Владимиррэ ирагъэкIуэкIыу. Абыхэм IутIыжым «къахиIущIыкIыжауэ» жыпIэ хъунущ «ГушыIэ махуэ апщий» пьесэр. Мыр псалъэжьхэмкIэ, жыIэгъуэхэмкIэ гъэнщIа, бзэ купщIафIэкIэ тха пьесэщ. Образхэр нэхъ нэIурыту къигъэ-

лъэгъуэн папщIэ, драматургым мыбы къыщигъэсэбэпащ «мыхьэнэ пыухыкIахэр къэзыIуатэ цIэхэр». А Iэмалым иужькIэ дыщыхуозэ авторым и адрей тхыгъэхэми. Мы комедием авторыр «ирихулIа» хуэдэщ теплъэгъуэ щхьэхуэу блыри зэрызэпищIэн Iэмал къигъуэтыну. Абы щхьэкIэ Iуэхум къыхигъэхьащ зэпызыщIэ Iыхьэхэр, уэрэдхэр, къафэхэр, нэгъуэщIхэри.

90 гъэхэр IутIыжым драматургие нэхъыбэ дыдэ щитха лъэхъэнэу къэплъытэ хъунущ. ЯпэщIыкIэ абы къигъэщIащ «Ажэгъафэ джэгухэр». Мы гупым хыхьэ псоми зэдыщIэкIыу я лIыхъужьыр ажэгъафэщ. Ажэгъафэм Iуэхур ирегъэкIуэкI, и хъуржыным иIэбэурэ, къыкIэлъыкIуэ гушыIэр зытраухуэнур къирихыурэ. Апхуэдэ пьесэхэр тху мэхъу, дэтхэнэ зыри зи щхьэ хущытыж теплъэгъуэурэ гуэшауэ. Псори зэхэту ахэр тIощIым щIегъу. Мыбыхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэр Жьэмыгъуэщ. Мы комедиехэр прозэу тхащ, ауэ езы авторым итха уэрэдхэри нэгъуэщI уэрэд цIэрыIуэхэм я макъамэхэри хэтщ.

Нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ теплъэгъуиблу зэхэт «ГушыIэр гушыIэщ» комедиер. Иужьрей Iыхьэ «Япэ къэсыр зи дотэу лIынэлIыпсэ дотэ» жыхуиIэм хэт Хьэфотэрэ Хьэжбаронрэ куэд зылъэгъуахэщ, тIуми мызэ-мытIэу унагъуэ яухуат, ауэ зэуэзэпсэуи къутэжат. И цIыхугъэхэм я чэнджэщкIэ, Хьэжбарон макIуэ и лIым бгъэдэкIыжауэ и закъуэу псэу Хьэфотэ деж. Абыхэм авторым псалъэ шэрыуэ, IуэрыIуэдз куэд яIурилъхьащ икIи ахэр уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ зэригъэщIэрэщIам а образхэр нэхъри гукъинэж ящIащ. Театреплъхэм псом хуэмыдэжу ягу дыхьащ артистхэу ТIыхъужь Алий, Мэшыкъуэ Феня, ЖьакIэмыхъу КIунэ, ДыщэкI КIунэ сымэ я джэгукIэр.

IутIыжым и трагедиехэр тхакIуэм и творчествэ псоми я джэлэс пэлъытэщ. Ахэр зытепсэлъыхькIи, я къэIуэтэкIэкIи зэмылIэужьыгъуэщ, адыгэ Iуэхум хуэмыгъэза яхэткъым. Я нэхъыбэм тхыдэм и гъуэгу гугъусыгъухэм дытрашэжри, «Синдикэ» къэралыгъуэр къыщызэрагъэпэща лъэхъэнэ хьэлъэр ди нэгу щIагъэкIыж. Ар аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ IутIыжым и драмэхэр адыгэ литературэхэм я жыпхъэм зэрибэкъукIам.

IутIыжым къыдимыгъэкIауэ, къытримыдзауэ тхыгъэ куэд къыщIэнащ. Абыхэм яхэтщ зи къэIуэтэкIэкIи ухуэкIэкIи щIэуэ щыт «Гуащэпэж» тхыгъэр. Мыбы трагедиери комедиери щызэхэухуэнащ. Мы тхыгъэр повесть жанрми хэбгъэхьэ хъунущ. ГушыIэ дахэрэ щIэнэкIалъэрэ хэлъу авторыр тхыгъэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм щытопсэлъыхь коммунистхэм тепщэгъуэр щаубыда, къулыкъущIэрэ интеллигенцэу партым хагъэхьэхэр щагъэмэщIа лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ адыгэхэм я нобэрей жылагъуэ гъащIэм къыщыхъу телъыджэлажьэхэм нэсыху. Тхыгъэр еух авторыр езыр дунейм ехыжа нэужь иужь къинэнухэм зэрахуэупсэ хъуэхъухэу езым и сыным тратхэжыну фIэфIхэмкIэ.

IутIыжым гулъытэ хэха хуищIырт анэдэлъхубзэм зегъэужьыным. Абы адыгэбзэр телъыджэу игъэбзэрабзэрт. Бзэм и зэфIэкIым зригъэубгъун мурадщ абы иIар нэгъуэщIыбзэкIэ тха пьесэхэр щызэридзэкIми (Думбадзе Н., Хугаев Г., Дударев А. сымэ).

ТхакIуэм и творчествэм увыпIэшхуэ щызыIыгъахэм ящыщщ публицистикэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр зытеухуар литературэм, искусствэм, анэдэлъхубзэм зегъэужьынырт.

IутIыжым апхуэдэуи зыкъигъэлъэгъуащ художник, скульптор Iэзэуи – шарж, карикатурэ гъэщIэгъуэнхэр ищIырт, пхъэм сурэт къыхибзыкIырт, жэзым къыхиуIукIырт, мывэм къыхиIущIыкIырт.

2007 гъэм къыдэкIауэ щыташ тхакIуэм «Лъэужь» зыфIища и тхылъыр. Пэж дыдэуи, IутIыжым лъэужьыфI къыщинащ публицистикэми, литературэм и жанр псоми.

ТхакIуэм и творчествэ щIэиныр иджыри куэдрэ лъэпкъым хуэлэжьэнущ. Ар щаджынущ республикэм и курыт еджапIэхэми, еджапIэ нэхъыщхьэхэми, къахуэщхьэпэнущ критикхэми литературэджхэми.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# ПСЭ ДАХЭМ И ЛЪЭУЖЬ

IутIыж Борис и гугъу щащIкIэ, куэдым къыхагъэщ ар гъуазджэм и пкъыгъуэ зыбжанэм фIыуэ хэзагъэу зэрыщытар. Пэжщ, ар литературэм и жанр дэтхэнэми – сурэт тхынми, скульптурэ щIынми, нэгъуэщIхэми хуэIэкIуэлъакIуэт, ауэ, къызэрысфIэщIымкIэ, абыи къыщымынэжу, Борис и дежкIэ искусствэр зэрыщыту гуэшыпIэ зимыIэ зы дуней лъагъукIэ хэIэтыкIауэ щытащ. Абы и дуней еплъыкIэм тещIыхьи – нэхъыщхьэр пкъыгъуэратэкъым, атIэ и гум къеныкъуэкъу къэхъугъэр сыту щытми, абы зэрыпэджэжынур езы дыдэм и гур япэ зыхуэжэрат. А зыхуэжэнур щытынкIи хъунут усэу, прозэу, драмэу, сурэту, скульптурэу е къэнжал уIупхъэу – зэлъытар авторым игурэ и псэкIэ къыхихырат. Искусствэм и хабзэхэр зи дуней еплъыкIэ авторым дежкIэ, метафорэбзэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэ зы пкъыгъуэри поэзием и зы теплъэщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, пкъыгъуэхэр сыт хуэдизкIэ зэпэщхьэхуэу дымылъагъуми, ахэр авторым и еплъыкIэм къызэщIекъуэри «зы жьауэм щIешэ». Нэхъ къызэрыбгурыIуэнкIэ жытIэнщи, авторым дежкIэ нэхъапэр и гум щыщIэхэр къиIуэтэн щхьэкIэ езым фIэшэрыуэу къыхихауэ зы Iэмал гуэрым триубыдэнырщ, зыр фIэмащIэ хъурэ – зыхуей дыдэм хуэдизыр къигъэсэбэпынуи хузэфIэкIынущ. Апхуэдэу щытыфынур закъуэтIакъуэ дыдэщ. Абыхэм ящыщ зыт IутIыж Борис.

Псалъэм папщIэ, и талантыр и ныбжьэгъу е и цIыхугъэ гуэрым «тригъэпсэн» щхьэусыгъуэ щиIэм деж (щхьэусыгъуэ хъунут абы и цIэ къыщIиIуапхъэ дэтхэнэри – зы фIы гуэр къехъулIамэ, цIэ лъапIэ къыхуагъэфэщамэ, и ныбжькIэ щIыхь щыхуэщIыпхъэ махуэ къыхуихуамэ, апхуэдэ щхьэусыгъуэ гуэри щымыIэххэу ауэ сытми езы Борис гукъыдэж ищIу хуэусэнумэ е дэгушыIэнумэ, языныкъуэхэм дежи щхьэусыгъуэт дунейм ехыжа цIыхуфIыр игу къэкIыжамэ...) абы эпиграммэ, е фIыщIэ псалъэ, зыгъэлъапIэ усэ хузэхилъхьэрт, е и сурэт дахэ, шарж хьэлэмэт ищIырт. Ауэ нэхъ зэрихабзэти, сурэти ищIынти, абы усэри щIитхэжынт. Апхуэдэхэм деж IутIыжым ищI сурэтымрэ псалъэхэмрэ апхуэдизу зэкIуж хъурти, зыр адрейм къыгуэх зимыIэ и Iыхьэу фIэкIа пщIэнутэкъым, а тIур зы пкъыгъуэм и пакIэ зырызу къыпщыхъурт.

Абы и прозэм, поэзием, драмэ тхыгъэхэм я зэхуаку хышхуэ дэтуи, псышхуэ дэжуи плъагъуркъым: языныкъуэхэм деж жанр лIэужьыгъуэхэри искусствэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэри зэхошыпсыхьыжри, усэ текстым къызэрыгуэкI псалъэу къыпфIэщIын ущыIущIэнущ, ауэ ахэр эстетикэ лъагэм и хабзэкIэ зэгъэпэщащ, прозэм ритмикэрэ макъ зэпэджэж зэщIэжьыуэрэ ущрихьэлIэнущ, лIыхъужь драмэу зи бзэр хэIэтыкIауэ щытыпхъэм гухэлъ щабэрэ философие гупсысэрэ зи къежьапIэ монолог хэту къэкIуэнкIи мэхъу. Егъэлей хэмылъу жысIэнщи, абы прозэу итхри поэзие хъужырт, ауэ по-

эзиер зэи къелъэхъшэхыу прозэ хъужакъым. Абы нэмыщIкIэ, IутIыж Борис и пьесэхэм хэт персонажхэм я теплъэр езым сурэту ищIыжырт, дэтхэнэ зыми и шыфэлIыфэмрэ хьэлымрэ къыщыIуэтэжауэ ремаркэ укъуэдияхэр гуитхэжырт. Хьэлэмэтращи, хэзыгъэгъуазэу щытыныр зи къалэн ремаркэ нэгъунэ абы дахагъэм и хабзэкIэ игъэпсырт – псалъэхэр хэщыпыкIарэ зэгъэкIужауэ, купщIэ дахэ хэплъэгъуэжу. Си гугъэмкIэ, абы пьесэ тхынри, ар сценэм щыгъэувынри, дэтхэнэ персонажым и теплъэмрэ къэхъугъэу екIуэкIхэмрэ нэгум къыщIэгъэхьэнри, сценэм иту и прозэм щыщ е и усэ къеджэнри апхуэдизкIэ быдэу зэпхауэ илъытэрти, зыщIыпIэ деж зыгуэркIэ езым и гупсысэм ущытекIмэ, и гурылъ лъапIэу цIыхухэм ябгъэдилъхьэну зыщIэхъуэпсыр ныкъуэ хъуну къыфIэщIырт.

IутIыжыр филологие щIэныгъэхэм я кандидату зэрыщытам, бзэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIа зэрыхуищIам нэмыщIкIэ, абы и псэр нэгъуэщI Iэджэми етауэ щытащ – ар сурэт щIыным хуэзыузэщIын хуэзащ, къэнжал уIунми хуезыгъэсэн езым къигъуэтри абыи хуэижь зищIыфащ, дзэ къулыкъум ираджэным ипэкIэ музыкэ еджапIи щIэсати, музыкэми хуэмыхей хъуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми узэрыхэзэгъэн талант Алыхьым къуимытамэ, дауи, уеджэ къудейкIэ зыри къыпхэкIынукъым, ауэ Борис Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщти, искусствэм и дэтхэнэ пкъыгъуэми и Iыхьэ къыхих мыхъуу, и псэм щыщ хилъхьэфырт. Абы щыгъуэми, абы и тхыгъэхэри, мывэм къыхиIущIыкI е пхъэм къыхибзыкI скульптурэхэри, щIэуIукIахэри, тхылъымпIэм тритхэ сурэтхэри еплъым игъэщIагъуэу дахэт, шэрыуэт, купщIафIэт икIи гурыIуэгъуафIэт.

Зы гушыIэрей гуэрым мыпхуэдэу жиIауэ щытащ, жаIэ: язынықъуэхэр мэшынэ я псалъэр зыжраIэм къагурымыIуэнкIэ, адрейхэр – къагурыIуэнкIэ. Япэрейхэр зи гур къитхьэщIыкIахэрщ, хьэрэмыгъэ зигу имылъхэрщ, щIэуфэн хуей Iуэху мыщхьэмыпэ зыкъуэмылъхэрщ, адрейхэр, бэджым хуэдэу, псалъэкIэ хъы зыдзхэрауэ, я сэфэтыр къыщIэщыным щышынэжхэрауэ къысщохъу. Борис зэгуэр дэлэжьа, и ныбжьэгъуу зилъытэжын хуэдэу фIыуэ зыцIыхуа, и пIалъэ зыщIэ дэтхэнэми ещIэж абы гукъыдэжышхуэрэ хьэлэлагъыу хэлъар зыхуэдизыр. Ар ящыщт дунеягъэкIэ нэхъ гъуэтыгъуейуэ жыхуаIэу зи псалъэм тебгъуэтэж цIыху пэжхэм, зи жыIэмрэ зи IуэхущIафэмрэ зэщхьэщымыкIхэм. Апхуэдэу щытыфынур цIыху хьэлэлыщэрщ. Мис а зэрыхьэлэлыр и поэзиеми, прозэми, драматургиеми, сурэт щIынми, макъамэми – псоми я зэхуэдэ хьэщпакъышхуэ хъурти, и жьауэм псори къыщызэщIикъуэрт. Псоми зэдыдощIэ хьэлэлыр къызэрыгъэпцIэгъуафIэр, арауэ къыщIэкIынщ, делэри хьэлэлри зыщ щIыжаIэри. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэнщи, а нэхъ къэгъэделэгъуафIэу дэ къытфIэщIыр дунеягъэкIэ нэхъ насыпыфIэ хъууэ хабзэщ, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, ахърэтми апхуэдэм и пхъэр нэхъ къыщикIыу къыщIэкIынущ. Хьэрэмыжьым, гурымыкъым, зи гур утIып-

щауэ дунейм темытыфым, псалъэ гуапэмрэ фІы щІэнымрэ хуэхейуэ зишхыхьыжу зи гъащІэр зыхьым и дунейри хъуэпсэгъуэкъым, ныбжьэгъу пэжи хуэІыгъыркъым. Тхьэм ищІэнщ, ауэ тэрэзэ-мэзаным Іуэхур щынэсым дежи апхуэдэм къыпэплъэр щІагъуэкъым.

ЖысІахэм сигу къегъэкІыж ди япэ ища ди ныбжьэгъу лъапІэм яужь дыдэу къыдигъэкІауэ щыта «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» тхылъыр. И псэм ищІа хъунт куэд къызэрыхуэмынэжари, тхылъым и цІэм «пщыхьэщхьэ» псалъэр къыщІыхигъэхьар арауэ къысщохъу. Щыпсэум щыгъуэ апхуэдэу къытфІэмыщІами, иджы дыхэплъэжмэ, тхакІуэшхуэ гу пцІанэм яужь дыдэу къыджиІэну зыхуеяхэр абы къыщиІуэтэжауэ къыщІокІ. Мы тхылъыр и пкъыгъуэкІэ лирикэкъым икІи драматургиекъым, прозэ жанр курыххэми ящыщкъым. Апхуэдэ жанр щхьэхуэ щымыІэу жызыІэри тхьэгъэпцІ ирихъунукъым, ситу жыпІэмэ, мыбы щызэхуэхьэсащ ІутІыж Борис фІыуэ илъагъуу щыта зыкъомым яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр. Зэм ар гукъэкІыж нэхущ, зэми – гушыІэ дахэщ, ещанэм деж сэмэркъэури гупсысэ куухэри, гукъэкІыжхэри, лирикэ нэхури щызэІэпэгъущ. А тхылъыр, зы пэрэ зы кІэрэ иІэу плъагъу щхьэкІэ, кІэух зимыІэ зы монолог шэщІащ, езы авторым цІыхугъэшхуэу хэлъар къигъэнахуэу. Тхылъым зи цІэ ихуахэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэщ абы гу хуабагъэ зыхуиІахэмрэ псалъэ ІэфІ зыхуигъэфэщахэмрэ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, тхылъыр щигъэхьэзырым щыгъуэ Борис и тхыгъэ зыкъомым хэплъэжри, игу нэхъ зыхуэзэгъахэр къыхихауэ къыщІэкІынут. Апхуэдэу абы имыхуэу къэнащ авторым пщІэ зыхуищІ, фІы дыдэуи илъагъу зыбжанэм ятеухуа статьяхэр. Дауи, дунейм зэрытетыну пІалъэр щиухынур зыщІэ щыІэкъым, Бориси, псэужамэ, шэч хэмылъу, иджыри апхуэдэ зы тхылъ къыдигъэкІынт. Ауэ, хунэмысами, мы тхылъым икъукІэ пщІэшхуэ зэрыхуэфащэр нэрылъагъущ.

ЗэрыжысІащи, хьэлэлыр икІи къэгъэпцІэгъуафІэщ, икІи насыпыфІэщ. Адрей зэкІуэцІылъыжьхэм, мылъкуфІ зэрагъэпэщыф щхьэкІэ, я насыпым арэзы темыхъуэжу, фІыуэ къэзылъагъухэри ялъагъужхэри ІэмыщІэ из мыхъуу я дуней Іыхьэр ирахьэкІ. Дэ, цІыху цІыкІу къызэрыгуэкІхэм, тщыщ нэхъыбэри а етІуанэрейм нэхъ дрещхьу къыщІэкІынущи, дуней дызытетымкІэ дымыарэзыщэу, фІым гу лъыдмытэу, Іейр ди нэм нэхъ къыщІэуэу, дзэлэшхэныр зыхуэтхь щымыІэу гъащІэр дохьри, цІыхуфІу ди хъуреягъым щыпсэур къытхуэлъагъуркъым. Мис апхуэдэ гупсысэхэм зи щхьэр къришэх хъуахэм «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» жыхуиІэ тхылъым хуэдэ зы къащтэмэ, хьэкъыу я фІэщ хъунущ дэ къызэрытщыхъум нэхърэ цІыхуфІу нэхъыбэ зэрыщыІэри, дуней дызытетым дыгъэ нэбзий нэхъыбэ зэрыхэлъри.

Мы тхылъым уащыІущІэнущ Борис и ныбжьэгъу куэдым: абыхэм ящыщщ езым зэи имылъэгъуами псэкІэ и Іыхьлыуэ ди литературэм и классики, нэхъыжьыфІу щІыхьышхуэ зыхуэтщІи, езым и ныбжьэгъу-и ІуэхущІэгъуи,

зи лъэр иджыри быдэу мыува ныбжьыщIи. Ахэр я IуэхущIафэкIи зэмылIэужьыгъуэщ: Борис псалъэ гуапэкIэ гулъытэ зыхуищIахэм яхэтщ тхакIуэ-усакIуэ, актёр, режиссёр, дохутыр, щIэныгъэрылажьэ, къэрал къулыкъущIэ, музыкант, хьэрычэтыщIэ, къуажэдэс къызэрыгуэкI... Хьэуэ, «къызэрыгуэкI» псалъэр зыхуэбгъэфэщэн абыхэм яхэткъым – дэтхэнэ зыри зы нур гуэр къызыщхьэщихщ. Ауэ уэрамым уащрихьэлIэмэ, ахэр къызэрыгуэкIыу къыпфIэщIынущ. ЦIыхум дахагъыу хэлъыр къэплъагъун щхьэкIэ уэ, IутIыж Борис хуэдэу, абы и гущIэлъапсэм унэплъысыфу щытын хуейщ.

Таурыхъ гуэрым мыпхуэдэ сюжет хэтщ: таурыхъыр зытеухуа лIыр кхъэ телъыджэ гуэрым ихутат, жи. Абы ит сынхэм тетхауэ тетт, зыгуэрыр махуэ бжыгъэ фIэкIа мыпсэууэ жьы хъури лIэжауэ, адрейм тетт, илъэс зытIущ нэхъ мыпсэуауэ, ещанэм тетхамкIэ, абдежым щIэлъыр дунейм ехыжыххатэкъым. Абы къикIыр: фIы блэжьу къэппсэуа зэманым хуэдизщ гъащIэм хыубжэнур. Жьы ухъуху упсэурэ зы IуэхуфI умылэжьамэ, укъамылъхуххам и палъэщ, ауэ уи цIэр фIыкIэ Iуамэ, а уи фIыр цIыху цIыкIум ящыгъупщэнукъым, уэри псэум ухабжэнущ. IутIыж Борис и щIы Iыхьэ игъуэтыжар пэжщ, ауэ щымыIэжхэм ар яхэплъытэнкIэ Iэмал зимыIэщ, и псалъэхэр, и хъыбар дахэхэр, и тхыгъэ нэхъ дахэжхэр, и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэр дунейм тетщи!



**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# IутIыж Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

## ЗЭIУСЭМ ПСЭ ХИЛЪХЬЭРТ

Ди Щхьэщыгум итым и нэфI зыщыхуахэм, тыгъэ лъапIэкIэ зыхуэупсахэм ящыщщ адыгэ драматург цIэрыIуэ, усакIуэ гъуэзэджэ икIи сурэтыщI Iэзэ IутIыж Борис. Ар илъэс плIыщIым нэблэгъауэ литературэм щолажьэ, зэIусэм псэ хилъхьэу, лъэпкъыр, къыдалъхуахэр лIыгъэм, лэжьыгъэм, дахагъэм, цIыхугъэ лъагэм хуриджэу.

ЗэфIэкI ин, Iэзагъ нэс зэрыбгъэдэлъыр абы псом япэу наIуэ щищIар литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэ драматургиерщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэхэм лъэпкъ драматургиер лъагапIэщIэ трагъэуващ. Адыгэ театрым и сценэр иужьрей илъэс зытIощIырыпщIым зыгъэбжьыфIэр IутIыж Борис и тхыгъэ гъуэзэджэхэрщ.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм*
*я доктор*

## ХУАБЖЬУ СИГУ ИРИХЬАТ

IутIыж Борис япэ дыдэ итха «Тыргъэтауэ» трагедиер къысхуихьри, къызэлъэIуат сыкъыхуеджэну. Абы и сюжетыр хьэлэмэтщ, тхыдэм жыжьэу хэIэбэщ, зыхуейхэр «къыхилъэфри» и тхыгъэм лъабжьэ хуищIауэ. КупщIэм нэмыщIкIэ, драматургием къегъэув лIыхъужь къэсыхукIэ псэ яIутын хуейуэ, я психологие яIэжыпхъэу. Мис абыхэм сегупсысурэ сыкъеджащ сэ а тхыгъэм. Хуабжьу сигу ирихьат.

Апхуэдэу тхыдэм, нобэрей псэукIэм теухуауэ пьесэ куэд итхащ Борис. Абы ипэкIэ диIащ дэ драматургхэр – Акъсырэ Залымхъан, Шортэн Аскэрбий, Тубай Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри, ауэ апхуэдиз зи кууагъыу гупсысэ, апхуэдиз купщIэ зиIэ тхыгъэхэр къызэзынэкIа яхэтакъым. IутIыж Борис и цIэр жытIэу, и фэеплъыр тщымыгъупщэу екIуэкIын хуейщ.

**НАЛО Заур,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цIыхубэ тхакIуэ*

## ГУМЫЗАГЪЭТ

Илъэс 17-м щIигъукIэ зи унафэм дыщIэта IутIыж Борис редактор нэхъыщхьэу къытхуэкIуэным ипэжкIэ, ар «Iуащхьэмахуэм» къуэпскIи псэкIи къытпыщIауэ дызэдэлажьэрт. И тхыгъэ купщIафIэхэр щIэх-щIэхыурэ къытеддзэрт.

Борис лэжьакIуэшхуэт. Гууз-лыуз иIэу бгъэдэтт и IэнатIэм. Гумызагъэт. Зи псэм щымысхьыж цIыхут.

Зэман нэхъыбэIуэ иIэ хъуарэ: «Сэ дачэмкIэ сокIуэ», – жиIамэ, абы къикIыр гурыIуэгъуэт: жэзым, пхъэм, нэгъуэщI зыгуэр-

хэм сурэт къащыхищIыкI и лъэщапIэр здэщыIэр хадэрати, и нэм нэху имылъагъуж хъухукIэ абы щылажьэрт. Борис сытми сытри къыхищIыкIыфырт. АпхуэдизкIэ IэпщIэлъапщIэти, ар зыхэмызагъэ щыIэу къыщIэкIынтэкъым. Псэ хилъхьэфыртэкъым, армыхъумэ, зэIусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт.

IутIыж Борис хуэдэхэр илъэсищэм зэщ лъэпкъым къызэрыхэкIыр. Аращ апхуэдэ цIыхухэр щыпсэум деж гъэлъэпIэн, яхуэфащэ пщIэ яхуэщIын щIыхуейр.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цIыхубэ тхакIуэ*

## ПСОМИ КЪАХЭЩЫРТ

Мы тхыгъэр зытеухуа IутIыж Борис адыгэ тхакIуэ псоми къахощ. Абы ди литературэм хэлъхьэныгъэ абрагъуэ хуищIащ. Борис итха псоми (кIуэ, закъуэтIакъуэ блэзгъэкIами сщIэркъым) сыкъеджащи, узыщIишэу, узэщIиубыдэу апхуэдэхэщ. Абы и гуащIэр ди лъэпкъ цIыкIум дежкIэ уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ.

IутIыжым щхьэтечу епсалъэу щытахэм, и тхыгъэхэм ящыщ куэдым япэу еджахэм, и псэлъэгъуу, и гушыIэгъуу щытахэм сэри сащыщщ. Сэ Борис нэхърэ илъэси 10-м щIигъукIэ сынэхъыжьщ, ар щыстудентым щыгъуэ сэ газетымрэ радиомрэ сыщылэжьащ, пасэу итхахэм седжащ, абыхэм зэрысхузэфIэкIкIэ гъуэгу естащ. Пэжыр жысIэнщи, IутIыжым и гушыIэ тхыгъэ телъыджэхэр зигу иримыхь гуэрхэри щыIащ, езым и ныбжьэгъухэри хэтыжу. Ауэ абы зы щхьэкIи къигъэзакъым, и щIалэгъуэм щыщIэдзауэ и къарум къихьыфынур ищIэжу, тегушхуэныгъэ ин хэлъу щытащ.

«Мы си тхыгъэм сыт ефщIэми сыарэзыщ, сытми зыгуэр къыхэфхи схутевдзэ...» жызыIэхэм Борис ящыщтэкъым. Абы итхам езым нэмыс хуищIыжыфырт икIи ухэIэбащэу идэнутэкъым. Пэж жыпIэнумэ, ущIеIэбыжыни щымыIэу тхэфырт ар, щыщIалэ дыдэми щыщIэдзауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

## ШЭЧ КЪЫТЕСХЬЭРКЪЫМ

IутIыж Борис ди литературэм хищIыхьам дяпэкIэ тхылъ Iэджи зэрытратхыхьынум сэ шэч къытесхьэркъым, ди лъэпкъыр щыIэху, абы и тхыгъэхэр зэрымыкIуэдыжынури фIыуэ сощIэ. Нобэ адыгэ лъэпкъым и IутIыжщ, ар езым фIыуэ къыгурымыIуэжми. Абы иIэщ IутIыж Борис и тхыгъэ щэджащэхэри, нэгъуэщI куэдым я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэри. ДиIэр тхъумэжыфу, абы пщIэ хуэтщIыжыфу нэхъри зедгъэсэнырщ къытхуэнэжыр.

**АЦКЪАН Руслан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

## ЗЭИ СЫЗДЫНЭМЫСЫФЫНУ ЛЪАГАПIИТI

Сэ, «щIалэ цIынэ папцIэ цIыкIур» (апхуэдэут къызэрызэджэр), егъэлеяуэ IутIыжым сигъэгушхуэ зэпытт. «Лъэпкъыр дымащIэщи, ди лъэныкъуэкIэ унылдежьэну, укъыздалъагъуну сыхуейщ» жиIэурэ и бынхэм я гуфIэгъуэхэм сыхигъэтащ.

Сыхуэпабгъэу сыхущIэкъуну мыхъумэ, зэи сыздынэмысыфыну лъагапIитI щыIэщ – ар Къардэнгъущ I Зырамыку и IуэрыIуэдзагъымрэ IутIыжым и бзэ дахэмрэ. Борис адыгэбзэ ищIэ къудейтэкъым, абы анэдэлъхубзэр зыхищIэрт. IутIыжым и псалъэ гъэпсыкIэр адыгэм набжэ зэриху щIыкIэм изогъэщхь: гупсысэ бжэгъулъэр бзэпсым хуэдэу еукъуэдийри, псалъэчийхэр гъэщIэгъуэнышцэу игъэлантIэурэ дедзыж, бжьапэтехуэри зэкIужрэ-зэпсыжу треухуэнэж.

**ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2000*

## ГУКIИ ПСЭКIИ ЗЫХАЩIЭ

Псом япэу, псом ящхьэу Борис ейуэ сэ згъэувар «Тыргъэтауэращ». Ар а зэманым зэрысхузэфIэкIамкIэ (Правительствэм и Унэм къикIа лIыщхьитI еплъри, къэдмыгъэлъэгъуэну унафэ къытхуащIауэ щытат) фIыщIэ хуэфащэщ абы щыгъуэ культурэмкIэ министру щыта Ефэнды Джылахъстэн. Спектаклыр Москва щыдгъэлъэгъуат, фIы дыдэуи къыщалъытат.

Ауэ сытми къызэрыгуэкIыу тхэртэкъым Борис. ЦIыхухэм гукIи псэкIи зыхащIэ абы и IэдакъэщIэкIхэр. Пьесэшхуэхэм нэмыщIа, комедие цIыкIухэри гъэщIэгъуэну, дыхьэшхэну къэзыгъэщIу щыта драматургыр щыпсэуми жысIащ сэ, дунейм сытетыхуи жысIэнущ, Борис зыгуэрым ебгъэщхьынумэ – ар Мольерщ.

**ТЕУВЭЖ СулътIан,**
*Урысей Федерацэмрэ*
*КъБР-мрэ искусствэмкIэ*
*щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ*

## АДЫГЭПСЭМ ЗЕЗЫГЪЭУЗЭЩI

Лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыр, ар зыгъэлъапIэр, абы и щхьэ езыгъэIэтыр, лъэпкъым псэ хэзылъхьэр IутIыж Борис хуэдэхэрщ. ЛъэпкъылIщ, гупсысакIуэщ, ущиякIуэщ, тхакIуэщ, усакIуэщ, сурэтыщIщ, кIэщIу жыпIэмэ, адыгэпсэм зезыгъэузэщI цIыху щыпкъэщ Борис.

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*композитор*

## БЗЭ ТЕЛЪЫДЖЭ IУРЫЛЪТ

IутIыжыр къызэрытцIыхуар и тхыгъэхэмкIэщ. Борис и псэлъэкIэр япэ дыдэу щызэхэсхаращ ди бзэм и бзэрэбзэкIэр,



2 Заказ №152

и къарур, и дахагъэр щызыхэсщIар. Ди анэдэлъхубзэр сэзыгъэцIыхужар Борисщ жысIэкIэ сыщыуэнукъым.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист*

## КЪАЛЭМЫР ХУЭФАЩЭУ ЗЫIЫГЪА

Лъэпкъым и Iуэху зезыхьэн, зезыгъэузэщIын, абы и цIэкIэ утыку ихьэн иIэн хуейщ, и щIэныгъэми, и акъылми, уеблэмэ и теплъэми укъызэримыгъэукIытэнур пщIэуэ. Борис апхуэдэт. Ар псоми зэхуэдэу фIыуэ ялъэгъуагъэнкъым, ауэ тхакIуэм, щIэныгъэлIым дежкIэ нэхъыщхьэраци, и къалэмыр игъэхьэулеяуэ зыми жиIэфынукъым, лъэпкъым и цIэкIэ къэпсэлъэну щIыхуимыти дэлъакъым абы и щIыбагъ.

**ШИРДИЙ Маринэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

## ФIЫЩIЭ МЫУХЫЖ

Ди театрым къыщызджэгуа ролхэм ящыщу (ахэр 120-рэ мэхъу) нэхъыфI дыдэу къэслъытэр Тыргъэтауэщ. Сэ Борис Iэмал къызитащ артистым хэлъын хуей зэфIэкI псори мы ролымкIэ къэзгъэлъэгъуэну: цIыхубзым хэлъын хуей щабагъри, щхьэгъусэм, адэм, хэкум яхуэгъэза лъагъуныгъэри, бийм къыхузэIуих пхъашагъри, лъагъумыхъуныгъэри, къарурэ лIыгъэу къылъыкъуэкIри. ПсэухукIи си гум гуапэу хуилъащ, дунейм сытетыхукIи фIыщIэ хуэсщIынущ си насып къихьу а образыр къызэрызгъэщIыфам щхьэкIэ.

**ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ*

ІУТІЫЖ Борис

# СУРЭТ

*Новеллэ*

ЩІалэ цІыкІуитІым я лъакъуэхэр яригъэтхьэщІу игъэгъуэлъыжа нэужь, хьэкущхьэм тет псы пэгунышхуэр къищтэри, Зенаб щІыхьащ лэгъунэм. Куэд щІауэ цІыхухъумэ къызыщІимыхыж лэгъунэ нэщІым. ГугъапІэ дахэ Іэджэм кхъэлэгъунэ яхуэхъуауэ Зенаб зыщымэхъашэм. АкъылкІэ зыщымэхъашэу гурыщІэкІэ зыІэпызышэм. И псэм зыщигъэпсэхум...

ЗитІэщІщ, жэз тасышхуэм иувэри, Зенаб зигъэпскІыу щІидзащ. Дыгъэрэ гъатхэкІэ гъэнщІа Іэпкълъэпкъ узыншэм псы хуабэр гуапэу едэхащІэрт. Илъэс ІэджэкІэ зыщІэхъуэпса цІыхухъу Іэпэхэр нэхъуеиншэу теІэбэрабэ хуэдэ, псы налъэхэр дэни нэсрэ псэм едэхащІэу щІыфэм ежэхырт. Ежэхырт, гур ягъэпІейтейуэ. Псэр зыщыужа ІэфІ куэдым щагъэгугъыу.

Зенаб и нэгум къыщІыхьэжащ Муратрэ абырэ зэрызагъэпскІыу щытар. ТІури мы жэз тасышхуэм итхэрэ зым адрейм трикІэу. Макъ лъахъшэ дыдэкІэ зэубзэрабзэрэ зыр зым телъэщІыхьу. ЩІалэгъуэрэ узыншагъэкІэ тхьэр зыхуэупса Іэпкълъэпкъ дахитІыр зэгъэкъуарэ, зыгурэ зы псэрэ яІэу зэхэкІыхьыным щІэхъуэпс хуэдэ, зызэрашэкІыу, зызэракъузылІэу, зызэщамыгъэнщІу...

Тасымрэ пэгунымрэ лъэныкъуэкІэ иригъэкІуэтэкІщ, унэ лъэгур зэщІилъэсэжри, тхъугъэ мащІэ зыхидза щхьэц фІыцІэ Іувыр мажьэ къуаншэкІэ зэІихыжу Зенаб бгъэдэуващ блыным фІэлъ гъуджэшхуэм... И щхьэцыр зэІиха нэужьи, ар зытэлайкІэ бгъэдэтащ гъуджэм. НэгъуэщІ бзылъхугъэ гуэр и пащхьэ къит хуэдэ, Зенаб дахьэхыжауэ еплъырт и нэхэм, и нэкІущхьитІ къызэщІэплъам, дыхьэрэну плъыжь хъуа Іупэхэм, игукІи жиІэрт: «Сыт мыгъуэкІэ уигу зэзгъэбгъат уэ, ди тхьэ, мыпхуэдэу насыпыншэ сыпщІыну? Сигуми сипкъми я пхъэгъуэ дыдэм дамэншэ сыхъуныр щхьэ ІэнатІэ схуэпщІа? СыпІэщхьагъыншэрэ Іэпкълъэпкъыр къызэзауэу щхьэ сыкъытебна мы дунеижьым? Щхьэ сумышарэ Мурат мыгъуэр игъуэ нэмысу здэкІуэжам? Псоми къытпэплъэ хьэдрыхэжь щІыІэм?..».

А гупсысэ хьэлъэхэр и гум щызэригъэзахуэу здэщытым, Зенаб и нэхэр тедиящ «къыбгъэдэт» бзылъхугъэ гуакІуэм и Іэпкълъэпкъым щыщу нэхъ дахапІэ дыдэм: гъащІэм и ІэфІагъ псомкІи гъэнщІа бгъэ хужь щызхэм. МащІэу къэбэкхъарэ хуабэмэ, къабзэмэ гуакІуэр къащхьэщихыу ахэр къыдэщырт Зенаб зытрипхъуа цыхьар пІащІэм. Лъагъуныгъэмрэ цІыхухъу ІэплІэмрэ къахуигъэщІа хуэдэ, малъхъэдису зэхэлъ а хужьыгъэ дахитІыр зэкІэщІэхат, зыщІэхъуэпс гуэрым хуэІэбэ, зыщІэбэг гуэр кърадж хуэдэуи, Іэпкълъэпкъым зыхашиикІырт...

НэгъуэщІ цІыху гуэрым и щІыфэ еІусэ нэхъей, Зенаб тІэкІуи щтэІэщтаблэу теІэбащ и бгъэ лъагитІым, ауэ зыгуэрым къилъэ-

гъуа хуэдэ, къаскIэщ, зэуэ уэздыгъэр игъэункIыфIри, щхьэгъубжэм Iупхъуа щащыхур къыфIихыжащ.

Жэщыр пхуэмыIуэтэным хуэдизу дахэт! Сурэтылъэм ирагъэува къыпфIэщIу, щхьэгъубжэм къыIухьауэ къыдэплъырт а дахагъэ псоми къащхьэщыту дунейр нэхъри зыгъэщIэращIэ мазэр. Ар Зенаб къеIущащэ, къелъэIу хуэдэт: «КъакIуэ, Зенаб, къыщIэкI... КъыщIэкIи, псоми насып къыщалъыхъуэ мы гъащIэ IэфIыпсым къыхыхьэж... Иджыри кIасэкъым... ЩIалэгъуэр блэкIакъым... ДяпэкIэщ уи гугъэр зыхэпхыжа нэхъ IэфIыр щыщыIэнур... Нэхъ гъэщIэгъуэнхэм уащыхуэзэнур... КъакIуэ!.. КъакIуэ!.. КъакIуэ!..

Зенаб, мазэм еплъурэ, къыщыхъуа зэманри щIыпIэри къыхуэмыгубзыгъыжу, илъэс мин япэкIэ псэуарэ абы щыгъуэ илъэгъуа хуэдэ хъарпшэру, мыIупщI дыдэу гукъэкIыж IэфI гуэрхэм яубыдри, абыхэм къахэкIыжыну зэрыхуэмейр наIуэу щхьэгъубжэм хъуэпсэнэгуу дэплъурэ, пхъэ гъуэлъыпIэ бгъуфIэм зригъэукIуриящ.

Зэрыдахэм и мызакъуэу, гъатхэ жэщыр апхуэдизкIэ гугъэпсэхуу мамырт, даущыншэти, унэм пыIудзауэ пщIантIэм дэт дэшхуей иным и тхьэмпэ зэщIэхъае-зэщIэщхъыщхъэхэм я Iущащэ макъыр IупщIу зэхэпхырт...

Дунейр мамырми, Зенаб и гум, и Iэпкълъэпкъ псом къыщыуша къарур пыIэнуи зэгъэнуи хуейтэкъым. Ар хуэпабгъэрт икIи хущIэкъурт Зенаб къемыдэIуэж Iэпкълъэпкъым къилъыхъуэ щытыкIэм. А щытыкIэм хэзышэфыну телъыджэм. А телъыджэр зыхэгъэпщкIуа цIыхум.

Зи щIалэгъуэр, зи лъы къэплъыгъуэр блэкIыу, зэи, зэи къэзымыгъэзэжыну а къару иным зэрихуэ Iэпкълъэпкъ пщтырымкIэ зыдэгуэшэн цIыхухъу зимыIэж бзылъхугъэм нэхъ насыпыншэ сыт щыIэ?! Ар ещхьщ хуитыныгъэм къыхуигъэщIа бзур ныбгъуэхьэшым ихуа нэужь, лъэпIастхъэурэ дунейм къызэрыхуеIэм, пхуэмыIуэтэщIын гузэвэгъуэр и псэм зэригъэвым... Мис апхуэдэ щытыкIэм иригъэуват Зенаб гъащIэм.

Илъэсибл хъуат абы и щхьэгъусэ Мурат зауэм зэрыхэкIуадэрэ. Гу зыщимыхуар ажалышэм зэрыIэщIихрэ... Гуауэшхуэм и хъыбар кIэщIыр зэрыт тхылъымпIэ угъурсызыр игъейрэ щхьэнтэр нэпскIэ иуфэнщIу жэщ куэд игъэкIуащ абы. Зенаб зы махуи щыгугъакъым икIи хуеякъым а гуауэ щIыIэм къелыну, апхуэдизкIэ и лъагъуныгъэр инт, тхьэм къыхуигъэфэща гугъапIэншэ IэнатIэм и гур хуеувалIэртэкъыми... Ауэ къелащ Зенаб а гуауэм. ИлIыкIыну хуеями, илIыкIакъым. ЗиукIыжыну щытегушхуэ къэхъуами, и Iэр и псэм хуихьыжыфакъым...

Зенаб къелами, абы зыкъыхуегъэлакъым Мурат и анэ тхьэмыщкIэм. Щхьэгъусэ хьэдагъэр имыухыурэ бын хьэдагъэр къылъыкъуэкIат Зурят...

Абы щыгъуэ зы илъэс никъуи хъуатэкъым Мурат и адэм щхьэкIэ щыгъуэ тхылъ къызэрахьрэ. ТхьэмыщкIэр Польшэм нэсауэ абы къыщаукIат... «И хьэдэ тIэкIу мыгъуэр дэнэ къыщына?.. Дэнэ щыщIалъхьа?.. ЩIамылъхьэу щIы пцIанэм къытенамэ, – дауэ?»... А гурыгъузхэм яхьрэ гузэсэжу махуэхэр игъакIуэрт

Зурят. АпхуэдизкІэ зыхищІат, гуншэ-псэншэ ищІати, ар щызыгъэгъупщэфын гуэри къэмыхъуну и гугъэт, апхуэдэ гупсысэхэм защидзейт... Ауэ, щыгъуэ кІыхьыр фІыкъым, гуауэ къешэ, жыхуаІэр пэжу къыщІэкІынти, гузэвэгъуэшхуэм и хьэдагъэр ямыухыурэ, гукъутэгъуэшхуэр къатепсыхащ Зурятрэ и нысэ цІыкІумрэ...

Нэкууи напІэуи иІа бын закъуэр и псэм патхъа нэужь, мазэ зыбжанэ къипсэужауэ аращ Зурят. Ар ихьащ Іэзэгъуи хущхъуэгъуи зимыІэ фэбжьым: анэ лъагъуныгъэм къытехуа фэбжь шынагъуэм...

Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм, зэпсэгъухэм, зэщІасэгъухэм я лъагъуныгъэм теухуауэ мы дунеижьым тражыІыхьамрэ траусыхьамрэ щІэрэ гъунэрэ яІэкъым, ауэ сыт хуэдиз ухуейми яхужыІэ, дапхуэдэу ухуейми гъэщІэращІэ, – гурыщІэ къабзагърэ пэжагъкІэ анэ лъагъуныгъэм пэхъуну зы лъагъуныгъи щащІауэ къыщІэкІынукъым уафэмрэ щІылъэмрэ я зэхуакум. Адрей лъагъуныгъэхэр гъащІэ гъуэгуанэм насыпырыхьу къыщыбгъуэт гурыщІэ ІэфІхэу аркъудейщ. Ахэр дахэщ. ЩхъуэкІэплъыкІэщ. УзыІэпашэ. Нэхъ ІэфІрэ нэхъ фІыгъуэрэ щымыІэу зыкъыпщагъэхъуфын хуэдизу къаруушхуэ яІэщ. Ауэ я нэхъ гу хьэлэлымрэ псэ къулеймрэ къабгъэдэкІауэ щытми, апхуэдэр зэи лъэІэсынукъым Тхьэшхуэм узыхищІыхьу зи кІэтІий кІапэм укъыпиха анэм и лъагъуныгъэм...

ЗанщІэу ажалыр къыхуэкІуами и насыптэкъэ Зурят – щхьэгъэсыс хъущ, и акъылыр утхъуэри, цІыхум яфІэпсэкІуэдрэ Зенаби хуэмыубыду къуажэр унащхьэ зэдикІыу къикІухьу дэтащ, зи нэзхэр хъыбий Іухъукlа чэсыргей щэкІыщхьэ иІыгърэ «Мурат къокІуэжри, кхъыІэ, зы джанэ дахэ хуэвд» жиІэу лъаІуэу.

Гуауэ тІуащІэм мори къытехъуэжарэ, зы сабийр и Іэблэм тесу, адрейр псэлъэф къудейрэ и Іэпэр иІыгъыу – хэплъэгъуэ дыдэт илъэс тІощІым щхьэдэха къудейуэ гузэвэгъуэ щІыІэм хэбэкъуа, зи нысащІэгъуэр имыкІа къыфІэщІурэ, фызабэ гъащІэр къызылъыкъуэкІа бзылъхугъэ цІыкІум и Іуэхур. Уи Іэпкълъэпкъыр щІэлІэу уехуэхынумэ, щхьэусыгъуэхэр гъунэжт.

ДэнэкІи плъэ – нэм къыІуидзэр гузэвэгъуэрэ тхьэмыщкІагъэрэт. ДэнэкІи даІуэ – зэхэпхыр гузэсэжу къызэхэна цІыху цІыкІум я гъыбзэ макът. Дэтхэнэми езым и гугъуехьрэ хьэзабрэ иІэжт, «уи щхьэ-си щхьэ нэхърэ...» жыхуаІэм цІыхур гъащІэ бзаджэм ирихулІати, зыгуэрым ущыгугъыныр – щхьэгъэпцІэжт, гукъанэ хуэпщІыныр – делагъэт.

Зенаб гъащІэм зыдэзыгъэшурэ зрезыгъэщІыкІхэм ящыщтэкъыми, цІыхуфэм дэмыхуэри дигъэхуэфащ. «Мыхъум, зэрыхъуу щІы», жыхуаІэрати, и бгыр щІикъузэщ, цІыхухъу дэтхэнэми къылъыкъуэмыкІын лІыгъэ къызыкъуихри, и Іуэхур сыткІи нэхъ къыщикІыну дыщым мыкІуэжу, Мурат и лъапсэм къинащ. Къинащ, щІалэ цІыкІуитІыр лъэпкъым яхэсу къигъэхъун щхьэкІэ. Мурат мыгъуэм и псэм къыщикІухьу къыфІэщІ пщІантІэмрэ унэмрэ имыбгынэным щхьэкІэ...

Зурят мыгъуэр щІилъхьэжщ, зэманымрэ псэукІэмрэ къазэ-

ритIасэкIэ, абыи Мурат мыгъуэми яхуэщIапхъэ тIэкIухэр яхуищIэри, Iэщыншы зимыщIу, джэдкъазкIи гъунэгъухэм ефIэкIыу псэууэ щIидзащ зи насыпыр щIэх дыдэу къызытекъута нысащIэ цIыкIум.

Аращ-тIэ «гъащIэ» жыхуаIэжыр. Абы и уIэгъэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэри мэкIыж, гува-щIэхами и нэгур зэгуэр зэлъыIуокIыжри, адэкIэ псэуни кIуэтэни зэрыхуейр уи тхьэкIумэм иримыгъэкIыурэ, икIэм-икIэжым арэзы утохъуэ.

Зенаби, сыт ищIэнт, хуэм-хуэмурэ теувэжащ а гъащIэ хабзэм. Зыгуэрхэр лIэкIэ, адрейхэм залIэж зэрымыхъунур тегъэчыныхьауэ къэзыгъэув хабзэ гущIэгъуншэм. ЩымыIэж цIыхухэм къытхуаIа лъагъуныгъэхэм даригъэпцIыжу зэм-зэми къытщызыгъэхъум. Ауэ, утебэкъукIынкIэ Iэмал зимыIэ хабзэ Iущу икIи щхьэпэу жиIэурэ, акъылым дигъэгъэзащIэм...

Илъэсибл школ къызэриухар, хъэтI дахэ зэриIэр къалъытэри, кIэлъхуоз правленэм щIагъэтIысхьауэ, илъэситI хъурт Зенаб писыру зэрылажьэрэ. Гуауэшхуэр къызэрыщыщIрэ зэманыфI дэкIа пэтми, ар къикIыжыфтэкъым зэсэжа щыгъуэ щытыкIэм...

ГущIэгъуншагъэ гуэри хэлъу къыщIэкIынщ апхуэдэу жыпIэным, ауэ, пэжыр дэнэ пхьын, – бзылъхугъэр куэдкIэ нэхъ гуакIуэ ещI щыгъуэ щытыкIэм. ГъащIэ пхъашэжьым и нэщэнэхэр нэхъ лъэныкъуэегъэз хъууэ арауэ пIэрэ? Жэуап зэмытыгъуафIэ упщIэщ, ауэ, шэч зыхэмылъыжращи, куэд дыдэрэ къохъу хъуэпсэнэгу плъэкIэ зиIэ цIыхухъунэхэр апхуэдэ бзылъхугъэхэм нэхъ щатедие...

Зенаб зыдэлажьэхэми IуэхукIэ къыбгъэдыхьэхэми я нэхъыбэр цIыхухъут, зыкърагъэщIэну къытемыгушхуэ щхьэкIэ, хъуэпсэнэгуу къеплъ куэди абыхэм яхэтт, ауэ, псалъи-далъи хэмыту, апхуэдэхэр и щытыкIэ щыпкъэмкIэ Iуигъэщтт абы...

АтIэми, гъэщIэгъуэнракъэ, иужь зэманым Зенаб и гум къизэрыхьу щIидзат хуэм-хуэмурэ и гуауэр щызыгъэгъупщэу, щIэзыхъумэу къыфIэщI гупсысэ нэху гуэрхэр. А гупсысэхэм ар ящымэхъашэрт, ятеукIытыхьырт, защихъумэнуи хэтт. «Сыту емыкIушхуэ мыгъуэ сэ апхуэдэ гуэрхэр сигу къэкIыну, сыщыгъуэу, сыгъуэгыу сыщысыным и пIэкIэ...» А псалъэхэмкIэ и щхьэм егиежурэ, Зенаб и насып блэкIауэ зэи къэзымыгъэзэжынум гукъэкIыж къарукIэ зыкIэрищIэрт, иIамрэ щыIамрэ емыпцIыжынуи хэтт, ауэ узыншагъэрэ щIалэгъуэ мафIэкIэ гъэнщIа Iэпкълъэпкъым хуэм-хуэмурэ гур къигъэдаIуэрти, гъащIэм щымыщ псысэ дахэ гуэрым хилъэсэжырт...

И напIэр зэрызэтрилъхьэу абы и нэгум къыщIэувэрт щIалэ дахэ гуэр. ПщIэгъуалэ иным тесрэ дыщэ псырылъэу къыпщыхъу и сокум хэзэрыхьауэ а щIалэмрэ Зенабрэ уафэм дэкIуейрти, пшэ Iэрамэ хужьыпсым зыхагъапщкIуэрт. ГъэщIэгъуэныщэу зэщIэпщIыпщIэ пшэм щыхуарзэу здыхэтхэм, щIалэм и нэкIур гъунэгъу дыдэ къыхуэхъурти, щхьэр зыгъэуназэ Iу бахъэ пщтырыр Зенаб зыхищIэрт. Ауэрэ я Iупэхэр зэрыгъуэтт, я Iэпкълъэпкъхэм зызэрашэкIти... псори зэуэ къэлъындт, гупсысэхэри Iэпкълъэпкъхэри жьыхум хуэдэу псынщIэ зыщI IэфIыгъэ

телъыджэ гуэрым псори къызэщIиIэтэрт, ирихьэжьэрти, дыгъуасэри, нобэри, пщэдейри зэхэзэрыхьыжт... Зенаб и нэхэр нэхъри зэтрикъузэрт, и гур нэхъри иутIыпщт, а напIэзыпIэ хьэлэмэтыщэхэр хишыну, игъэбэгъуэну, гупсэхугъуэ IэфIым адэкIи къыпищэну хэту. Ауэ, нэкъыфIэщI дахащэр пэж дыдэу къыщIигъэкIыну хэтурэ и нэхэр къызэтриха нэужь, абы илъагъур нэгъуэщIт, зыхищIэр Iэхъуамбэхэм быдэу якъуза, нэпсыр зыщIэзыфа щхьэнтэ къудейрт. А щхьэнтэр нэхъри и бгъафэм щIикъузэм, Iупэхэр ишхыжу кIуэцIкIэ гъыуэрэ ешырти, жэщ ныкъуэхэм деж пщIыхь дыдэм хыхьэжырт Зенаб.

Ар зэпщIыхь щIалэр, бзылъхугъэхэм я хъуэпсапIэм къытращIыкIа пфIэщIыну, лъагэт, пкъыфIэт, и нэгу лъагъугъуафIэр узыIэпишэу зэлъыIухат. НэхъапэIуэхэм а щIалэр зыкъомкIэ ещхьу щытащ Мурат мыгъуэм, ауэ, кIуэтэху зихъуэжурэ, икIэмикIэжым, нэгъуэщI зыгуэрым и теплъэм техьэпащ...

Мазэ зыхыбл ипэкIэ къуажэм агроному къагъэкIуат зи ныбжьыр илъэс щэщIым нэсауэ фэ зытет щIалэ екIу гуэр. Заурбэчт абы и цIэр. ЗэрыжаIэмкIэ, зауэм лIыхъужьу хэтат, капитант, орден, медаль жыпIэми, – зэрыгушхуэнрэ зэрылъэпIэнрэ гъунэжу иIэт.

КъыщыкIуа япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ абы и нэхэр Зенаб техъуэпскIыхьт, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къигупсысурэ конторэм щIыхьэрти фызабэ нэщхъеирилэм дэгушыIэу щIэст. Абы жиIэхэр зыуи къримыдзэ хуэдэу фэ зытригъэуэну хэтт Зенаб, ауэ къехъулIащэртэкъым. «Гум илъыр фэм къеIуатэ» жыхуаIэр пэж дыдэщ, – хуабжьу зызэтриIыгъэ и гугъэж щхьэкIэ, Зенаб и гурыщIэхэр къыфIыдихут, Заурбэчи, уелIэлIапэмэ, къыумыгъэдэIуэфын, «къыпхуэмыгъэщIытэн» бзылъхугъэ зэрыщымыIэр зыщIэ цIыхухъухэм ящыщти, ищIа гуращэм текIыну хэттэкъым.

Нэхъапэхэми хуэмыдэжу, мы яужьрей махуэ зыбгъупщIым Заурбэч къыкIэрыныкъэпат абы, зыгуэрхэм щхьэусыгъуэншэу гурыщхъуэ къыхуащIынкIи шынэ къищтат...

Гъэр уэлбанэрилэурэ екIуэкIт, нартыху, сэхуран жыпIэми, япщIэну зыхунэмыса зыкъом кIэлъхуозым къыхуэнауэ иIэти, жьыри щIэри, зэрыжаIэу, хьэмфIанэ къызыхуэIэту хъуар я нэм нэху кIапэ илъагъуху губгъуэм кърамыгъэкIыу итт. Зенаби, абы ещхьу правленэ, пощт, библиотекэ сыт хуэдэхэм щылажьэ адрейхэри, я Iыхьэ яIэжрэ щхьэж и псэупIэкIэ зыхиубыдэ бригадэм егъэбыдылIауэ яхэтт хадапщIэ щIыхьэхум.

Зэманыр дапхуэдэу мыгуащIэми, лэжьыгъэр сыт хуэдизу мыхьэлъэми, щIалэгъуалэм я гушыIэмрэ уэрэдымрэ зэпыуртэкъым, щIэхуабжьэ мыхъумэ, я лэжьыгъэр абы щхьэкIэ нэхъ кIащхъэ хъууи гу лъыптэртэкъым... Заурбэч къащыхыхьэм е я хьэсэпэмкIэ блэкIыу щалъагъум деж, хъыджэбзхэр нэхъри къызэрыкIт, я макъхэм нэхъ жыгъыру зрагъэщIырт. Заурбэчи жьэмейхэм ящыщтэкъым, и теплъэр нэхъри гурыхь ищIу гушыIэ дахэ хэлът, адрей къулыкъущIэ зызыгъэбэгхэм емыщхьу, сытым дежи нэжэгужэт, цIыхухэмыхьэу щыттэкъым. И цIэр гушыIэ уэрэд гуэр-

хэм хагъэувэурэ, губгъуэр къагъэпсалъэу хъыджэбзхэм жаIэрт, Заурбэч зыбгъэдашэмэ, къадэгушыIэмэ яфIэфIу. Ауэ езы Заурбэч нэхъ къиуфэрэзыхьыр хъыджэбзхэм я нэжэгужэ зэхэтыкIэм зыпыIузыдз, шэджагъуэтIысхэм дежи, цIыхухэм къахэмыхьэу, лъэныкъуэ зезыгъэз Зенабт. ЩIалэм и гушыIэ дахэмрэ и хъуэрыбзэ гъэщIэгъуэнхэмрэ Зенаби щыдашэх, и гуауэр щыщIауфэ, и Iупэхэр щагъэгуфIэ къэхъурт. А гушыIэр нэгъуэщIу иухынкIи шынэу щIидзат Зенаб: и гум къиплъэу къыфIэщI Заурбэч и нитIыр абы нэхъри къытедие хъуат. ГушыIэ лъэпкъ хэмылъу. Я фIэщыпсу. Жэуап къыщалъыхъуэу...

Арат ныщхьэби Зенаб зыщIэгупсысыр, Заурбэчт. Зэи хуэмыдэу, нобэ гугъапIэ зритауэ, хуэмыубыдыж и гур мащIэу зыхузэIуихауэ къыщыхъуж Заурбэчт...

«Сыту емыкIушхуэ, – жиIэрт абы игукIэ. – ЖаIэр пэжмэ, Заурбэч унагъуэщ, зэкIэ къимыгъэIэпхъуа щхьэкIэ, щхьэгъуси быни иIэщ... Сыт сэ абы сыщIыщIэгупсысыр? СыткIэ си Iуэху хэлъ Заурбэч и гъащIэм?.. Пэжщ, сэ си гум зы плIанэпэ щиубыдащ а щIалэм икIи, Iуэхушхуэракъэ, зыри схуещIэжынукъым абы. Блэ зэуа Iэпэр занщIэу паупщIмэ, цIыхур а щхъухьым къелу къыщIэкIынущ, ауэ лъагъуныгъэм и шэрэзым къилъыхъуэр цIыхум игуращи, къылъэIэсамэ, – упэлъэщыжкъым. Уи щхьэ къэбгъэпцIэжкIэ сыт, – сэ Заурбэч фIыуэ, фIыщэу слъэгъуащ, ауэ... дэнэ, дэнэ мыгъуэм укъысхуиукIт Заурбэч?! Псалъэм папщIэ, укъыдызохьэхыпэ, узыхызогъэхьэж, насыпыфIэ дохъу... Мурат ягу илъ зэпыту къэзгъэхъуну си гугъэ ди сабий дыгъэ цIыкIуитIыр дауэ итIанэ?.. Балигъ хъуа нэужькIэ, сыт напэр сиIэу абыхэм саIуплъэжыну?.. Уи щхьэгъусэр-щэ, Заурбэч?.. ИгъащIэм сызытемыплъа а цIыху лажьэншэр мы сэ иджыпсту сызэрыт насыпыншапIэм къихутэнущ. Нэпсым ишыуа щхьэнтэм зытрикъузэрэ бампIэм зэгуиуду епщIыхьынущ фIыуэ илъагъу щхьэгъусэм. КъопщIыхьынущ уэ, Заурбэч... Хьэуэ, сыхуейкъым сэ нэгъуэщIым къытесха, къыIэщIэсча насып. Сэр фIэкIа зыми и Iуэху зыхэмылъ насыпщ сэ сызыхуейр. Ауэ, къызитами, сиIэну къызипэсакъым сэ ар Тхьэм... Лъагъуныгъэм си гур исами, зыкъозгъэщIэнкъым сэ уэ, Заурбэч. ЗызгъэлIэнщ, ауэ си напэр, Муратрэ си сабиитIымрэ я напэхэр зэи згъэукIытэнкъым»...

Ахэм егупсысу здэщылъым, Зенаб зэхихащ, хуэсакъыпэурэ зыгуэрым къызэрыIуихыр пщIэуэ, куэбжэ цIыкIур зэрыкIыргъар. Гур къикIэзызыкIащ. Куэбжэр Iузыхар щабэрыкIуэу унэм къыхуэкIуэрт. Дыгъуа-дыгъуауэ къэкIуатэ а лъэмакъым зыдищI хуэдэ, Зенаб и гур нэхъри къеуэу щIидзащ... Мис – щэху дыдэу бжэм къытоуIуэ... Зэпоу... Аргуэру къытоуIуэ... ИтIанэ Iущащэ щIыкIэу къопсалъэ «Зенаб... ар сэращ... Заурбэчщ... КхъыIэ, бжэр Iух... И-и-и, Зенаб»...

И къэкIуэкIэм дзыхь зэрытримыщIащэри нэхъ тегушхуэн щхьэкIэ тIэкIу зэрефари къапщIэу, Заурбэч и макъым зихъуэжат, и гум и къеуэкIэм зыдашI хуэдэ, псалъэхэр мащIэу кIэзызырт.

Зэры-Заурбэчыр къыщицIэм, шынагъуэр щхьэщыкIри, Зенаб и гур зэуэ псэхужащ. Ар хэлът, щащыхумкIэ и щхьэр

щIихъумарэ, пщIантIэм дэтым зэхихынкIэ шынэ хуэдэ, щэху дыдэу бауэу.

Зы тэлай дэкIа нэужь, и гур нэхъри къеуэу щIидзэжащ, ауэ мыр шынэртэкъым къызыхэкIар. ЦIыхухъу гуапагъэм куэд дыдэ щIауэ хуэлIэ Iэпкълъэпкъыр къэушыжауэ лъаIуэрт: «Тэдж, насыпыншэ! Тхьэр узогъэлъэIу: тэджи, бжэр къыIух»...

Иджыпсту Зенаб и Iэпкълъэпкъыр езым и бий хъуат. Абы щызэныкъуэкъурт Зенабу тIу. Зым, емыкIуми сытми емыплъу, кърикIуэнуми емыгупсысу, кIуэуэрэ лъагъуныгъэм и мафIэм зыхидзэнут, зыхригъэсхьэнут. Ауэ адрейр, зыри зэрызэхимыхыным, бгъэм къикъуэлъыкI и гум напэр зэрыщихъумэным хэтт.

Зыкъомрэ къытеуIуэу, Iущащэ макъкIэ лъаIуэу щыта нэужь, щIэс хъункъым жиIа, – сытми, Заурбэч хуэм дыдэу дэкIыжыну ежьэжащ... и гум кIуэцIрыкIыу къыщыхъу лъэмакъ IукIуэтыжыр Зенаб ибжырт. Иджы абы дэнэкIи къиIукIыу зэхихырт: «Тэдж псынщIэу! Уи насыпыр зыIэщIумыгъэкI... Тэдж!.. Тэдж... Тэдж!..»

Зэрыхъуари сытри къыхуэмыщIэу, Зенаб щащыхур зытрипхъуэтри, щIэкIыну, Заурбэч кIэлъыкIуэну, кIэлъыжэну къыщылъэтащ, ауэ – «Ай!» – Зенаб зэуэ къаскIэри, техьэгъуэ щIыIэм иубыда хуэдэ, кIэзызрэ и нитIыр зыгуэрым тедияуэ гъуэлъыпIэм итIысхьэжащ. Абы къеплъырт мазэм и нур кIапэр зытридзэ блыным къыхэцIуукI нитIыр. Ахэр – Мурат и нэ фIыцIитIырт. Делэ хъуа хуэдэ, зыри хужымыIэжу, Зенаб абыхэм яхудэплъейрт. «Дэнэ укIуэрэ, Зенаб?! КхъыIэ умыкIуэ, къэгъазэ!» – жаIэу лъаIуэ хуэдэт.

Зенаб къыщиудри, гъуэгыу пIэм зыхиIубащ. Ар хэлът, шынагъуэм зэщIиIулIарэ и щхьэр къыхуэмыIэтыжу. Апхуэдэу макъыншэу гъыуэрэ, жэщыбгхэм нэсауэ Зенаб жейр къытекIуащ...

Гугъусыгъуурэ здэжейм, абы и нэгум пщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн гуэр щIэкIырт...

Пэш зэгъэпэща иным щIэт дыщэ гъуэлъыпIэм Зенаб пцIанэу ист. Абы ибгъумкIэ жейуэ къыщылът Заурбэч... Ар нэхъри нэхъ дахэж щыхъуат мы пщIыхьэпIэм... Мис, – жейм здыхэтым, ар погуфIыкI... Зыкъегъазэ... А зэрыжейм хуэдэурэ, Зенаб и куэ пцIанэхэм закърешэкI... И щхьэр къытрелъхьэ... Зенаб зыхещIэ зэщIэзыщта цIыхухъу Iэпкълъэпкъым и пщтырагъыр... Щхьэц хъурыфэр худрижьей щIыкIэу толъэщIыхь... ГъащIэр мыбдежым къыщыщIидзэ хуэдэщ!.. Мыбы и пэкIэ зыри щымыIам ещхьщ!.. Ауэ куэд дэмыкIыу Зенаб и щIыбагъымкIэ лъэмакъ гуэр къыщызэхехри, къызоплъэкI. Езыри цIыкIуу, шы пщIэгъуалэ цIыкIунитIэми тесу блыным зы шу къыхокI. Ар хуэм-хуэмурэ къокIуатэ, нэхъ къэблэгъэхукIэ, – лIыри шыри нэхъ ин мэхъу... Ауэрэ Зенаб къыщхьэщохьэ нурыр къызыщхьэщих мо шы пщIэгъуалэ иным тес лIыр. Зенаб, зэрыIуплъэххэрауэ, – шур къецIыхуж: ар Муратт.

И щхьэм фIэкIа къэмынэу джэбын хужьыпс зэшэкIа Мурат, тежыхьа къыпщыхъурэ мыхъейуэ икIи мыпсалъэу, шыбгым ист. Ауэ, мес, – шыбгым къытелъэтыкI хуэдэ зеIэтри, Мурат шым къопсых. Къопсых, хьэуам щес щIыкIэу Зенаб къыбгъэдохьэри, и

Ӏэблэр еубыд. Мурат мэӀэбэри, плӀанэпэм дэт хьэкум фӀамыщӀ кӀанэшхуэ кърех. Кърехри, Зенаб и напэр абыкӀэ зэхицӀалэу щӀедзэ. Зы ӀэпапӀэ къимыгъанэу Зенаб и напэр фӀыцӀабзэу ила нэужь, адрей пэшым щӀохьэри, и Ӏэблэ зырызым тесу щӀалэ цӀыкӀуитӀыр къыщӀех. Ахэр зэриӀыгъыу хьэуам зыщеӀэтри, Мурат шым мэшэсыж. Зенаб сабиитӀым захуедз, захуеший, Мурат ахэр къыӀэщӀихыжыну хуожьэ, ауэ, гущыкӀ къызэрыхуащӀыр, нэмыплъ къызэрыратыр наӀуэрэ я нэщхъыр зэхэукӀауэ щӀалэ цӀыкӀуитӀыр анэм къыжьэхоплъэри, адэм и пщэм зрашэкӀыж. ПщӀэгъуалэм зеӀэтри, кӀуатэм, – кӀуэтэху нэхъ цӀыкӀу хъууэрэ, – шыри тесхэри блыным хогъуэщэжыпэ. Зенаб къыщылъэтауэ ахэр здэкӀуамкӀэ мажэ, ауэ зыри щимыгъуэтыжкӀэ, ину мэкӀий: «Мурат!.. Мурат!.. Мура-а-ат!».

Езым и макъым къигъэушыжарэ пщӀыхьэпӀэмрэ нахуапӀэмрэ хузэхэмыгъэкӀыщэу Зенаб пӀэкум ист. «Умыгузавэ, зыри къэхъуакъым, зыкӀи укъыхэмыщт» къыжраӀэурэ къеӀущащэ хуэдэ, пщэдджыжь дыгъэм и бзий гуапэхэм пэшыр хуэм дыдэурэ ягъэнщӀт.

ПщӀыхьэпӀэ шынагъуэр игу къэкӀыжри, Зенаб зэуэ дэплъеящ: гуапэу къыхуеплъыхыу блыным фӀэлът Мурат и сурэтышхуэр.

Къыщылъэтри, ипщэ пэшым жащ. Пщэдджыжь жей ӀэфӀым хэт щӀалэ цӀыкӀуитӀыр, зызэрашэкӀауэ, хэлът. Ахэр, тхьэм и шыкуркӀэ, щыгъуазэтэкъым Зенаб ныжэбэ игу щыщӀа псом.

ПыгуфӀыкӀыурэ лэгъунэм щӀыхьэжри, абы къыфӀихащ Мурат и сурэтыр. Сурэтым гуапэу ба хуищӀащ, и бгъафэм щӀикъузэри, ар гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьащ гъуджэшхуэм. Хьэуэ, зыкӀи зыхуимыт лъагъуныгъэм и мафӀэм химысхьэу, абы и кӀэгъуасэр фӀыцӀэу къытемынэу, псоми ятекӀуа Зенаб и напэр хужьт.

«Тхьэм иджыри сыкъихъумэ» – жиӀэри, Ӏухауэ къэна куэбжэ цӀыкӀум и нэхэр тедияуэ еплъурэ, Зенаб щхьэгъубжэ зэӀудзам ӀутӀысхьащ...

Гъэмахуэхуэплъэ хъуа гъатхэм и дахэгъуэ дыдэт. Гур акъылым и унафэ нэхъ ткӀийми ӀэщӀэзышыф зэмант. Зэман телъыджэт. ИкӀи шынагъуэт. Зенаб хуэдэ бзылъхугъэ дахэм дежкӀэ...

# IУТIЫЖ Борис

## *Усэхэр*

* * *

Сэри сощIэ: ди щIыр мэкIэрахъуэ.
СощIэ: мазэ нурыр мывэ къуршщ.
Ныбжь къудейщ а мазэм тет мэлыхъуэр.
Нобэ, дауи, ар хэт дежкIи IупщIщ.
СощIэ. Ауэ сэ си дежкIэ мазэр
ФIыуэ слъагъум и нэкIу хужь хъурейщ.
ЩIылъэ щхъуантIэр екIуу а си щIасэм
И пкъыр зыгъэдахэу щыгъ бостейщ.
Гъатхэ жэщыр тхьэIухуд дахащэм
И гупсысэ къабзэщ. Губгъуэ жейр
Пшыналъэ мыIупщIхэр щызэпащIэу
ДжэгуакIуэ мыцIыхухэм я дунейщ…
ЩIэныгъэлIу зи акъылыр лъащэ!
СощIэ, содэ, – жыпIэ псори пэжщ.
Ауэ сынолъэIур: си пцIы мащIэр
Зэрыщыту сэ къысхуэгъэнэж.

*1981*



### ПЩIЫХЬЭПIЭ

… Гъуэжькуий кIэрахъуэм къихь ахъшэ Iэрамэм
ЦIыху куэд кIэлъожэ. Зыхуаший. Долъей.
Нэхъ лъэщхэр зыпэлъэщхэм тесщ я дамэм.
Зытесри тесри ахъшэм худоплъей…
Мэфий гъуэжькуийр. ЩIеупскIэ ахъшэ къомыр.
Бзу зэмыфэгъухэу щIылъэм къотIысэх.
Аузыр яуфэбгъу тумэнхэм. Сомхэм.
Жыгъыжыгъыжу жыгъей жыгъырухэр къолъэлъэх.
Дунейр зэщIештэ зэрыщх-зэрылI макъым.
ЦIыхуцIэ зиIэр хьэщхьэрыIуэ мэхъу.
ГущIэгъуи напи – зыри къыдэнакъым
Ауз шынагъуэм, нэпсеягъэ нэхъ…
Гъуэжькуийм ищI самэм, зытраубгъуауэ
ЗэшитI зэпоIэ. ЗэрофыщI. ЗэролI.
И адэм къищтэр къуэм IэщIипхъуэтауэ,
Сабийм иштар къыIэщIичыну йолъ.
Гъуэжькуий шынагъуэм псори докIэрахъуэ.
Жьэ минхэу гъуахъуэм уэгур дыхоскIыкI.

Къохуэхри мазэр щаижь абрагъуэу,
КIыфIыгъэм псори зэуэ щIотIысыкI...
ПщIыхьэпIэм согупсыс сыкъэушауэ.
Зэм-зэми къысщохъуж сымыжеяуэ.
*1982*

## СФIЭКIУЭДА ДУНЕЙ

*Элегие*

Жьы щIыIэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятIэ.
Пэш нэщI. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкIэ нэр мэкIуатэ,
КъилъыхъуэуэсфIэкIуэда дунейр...
Зэгуэр мы пщIантIэм къыщыспежьэу
Щыта си анэр щымыIэж.
Зэгуэр насып хъыринэм щещIэу
Щыта ди унэр мэгуIэж.
Къэрешыр гъыбзэ ди бжэщхьэIум.
Щхьэгъубжэ кIыфIхэм нэпс щIагъэж.
Щогызыр уаер ди пэшхьэкум.
Блын щIыIэмылхэм зачэтхъэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, –
Ар си гум ейщи, ирeIэж.
ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ,
БлэкIа насыпым сыIуощIэж...
Бзу абгъуэ дахэу ди унагъуэр
Си нэгум нобэ къыщIохьэж.
Си адэр къру абрагъуэу,
КъыхокIри пшагъуэм, къолъэтэж.
Жэнэт бзу дахэу къэтIысауэ,
Си анэм Iэджи къызжеIэж.
Гуузу зи гур тIэщIэхуауэ
Си къуэшым пцIащхъуэу къегъэзэж.
ЩIалэгъуэ дахэм си шыпхъуитIыр
Тхьэрыкъуэ пщэхухэу къохутэж...
АрщхьэкIэ зэуэ дуней хуитыр
Пщыхьэщхьэ пшагъуэм хокIуэдэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, -
Ар си гум ейщи, ирeIэж.
ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ
БлэкIа насыпыр щIызолъхьэж...
Жьы щIыIэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятIэ.
Пэш нэщI. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкIэ нэр мыкIуатэ:
Абдеж щеухыр мы дунейр.
*1983*

## АНЭПСЭ

Гупсысэм гупсысэ кърохъуэ...
Гу узыр бгъэ узым йотIыхь...
Анэпсэр быныпсэм къылъохъуэ...
Быныпсэр анэпсэм йопщIыхь...
Анэпсэр – ар псынэщ. Ар – псысэщ.
Ар – Псатхьэщ. Ар – тхьэхэм я тхьэжщ...
А тхьэр тщхьэщытыху къытхуэупсэу,
Дэ сытри тлъэкIын ди гугъэжщ...
Анэпсэр тщхьэщыкIмэ, итIанэ
Нэхъ щIыIэу мо дыгъэри къопс...
Уэ псори бдэхуабэрт, си Нанэ,
ЗэмыкIури зэкIу пщIыфу ушхэпст...
Гъэ плIыщIыр хэщIауэ гъуэгуанэм,
Сэ гъащIэм мыр хьэкъ къысщищIащ:
Балигъ цIыхур щыхъур и анэр
Дунейм щехыж махуэр аращ.

*1983*

* * *

Дэ тIум ди гъуэгухэр зэтехьами,
Хэдгъэзыхь дигугъэр тезэгъакъым.
КъыдэхъулIэну ди гугъами,
Зы чысэм пситIыр тхуигъэхуакъым...
ИтIани сфIэфIкъым узбгынэну,
БлэкIам ди псори къыхэзнэну.
Къыхэзнэпэну щытми, – дауэ?!
Акъылым ар къитIэскъым... Ауэ
ЦIыхуитIым ягу зэхуэмыкIуамэ,
Дуней акъылыр зэхэплъхьами,
Абыхэм яку дэпщэну щагъэу
Къыпхуэгъуэтынур фэрыщIагъырщ...
Дыхуейкъым дэ апхуэдэ тыгъэ.
Дяку дэмылъами лъагъуныгъэ,
Дэ ди блэкIам хэлъащ къабзагъэ...
Аращи, фIыкIэ, си щыуагъэ.

*1967*

* * *

Зэшыгъуэщ бжьыхьэ пшагъуэм къыхэщ махуэр.
Топлъызэ нэр стIолыщхьэм телъ письмом...
Уи тхыгъэм къеджэм къыфIэщIынщ узахуэ, –
Щыгъуазэр хэт дэ дякум дэлъа псом.

ЩIалагъэр щыIа псомкIи бгъэкъуэншауэ,
Езэша уи гур си гум къыхуоший.
Си гуапэу къыпIысхынт а тыгъэр… ауэ
Згъуэтыжккъым сэ абы щIэбэг «сабийр»…
Зэшыгъуэщ бжьыхьэ пшагъуэм къыхэщ махуэр.
Зэшыгъуэщ гукъэкIыж уэ птеухуар.
Зэшыгъуэщ ди щIалэгъуэм и бзыхьэхуэ
Щыбдэжу лъагъуныгъэ къебгъэхьар.

*1967*

## *Сонетхэр*

Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ
ЩIэдзапIэ зэи зимыIам,
УхыпIэ лъэпкъи имыIэну
Философ инхэм жыхуаIам.

ПхужыIэ псори щхьэм къитIасэу
Щытамэ, кIэншэм псэр тесшэнт.
Тесшэнти, псэху зимыIэ Гъуазэм
Дыздишэр дэнэми къэсщIэнт.

АрщхьэкIэ цIыхум и гупсысэр
Гъунапкъэм адкIэ щоункIыфI.
УнкIыфI гупсысэр мэхъури псысэ,
Я нэхъ нэ жанри пхымыплъыф…

А псысэ гъуабжэрщ ГъащIэкIэ зэджэжыр.
Гъунапкъэм адкIэщ зыдэщыIэр Пэжыр.

* * *

Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт,
Ди лъэпкъ нобэ псомкIи шэджащэн хуея.
Кхъэлъахэншэщ, жаIэ, зи псэ хым хэкIуадэр, –
Уэ зэгуэр хы лъащIэр псэхэмкIэ псеящ.

Лъахэм и дахапIэу лъэпкъым имеижхэм
Ди блэкIа гъэ минхэр ноби къахогъыкI.
Ахэм я псыхэгъэ дызэрагъеижхэр
Хы тхьэрыкъуэ макъхэм къахызохутыкI.

ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм
Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ – мэкIуэд…

Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм
Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:

«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!
Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!»

* * *

ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж
ДунейкъутэжЫм щхьэщыхьа мы гъащIэм.
«СылIа нэужькIэ – удз къремыкIыж!»
ЖызыIэхэм дунейр зыкIзыщхьэ ящIыр.

Зэм-зэми уогупсысыр: ярэби,
Мыбыхэм Тхьэшхуэм къахуззэIуихауэ
Арауэ пIэрэ-тIэ а дэ дгъэпIий
Ди пэжхэм зыри пэж яхэмылъауэ?

ГущIэгъу, цIыхугъэ, напэ, пщIэ, нэмыс,
Гуапагъэ, гу къабзагъэ, лъагъуныгъэ...
А псори нобэ зыми имыщIыс
Зи гъуазэ закъуэм дежкIэ къулеигъэр...

Нэхъуейм икIа дунейм ирегъэзагъэ
И хабзи-бзыпхъи къэунэхуа хьагъэм.

* * *

ЖаIэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ
Мыпхуэдизыр щагъэхъа дунейр.
Зэи щымыIам яхыхьэжынущ
А нэхъ тфIэтелъыджэу тфIэдомбейр.

Ярэби, нтIэ, а къутэжыгъуэр
Къэсыпауэ пIэрэ, ахъумэ сыт
Дыщэм пащIрэ гущIэм щагъэтIыгъуэу
Зэрахьахэм щIамыIэжыр лыд?

ЦIыхур зыгъэинрэ зыгъэдахэу
Щытагъахэм дащодыхьэшхыж.
«Напэ нэхърэ – кIапэ!» – жызыIахэм
Нэхъ Iущ щымыIауэ къыщIокIыж...

Гъуджэ Iушэ иплъэу есэжа дунейм
ФIыхэр щопудри, пудхэр щыдоуей.

* * *

Дуней зэIумыбзыр зигу мыкъабзэ цIыхухэм
Я хъуэпсапIэ щэхухэм тегъэпсыхьыпащ…
Бжыхьдэжыпэ куэдым мурад яубзыхухэм
Я гъэунэхупIэ мы ди гъащIэр хъуащ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, я гугъэжщ абыхэм
ЦIыхум я акъылыр зыдынахуса
Нэхъ лъагапIэ инхэм ящхьэдэIэбыхыу
ЩымыIэхха гуэрхэр къытхуагупсыса.

ЩIадзащ къащыхъужу Тхьэшхуэм къаритауэ
КъытщхьэщызыгъэкIхэу къыдэзыгъэфIэкI.
«Къупщхьэ хужь» теорием псори хуашэ… ауэ
Щхьэусыгъуэ дыдэр нэхъ къызэрыгуэкIщ:

Псы утхъуам псыдыуэр щохъур псынщIэу пшэр…
Щхьэ утхъуам щIэх дыдэу доуей къавэ щэр.

* * *



Гум гугъапIэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым…
Псэр хощыпыхьыжыр и блэкIам…
Ауэ икIутахэр из щыхъужкъым
Мы ди гъащIэ къэублэрэкIам…

Зи щIалэгъуэр егупсыскъым ахэм –
ГъащIэр дахэу къыпщыхъуху ууейщ…
Ауэ Жьыгъэм – ар философ кхъахэщ –
ЖеIэ щIимыхъумэу я нэхъ Iейр:

«ЦIыху насыпыр напIэзыпIэрыбжэщ.
Къытхуэлыду – кIуэдыж гъуэбжэгъуэщщ.
ГъащIэр – щымыIа ямыгъуэтыжхэм
ЩепщIыхьыжу шыгъушыпсыпIэ жэщщ…

ЗэрымыщIэу щIыгум къытехъуа
ЦIыхур зыщ зэхъуапсэр: къамылъхуам».

* * *

Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней
Ди Iуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум.
Дэрыншэу зэIуихынущ и пщэдей
Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.

А пэжыр хуабжьу пэж къызэрыгуэкIщ,
Арауи къыщIэкIынщ щIытщыгъупщэжыр:
ДызэрыгущIу гъащIэр идохьэкI,
А гъащIэм и кIэщIагъыр дымыщIэжу.

Тынш дыдэу къыщIэкIынукъым дунейм
Сыт щыгъуи зэнэзэпсэу утетыныр.
АтIэми сэ къэсщIэну мыр сыхуейт:
Нэхъ тыншу пIэрэ мащэ зэхуэптIыныр?..

ЦIыху цIыкIур къалъху. Мэпсэу. Жьы мэхъу. МэлIэжыр…
Жэуап зимыIэ упщIэхэр къонэжыр.

* * *

УсакIуэм и гум щигъэтIыгъуэ
IэфI псомкIи зэтэу и налкъут
Бзылъхугъэр ЩIым къыщывмылъыхъуэ,
КъэфщIэнуи и цIэр фыхэмыт.

Поэзиер – театр абрагъуэщ.
УсакIуэр – щыактер мыкIуэщIщ.
КъигъэщIыжа и Дахэнагъуэм
Телъыджэ куэд къыщыдегъэщI.

УсакIуэр зэрыпсэур гукIэщ.
А нэхъ ихъу-илъу нэхъ IумпIейрщ.
Абы зызыхуишийхэм зыкIи
ХуэщIакъым нобэ мы дунейр…

Тхьэр, нищIысынущи и лъапсэр,
УсакIуэм и гумкIэ мэхъуапсэ.

* * *

Бзылъхугъэр – ар цIыху тхьэпэлъытэщ.
КъэзыгъэщIыфу къигъэщIащ.
Дахагъэ защIэрэ укIытэу
Зэхэлъу щIыгум къытехьащ.

Дахагъэм ди нэр щисыкIынут,
УкIытэм къыпхрымыпсам.
УкIытэм ди гур хэлIыхьынут,
Дахагъэ-дыгъэр щхьэщыкIам.



3 Заказ №152

А тIур зэкIупсу бдызолъагъури,
Аращ ущIэсщIыр гъащIэ нып,
Къэзмыгъуэта си Дахэнагъуэ,
СызыщIэмыхьэ си насып…

ЗищIысыр зымыщIэж бзылъхугъэ куэдым
Тхьэ тыгъэхэр хаутэ гъащIэ шэдым.

* * *

Сыту гущIэгъуншэ мы пщыхьэщхьэ дахэр!
Ди щхьэ зэщIэтхъуахэм жыбгъэр ходжэгухь.
Ди нэм и бэджыхъыу ди псэм къыпатхъахэм
ГукъэкIыж хужьыпскIэ дыкъауфэрэзыхь.

Жыгъэр къыпкIэлъысмэ, псомкIи зыбохъуэжыр.
Уохъу нэхъ Iэсэлъасэ, зэхъуэпсэкIырей…
IэфIу гум къэкIыжи дызыхущIегъуэжи –
Iэджи щыдгъэхъащ дэ мы екIуэкI дунейм.

Си ныбжьэгъу! Мы гъащIэр – намыщIыса лъахэщ.
НахуэмыжыIэсу къэнэжа уэрэдщ.
ФIыуэ тлъагъу бзылъхугъэ гу зыщыдмыхуахэм
Я цIэкIэ мы бжьэхэр къызэдэдгъэIэт…

Ад-д-дэ пасэ дыдэу пасэрейм жиIащ:
«НапIэхэр зэтелъхьи, – псори къэнэжащ».

*1998–2003*

*ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 75-рэ ирокъу*





# ГЪАЩІЭМ И ГЪУКІЭ

Зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, щIэныгъэлIыр гъащIэм фIыуэ хищIыкIыуи къыщIэкIмэ, я насыпщ ар зыхэт гупми, унагъуэми, лъэпкъми. БакIуу Хъанджэрий къызэрытхыхьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щылажьэхэм апхуэдэкIэ зи насып къикIахэм захыдобжэ дэ. Адыгэхэм игъащIэми жаIэ: цIыхур къызэрацIыхур и дуней тетыкIэмрэ и IуэхущIафэмрэщ. Ауэ БакIуум хуэдэ цIыху къызэрымыкIуэм и лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэбгъащIэрэ и дуней тетыкIэр абы хэплъхьэжкIэ, фIэщ щIыгъуейщ ар зыхуэдэр нэсу къыпхузэIухыну. Абы щхьэкIэ, илъэс бжыгъэхэр тригъэкIуадэурэ лъэпкъ литературэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр езым къызэрихутэжым, тхакIуэ щхьэхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щIэныгъэм и мардэхэм тету зэрызэпкърихым хуэдэу, щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэри джыжын хуейщ. Си фIэщ мэхъу зэгуэр зэ апхуэдэ къэхутакIуи къызэрыкъуэкIынур. Мы тхыгъэ кIэщIми и къалэныр а Iуэхум щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр еувэлIэну къыхуеджэнырщ. Абы илъэныкъуэкIэ сэбэп хъуну къытщохъу лэжьэгъум, ныбжьэгъум, нэхъыжьым хуэгъэза мы ди псалъэхэри.

БакIуу Хъанджэрий къызэрысцIыхурэ зыкъом щIами (абы щыгъуэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыщылажьэрт), лэжьэгъу къызэрысхуэхъурэ зэману дэкIар мащIэщ. Абы къыхэкIыу БакIуур зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ куэдыр, зыхэпсэукI дунейр къэгъэлъэгъуэныр схузэфIэмыкIынри, уеблэмэ абыхэм яхуэфэщэн псалъэ сы-

мыгъуэтынри Iуэхум хэлъщ. Ауэ институтым лэжьэгъу дызэрыщызэхуэхъурэ абы дэтлъэгъуа хьэл-щэнымрэ IуэхущIафэмкIэ къелэжь пщIэ леи, псалъэм я нэхъ гуапэри…

Сабийр дунейм къыщIытехьэр насыпыфIэ хъун папщIэщ. Дэтхэнэ адэ-анэми я хъуэпсапIэр аращ. Ауэ езыхэм емылъыта щхьэусыгъуэкIэ быныр зэфэну насыпыпсыр нэгъуэщIыпIэкIэ цIыху гущIэгъуншэхэм щыдагъэух къохъу. Апхуэдэу ящIат блэкIа лIэщIыгъуэм икухэм ирихьэлIэу дунейпсо мафIэр зэщIэзыгъэста залымзехьэхэм. ЦIыкIу защIэу бынищ и щхьэгъусэ Шамхъаний къыхуигъанэри, Ильяс (Хъанджэрий и адэр) лыгъейм хыхьат, бий ерур къигъэувыIэу, лъахэр, унагъуэр ихъумэн мурад иIэу. И псэри тыхь яхуищIащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм, щIэблэм я къэкIуэнум. «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зыкIэрыпщIа лъэхъэнэ дыджым къыхэхъукIащ Хъанджэрий адэншэу, ныбэизыгъэм и пIэкIэ анэм и хъуэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу. Нобэ сэ сызоупщIыж: «Армырауэ пIэрэ дахагъэр зи лъабжьэ гъуазджэр абы IэщIагъэ щIыхуэхъужари?..» – жысIэу.

Дауэ щымытми, зауэм и мафIэ бзийхэм зи сабиигъуэр илыпщIа щIалэм и хьэл-щэнри абы ипсыхьащ, сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфу иригъэсащ. Сэ сызэрыдэлажьэ илъэсхэм срихьэлIакъым ар зыгуэркIэ мыарэзыуэ тхьэусыхэу, къыхуагъэувхэмрэ къыпаубыдхэмрэ нэхъ ин, гугъу хъуху нэхъ ерыщу япэщIэувэ мыхъумэ. А ерыщагъымрэ и егугъуныгъэмрэщ БакIуур щIэныгъэм и щыгум дэзышари. Ахэращ жэуаплыныгъэ инхэр зыпылъ къулыкъухэм пэрызышари, гъащIэм и IэфIыр зыхозыгъащIэ унагъуэ насыпым хуэзышари. Езым зэрыжиIэмкIэ, зы лъэбакъуи игъащIэм ичакъым абы, зытеувэну щIы кIапIэр япэщIыкIэ имыгъэхьэзырауэ. Си щхьэм нэхъ ехьэлIами, абы теухуауэ мыр сигу къэзгъэкIыжынут. Хъанджэрий сэрэ зэрыдгъэхьышхуэ щымыIэу зы зэманым институтым дыкъэуват. IэнатIи сыпэрытурэ, лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэми сыщыгъуазэу сигугъэжу щIэныгъэлIхэм сакъыхэхуат, ауэ ныбжькIэ сынэхъыщIэт. Куэд дэмыкIыу гу лъыстащ си лэжьэгъу, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Думэн Хьэсэн, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Хьэщхъуэжь Раисэ, Мэшыкъуэ Тэзал, БищIо Борис сымэ я нэIэ нэхъ къыстету, я ущие псалъэм щIэх-щIэхыурэ сыщIагъэдэIуу зэрыщытым. Псом хуэмыдэу «сыкъэзыхъумэр» Хъанджэрийт. ИужькIэщ цIыху Iущхэм я гулъытэм къикIыр къыщызгурыIуар – «Нобэ щегъэжьауэ адыгэбзэми, IуэрыIуатэми, литературэми елэжьхэм я IуэхущIафэр зыунэтIынур уэращ», – жаIэу, къудамэм и унафэщI къалэным сыщрагъэувэлIаргщ. ХуэмцIыкIуурэ лэжьыгъэ мытыншым сыхуагъэхьэзыру арат нэхъыжьхэм. Iуэхум сызэрыхуэмыIэижьымкIи, нэхъыфIу а къалэныр езыхэм ягъэзэщIэфыну зэрыщытымкIи сигурэ си щхьэрэ щIызэбгъэжын сагъэлъэгъуакъым а нэхъыжьыфIхэм, абы лъандэрэ илъэсипщIым щIигъуащи. ЦIыху Iущ къыпхэтыныр зэрынасыпым ари и зы щыхьэтщ. Абы лъандэрэ Хъанджэрий и гулъытэ зылъысар, дауи, си закъуэкъым.

Мыри къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ: зы лъагапIи дэкIакъым БакIуур и гугъуехьрэ и зэфIэкIкIэ къимылэжьауэ. «ГъащIэм и гъукIэкIэ» зэджэхэм хуэдэщ ар. Езым и насып унэр и IэкIэ иухуэжу мэпсэу ди

ныбжьэгъур. Илъэс 30-м щӀигъукӀэ Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и кафедрэм и унафэщӀу, декану, филологиемкӀэ институтым и директору лэжьащ. Ар филологие щӀэныгъэхэм я доктордщ, профессорщ, ЩӀэныгъэхэмкӀэ Дунейпсо Адыгэ академием и академикщ, лъэпкъ литературэдж-къэхутакӀуэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зыщ.

БакӀуурщ япэу еувэлӀар лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакӀуэхэм я Ӏуэху еплъыкӀэхэмрэ адыгэ усыгъэм щагъэзащӀэ къалэныр къэхутэныым. И доктор лэжьыгъэм абы къызэщӀригъэубыдащ Адыгейм, Къэбэрдейм, Шэрджэсым я усакӀуэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Уеблэмэ зэлъэпкъэгъуми, щхьэхуэ-щхьэхуэу зызыужьа а литературэхэм я къэухьым иӀэбыкӀри, БакӀуум зэпкърихащ КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм къагъэщӀа художественнэ дуней хьэлэмэтри. ЩӀэныгъэлӀхэм ящыщу аращ и щхьэ течауэ жызыӀар ди лъэпкъэгъухэм къагъэщӀауэ иджыри зы литературэ – хэхэс адыгэ литературэ – зэрыщыӀэр. Хамэбзэр яӀурылъу щытами, адыгэм и дуней еплъыкӀэ хэхар, и шыфэлӀыфэр зи тхыгъэхэм джэлэс яхуэхъуа тхакӀуэхэу Хьэгъур Ахьмэд, Хьэтыкъуэ Умар, Къалэдахэ Хъалид, Рушди Расим, Шурдым Къундет, Кубэ Шэбан, Натхъуэ Къадыр, Къандур Мухьэдин, Хъунэгу Надия сымэ, нэгъуэщӀхэми я художественнэ зэфӀэкӀыр къэзыхутари, абыхэм я лэжьыгъэхэм яхуэфащэ увыпӀэ лъэпкъ щӀэныгъэм щезыгъэгъуэтыжари а щӀэныгъэлӀырщ.

Абыхэм я закъуэкъым БакӀуум фӀыщӀэ щӀыхуэщӀыпхъэр. Лъэпкъ литературэдж щӀэныгъэр къызэрыунэхурэ и Ӏэ-и лъэ хунэмысауэ Ӏуэхугъуэ щхьэпитӀ зэфӀигъэкӀащ иужь илъэсхэм абы. Япэр гушыӀэмрэ ауанымрэ адыгэ литературэм зэрызыщаужьар къиихутэу монографие зэпэщ дунейм къызэрытригъэхьарщ, етӀуанэр сонетым и тхыдэмрэ абы лъэпкъ поэзием щиубыд увыпӀэмрэ зэриубзыхуарщ. Мы ӀуэхугъуитӀымкӀи щӀэныгъэлӀым къихутахэр Ӏыхьэ щхьэхуэу хыхьэнущ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» ещанэ тхылъым. Мыбыхэм зделэжьым, зыкъыдигъахуэурэ, БакӀуум кууэ къихутащ тхакӀуэ, усакӀуэ, драматург ӀутӀыж Борис и творчествэри. Теунэ Хьэчим и гъащӀэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ ятеухуауэ иджыблагъэ ХьэкӀуащэ Андрей къыдигъэкӀа лэжьыгъэр хыумыбжэмэ, нобэр къыздэсым зи творчествэр зэрыщыту щӀэныгъэ ӀэмалхэмкӀэ къэхута хъуауэ щыӀэр ЩоджэнцӀыкӀу Алийрэ (зытхар ХьэкӀуащэ А.) КӀыщокъуэ Алимрэщ (Сокъур М.). А тӀум ещанэу ябгъурыбгъэувэ хъунущ ӀутӀыжым теухуауэ Хъанджэрий игъэхьэзырар.

Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ БакӀуум пщӀы бжыгъэкӀэ и гъэсэнхэр щӀэныгъэм къызэрыхишари. Абыхэм ящыщ куэд филологие щӀэныгъэхэм я доктор, кандидат хъуащ. Нобэ еджагъэшхуэр еджапӀэ нэхъыщхьэ зыбжанэм я щӀэныгъэ советхэм хэтщ, я Ӏуэхур ядиунэтӀу, сыт и лъэныкъуэкӀи защӀигъакъуэу. Ари и щыхьэтщ пщӀэ зыхуащӀ щӀэныгъэлӀу БакӀуур зэрыщытым.

Хъанджэрий лэжьэгъу тыншщ, дзыхь зрагъэз ныбжьэгъуфӀщ, чэнджэщэгъу Ӏущщ, гумащӀэщ, гушыӀэр зи щӀасэ цӀыхущ. И гушыӀэкӀэкӀэ, и бзэ жанагъкӀэ БакӀуур зэщхьыр ди джэгуакӀуэжь цӀэрыӀуэхэу Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Мыжей Сэхьид сымэщ. Абыхэм яхуэдэу Адыгейми, Шэрджэсми, ди дежи куэ-

дрэ щызэхэпхынущ «Хъанджэрии зэрыжиӀауэ», «Хъанджэрий и гушыӀэкӀэу» псалъэхэр. ЦӀыхум фӀыкӀэ ягу укъэкӀыныр, гуфӀэгъуэхэм деж уи цӀэр жаӀэныр насыпым и зы лӀэужьыгъуэуи плъытэ хъунущ. Дэращи, зы махуэ дыхуэмызэу дэкӀамэ, дыхуозэш, ищхьэ къатым нэс къыдокӀуейри къытщӀоупщӀэ, ди Ӏуэху зытетыр зрегъащӀэ, къыддогушыӀэ, илъабжьэмкӀэ щыӀэ пэшым нэхъыжь зэрыщӀэсыр тщымыгъупщэн щхьэкӀэ, зы хъуэрыбзэ щаби къыдедзри йохыж. Апхуэдэ гулъытэм дэри зэпӀэзэрыту, нэхъыжьыр тлъытэу, хабзэри тщимыгъэгъупщэу дыщигъэтщ. Адыгэ гушыӀэкӀэ дахэр, щӀагъыбзэ шэщӀар БакӀуу-гъэсакӀуэм Ӏэзэу къигъэсэбэп Ӏэмалщ.

БакӀуур и псэукӀэкӀи зэпэщщ, и лэжьэгъухэм апхуэдэу къытщхьэщыж цӀыхум, дауи, и унагъуэм исхэри и гулъытэ щыщӀэркъым. Ар адэ гумащӀэщ, адэшхуэ Ӏущщ, щхьэгъусэ зэгъщ. Хъанджэрийрэ Любэрэ бынитӀ зэдапӀащ. Езы тӀуми хуэдэу, Джамили Зураби Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къаухащ: пщащэр дохутырщ, щӀалэр экономистщ. ТӀури унагъуэ хъужащ, ӀэнатӀэ хъарзыни пэрытщ. Бын гъэсар адэ-анэм я дежкӀэ дамэщ. Ди гуапэщ я бынхэм я быныжхэр БакӀуу зэщхьэгъусэхэм дамэ тӀуащӀэ яхуэхъуну.

Мы тхыгъэ-хъуэхъу цӀыкӀумкӀэ Хъанджэрий и гъащӀэм и лъэныкъуэ псори жыжьэуи къызэщӀэкъуа хъуакъым. Къызэрыхэдгъэщащи, Хъанджэрий-щӀэныгъэлӀым, Хъанджэрий-лэжьэгъум, Хъанджэрий-ныбжьэгъум, Хъанджэрий-адыгэлӀым – дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ лъысыну къелэжь. КъыдэхъулӀэмэ, апхуэдэ муради диӀэщ, ауэ мыбыкӀэ Хъанджэрий и махуэ лъапӀэмкӀэ къехъуэхъухэм дарихэувэу аращ. Лъэпкъ щӀэныгъэм и шу пажэхэм ящыщ зым, хэкулӀ Ӏумахуэм дэри зыхуэдгъэзэну дыхуейт ди гум къыбгъэдэкӀ мыпхуэдэ псалъэхэмкӀэ: къэбэрдеищӀым лъабжьэ куу БакӀуухэ щывдзыну, фызыпэрыт ӀэнатӀэхэр хьер хэкӀыпӀэ фхуэхъуну, цӀыху зэхъуэхъунрэ цӀыху щӀэхъуэхъуэнрэ Тхьэм куэду къывитыну!

**ТӀЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ и институтым адыгэ филологиемкӀэ и къудамэм и унафэщӀ*

# ЗЭМАНЫР IУЭХУКIЭ ЗЫГЪЭНЩIЫФ

Адыгэ лъэпкъым и щIэныгъэ зыужьыныгъэр, нэгъуэщI лъэпкъышхуэхэм ейм ирагъапщэкIэрэ, жыжьэ дыдэ нэмысауэ жаIэу урохьэлIэ. Апхуэдэ гупсысэкIэр зэрымызахуэр хьэкъ къыпщызыщIщ ди лъэпкъым къыхэкIа щIэныгъэлI куэдым я цIэр жыжьэ зэрыщыIуар. Языхэзым и цIэри щапхъэу къэпхь хъунущ, ауэ егъэджэныгъэм, литературэдж щIэныгъэм, критикэм и зэхэублакIуэхэм уащытепсэлъыхькIэ, япэу зи цIэ къиIуапхъэхэм ящыщщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, литературэдж, егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэ пажэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр. Ар 1940 гъэм сентябрым и 17-м Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Хьэбэз щIыналъэм хыхьэ Жьакуэ къуажэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдэри гугъу ехьу къэтэджащ. Гугъуехьым къыщIэтэджа цIыхум гъащIэм ехъулIэныгъэфIи щызыIэрегъэхьэ. Абы и щыхьэт наIуэщ МэшбащIэ Исхьэкъ, Къуиикъуэ Налбий, ШащIэ Къазбэч, Щхьэлахъуэ Iэбу, Бырсыр Батырбий, Хъунэгу Рашид, Джарым Аслъэн, ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, Гъут Iэдэм, Къумахуэ Мухьэдин, Бэчыжь Лейла, Хъупсырокъуэ Хъызыр, Темыр Умар сымэ, нэгъуэщI куэдми я гъащIэ гъуэгуанэр.

Зи гугъу тщIы щIэблэм ящыщщ 1942 гъэм и кIэуххэм Сталинград и деж зи адэр зауэм щыхэкIуэда БакIуу Хъанджэрий. Анэ закъуэм къыхуэна бынищым Хъанджэрий я нэхъыщIэт. Жьакуэ къуажэм дэт еджапIэм гъэ еджэгъуихыр къыщиуха нэужь, ар Черкесск къалэм зауэм хэкIуэдахэм я бынхэм папщIэ къыщызэIуаха курыт еджапIэ-интернатым щIагъэтIысхьэ. А еджапIэм кърагъэблэгъат къэралым и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэр, абыхэм я фIыщIэкIэ еджакIуэ цIыкIухэм Iэмал ягъуэтащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэну, къаухыну. Хъанджэрии еджапIэ-интернатым щигъуэта щIэныгъэр сэбэп къыхуэхъуащ КъБКъУ-м щIэтIысхьэнымкIэ, Мэзкуу Дунейпсо литературэмкIэ институтым (ИМЛИ) и аспирантурэр къиухыу, филологие щIэныгъэхэм я кандидату хэкум къигъэзэжынымкIэ. ИужькIэ БакIуум и доктор диссертацэри ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ.

БакIуу Хъанджэрий и лэжьыгъэ гъуэгуанэр къапщтэмэ, Iыхьэ нэхъыщхьищу гуэшащ. 1959 – 1961 гъэхэм ар ухуэныгъэ бригадэм хэтащ, 1973 – 2005 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щылэжьащ, 2005 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэщ.

БакIуу Хъанджэрий бзэм хуищIа лъагъуныгъэм и къежьапIэр и анэрщ, «анэдэлъхубзэ» – «анэм къыдилъхуа бзэ» – псалъэм и

мыхьэнэри абы и деж щынэрылъагъущ. Ар къыщӀэтэджащ анэм и бзэ шэрыуэм, абы зыщӀигъэдэӀуу щыта уэрэд дахэхэм, усэхэм, таурыхъхэм, псалъэжьхэм, жыӀэгъуэхэм. Ауэ щӀэныгъэлӀыр бзэмрэ литературэмрэ зэрыдихьэхыр псом хуэмыдэу нэхъ Ӏупщӏ щыхъуар еджапӀэ нэхъыщхьэм щӀэтӀысхьэу щӀэныгъэ-студент зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэту щӀидза нэужьщ. А лъэхъэнэм «Хьэнфэн Алим и лирикэр» фӀэщыгъэм щӀэту абы итха диплом лэжьыгъэр еджакӀуэхэр зэреджэн тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкӀыжыну чэнджэщ къратауэ щыташ. КъБКъУ-р къиуха нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкӀэ кафедрэмрэ урыс литературэмкӀэ кафедрэмрэ къызэдащта унафэмкӀэ БакӀуур Мэзкуу аспирантурэм ягъакӀуэ.

Хъанджэрий егъэджэныгъэми щӀэныгъэми хэлъхьэныгъэ ин хуищӀащ, и зэфӀэкӀыр щынэхъ лъагэри нобэкӀэ зэхэгъэкӀыгъуейщ. Илъэс щэщӀым щӀигъу абы щхьэузыхь хуищӀащ егъэджакӀуэ-гъэсакӀуэ ӀэщӀагъэм — Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым филологиемкӀэ и къудамэм егъэджакӀуэ нэхъыжьу, доценту, профессору, КъШКъУ-м япэу къыщызэӀуаха ФилологиемкӀэ институтым и унафэщӀу лэжьащ.

БакӀуу Хъанджэрий и цӀэр щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэу жыжьэ Ӏуами, щӀэныгъэ тхыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэхэр дунейм къытригъэхьами, «КъБР-м щӀэныгъэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ» цӀэ лъапӀэр къыфӀащами, абы зы дакъикъи игу ихуркъым щылэжьа кафедрэхэр, урыс, хамэ къэрал литературэхэмкӀэ, литературэм и теориемкӀэ къызэджа лекцэхэр, иригъэджа ныбжьыщӀэхэр. Абыхэм ящыщ куэд филологие щӀэныгъэхэм я кандидат, доктор, профессор, кафедрэхэм я унафэщӀ, проректор, адыгэ республикэхэм къыщыдэкӀ газетхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщӀэ, КъШКъУ-м щӀэныгъэмкӀэ и проректор, профессор ПӀаз У.; кафедрэ зэхуэмыдэхэм я унафэщӀхэу Иуан З., Батчаев А.; усакӀуэ, КъШР-м къыщыдэкӀ «Карачай» газетым и редактор нэхъыщхьэ Капушев Х., «Ногай Давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ А., нэгъуэщӀхэри.

БакӀуум и ехъулӀэныгъэхэм ящыщщ КъШКъУ-м и ректор Койчуев А. Д., абы и проректор ПӀаз У. С. сымэ и гъусэу, «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэ» ӀэщӀагъэмкӀэ щӀэныгъэ лэжьыгъэхэр щыпхагъэкӀ диссертацэ совет къызэрагъэпэщауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм ар куэду сэбэп хъуащ литературэдж Ӏэзэхэр гъэхьэзыра хъунымкӀэ. Советым и лэжьыгъэр ефӀэкӀуэн папщӀэ абы къыхашат нэгъуэщӀ республикэхэм щыщ щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэхэри — ШащӀэ Къ. Хь. (Адыгей), ХьэкӀуащэ А. Хь., Толгуров З. Хь. (КъБР), нэгъуэщӀхэри.

ЩӀэныгъэ гъуэгуанэ теува нэужь, БакӀуу Хъанджэрий и ӀэдакъэщӀэкӀ тхыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ щызэпкърихащ лъэпкъ литературэ щӀэныгъэм зэӀубз мыхъуауэ хэлъ Ӏуэхугъуэ куэд, абыхэм езым и еплъыкӀэкӀэ жэуап зырызи къахуигъуэтын лъэкӀащ.

БакӀуум цӀэрыӀуагъ нэхъ ин къыхуэзыхьар адыгэ ли-

тературэ щIэныгъэм щыщIэщыгъуэ Iуэхугъуэм елэжьу ар тхылъу къызэрыдигъэкIыжарщ, доктор диссертациеуи зэрыпхигъэкIарщ. Абыхэм тегъэпсыхьауэ 1994 гъэм щIэныгъэлIым Мейкъуапэ къыщыдигъэкIа тхылъым Къандур Иззэт и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым БакIуум и щIэныгъэ лэжьыгъэр нэхъ куу щыхъуащ икIи зыщиубгъуащ. Абы зэрыIут пIалъэм къриубыдэу щIэныгъэлIыр нэхъ гупсэхуу зэлэжьахэм ящыщщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, сурэтыщI IутIыж Борис и творчествэр. IутIыж Борис и зэфIэкIым и инагъым щыгъуазэ пэтми, абы и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуа къэхутэныгъэр щызэхиублэм, езы Хъанджэрий зэпилъытакъым абы къарурэ зэману текIуэдэнур. Апхуэдэу щытми, щIэныгъэлIым, IутIыжым и зэфIэкIхэм я лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу, 2010 гъэм «IутIыж Борис: усакIуэ, тхакIуэ, драматург» (урысыбзэкIэ) тхылъышхуэр дунейм къытригъэхьащ.

Зи гугъу тщIа лэжьыгъэшхуэм къыкIэлъыкIуащ «Адыгэ литературэ. ГушыIэмрэ ауанымрэ» (2013) тхылъыр. Мыбы къыщыIэта упщIэхэри адыгэ литературэ щIэныгъэм щыщIэщыгъуэщ, абыхэм ехьэлIауэ нобэкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэ ятхауэ щыткъым. Къэдгъэлъэгъуа тхылъым къыщыхутащ гушыIэмрэ ауанымрэ адыгэ усыгъэм, прозэм, драматургием къызэрыхэщыр.

Адыгэ литературэдж щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ БакIуум и тхыгъэ щхьэхуэхэр щызэхуэхьэсыжауэ 2010 гъэм урысыбзэкIэ дунейм къытехьа «Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности» тхылъри.

БакIуу Хъанджэрий и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я къыщхьэщыкIыныгъэщ щIэныгъэлIым художественнэ тхыгъэхэр кууэ зэрызэпкърихыр, абыхэм я купщIэмрэ я фащэмрэ зэпэлъытауэ зэрытелэжьыхьыр, усакIуэм, тхакIуэм и бзэ гъэшэрыуэкIэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр. Апхуэдэуи, щIэныгъэлIым нэхъапэкIэ зыри зытемытхыхьа Iуэхугъуэхэр къетIэщI, адыгэ литературэм и хьэл-щэнхэмрэ и зыужьыкIэмрэ щIэныгъэр и лъабжьэу едж.

Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, БакIуум 1995 гъэ лъандэрэ жылагъуэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щызэфIех зыхэт ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием: абы и тхыдэ-филологие къудамэм и секретарщ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ ехьэлIауэ къызэрагъэпэщ зэIущIэхэм хэтщ. А Iуэхугъуэхэмкiэ щIэныгъэлIыр радиокIи телевиденэмкIи щIэх-щIэхыурэ къопсалъэ. Къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ я фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ теухуауэ ар утыку къыщихьащ Урысейми хамэ къэралхэми я къалэ зэхуэмыдэхэм: Мэзкуу, Бытырбыху, Налшык, Владикавказ, Мейкъуапэ, Карачаевск, Черкесск, Грозный, Магас, Ставрополь, Цхинвал, Анкара, Амман, нэгъуэщIхэми.

Хъанджэрий и гуащIэ хэлъщ томитI хъууэ дунейм къытехьа

«Адыгэ (шэрджэс) литературэм и тхыдэ», иджырей зэманым ягъэхьэзыр «Адыгэ тхакIуэхэр. Биобиблиографие псалъалъэ» лэжьыгъэшхуэхэм. УсакIуэ, тхакIуэ, литературэдж, критик щхьэхуэхэм я гъащIэмрэ я творческэ гъуэгуанэмрэ къыщызэщIэкъуа а тхылъым итыну БакIуум нобэкIэ статья плIыщIрэ хырэ итхащ, ахэр къэбэрдей литературэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм зэдэарэзыуэ къызэдащтащ.

БакIуу Хъанджэрий и гуащIэр гулъытэншэ хъуакъым. Лъэпкъыбзэм, литературэм, щэнхабзэм и къару емыблэжу зэрытелажьэр къалъытэри, абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я щIыхь тхылъхэр, цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

БакIуу Хъанджэрий и щIыбагъ къыдэлъщ «зэманыр IуэхукIэ егъэнщIыф» щIыхужыпIэн егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ, узэщIыныгъэ лэжьыгъэшхуэ. ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэныгъэлI щэджащэм и цIэри, и пщIэри, и щIыхьри и IуэхущIафэрэ и зэчийкIэ къилэжьыжащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь*

*ЩIэныгъэлI ТIымыжь Хьэмыщэ илъэс 60 ирокъу*



# ЕМЫЗЭШЫЖ



Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ и илъэс 60 юбилейм ирихьэлIэу абы теухуа тхыгъэ згъэхьэзырыну мурад щысщIам, цIэ фIэсщынум куэдрэ сегупсысакъым. Абырэ сэрэ дыщыстудента лъандэрэ дызэныбжьэгъуу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ, иужьрей илъэсхэм икIи зэлэжьэгъу дыхъуащ, и хьэл-щэни, и IуэхущIафи фIы дыдэу сыщыгъуазэщи, а псор нэхъ къызэщIэзыубыдэ псалъэу щыIэр «емызэшыж» жыхуиIэращ. Си гугъэщ мы тхыгъэм къеджэ дэтхэнэри абыкIэ арэзы къыздэхъуну.

Хьэмыщи сэри дызыщIэсар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэ къудамэрщ. Сэ ар къэзухащ, Хьэмыщэ ещанэ курсу журналист IэщIагъэм хурагъэджэну Москва дэт университет цIэрыIуэм ягъэкIуауэ щытащ. ФIы дыдэу зэреджам и щыхьэт диплом плъыжьыр и жыпым илъу Налшык къигъэзэжа нэужь, журналистыгъэкIэ и зэфIэкIым и инагъыр ТIымыжьым къыщигъэлъэгъуар пIалъэ кIыхькIэ щылэжьа «Ленин гъуэгу», нэхъ иужькIэ «Адыгэ псалъэ» зыфIащыжа газетырщ. Зыпэрыхьа IэнатIэм зэман кIэщIым къриубыдэу фIы дыдэу хэзагъэри, Хьэмыщэ ящыщ зы хъуащ редакцэм щIэс журналист нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм. ЖыпIэ хъунущ абы газетым псэщIэ хилъхьауэ, «адыгэмэ щигъэуауэ». Япэрауэ, тхыгъэ къытрадзэхэм я бзэр хэпщIыкIыу нэхъ къулей ищIащ, хамэбзэ псалъэу абыхэм къахэхуэм и бжыгъэр фIыуэ игъэмэщIащ. Хьэмыщэ щIэуэ къыхилъхьа фIэщыгъэцIэхэм (терминхэм) ящыщ пщIы бжыгъэхэр газет напэкIуэцIхэм къикIри цIыхухэм я бзэми къыхыхьащ. Апхуэ-

дэу Хьэмыщэ къригъэжьа рубрикэхэр яхэщIа щIагъуэ щымыIэу ноби (езыр зэманыфI хъуауэ абы щымылэжьэж пэтрэ) «Адыгэ псалъэм» къегъэсэбэп.

ЛэжьакIуэ къызэрыгуэкIым къыщыщIидзэри ар жэуапыхь секретарым нэсащ, абы къыфIэкIри редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ хъуащ. Сыт хуэдэ жэуаплыныгъэ хэлъу IэнатIэм пэрытами кърихьэлъэгъуэну зы щапхъэ закъуэ къэтхьынщ, 1980 гъэхэм къэхъуауэ. ЗэрытщIэжщи, а гъэхэм «перестройкэ» фIащауэ къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щекIуэкIырт. Прессэм и лэжьакIуэхэм я дежкIи тынштэкъым а зэман зэхэзэрыхьам газетыр унэтIыныгъэ пыухыкIам тету къыдэбгъэкIыныр. ЗэпэщIэувэ къарухэр псори арэзы щIыгъуейт. Псом хуэмыдэжу Iуэхур щызэIыхьэпар СССР-м и Президентыр трагъэкIыну ГКЧП жыхуаIэр къыщызэрагъэпэщам щыгъуэщ. ТекIуэнур хэтми гурыIуэгъуэтэкъым, зыгуэрым и лъэныкъуэр бубыдрэ адрейм бжьыпэр иубыдмэ, уагъэкъуэншэжынут, бэлыхь къыпхухэкIынкIэ шынагъуэт. Мис абы техуэу Хьэмыщэ (ар а зэманым жэуапыхь секретарт) и щхьэ къытет унафэщIхэр сымаджэ зэтехъуат. ЦIыху зыбжанэ зэуэ лъэрыщIыкI зыщIа «узым» гурыщхъуэ гуэрхэр уегъэщI, ауэ гуэныхь щхьэ къэтхьын хуей, пэж дыдэу, щытыкIэ гугъум укъриудынри хэлът. Арати, ТIымыжьым и пщэ къыдэхуат а махуэхэм «Адыгэ псалъэр». ДауикI, абыи дохутыр тхылъ зэригъэпэщу адэкIэ къэхъунум пэплъэу лъэныкъуэ зригъэзыфынут, арщхьэкIэ и Iэщхьэлъащхьэр дрихьейри, зы щхьэкIи мышынэу, езым зэрыфIэтэмэмым хуэдэу газетым унафэ хуищIащ, редакцэм и лэжьыгъэр къигъэувыIакъым, зы номери къыдимыгъэкIыу диутIыпщыкIакъым.

Жэщ-махуэ имыIэу газетым зэрелIалIэм нэмыщIыжкIэ, ТIымыжьым а илъэсхэм куэд илэжьащ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи. Редакцэм щыIута илъэсхэм игъэхьэзырри Хьэмыщэ пхигъэкIащ и диссертацэр икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ. «Сыт-тIэ абы гъэщIэгъуэну хэлъыр, кандидат Iэджэ мэхъу», – жаIэнкIэ хъунщ зыгуэрхэм. Ауэ хъуа-мыхъуами диссертацэ яуцIырхъыу цIэ къамылэжьа зыIэрызыгъэхьэхэм ящыщкъым Хьэмыщэ. Абы темэу къищтар и щыхьэтщ а жысIэм – лэжьыгъэр теухуат хэхэс адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэм. Иджы фи нэгу къыщIэвгъэхьэт абы зызрипщытам и гугъуагъыр. Япэрауэ, хэхэс адыгэ тхакIуэ-усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр бджауэ, куууэ ущыгъуазэу щытын хуейщ. Дауэ ахэр зэрыбджынур, тхыгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу дунейм къызэрытехьар икIи мыадыгэбзэу, икIи мыурысыбзэу, атIэ нэхъыбэр тыркубзэу, къэнэжар е хьэрыпыбзэу, е инджылызыбзэу щытмэ? Мыбдеж Хьэмыщэ сэбэп къыщыхуэхъуащ зи гугъу тщIы литературэм щыщ Iыхьэфl, диаспорэм щыщхэр здигъэIэпыкъуурэ, езым и щхьэкIэ адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIар. Псоми ялейуэ Хьэмыщэ абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэшхуэ хуещI Тыркум къикIыжу Налшык къэIэпхъуэжа Едыдж Нихьаи. Езы Хьэмыщэ адыгэбзэм кърихьэзэгъахэм нэгъуэщI зэдзэкIакIуэхэм яхузэфIэкIари ядыщIигъужщ, абы къимыдэкIэ адыгэбзэкIэ тхэ закъуэтIакъуэхэри хигъэхьэри а псори тхылъу къыдигъэкIащ, «Хэхэс дуней» и фIэщыгъэу (Налшык, «Эльбрус», 2004). Абы и фIыщIэкIэ адыгэ щIэджыкIакIуэм Iэмал игъуэтат хамэщI ис ди хэкуэгъухэм талант нэс яIэу къахэкIахэр япэ дыдэу убгъуауэ къицIыхунымкIэ. Езы

Хьэмыщи абы иужькIэ тегушхуащ зи цIэ къитIуа лэжьыгъэм, икIи ехъулIэныгъэшхуэ иIэу зэфIигъэкIащ.

Диссертацэм щелэжьа илъэсхэр арагъэнщ Хьэмыщэ, журналист IэщIагъэр дапхуэдизу фIыуэ имылъэгъуами, ар къигъанэу щIэныгъэ Iуэхум хыхьэну мурад щищIар. Езым абыкIэ сеупщIакъым, ауэ хузогъэфащэ ар Iуэхум мыпхуэдэу егупсысауэ: дэнэ деж нэхъ сэбэп къыщысхьыфыну си лъэпкъым хуэгъэзауэ? Абдеж наукэр щытригъэкIуащ икIи Хьэмыщэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ хъуащ 2003 гъэм. IэнатIэщIэм есэгъуей хъуакъым, сыту жыпIэмэ абы хуэхьэзыру, ситкIи хуэщIауэ пэрыхьати. Мыбдежи япэ лъэхъэнэм Хьэмыщэ щыпищащ къригъэжьа темэм – адыгэ диаспорэм я литературэм елэжьыным. Мы Iуэхум и кIапэлъапэ гуэрхэр къагъэхъейм, абы теухуауэ статья закъуэтIакъуэ къытрадзэм фIэмыкIыурэ, Хьэмыщэ дежу жыпIэ хъунущ мыр ди литературэдж щIэныгъэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэ щыхъуар. Аращ монографие зыбжанэ абы теухуауэ япэу зи Iэдакъэ къыщIэкIар икIи илъэситI-щым къриубыдэу ахэр тхылъу къыдэзыгъэкIар: ХамэщI щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэр. Налшык, 2000 (Бакъ З. Хь. щIыгъуу); Хэхэс адыгэ литературэ (къызэрежьам, и зыужьыкIам ехьэлIа Iуэхугъуэхэр). Налшык, 2005; Историческая поэтика и стилевые особенности литературы адыгского зарубежья. Нальчик, 2006. Мы темэ дыдэмкIэ и доктор диссертацэри пхигъэкIащ 2006 гъэм.

Мы къэхъугъэм сыт хуэдэ увыпIэ щиубыдрэ адыгэ щэнхабзэм? – абы теухуауэ еплъыкIитI щыIэщ зэпэщIэуэу. Зы къэхутакIуэщIэныгъэлI гупым къалъытэ адыгэ щылъхуу зэрыщыт къудейм тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, урысыбзэкIэ е нэгъуэщI хамэбзэ гуэркIэ тхэр адыгэ тхакIуэ имыщIу, апхуэдэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зейр ахэр дунейм къызэрытехьа бзэр зи анэдэлъхубзэ лъэпкъыр арауэ. Мыдрей гупым ар ядэркъым – хамэбзэкIэ тха щхьэкIэ, апхуэдэ тхыгъэхэр адыгэ лъэпкъ гупсысэкIэм тету гъэпсащ, абыхэм адыгэ гъащIэм щыщ куэд къагъэлъагъуэ, ауэ щыхъукIэ ахэр адыгэ литературэм хыубжэ хъунущ, хэбжэни хуейщ, жаIэ. ТIымыжьым мы зэдауэм зи лъэныкъуэр иIыгъыр дэтхэнэра? И тхылъхэм яфIища цIэ къудейхэми къагъэлъагъуэ Хьэмыщэ и Iуэху еплъыкIэм тIэкIу-тIэкIуурэ зэрызихъуэжар: япэрейм «хамэщI щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэр» жиIэу къыщыщIидзамэ, адэкIэ тегушхуауэ ар тохьэ «хэхэс адыгэ литературэ» терминым. Езы тхылъхэм уакIуэцIрыплъмэ, наIуэ мэхъу апхуэдэу къыщIэхъуар. Мис 2000 гъэм къыдэкIам авторым щыжиIэр: «ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ литературэр щылъапIэри, ар уи литературэ щыхъури уи анэдэлъхубзэкIэ щытхам дежщ» (нап. 6). Ар жиIэ щхьэкIэ, мыбдеж дыдэм езым шэч къыщытрехьэж а псалъэхэм, мыпхуэдэу щитхкIэ: «гъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэхэр зэман зэхуэмыдэхэм я художественнэ литературэм зэрелэжьар». 2005 гъэм мы проблемэр нэхъ кууэ и тхылъым къыщеIэт ТIымыжьым. Абы пэжу къызэрыхигъэщщи, адыгэ лъэпкъ литературэкIэ дызэджэмрэ абы къызэщIиубыдэ мыхьэнэмрэ IупщIу зэхэгъэкIауэ щыткъым. Псалъэм папщIэ, дауэ убгъэдыхьэ зэрыхъунур я хэку исыж адыгэхэм литературищ – адыгей, къэбэрдей, шэрджэс – яIэу СССР къэралым щагъэувуауэ къызэрекIуэкIам? Абы лъабжьэ хуэхъуар гурыIуэгъуэщ – езы адыгэхэри лъэпкъ (нацие) щхьэхуэ-щхьэхуэу щы щращIыкIакIэ, литературэри апхуэдэ

гуэшыкIэм тетын хуейуэ къалъытауэ арат. Ар захуэт-тIэ? Литературэр къызэрыгъэщIа бзэм тепщIыхьыпэми, ар тIууэт зэрыгуэшыпхъэр – адыгей (кIахэ) литературэрэ къэбэрдей-шэрджэс литературэу – литературэбзэу адыгэхэм тIу щаIэкIэ. АтIэми, нобэр къыздэсым къэбэрдейхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым ис адыгэхэмрэ я литературэр зэм зэхыхьэжу, зэми зэхэкIыжурэ дыкъокIуэкI зыгуэрым дыкъытемыувыIэфу. ХамэбзэкIэ тхэхэм я Iуэхур нэхъеижу зэхэзэрыхьащ, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, ахэр здахьынур теубыдауэ ящIэркъым. Мыр проблемэ къызэрыгуэкIкъым, мыр тэмэму зэфIэхыным лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ мыбы нэхъ жыджэру хэлэжьыхьым, мыбы нэхъ кууэ хэзыщIыкIым жиIэм нэхъ убгъуауэ къытеувыIапхъэу къыщIэслъытар. Сэ си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, литературэм ехьэлIауэ япэ изгъэщыр ар зэрытха бзэрщ. Апхуэдэу егупсысри си закъуэкъым – куэд дохъу. ТIымыжьыр нэгъуэщIущ абы зэреплъыр: «бзэр бгъэув хъунукъым тхыгъэр зыщыщ лъэпкъ литературэр зэрагъэбелджылы Iэмал закъуэу. Дэ дызэреплъымкIэ, бзэр, тхыбзэр тхакIуэр «зэрылъащэ Iэмэпсымэщ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, тхыбзэ зимыIэ лъэпкъым и тхакIуэм къызыхэкIахэм я гупсысэр, я дуней тетыкIэр къригъэлъэгъуэн щхьэкIэ, хамэбзэр, тхыбзэр хьэхуу къэщтэри ироложьэ», арщи, «бзэр зыIурылъ лъэпкъым ей хъуркъым абыкIэ тхакIуэм къигъэщI тхыгъэхэр, ар езы тхакIуэр зыщыщ лъэпкъым и дунейуэ, къэзыухъуреихьхэм яхуиIэ щытыкIэ хэхауэ щытмэ» (Хэхэс адыгэ литературэ, нап. 59).

ДауикI, си дежкIи гурыIуэгъуэщ хамэбзэкIэ тхэхэм я нэхъыбапIэр IэмалыншагъэкIэ абы ехулIа зэрыхъуар – псалъэм папщIэ, дэ тхыбзэ иджыри щыдимыIа лъэхъэнэм урысыбзэкIэ Урысейм къыщыдэкIыгъащ Къазджэрий СултIан, КIашэ Адэлджэрий, адрей талант нэс зыбгъэдэлъ адыгэ щIалэхэм я тхыгъэ купщIафIэхэр. Ардыдэращ яхужыпIэ хъунур Тыркум, хьэрып къэралхэм ис адыгэхэм къахэкIа такIуэхэми. Абы щхьэкIэ ахэр Iумпэм пщIыныр, абыхэм я лэжьыгъэр къыпфIэмыIуэхуныр захуагъэкъым. Тырку литературэм и зэхэублакIуэу, абы и классикыу къалъытэу а къэралым адыгэ зыбжанэм я цIэр щиIэткIэ, ахэр къызыхэкIа лъэпкъри абыхэм дригушхуапхъэщ. Ауэ абы и закъуэкъым абыхэм я творчествэр кууэ щIэдджыпхъэр, уеблэмэ, ди дежкIэ нэхъыщхьэр аракъым – такIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм мымащIэу яхэтщ я лъэпкъым зэрыщыту теухуахэр, е зэрыс къэралхэм я гъащIэм нэхъ ехьэлIахэми, зэрыхабзэщи, адыгэ образ зыхэмытыр закъуэтIакъуэххэщ. Минрэ нэгъуэщIыбзэкIэ тхами, адыгэм къахэкIа тхакIуэхэм я тхыгъэхэр адыгэ гупсысэкIэм тету гъэпсащ, Хьэмыщэ и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, «ар урысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэ ирехъу, е хьэрып, тырку, инджылыз бзэхэр къэзыгъэсэбэпа тхакIуэу къыщIрекIи – псоми тхыдэ щIыналъэм щыпсэу ди тхакIуэ-усакIуэхэм яхуэдэ пщIэ щIахуэпщIын къалэжь, я къалэмыпэм къыщIэкIахэм лъэпкъым и псэукIэр, и гурыгъу-гурыщIэр, и дуней тетыкIэр я купщIэу щытмэ» (Хэхэс адыгэ литературэ, нап. 57). Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ телъыджэхэр къегъуэт ТIымыжьым – аращ абы и тхылъхэр щIэнгъэрылажьэми ямызакъуэу къызэрыгуэкI тхылъеджэ куэдми гъэщIэгъуэн къащIыщыхъур.

ГъэщIэгъуэныщэкъэ, псалъэм папщIэ, тырку адыгэ тхакIуэ Сейфеддин Омер адыгэбзэм фIэкI нэгъуэщI зы бзэми узыщримыхьэлIэ

«узэсэр сэгъейщ», «и жьафэ къехыркъым», «и фэм кIуэцIыхуэжыркъым», «и пыIэкур къриудащ», «ныбафэуз хъуащ» фразеологизмэхэм хуэдэхэр тыркубзэм хигъэхьэу абыхэм адыгэхэм кърах мыхьэнэр тхылъеджэхэм къазэрыгуригъэIуар! Шэч хэмылъу, ахэращ «тхакIуэшхуэм и бзэм зыми емыщхь гъэщIэгъуэныгъэхэр хэлъу» тырку литературэ къэхутакIуэхэм жезыгъэIар. ТхакIуэ Хьэрэтокъу Самир и «Бгъэхэр» романым хьэрыпхэм я «Налмэс къащыкъым», тыркухэм я «Еди йылдызым» («Вагъуибл») я пIэкIэ къыщигъэсэбэпыр адыгэхэр вагъуэ зэрыбыным зэреджэ «Вагъуэзэшиблырщ», абы теухуауэ лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарырщ. Къандур Мухьэдин и инджылызыбзэ тхыгъэхэр адыгэхэм я набдзэгубдзаплъагъым къигъэщIа «сампIэимыхьэ», «сабэ дэпхъеин», «и джабэр хущIэудын», «и пэр щIым щыхъуэн», «щхьэм иригъэжэн», «Iэжьэкъур ичын» жыхуиIэхэм хуэдэ псэлъафэхэмкIэ гъэнщIащ...

Адыгэлъ зыщIэту нэгъуэщIыбзэкIэ тхэ псоми я IэдакъэщIэкIхэр кууэ иджа, абыхэм я хъэтIыр къихута нэужь, ТIымыжьым апхуэдэ тхакIуэ-усакIуэхэр гупитI ирещIыкI, адыгэ нэщэнэ яхэлъ-яхэмылъ и лъэныкъуэкIэ. Ар зэреплъымкIэ, хамэбзэкIэ тхами, художественнэ тхыгъэхэр адыгэ щэнхабзэм щыщу къэплъытэн папщIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр я лъабжьэу щытын хуейщ:

а) лъэпкъым и IуэрыIуатэ къулейр;

б) адыгэм и гупсысэкIэ, и художественнэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэр;

в) лъэпкъым и хабзэхэр, и псэукIэ-зэхэтыкIэр, пщIэ хэха хуищIу игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ нэгъуэщI лъапIэныгъэхэр;

г) фIэщхъуныгъэр, диным хуиIэ щытыкIэр.

Апхуэдэ тхыгъэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа тхакIуэр щытын хуейщ:

а) адыгэу;

б) адыгэ куей, жылэ, хьэблэ (къалэу щытмэ) къыщыхъуауэ;

в) адыгэм ипIауэ, лъэпкъ гъэсэныгъэ игъуэтауэ.

ТIымыжьым къызэрилъытэмкIэ, я лIакъуэр адыгэхэм я деж екIуэлIэжми, М. Сами аль-Баруди, Щэукъий Ахьмэд, Теймур Мухьэмэд, Юсеф ас-Сибаи, Сабри Исмэхьил сымэ хуэдэхэр адыгэ тхакIуэу убжыныр тэмэм дыдэкъым, сыту жыпIэмэ диаспорэ хъуным хунэмысу лъэхъэнэмрэ зыхэс лъэпкъымрэ яхэткIухьыжа мамлюк зауэлIхэм я щIэблэ жыжьэм игъуэтакъым лъэпкъ гъэсэныгъи гупсыси; щIапIыкIакъым абы я быныр зыми емыщхь лъэпкъ художественнэ дуней еплъыкIэм и лъабжьэ адыгэ IуэрыIуатэми; адэ хэкужьым къинахэми пыщIэныгъэ хуаIакъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, мыбыхэми я цIэр нэхъ дгъэпуд хъунукъым, апхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэр къызэрытхэкIам дригушхуапхъэщ.

Хэхэс адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэм ехьэлIауэ ТIымыжьым къитIэщIам дэ и щхьэфэ диIэба къудейуэ аращ, ауэ аркъудеймкIи гурыIуэгъуэ хъууэ къытфIощI абы хузэфIэкIам и куэдагъымрэ и мыхьэнэм и инагъымрэ.

Диаспорэм къыхэкIа тхакIуэхэм я закъуэкъым ар зэлэжьыр – мынэхъ мащIэу абы и нэIэ тетщ адыгэ республикищми щылажьэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Абыхэмрэ ди литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ятеухуа статья пщIы бжыгъэхэр журналхэм, сборникхэм къызэрытригъэдзам, а темэ дыдэхэмкIэ щIэныгъэ конфе-

ренц куэдыкIейм доклад зэрыщищIам къадэкIуэу, Хьэмыщэ Тхьэгъэзит Юрэ и авторэгъуу иджыри зы монографие 2009 гъэм Налшык къыщыдигъэкIащ, «Адыгэ лъэпкъ роман (и тхыдэ гъуэгуанэмрэ художественнэ нэщэнэхэмрэ)» и фIэщыгъэу. Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы тхылъыр адыгэбзэкIэ зэрытхар – абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. ТIымыжьыр хуабжьу хуэшэрыуэщ урысыбзэми, а бзэм и щIэныгъэ терминологием нэхъыфIу зэрызиужьам и фIыгъэкIэ, щIэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэри а бзэмкIэ птхыныр куэдкIэ нэхъ тыншщ. Апхуэдэу щыт пэтми, щIэныгъэ монографиеу и Iэдакъэ къыщIэкIаиплIым ящыщу щыр Хьэмыщэ адыгэбзэкIэщ дунейм къызэрытригъэхьар. АбыкIи щапхъэ мэхъу ар: лейуэ гугъу зедгъэхьынкъым жытIэурэ псори урысыбзэм дыхуэкIуэжмэ, адыгэбзэм и лъабжьэр щIэдуду аракъэ? Бзэр IэнатIэ нэхъыбэм къыщысэбэпыху, абы и къарум хохъуэ. Адыгэбзэм щIэныгъэ стиль хузэгъэпэщыным хуабжьэу елIэлIащ ди филолог нэхъыфIхэу Елбэд Хьэсэн, Сокъур Мусэрбий, Нало Заур, Шэвлокъуэ Пётр, Къэжэр Хьэмид, Гъут Iэдэм сымэ, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу абыкIэ я Iуэхур нэхъ кIуэтауэ жыпIэ хъунущ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джыным пэрытхэм. Абыхэм кърагъэжьа хабзэ дахэм тетщ, абыхэм яхуэпэжщ Хьэмыщэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту щIэныгъэм къыхыхьэ щIэблэм ящыщу закъуэтIакъуэххэщ анэдэлъхубзэр хуэшэрыуэу къэзэзыгъэсэбэпыфыр. Мис ахэр дреплъей ТIымыжьым – адыгэбзэр мэкIуэдыж, жыпIэу утхьэусыхэу ущымысу ар зэрымыкIуэдыжын Iуэху пыухыкIахэр лэжьыпхъэщ.

Иджы монографием дежкIэ дгъэзэжынщи, абы и пэублэ псалъэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, лъэпкъым и зэхэщIыкIым лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зэрызыдихъуэжыр щIэныгъэр и лъабжьэу къэзыхутэж лэжьыгъэщ мыр, ауэ щыхъукIи ар дунейм къызэрытехьар мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхугъуэщ. Апхуэдэу жыпIэну хуитыныгъэ къует тхылъыр цIыхум и псэхупIэ дунейр узэщIыным хуэлажьэ, псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм зэрытеухуам.



Адыгэ романми, прозэ жанрым зэрыщытуи я зыужьыным теухуа тхыгъэхэр мыбы япэкIи мымащIэу ятхащ, ауэ мыр абыхэм къащхьэщызыгъэкI нэщэнэхэр иIэщ. Псом япэрауэ, совет лъэхъэнэм ди къэралым щытепщэу щыта большевик идеологием и къупхъэ зэвым уикI хъууэ щымытамэ, иджы демократие зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ хуиту упсалъэ, дунейпсо щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэр тегъэщIапIэ пщIы мэхъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, иджырей литературэ щIэныгъэм къэхутэныгъэхэр зэрекIуэкIыпхъэ IэмалыщIэхэу (методологие, теорие, тхыдэ литературэ я лъэныкъуэкIэ) къигъэувхэм тету адыгэбзэкIэ тха япэ лэжьыгъэщ мыр. ЕтIуанэрауэ, адыгэ республикищми я тхакIуэ-романистхэр къызэщIиубыдэм имызакъуэу, хэхэс адыгэ тхакIуэхэм къагъэщIа художественнэ дунейм гупсэхуу къытоувыIэ. Литературэм щыщу зэфIэкI нэхъыбэ зыбгъэдэлъ, лъэпкъ литературэхэм я зыужьыныгъэхэр зыхуэдэм и пщалъэу романым и ублапIэм къыщыщIадзэри ди нобэм къэсу къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжурэ авторхэм а гъуэгуанэр лъэхъэнэкIэрэ зэпагъэщхьэхукIащ, лъэпкъ поэтикэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, IуэрыIуатэм абы къыхих гуащIэр ягъэбелджылащ, адыгэ литературэр къуэпскIэ зыпыщIа хамэ щэнхабзэхэр къыхагъэщхьэхукIащ.

ТIымыжьыр Институтым къэувыным зэманыфI иIэу мыбы щыпэрыхьауэ щытащ Адыгэ литературэм и тхыдэр том зыбжанэ хъууэ

адыгэбзэкIи урысыбзэкIи гъэхьэзырыным. Щхьэусыгъуэ гуэрхэм къахэкIыу а Iуэхур ужьыхыжри зыкъомрэ и гугъу зэрамыхуэжу екIуэкIауэ Хьэмыщэ литературэмкIэ секторым и унафэщI хъури, и гумызагъагъэкIэ ар къиублэжащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ мытыншым и унэтIакIуэ зэрыхъун щIэныгъэ иIэти, абы и фIыгъэкIэ Хьэмыщэ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу хузэфIэкIащ ди литературэм и тхыдэм и адыгэбзэ вариантыр и кIэм нигъэсыжын, абы и япэ, етIуанэ томхэр къыдэкIагъэххэщ, иужьрей ещанэ томри хьэзыру ар тхылъ щIыным текIуэдэн ахъшэм поплъэри щылъщ. Лэжьыгъэм и щIэныгъэ редактор къалэн гугъур и пщэ зэрыдэлъам къыдэкIуэу, тхылъищми и Iыхьэф I езым игъэхьэзыращ, уеблэмэ корректурэ дыдэри нэхъыбэу зи фэ дэкIар ащ. АдэкIэ урысыбзэ вариантым и Iэрытх ныкъуэтхыу щылъым и гур хуэпхъэр зэпытщи, зикI шэч къытумыхьэми хъунущ ари зыхуей зэрыхуэзэнум.

Дызытепсэлъыхьа къудейри мащIэкъым Хьэмыщэ институтым зэрыщылажьэ илъэс бжыгъэм зы цIыхум хузэфIэкIыну. АрщхьэкIэ абы и IуэхущIафэхэр IэджэкIэ нэхъыбэщ. ЛитературэмкIэ секторым и лэжьыгъэр иунэтIым къыщымынэу, абы зэдехь секторищ – адыгэбзэмкIэ, адыгэ IуэрыIуатэмкIэ, адыгэ литературэмкIэ щыIэхэр къызэщIиубыдэу институтым къыщызэрагъэпэща къудамэм и унафэщI къалэнри. УнафэщI жытIа щхьэкIэ, а къулыкъум Хьэмыщэ нэхъыщхьэу хилъагъуэр унафэ щIыныракъым, атIэ и Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ адрей секторхэми я Iуэхур ядигъэпсынщIэнырщ. Абы и гуащIэ мымащIэу хэлъщ IуэрыIуатэмкIэ секторыр зэлэжьа Нарт эпосым, КъардэнгъущI Зырамыку и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэм, бзэмкIэ секторым дыкъэIэбэмэ, мыбы илъэс зыбжанэ хъуауэ щызэхалъхьэ Урыс-адыгэ псалъалъэ инми, ар и лъабжьэу дгъэхьэзыру 2013 гъэм къыдэдгъэкIагъэххэ Урыс-адыгэ школ псалъалъэми я Iыхьэ щанэм нэблагъэр ТIымыжьым тхуищIащ. НэгъуэщI зы псалъалъи щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ – ар Думэн Хьэсэн и «Адыгэхэм я дауэдапщэхэр» жыхуиIэ этнографие терминхэм я псалъалъэращ (Налшык, 2006). Хьэмыщэ и цIэр мыбы къызэрыхэщыр абы и редактору зэрыщытамрэ псалъапэр зэрыхуитхамрэщ. Ауэ шэчыншэу ар мы лэжьыгъэм авторэгъуу гуэбгъэувэ хъунущ. Ар сэ си еплъыкIэ къудейкъым – езы Думэным (и ахърэт нэху ухъу) мы псалъалъэр къыщыдэкIам цIыху гупышхуэм я пащхьэ щыжиIауэ щытащ мыр. Пэж дыдэу, Хьэмыщэ мыхъуамэ мы лэжьыгъэр дунейм къытемыхьэнкIи хъунт. Ар институтым къэувагъащIэу Хьэсэн ириджэри Iэрытх Iэтэшхуэ и пащхьэ кърилъхьащ, «Мыр илъэс Iэджэ хъуауэ адэкIэ-мыдэкIэ щызэхузохьэс, адыгэхэм къадекIуэкI хабзэхэм ятеухуауэ. Мыбыхэм селэжьынущи сыхунэсыркъым, зыгуэр къыхэкIынумэ схуеплъ», – жиIэри. ТIымыжьыр еплъа къудейкъым, мыбы лэжьыгъэ щхьэпэ къыхэпщIыкI зэрыхъунур къыгурыIуэри, щхьэх имыщIэу Хьэсэн и Iэрытххэм къахэпх хъунур къахихащ, езым мы унэтIыныгъэмкIэ гъэтIылъыгъэ гуэрхэр иIэти, ахэри ядыщIигъуащ, термин 400-м нигъэсри адыгэ тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэридзэкIащ, а псори псалъалъэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм хуигъэкIуащ, литературэбзэм кърригъэзагъэри Хьэсэн иритыжыгъащ. Иджы мыр адыгэбзэм и псалъалъэу щыIэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ къагъэсэбэпхэм яхыхьащ. ИкъукIэ сэбэп мэхъу Хьэмыщэрэ ПщыхьэщIэ ЛатIифрэ зэщIыгъуу ягъэхьэзыра, адыгэбзэм къищта хьэрып псалъэхэм я мыхьэнэр къыбгурызыгъаIуэ псалъэгъэнахуэри (Налшык, 2006). Псом хуэмыдэу мыр щхьэпэщ муслъымэн диным ехьэлIа терминхэм я мыхьэнэр

зэблэша мыхъуу мы зэман зэхэзэрыхьам тэмэму цIыхухэм, псом япэу щIалэгъуалэм, къагурыIуэнымкIэ.

ТIымыжьым езым итххэм ямызакъуэу и унафэ щIэт филологхэм я дежкIи дэIэпыкъуэгъу нэсщ. Литературэм елэжьхэм я зы тхылъи статьяи Хьэмыщэ хэмыплъауэ, ар имыредактору къыдэкIыркъым жыпIэкIэ ущыуэнукъым. Языныкъуэхэм зэращIым хуэдэу, Iэрытх къратам Iэпэдэгъэлэлу ириплъэу зэфIигъэкIыркъым, зытхам къыхуэмыщIыхужыным нэсу щыхэлэжьыхьыр нэхъыбэщ, аращи, нэгъуэщIхэм я цIэ тету дунейм къытехьа лэжьыгъэ куэдым Хьэмыщэ и унэцIэри япэ иту тетыпхъэт, уеблэмэ а цIэ тету жыхуэтIахэр Iупхыу Хьэмыщэ и цIэр тептхэкIи гуэныхь къэпхьынутэкъым, хилъхьа гуащIэм и инагъымкIэ ар къелэжьри. Езым апхуэдэ игъащIэкIэ япимыубыдын дэнэ къэна, нэхъ зэхэщIыкI зиIэхэм «авторэгъу утщIынщ» къыщыжраIэкIи яхуидэркъым.

Хьэмыщэ зэрыредактор IэкIуэлъакIуэр нэгъуэщI зы Iуэхугъуэми – Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым къыдигъэкI «Вопросы кавказской филологии» журналым и редактор нэхъыщхьэ зэращI лъандэрэ а журналым зэрызиужьам – наIуэ къищIащ. Мыр зэрагъэхьэзырыф елъытауэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдагъэкI сборникыу кърагъэжьауэ арати, иджы пIалъэ пыухыкIам тету илъэсым тIэу къыдэкI журнал ищIащ, абы къытехуэ тхыгъэхэри щIэныгъэ журнал нэсым зэрытетын хуейм хуэдэу игъэпс зэрыхъуам и фIыщIэкIэ, ахэр къэрал псом къыщалъытэхэм яхыхьащ. КIыхьу дытемыпсэлъыхьами, апхуэдэ мардэм журнал нэбгъэсыныр тынш цIыкIукъым, редколлегием хэтхэм зыгуэркIэ зыщIэдгъакъуэми, а Iуэху гугъум и нэхъ хьэлъэр зыхьыр Хьэмыщэщ. Ардыдэращ Iуэхур зытетыр институтым адыгэ филологием ехьэлIа щIэныгъэ конференцхэр щрагъэкIуэкIкIи – апхуэдэ зыбжанэ иужьрей илъэсхэм ТIымыжьым и фэ дэкIащ икIи дапщэщи утемыукIытыхьын хуэдэу екIурэ-ещхьу къызэригъэпэщащ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэ, Нало Заур – илъэс 85-рэ щрикъум теухуауэ екIуэкIа зэIущIэхэр.

ТIымыжьыр къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу икIи емызэшыжу зэрыщытыр хэIущIыIу мыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Абы и хъыбар зэхахакIэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIхэми. Арати, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэмрэ я IуэрыIуатэхэмкIэ абы къыщызэIуахагъащIэ кафедрэр унафэщIыншэу къыщынэм, вузым и ректорымрэ филологиемкIэ институтым и директорымрэ езыхэм я щхьэкIэ Хьэмыщэ деж къакIуэри къелъэIуащ зи гугъу тщIа къулыкъум теувэну. Илэжьынур и щхьэм къэс пэтми, мо къэкIуахэр хуэгъэщIэхъуакъым, зэрызыщIищIэжыр къыгурыIуэж пэтми, мыпхуэдэ щIыкIэкIэкIэ ягурыIуащ: лэжьапIэ здыIутым къыIуонэ, ауэ абы къыдигъакIуэу кафедрэми увынщи зэрыхузэфIэкIкIэ зы илъэс-илъэситI хуэдэкIэ абы и лэжьыгъэр зэтригъэувэнщ. Апхуэдэуи ищIащ. ЗдэкIуар «щIапIэ нэщI ихьащ» жыхуаIэм хуэдэт: кафедрэр къыщызэIуахам абы и унафэщIу ягъэуват ЩIыпIынэ Аслъэни (и ахърэтыр нэху ухъу!), зыхунэсышхуаи щымыIэу гуузу дунейм ехыжат, иджы мы кафедрэр илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ лажьэ адрей кафедрэхэм ялъэщIэбгъэхьэн щхьэкIэ лэжьын хуейм гъунэрэ нэзрэ иIэтэкъым. Зыхэхуа щытыкIэм япэщIыкIэ тIэкIу къигъэIэнкунами, къикIуэт щыIэжтэкъыми, ректорыр къызэригъэгугъар игъэзэщIэным пэрыуващ. Къалэн гуэр къыщыппэщылъым деж щапхъэ, гъуэгугъэлъагъуэ пхуэ-

хъун щыIэмэ, абы псынщIэ къыпщещI. Ауэ мыбдежым апхуэди щыIэтэкъым – Кавказым нэгъуэщI зы вузи щыбгъуэтынукъым зи гугъу тщIы кафедрэм хуэдэ иIэу. Литературэхэм ящыщу адыгэ, балъкъэр литературэхэм ятеухуауэ зыгуэр нэхъ щыIэт, ауэ абыхэми зэманыщIэм, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм езэгъыу щIэрыщIэу программэ яхузэхэлъхьэн хуейт, итIанэ а программэм тет лекцэхэмкIэ курсхэр гъэхьэзырыпхъэт. ПрограммэщIэр езы Хьэмыщэ и пщэ дилъхьэжри зэхилъхьащ, IуэрыIуатэм теухуа IыхьэмкIэ Гъут Iэдэм и авторэгъуу (Налшык, 2013), лекцэ курсхэм я нэхъ гугъури езым и щхьэм фIихакъым. Абы къыдэкIуэу адрей Кавказ лъэпкъхэм я литературэмкIэ езыгъаджэ кафедрэхэм я егъэджакIуэхэми я Iуэхур ядигъэпсынщIащ. УнафэщIым и фIыгъэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу кафедрэр лъэ быдэкIэ уващ, нэхъ ныбжьышхуэ зиIэхэм ялъэщIыхьэжа къудейкъым, атIэ абыхэм ящыщ зыкъомым я дежкIэ щапхъэщ. Мы кафедрэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкI нэгъуэщI гуэри щыIэщ – ар мыбы къегъэщIылIауэ университетым щылажьэ адыгэ, балъкъэр щэнхабзэхэмкIэ центрхэрщ. Мыхэри кафедрэ зэпхам и ныбжьщ. Адыгэ щэнхабзэ центрыр ЦIыпIынэ Аслъэн и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, тIэкIу нэхъ иужьыIуэкIэ апхуэдэ центрхэр балъкъэрхэми къэзакъхэми яIэ хъуащ. ЖэрдэмщIакIуэр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, и мурадхэр гъащIэм хипщэну хунагъэсакъым, иджы центрым илэжьын хуеймрэ ар зэрилэжьыну щIыкIэмрэ убзыхуауэ гъуэгу тэмэм тегъэувэн хуейти, абыкIи Хьэмыщэ лъэкI къигъэнакъым. Нобэ псоми ялъагъу, адыгэм ехьэлIа Iуэху университетми, къалэми, республикэми – дэнэ къыщаIэтми, ар и курыкупсэм хэтщ, нэхъ хэлъхьэныгъэфI апхуэдэхэм хуэзыщI бгъуэтынкъым. Мыри къыжыIапхъэу къызолъытэ: Хьэмыщэ къыхилъхьэри центрым ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр фIригъэщащ – ари ТIымыжьым и гулъытэм и инагъым и щапхъэщ.

Аращи, сэ си щхьэкIэ къызолъытэ Хьэмыщэ университетым и щIыхуэ къытемынауэ – яхуищIар къызэригъэгугъам фIыуэ йобэкI. АрщхьэкIэ си фIэщ хъуркъым апхуэдэ лэжьакIуэ абыхэми тыншу къаутIыпщыжыну. Пэжым ухуеймэ, нэрылъагъущ езыри абы зэресар, а Iуэхум зэрыдихьэхар, игу пыкIыу къибгынэфыну пIэрэ ар жыуегъэIэ.

Адыгэ литературэмкIэ программэщIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ямызакъуэу школхэри хуэныкъуэт. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм а къалэныр я пщэ илъу гуп щызэхишэм, абы и унафэщIу ТIымыжьырщ къигъэлъэгъуар. Гупым хэтт иджыри къэс зэреджа программэр зэхэзылъхьахэри нобэрей гъащIэм а программэр езэгъ щIын хуейуэ къэзыгъэувахэри. Ахэр зэгурыбгъаIуэу зы еплъыкIэ тепшэныр тынштэкъым. Лъэпощхьэпо хъурт «дэ тхуэфащэ увыпIэ щыдубыдын хуейщ программэм» жаIэу унажэу къахуэжэ языныкъуэ тхакIуэ-усакIуэхэри. А псом, адыгэ хабзэри дипломатием и Iэмалхэри къигъэсэбэпурэ, пэлъэщри ТIымыжьым и гупым программэ хъарзынэ зэхалъхьащ, адэкIэ абы тету школым зэрыщеджэ тхылъхэр гъэхьэзырын хуейти, мыбдежым Хьэмыщэ къылъысу 7-нэ, 11-нэ классхэм я хрестоматиехэр япэм зэрыщытам куэдкIэ ефIэкIыу къыдигъэкIащ, Балэ Людмилэ и авторэгъуу.

ТIымыжьыр литературэдж къудейкъым, атIэ езыри тхакIуэщ – абы и лъэныкъуэкIи зэфIэкI зэриIэр нэрылъагъу тщищIауэ щытащ «Зи нэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан» повестымкIэ (Налшык, «Эльбрус», 2001). «Тхыдэ темэм щыщу куэдыр зытемыгушхуэщ икIи

узыIэпызышэщ ТIымыжь Хьэмыщэ итха повестыр, – щыжеIэ Адыгэ литературэм и тхыдэм и етIуанэ тхылъым Гъут Iэдэм, – абыкIэ къэбэрдей литературэм темэщIэ икIи темэшхуэ и гъунэ щрилъэауэ жыпIэ хъунущ абы» (нап. 197). ТIымыжьым и лIыхъужьыр (ар Мысырым тетыгъуэр япэу щызыубыда адыгэ сулътIан аз-Захир Сайф ад-дин Баркукщ, адыгэ жыIэкIэкIэ Бэрокъуэщ) щIалэ цIыкIуу и хэкум ирашри Мысырым къыщыхутат, зыпэщIэхуахэм зауэ хуэIухуэщIэм хуагъасэри дзэзешэ ямылей къыхэкIат, иужькIэ мамлюк зауэлIхэм IэIэткIэ Мысыр къэрал лъэщым и сулътIану хахат. Абдежым наIуэ къыщыхъуащ адыгэ щIалэм Iэпщэ лъэщымрэ хахуагъэмрэ къадэкIуэу акъылышхуи, гущIэгъуи, къэрал зезыхьэм хэлъыпхъэ жыжьэрыплъэнри зэрыхэлъыр. Абы и щыхьэтщ тхыдэм къыхэнэжауэ зи хъыбар ди зэманым къэса мы къэхъугъэр: КъуэкIыпIэ псор къэзыгъэхыщIэу КъухьэпIэм зи цIэр нэIуса Темырлан (Тимур, Тамерлан) дунейр къизэуурэ МысырымкIэ зыщигъазэм и Iуэхур къэзыкъутэфар адыгэм къахэкIа мамлюк сулътIан Бэрокъуэщ. АбыкIэ хьэрып щIыналъэхэри Африкэм и ищхъэрэри хъума хъури, гущIэгъу жыхуаIэм хуэхей пащтыхь-зэуакIуэ ябгэмрэ абы и бейгуэл хьэщхьэрыIуэхэмрэ зэрамыпхъуэу, зэбграмылъэфыжу къуэкIыпIэ цивилизацэм и хъугъуэфIыгъуэ Iэджи къызэтенащ.

Ахэр повестым адыгэбзэ дахэрэ шэрыуэкIэ къыщыIуэтэжа хъуащ. ТхакIуэм лъэпкъ литературэм темэщIэ къыхихьа къудейкъым, атIэ абы и гъусэу композицэм и Iэмалхэр Iэрыхуэу къызэригъэсэбэпыфыр къигъэлъэгъуащ, зэман жыжьэм и тхыдэмрэ хамэ щIыналъэм и хабзэмрэ нобэрей зэманым кърыгъэкIуащ.



Хьэмыщэ и мурадащ нэгъуэщI художественнэ тхыгъэхэри къыдигъэкIыну, и повестым псалъэпэ хуищIам щхьэтечауэ щыжеIэ «мы тхыгъэри абы къыкIэлъыкIуэнухэри» жеIэри (нап. 9). Езым мызэмытIэу игу къеуэу къыхигъэщу зэхэсхащ, Iэрытх зыбжанэ, нигъэсыну зэман имыгъуэту, зэрыщылъыр. ЩIимыгъуэтыр ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа къалэн, IуэхущIафэ куэдыращ. Езым гушыIэурэ зэрыжиIэщи, пенсэм тIысыжмэ нитхысыжынущ.

Мы тхыгъэм къеджэхэм къахэкIынкIэ хъунщ «ярэби, апхуэдиз зыгъэхъар жэщи-махуи и къулыкъум пэрытауэ ара, уни-жьэгуи къыфIэмыIуэхуу» жызыIэн. Хьэуэ, ар пэжкъым, Хьэмыщэ и IуэхущIафэр зэрыдахэм хуэдэу, и унагъуэкIи хъуэпсэгъуэщ. И щхьэгъусэ Светэрэ абырэ щIалищ зэдапIащи, Алыхьым къузэритынщ, цIыху бэлыхь къахэкIауэ ехъулIэныгъэ яIэу IэнатIэ зырыз пэрытщ. ДауикI, ахэр сабииху адэ-анэм зыгуэрхэм хуаущиящ, тэмэму зэрагъэсэным пылъащ. Ауэ, зэрыжаIэщи, быным я дежкIэ нэхъыщхьэр адэ-анэм къыжраIэр аракъым, атIэ абыхэм далъагъурщ. ЩIалэ цIыкIухэм я дежкIэ псом япэ щапхъэ хъур адэм и дуней тетыкIэрщ. Ара къыщIэкIынщ Хьэмыщэ и къуэхэми ядэплъагъу хьэлыфIхэм я хэкIыпIэр. НобэкIэ Хьэмыщи Свети дэрэжэгъуэ нэхъ къезытыр, я дуней гуфIэгъуэр я къуэрылъху цIыкIуитIырщи, абыхэм я бжыгъэр бэгъуэну, езы тIури узыншэу, гукъеяуэ ямыIэу я бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ илъэс куэдкIэ ящхьэщытыну Тхьэм жиIэ.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и*
*институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI*

# Шыбжийм нэхърэ нэхъ плъыжьу укъызэщІэзыгъаплъэ телъыджэ

*(Нало Заур и новеллэхэм дахагъэр къызэрыхэщыр)*

Дэтхэнэ цІыхуми и лъым хэлъу къогъуэгурыкІуэ жыжьэу и гулъащІэм щигъафІэ, и псэр хьэщыкъ зыщІ эстетикэ образыр сэтей къэщІыныр. Ар щІыуэпсым къыпкърыкІ гурыщІэщ, лъэпкъ къэс езым и нэпкъыжьэ телърэ пасэрей цІыхухэм я деж къыщежьауэ нобэ псэухэм я псэкупсэ дунейр къигъэщІу. ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, уеблэмэ аращ литературэр, ар зы пкъыгъуэу зыхыхьэж гъуазджэр къежьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуари. ЗэфІэкІ хэІэтыкІакІэ Тхьэм хигъэщхьэхукІахэр дунейм нэхъ мащІэ щыхъу щхьэкІэ, абыхэм я художественнэ ІэдакъэщІэкІхэм цІыхухэм я нэхъыбапІэм гурыфІыгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щагъуэт, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ езыхэм къахуэмыІуатэу, яхуэмытхыу, яхуэмыухуэу, ауэ я гум илъу къекІуэкІхэр талант зиІэхэм я къэгъэщІыныгъэхэм деж щалъагъу. Нэхъыщхьэращи, а нэхъыбапІэм нэхъ мащІэхэм я пІэ зрагъэувэ, езыхэр а телъыджэхэр къэгъэщІыным хэлэжьыхь хуэдэу. Апхуэдэущ дэри Нало Заур и ІэдакъэщІэкІхэм дазэрыбгъэдыхьэр, уеблэмэ дахагъэм и пщалъэу абы къытхуигъэнахэрщ ноби ди тхакІуэ-усакІуэ куэдым гъуазэу яІэр, нэхъыбэу ахэр къызыхэщри и новеллэхэрщ. «Набдзэ къурашэрэ нэ фІыцІабзэу! И щхьэц фІыцІэ ухуэнар лъэдакъэпэм теуэу, уэлэхьи! Пушкиныр дэнэ къэна, езы ЩоджэнцІыкІу Алий хуэтхынтэкъым абы и дахагъыр! НтІэ, цІыхубзым и дахагъэр щахуэмыІуатэм деж, адыгэм жаІэр сыт? ТхьэІухудщ, жаІэ. Хур хъыджэбзщ е жэнэт бзущ, жаІэ» («ТхьэІухуд нэкъуэлэн» // *Нало Заур*. Кълру закъуэ. Налшык, 2012, н. 206).

Дахагъэм («эстетикэ идеалкІэ» зэджэ терминым и мыхьэнэр етту къыдогъэсэбэп) и пщалъэу Нало Заур куэдрэ къихь мы щапхъэр, дауи, къызыхихар лъэпкъым и художественнэ дуней лъагъукІэм къигъэщІа ІуэрыІуатэрщ. Псалъэм папщІэ, Сэтэней гуащэ, Дахэнагъуэ, ЩхьэцфІыцІэ, Іэдииху сымэ я образхэми хыдолъагъуэ мыпхуэдэ нэщэнэхэр. Ауэ ІуэрыІуатэм къыщхьэщыкІыу, тхакІуэр зэи хэткъым «дахагъэм» и гъуазэу езым жиІар пхигъэкІыну. Ар тхылъеджэм къыхуегъэнэж, цІыху къэс езым и еплъыкІэрэ и дахэрэ зэриІэжыр, зым ейр адрейм техуэу зэрыщымытыр къыгуроІуэри, икІи «уэлэхьи, арамтІэ жаІэу зэхэсхар» е «щхьэж зэрыфІэфІщ» псалъэхэр сыт щыгъуи персонажым и сурэтым дыщІегъуж. Аращ Аргудан щыщ «уэркъыпхъу Бэрэхэшт Налжан» и дахагъыр кІыхьу къыщІримытхэкІыр, ар тхакІуэм зыхилъхьэ щымыІэ и эпитет хэгъэщхьэхукІамкІэ зэфІегъэкІ, «нэ фІыцІабзэ зиІэ», «щхьэц фІыцІэ ухуэна зытет» жеІэри. НэгъуэщІ

къыпигъэувэмэ, кIыхь хъуну къыфIощIри, «адыгэхэр тхьэIухудкIэ зэджэм хуэдэщ» псалъэхэмкIэ кIэщI ещI.

Дахагъэр езыр философиемрэ эстетикэмрэ я зы пкъыгъуэщ. Ар пасэрей алыдж еджагъэшхуэхэм — Платон, Аристотель сымэ я деж къыщегъэжьауэ Гегель, Соловьев В. сымэ я деж щиухыжу — Iэмал имыIэу ирапхырт цIыхубэм хигъэщхьэхукIа хъуэпсапIэ гуэрым. Философхэр щыпсэуа лъэхъэнэм, зыхэпсэукI дунейм, зыщыщ лъэпкъым и хъуэпсапIэхэм тещIыхьауэ ар къагъэлъэгъуащ. Хэт ар хьэпшыпым (предметым) и теплъэм, щытыкIэм ирихьэлIащ, хэти, адыгэ IуэрыIуатэм насыпым и дамыгъэу къыщыкIуэ Дахэнагъуэ хуэдэу, гукъэкIымрэ гупсысэмрэ (идеем) хуигъэкIуащ, щыIэщ «Дахагъэмрэ пэжыгъэмрэ зыуэ къэзылъытахэри» (*Гегель Г. В. Ф.* Эстетика. М., 1973. Т. 1, н. 119). Нэмыцэ философ Канти абы щыхьэт тохъуэ: «предметым и дахагъэр къэзыгъэлъагъуэр абы и теплъэ къудейр арауэ», — жеIэри. Абы щхьэкIэ предметым уитхьэкъуу, удихьэхыу щымытми хъунущ, нэхъыщхьэр псори я пIэм итыныр, зэпэбжу (симметриеу) щытынырщ. Нало Заур дахагъэм ирит гурыIуэныгъэр нэгъуэщIщ. Ар зы лъабжьэм — лъэпкъ IуэрыIуатэм иубзыхуам — къыщожьэри къудамитIу зэгуокI, купщIэм и дахагъэмрэ (пкъырылъым и эстетикэрэ) теплъэм и дахагъэмрэ (формэм и эстетикэрэ) жиIэу.

КупщIэм и дахагъэмрэ теплъэм и дахагъэмрэ зэрызэгъусэм и щапхъэу къэпхь хъунущ «ТхьэIухуд нэкъуэлэн» новеллэм дызыщрихьэлIэ Налжанрэ абы иухуа унэмрэ. Налом къызэригъэлъагъуэмкIэ, уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ а цIыхубз цIыкIум хузэфIэкIыр: «Пщэдджыжьым, мо дыгъэ нэкIутIэр къыщIэмыкIыу, а тхьэIухудыр къэтэджырт, Урыхупс кIуэрти, зэнзэныпс къихьырт, напэнши хэмыплъауэ, Iэщи хэмыфауэ, итIанэ пхъэ икъутэрт, пщафIэрт, жэмыр къишырти, Iэхъуэм дихурт; джэдкъазыр игъашхэрт, гуащэри игъашхэрт аби, щхьэнтэм тригъэтIысхьэжырт. Абы къыдэхуэIамэ, езыр едзакъэрти, сэман гъэжын щIидзэрт, итIанэ жылэр хадапщIэ щыкIуэкIэ, яхэту кIуэрт» («ТхьэIухуд нэкъуэлэн», н. 207). Пэжщ, езы тхакIуэми къызэрыхигъэщщи, гугъуехьым цIыхур имыгъалIэми, и фэр дахэ ищIыркъым. Налжани и фэр кIуащ, ауэ унэр щIын иухащ. Абы еплъыну къызэхуэсахэм яхэтт новеллэм и лирическэ лIыхъужьри — Мусэ. Мыбдежми метафорэу тхакIуэм къыщегъэсэбэп фIыуэ илъагъу «нэ пIащитIыр». Унэр адыгэхэм я унэ ухуэкIэ хабзэм тету, и гупэр къуэкIыпIэмкIэ гъэзауэ, ящIат, «Уэшх щIэмышхэн е дыгъэр къызэрыщIэкIыу къыщIэпсэн хуэдэу». АдэкIэ Мусэ и псалъэм къыпещэ: «А унэ гупэм сызэрыIуплъэу, сыкъыхэкIиикI пэтащ, апхуэдизкIэ Налжан ещхьт ари! Бжэ щIыхьэпIэмкIэ хэлъ щхьэгъубжэшхуитIыр Налжан и нэ пIащитIырт, и напIэхэр лъагэу Iэтарэ, дыгъэ къыщIэкIыр игъэщIагъуэу еплъ нэхъей!» («ТхьэIухуд нэкъуэлэн», н. 208). «Зи

фэр кӀуэда» цӀыхубзым и псэм и нэхуагъыр унэщӀэм кӀуат, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ материальнэ щытыкӀэм — купщӀэм и дахагъым хуэкӀуат. Абы гу лъитат новеллэм и лӀыхъужь нэхъыщхьэм: «Налжан и дахагъэ телъыджэр и псэм къыхэнауэ хэлът, яхуэмытхьэлауэ, яхуэмыуфӀеяуэ, зэкӀэщӀамышыфауэ» («ТхьэӀухуд нэкъуэлэн», н. 209). Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ, а зы новеллэм и кӀуэцӀкӀэ купщӀэм и дахагъэу къэдгъэлъэгъуар псэм и дахагъэм щыхуэкӀуэжащ. Нало Заур дахагъэм и пщалъэу къилъытэм материемрэ гукъэкӀымрэ (идеемрэ) щызэхэшыпсыхьыжри, уэрдыхъу теплъэ зиӀэ къэухь къагъэхъуащ. Пасэрей философхэм къызэралъытэу щытари аращ — щӀыуэпсым и къэгъэщӀыныгъэхэм ящыщу теплъэ нэхъ узэщӀауэ, дахэ дыдэу ябжу щытар уэрдыхъуращ (е сферэ теплъэ зиӀэ хьэпшыпхэр).

Нало Заур дахагъэм ехьэлӀауэ иӀэ апхуэдэ Ӏуэху еплъыкӀэр зы къэухьышхуэу къызыщыбгъэхъумэ, ар, езым зэрыжиӀэу щытам хуэдэу, «дэлэн бзыгъэурэ» зэпыбгъэщхьэхукӀыж мэхъу. А къызыщыдгъэхъу дэлэныр, дэ дызэреплъымкӀэ, щы ищӀыкӀамэ, нэхъ тэмэму къыдолъытэ: лирическэ лӀыхъужьым и сабиигъуэр (БлутӀ е БлутӀэ, Мэд, Юрэ, Брунэ), балигъыпӀэ щиувэ ныбжьыр (БлутӀэ, Исмел, Хьэбалэ, Хьэбий), щӀалэгъуэрэ акъыл тӀысыгъуэрэ щрикъум деж (Мусэ, Албэч, ХьэкӀашэ, ТӀытӀу, Жамырзэ, Къэралбий, Мурат). Тхьэмадэ Ӏущхэм я чэнджэщхэм дащӀигъэдэӀуу, апхуэдэ персонажхэр и новеллэхэм къыхигъэхьэми, тхакӀуэм и творчествэм абыхэм увыпӀэ хэгъэщхьэхукӀа щаубыду дэ къытхуэлъэгъуакъым.

ТхакӀуэм и персонажхэм дахэу е абы и щапхъэу къалъытэхэр я ныбжьым тещӀыхьауэ зэщхьэщокӀ. Сабий литературэ лӀыхъужьхэм — БлутӀэ («Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ»), Мэдрэ Юрэрэ («ТӀытӀу и дыгъэ шыщӀэ») яфӀэдахэр я хъуэпсапӀэхэр зыхуэдэм елъытащ. БлутӀэ гъукӀэ щӀалэ цӀыкӀум и хъуэпсапӀэр и гъэсакӀуэ ХьэкӀашэ хуэдэу ӀэпщӀэлъапщӀэ хъунырщ. ГъэсакӀуэм нэхърэ нэхъ Ӏэзэрэ нэхъ цӀыху зэкӀэлъыкӀуэрэ дунейм темыту къыщохъу абы. Зэм ар нарт Сосрыкъуэ, зэми Лъэпщ ирегъэщхь, и лэжьэкӀэр-щэ: «… и уадэр уэрэд жиӀэу къигъафэрт, мо хужьу плъа гъущӀым зэрытехуэу, хупхъэм тхьэвыр зэрыхихум хуэдэу хихуу, зытехуапхъэм техуэурэ зыхуейм хуигъакӀуэу — тхьэм ибгынэжа гъущӀ кӀапэжь къищтэрти, псэ хилъхьэрт» («Къру закъуэ», н. 7). Мис а псэр гъущӀым хилъхьэфу есэнырт лирическэ лӀыхъужьым и хъуэпсапӀэр. Ар ныбжьыщӀэм къехъулӀауэ тхакӀуэм щыдегъэлъагъу «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ» новеллэм. ГъукӀэм и Ӏэзагъыр гъуазджэм (искусствэм) и щыгум нэзыгъэсыфа гъэсакӀуэм (ХьэкӀашэ и къру закъуэ сурэтым) ӀэпщӀэлъапщӀагъэкӀэ пэхъун дыд ищӀат БлутӀи. КӀыщым щӀэкӀыжа фащӀэхэм «тхьэ щаӀуэжырт езы Мусэ и ӀитӀыр зэтедзауэ щысу и дыдыр дэуэ» («Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ», н. 19). «ТӀытӀу и дыгъэ шыщӀэ» новеллэм хэт персонажхэу

Мэдрэ Юрэрэ, «МэракIуашхэ» рассказым дызыщрихьэлIэ Хьэлийрэ Музэчыррэ я хъуэпсапIэхэр нэгъуэщIщ: зи сабиигъуэр зауэм илыпщIа цIыкIухэр зэпщIыхьыр я ныбэ изу шхэуэ щыхъужыну зэманырщ. Псыхъуэм джэгуу щыдэсми, «Нотхэ я тут мэракIуейм» щытесми аращ абыхэм я псалъэмакъым хэмыкIыр. Уеблэмэ я хъуэпсапIэм ахэр ирехьэжьэри псыхъуэм «Урыху-къалэ» щаухуэну хуожьэ. Ар сыт хуэдэ къалэ езыр: и уэрам нэхъыщхьэм Урыхужь къыхаша псыр щежэхыу, «бэтэгъэ лъаги къыщхьэщытыжу».

Къыхэгъэщын хуейщ Нало Заур псэуху и сабий хъуэпсэныр зэримыухар. ЩыщIыкIум деж сабийм и хъуэпсапIэу щытахэм цIыхур балигъ хъуа нэужьи дахьэхыу къызэрынэжым иджырей щIэныгъэр щыхьэт тохъуэ. Арауэ къытфIощI дэ Налор апхуэдизу сабиипсэм гъунэгъу щIыхуэхъуфар, сабий тхакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зы ар зыщIари. Нало Заур сабий тхакIуэу лъэпкъ литературэм къыхыхьащ, а къалэным япэ иригъэщи щыIакъым. Абы щыхьэт тохъуэ «нанэ и псэ дахэмрэ дадэ и бзэ дахэмкIэ» Нало-тхакIуэм къигъэщIа художественнэ тхыгъэ телъыджэхэр, Нало-щIэныгъэлIым и сабий щэнгъасэ лэжьыгъэхэр.

Сабий ныбжьым икIыу балигъыпIэ иувэ щIалэщIэм и хъуэпсапIэр, дауи, нэхъ ин, дахагъэм и щапхъэу илъытэри нэхъ хэгъэщхьэхукIа мэхъу. ЗэкIэ ар пэжыжьэкъым сабийм и хъуэпсапIэм — шхын IэфIым, аращ иджыри «Ирэ и нэкугъуэр фошыгъум хэлъ балий фIыцIэм» («Къру закъуэ», н. 8) щIещхьыр, иужькIэщ а нэ фIыцIитIыр «жэщ мазэгъуэм уафэм щыблэ нэхъ вагъуэшхуэ дыдэхэм ещхь щыхъунур». Илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхъуа БлутI «зи ишэгъуэ дахэ Ирэ щэхуу зэрыкIэлъыплъым» гу зэрылъатар къыщраIуэкIкIэ, «шыбжийм нэхърэ нэхъ плъыжь къэхъуми», иджы фIэIэфIыр ныбэизыгъэркъым. И гъукIэгъу ХьэкIашэ и фIыгъэкIэ абы и хъуэпсапIэм къыхохьэ хьэрып поэзием игъэлъапIэ дуней телъыджэ, лъагъуныгъэ газелхэмкIэ гъэнщIауэ. А дуней хьэлэмэтым и хэкIыпIэ хъуэпсапIэрщ «зи дамэшхуэхэр щIиупскIэ нэхъей Iэта, зи пщэмрэ зи лъакъуэхэмрэ укъуэдия къру закъуэм», «къэбгъэшмэ, «зыууу!» жиIэу, зызыукъуэдииж Мусэ и дыдым», «къру ишам хуэдэу дахэрэ и джабэхэм пхъэбгъу зэгъэкIуа зыкIэрыукIэжа Исмел и бригантинэм» хуэдэхэр къэзыгъэщIыр.

Мы ныбжьым нэхъыщхьэ щыхъуу хуожьэ а дахагъэм ущIэхъуэпс къудей мыхъуу, ар зэбгъэхъулIэфынуи зэрыщытыр. Абы щхьэкIэ, БлутI хуэдэу, щхьэх умыщIэу «IэщIагъэм и щэхухэр» зэбгъэщIэн, Исмел («Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр») хуэдэу уи хъуэпсапIэхэм ущIэзэун хуейщ, узыпэмылъэщынкIэ хъуну лъэпощхьэпо куэд къыплъыкъуэкIми. ЦIыхур мыхъуапсэмэ, дахагъи къигъэщIыфынукъым. Дахагъэ хэмылъмэ, гъащIэр гъащIэкъым, дахагъэ хэмылъмэ, литературэри литературэкъым.

Нало Заур и новеллэхэм къахэтха мы щапхъэхэмкIэ дэ къэд-

гъэлъэгъуэну дызыхэтар сабий ныбжьым итымрэ балигъыпIэ иувэмрэ я хъуэпсапIэр иджыри дахагъэм и къуапитIым я зым — объективнэ е предметнэкIэ дызэджэм — нэхъ ехьэлIауэ зэрыщытырщ. Адрей къуапэр — субъективнэу е гурыщIэм (эмоцием) ехьэлIауэ щытыр нэхъ зыдэтлъагъур зи щIалэгъуэ е «лIыку ныбжькIэ» адыгэхэр зэджэм ит персонажхэрщ. Къызэрыхэдгъэщащи, тхакIуэм и художественнэ дунейм теплъэ дахэм къыщыбгъэдоувэ псэ дахэри. А тIур зы щыхъуи, уэ узэрыщыгугъам хуэдэу, теплъэм хуэфащэ купщIэ щимыгъусэжи щыIэщ. Литературэдж щIэныгъэлI Хализов В. Е. къызэрилъытэмкIэ, Iуэхур здэщыIэр цIыхум илъагъу «предметхэм я теплъэмрэ я нэщэнэхэмрэ акъылым къызэрищтэрщ» (*Хализов В. Е.* Теория литературы. М., 2004, н. 16). ЦIыхум езым игъэува жыпхъэм теплъэр имызагъэмэ, ар къимыщтэнкIэ мэхъу, дахэ дыдэу щытми. ГурыщIэм (субъективнэм деж) ехьэлIамэ, псом япэу Налом дахагъэм и щапхъэр зыдилъагъур бзылъхугъэрщ — «Iунэ хъыджэбз къамылыфэм» («Хьэбалэ и пхъэ гуащэ»), нэ пIащэ фIыцIитIыр «вагъуэу зи нэкIум къилыдыкI IэфIынэ» («IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр»), «зи щхьэцыгъуэ плIакIуэр тIууэ ухуэнауэ данэпсым къызэпхыпс» Бижан («Унэидзыхьэ»), «къанжэм и хужьыр зи хужьрэ къанжэм и фIыцIэр зи фIыцIэ» Налжан («ТхьэIухуд нэкъуэлэн») хуэдэхэрщ.

ТхакIуэм и тхыгъэ псоми узыщрихьэлIэр, дауи, мыпхуэдэ «тхьэIухуд тхахэм» я закъуэкъым. Апхуэдэхэм деж дахагъэм и етIуанэ щапхъэу абы къихьыр псэрщ. Къэбэрдейм щауэу исым я хъуэпсапIэ, «езы тырку сулътIан дыдэр щхьэгъусэу къызыщIэупщIа Аружан» («Бэлэ и дыху сабыныр») къигъанэу «жыгъунау хужыпIэну, тIэкIуи хуэпэнурэ икIи жьэпкъыпэ дыкъуакъуэ» Чазимэ рассказым хэт персонажым къыхезыгъэхыр сыт-тIэ? Езы тхакIуэм жэуап зэрыритыжымкIэ, цIыхубзым и псэм и дахагъырщ. «Псыи хуэмылIэ, пэгунми хэфыну езымыгъэкIу» ДжэбрэIил-ефэндыр Чазимэ и набдзэ къурашэхэмрэ и нэ къуэлэнитIымрэ пэщIэтыфакъым — «а нитIым къащIих нурыр дыгъэм нэхърэ нэхъ гуащIэт, налкъутым нэхърэ нэхъ дахэт» («ТхьэIухуд нэкъуэлэн», н. 429). А нитIым яужькIэ новеллэм хэт лIыхъужьым «Аружан фIэхьэлэмэтыжакъым икIи фIэтхьэIухудыжакъым». Адыгэхэм зэрыжаIэу, «нэм фIэдахэр псэм фIэIэфI хъуащ».

Мыбдежым Налом и Iуэху еплъыкIэр техуащ литературэдж щIэныгъэлI цIэрыIуэ Бахтин М. М. дахагъэм ехьэлIауэ жиIа псалъэхэм: «ФIылъагъуныгъэм и закъуэщ дахагъэр къэзыгъэщI къаруузэ щыIэр» (*Бахтин М. М.* Работы 20-х годов. Киев, 1994, н. 281). ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, а дахагъэр цIыхухэм я зэхущытыкIэм, я зэпыщIэныгъэм епхащ. Аращ куэдым къабылу къызэдащтэ Iуэху еплъыкIэхэми лъабжьэ яхуэхъур. Мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм цIыхухэр зэрешалIэ, зым и гъащIэм адрейр къыхэша

мэхъу, псэгъу зэхуещI. Адыгэ джэгуакIуэ-усакIуэ цIэрыIуэ Агънокъуэ Лашэ зэрыжиIащи, «Мы дунеижьыр къызэрыхъурэ / Фундамит папщIэу зытетыр / Хугумрэ лъагъуныгъэмрэщ / Язэр зыгуэркIэ тIэщIэкIмэ, / Дунейм и кIуэдыжыгъуэщ... / ЦIыхубзым и нэфIымрэ /ТхъэфIым и гущIэгъумрэ сыхыумыгъадэ» (Нало З. М. Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010, н. 40).

Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэм щIапIыкIа Агънокъуэми Наломи дахагъэм, эстетикэ лъагэм я щапхъэу ялъытэр бзылъхугъэрщ. Сыт хуэдэ теплъэ ямыIами, абыхэм я псэм и дахагъэмрэ къабзагъэмрэ нуру къахолыдыкI Налом и дэтхэнэ новелләми. Щыщыуэ къэхъуми, жамыIэпхъэ къащыжьэдэкIми, ахэр тхакIуэм зэи игъэкъуаншэркъым, «къуаншагъэр щилъагъур абыхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэзымыщIыф, и чэзум псалъэ IэфI яжезымыIэф цIыхухъухэм я дежщ». ЦIыхухъур зыгъэбжьыфIэр цIыхубзырамэ, цIыхубзыр зыгъэдахэр цIыхухъурщ. А дахагъэр, лъэпкъым хигъэбелджылыкIа лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр — бзылъхугъэр — тхъумэну и новеллэхэмкIэ дыкъыхуреджэ Нало Заур.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

МЭЗЫХЬЭ Борис

# ХЪУЭХЪУБЖЬЭ,
## е Зауэ нэужь зауэ

*Рассказ*



– Махуэр бзыгъэу дыгъэр пэзазэу уэгум щитым уэздыгъэ нэхукIэ улъыхъуами мыпхуэдэ гуп пхузэхэшэмэ, си адэ ЦIацIырэу мы щIы фIыцIэжьым щIэлъым и пащхьэ кхъуэц стету алыхьым срихьэж! – жиIэри мазэ хъуауэ зызыгъэдиректор Къарэбатыр ЦIумаш и къару къызэрихькIэ IэгукIэ «цIомпIышхуэ» жригъэIэу стIолыщхьэм еуащ, шакъалъэм пэкIэ зезыгъэщIа къалэмыр цIампIырэу дрихуейуэ. – Дэнэ щызэхуэпшэса гупыр? Флъагъунщ-тIэ дяпэкIэ мышынэу дэ дыгъу къыдэIэжым, Мышыкъ, – ЦIумаш тхылъымпIэ кIапэр аргуэру и нэ набгъэхэм хуихьащ: – Хьэнэхъу, ХьэтIэхъу, Хьэнахъуэ! Субыхьэн алыхь, мы Таулъустэнейм къэвмыгупсысын щыIэкъым. Къеджэ мыди зэ саIугъаплъэ. Iэшмэкъугу защIэу Алыхьым къыщIимыгъэкIхэ – Iэщэр къаIэщIэуэмэ ди унагъуэбжэр «баргъэ» жоуэ хуэдбгъэщIыжащ, Мышыкъ…

– АIэ, ЦIумаш, къаIэщIэуэнуIым, Iэщэ и пIалъэ ящIэ – зауэм хэтахэс зэ, – жиIам текIыркъым хъумакIуэхэм я унафэщI Iэхъмэтэч Мышыкъи.

– КIуэ, къекъу мыдэ, деплъынщ къызэхуэпхуса хьэ быныр зыхуэдэм.

ЦIыхуитI зэщхьу дунейм зэрытемытыр уи фIэщ хъун щхьэкIэ а лIищыр плъагъун фIэкIа нэгъуэщI ухуейтэкъым. Я нэхъыжь хуэдэу щыт Хьэнэхъу лIы къуэгъу мылъагэ-мылъахъшэщ, и фэ къупщхьэм теубгъуам ещхьу лыншэу, кIей итырыгъум хуэдэу Iэпкълъэпкъ гъуррэ уепхъуамэ, Iэпэм къыхуэубыдын кIэрымылъу. Шырыкъу пIащIэ лъащхьэ кIэщIщ, къубас бгырыпхым зэщIикъуа и бгыр куэншыбэкIэ къуза хуэдэщ. НапIэпщым къыщIэлыдыкI нэгейхэм, хьэмэрэ щIэукъунцIэн зэпытым е джэду лъэбжьанэм зэхифытхъа фIэкIауэ умыщIэну зэрагъэлъа нэкIалъэхэм, зэтехьэ зимыIэ Iупэ пIащIэхэм уэсым хуэдэу хужьыпсу къаIупс дзэпэфIанэ кIыхьым ар адрейхэм хагъэгъуащэркъым, гъэщIэгъуэныракъэ, икIи къыхагъэпIиикIыркъым. Ауэ ар зэрыцIыху псынщIэми, дакъикъэкIэ и пIэм имызагъэу и Iуэху зыхи-

мылъхьэ щымыIэу дэнэкIи зэрынэсми, гушыIэрэ ауанрэ зэхиджэн зэримыжагъуэми, нэгъуэщI хьэл къуейщIей куэди цIыху и пIалъэ зыщIэ ЦIумаш абы занщIэу дилъэгъуащ.

ХьэтIэхъу жыжьэрэ гъунэгъуу абы и сурэткIи дуней тетыкIэкIи ещхькъым: лIы тыкъырщ, и плIэмрэ и шхужьымрэ щызэхыхьэр къыпхуэмыщIэу. Кхъурбыщщ, нэкIу Iувщ, тхъурыжь пIырыпIыжу, пэ къуаншэ зэрамыщIэжым и пэнцIыв дыдэм хьэмцIыракIэшхуэ тетщ. Псалъэгъуейщи, махуэр зи кIыхьагъым уэ и гугъу умыщIмэ, зыкъигъазэу псалъэ къуидзынкъым. А жиIэ мащIэми фIыуэ зэмыгупсысарэ зэпимышэчарэ яхэткъым. ИлъэсищкIэ шыгухуу здэщыIа зауэми а и хьэлыр хуэхъуэжакъым. ХьэтIэхъу шы пщIэнтIэпсымрэ шывей хуабэм и бахъэм я мэмрэ епэму ноби гублащхьэм дэсыну къыщIэкIынт, и насып кърихьэкIыу и фызымкIэ благъэу къыгухьэ Мышыкъ мыбы къимышэгъамэ.

Хьэнахъуэ хъужыр лIы IэупцIлъэупцI цIыкIущ, игъащIэм и бэкъу цIыбэ дамылъхьа нэхъей, пхъэхьу хуэIушэ и лъакъуитIыр шырыкъу лъапщэ быхъум йоуджыхь. ХъумакIуэ фащэ тIэкIури, пыпхэм траубгъуам ещхьу, щолэл, и бгырыпхым джанэр къыхузэщIэмыкъуэ дэнэ къэна, езы бгырыпхыр хамуту шхужьитIым телъщ, щыбакъуэкIэ адэ-мыдэкIэ еутэкIыу. И Iэпкълъэпкъым хуэфэщэпсщ тIыгъуэу жыгым пыгъухьыжа кхъужьу и щыгумкIэ кхъужьыкIыу щхьэц тIэкIу къызытепIиикI щхьэ Iузэри, гъащIэм зэхиIуатэу имышэщIыжа къыпфIэщIын нэкIу лэдэхыбэри. Гъэми щIыми ущхъуэнтIа Iупэ пIащIэхэр быдэу зэщIэкъузащ. Ауэ нэбжьыц кIырхэм къахэплъ цIывынэ фIыцIэ цIыкIуитIыр гурыщIэ гуэри къащIимыхыу псэлъэгъу хуэхъум треубыдэ, «сыту пIэрэ мыр зыхуейр?» жаIэу щIэупщIэ къыпфIэщIыну.

Дэнэ жыли зэрыщыхабзэу, щыми цIэ лей зырыз яIэщ: Хъыжьэ, Вэдилэ, Шпиуон. Я напIэ мыжаргуэу абыкIэ къыщеджэри мащIэкъым. Мыдрейхэми ар уэим ящIыщэркъым.

ЦIумаш ахэм къеплъщ-неплъри, екIи-фIыкIи къажримыIэIауэ и Iэр ищIри къыщIиутIыпщыкIыжащ, «дэ абыхэм дагъэунэмэ, мы си пэр фэзгъэупIэнщ» жиIэу якIэлъиутIыпщыжри.

Жьэ мыгъуэ ипсэлъыкIауэ къыщIэкIащ.

НэщI исым и IутIыжыр зы махуэмэ, зэкъуажэгъуищым я IутIыжыр кIыхьт: пщIэнтIэпсыр я нэм къыщIэлъадэрэ имыгъаплъэу махуэр зи кIыхьагъым уэгъум мывэм хуэдэу игъэжа нартыху хьэсэм хьэфIанэ дзагуэкIэ езэуэн хуейкъым, я щхьэщыгум мыхъейуэ ит дыгъэ жьэражьэм я щхьэ куцIыр къигъэкъуалъэу. Хьэмэрэ хьэлIамэ никъуэрэ хьэлIамэпс фIалъэрэ фIэкIа пIитIанэ ямыIэу пыжьейуэ зэхэкIэжа джабэ нэкIур шэмэджкIэ кърауписэхынукъым – «мэкъу еуэм зегъазэ» жызыIа шэмэджым иIуэнтIам хуэдэу.

Апхуэдэ Iуэху гугъу Iэджэ щыIэкъэ кIэлъхуозым? Ари къыпэкIуэ щымыIэу. Мыбы аракъым. Жэщ-махуэ лажьэмэ, махуитIкIэ я тIроцэщ, уфIэфIмэ уи гущIыIу дэгъэзеяуэ щылъ – Iэпшэжитым

гъущI гъуэлъыпIэ къыщратащ. Пэжу гъуэлъыпIэкур иуащ, ауэ ари зэсэжа Iуэхущ – я унэ щIэтхэми, сеткIэм и пIэкIэ пхъэбгъущ игъэлъэдар. Щожей – я джабэ трихкъым. Зауэм и кIыхьагъкIэ уэшхти уэсти жамыIэу ныбафэкIэ щIы цIынэм хэлъар пхъэбгъум къигъэдзыхэн! Ахъшэ хъушэкIэ фэтэр къапщтэ нэхърэ нэхъыфIщ. Пэжыр жыпIэмэ, абыхэм я псэ мыбы щагъэтIылъыщэркъым – Iуэху я Iэджэщ: жылэжьым е щыгуфIэгъуэщ, е щыгузэвэгъуэщ, сабийми якIэлъыплъын хуейщ – сытми къуажэм зэрыкIуэжын щхьэусыгъуэ къаулъэпхъэщ зэпытщ. Къуажэдэс фIырыфкIэ къалэм дэзэгъэн? Ауэ сытми къызэрымыкIуэу къызэщIахуэпыкIакъым – я кIуэгъужэгъухэм тIэкIу зыхуагъэщIэгъуэни хуейкъэ! «Сыкъ» жоуэ зэфIэт джанэ-гъуэншэдж зыпылъ къратащ, загъэщхъамэ, чы-бжэгъу бжыхь иращIыкIым ещхьу, «щIыкъыкъ» жиIэу псалъэу. Улахуэрщи, трудэден надэ мыхъуу, ахъшэ хужь къабзэу мазэм тIэу къэрат – ухуеймэ шхы, ухуеймэ ифыж, хьэуэ жыпIэрэ къуажэм хьыи фызым хуэдз – си Iуэхущ жьы уаер щIрамыгъэхум, зыIуацIэлъын я гъунэжщ – унагъуэхэр шыбзэу зэпэгъуанэщ. Зы бжьэ уасэ хамыгъэщIу ХьэнэхъурэХьэтIэхъурэ ахъшэр цIыву унэм яхь. Сыт щхьэкIи хагъэщIын, шмурдашникхэкъым тхьэм и шыкуркIэ. Хьэнахъуэ унэ кIуэжынкIэ ерыщкъым, быным япэIэщIэу псэуурэ къекIуэкIар жьэмыжьыгукъым: илъэс енкIэ нэмыцэм езэуамэ, илъэс иримыкъукIэ нэмыцэIуэм исамэ, сэмэлоткIэ къахыжу къэпым хуэдэу кърадзыхыжу, «иджы сыкъелащ» щыжиIэ дыдэм «дыверсантщ» жаIэу япхъуатэу хьэ щыщIащIэм яшэу хьэм памыщIу къыщрахуэкIамэ – ирикъункъэ абы быным уащыужын щхьэкIэ? Я сурэт имыщIэжу щыгъупщэжат. Къагъуэтат адыгэ дыверсант! Езыр зыхуеиххэр арати, ахъши-бохъши хэмыту къахыжат сэмэлоткIэ. Ауэ, сыбыр кIэтIрэжинэм щашэми сом Iахакъым, зэзэмызэ фоч лъэдакъэкIэ и пщэдыкъ къызэрыдэуар уасэу хуумыгъэувынумэ, махуэм хуэзэу тIощIрэ и анэр къызэрыпаIэтари хэлъхьэжи…

«Дапщэщу пIэрэ сыкъыщаукIынур?» жиIэу зи псэр илъэсищкIэ дзапэкIэ зыIыгъа Хьэнэхъу ещIэ Хьэнахъуэ и щэхур здынэсыр. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, абы щымыгъуазэ жылэ псом дэскъым, ауэ, иридыхьэшх мыхъумэ, мыхьэнэшхуэ иратыркъым – сыт мыгъуэ и шыпиуон абы, и IэпхъуамбитхурхуэбжыжыркъымЖари. Хьэнэхъу ар идэркъым – емынэунэу ущытын щхьэкIэ щIэныгъэшхуэ ухуейкъым, жи, трахтэристу лэжьэфу щыщытакIэ, уэлэхьи, лъэмыж къыхуэгъэуэнтэкIэ. И нэр угъуэнатэкъэ ар мыбы къэзыгъэувам, мэшхыдэ ар, дыгъужь мэлыхъуэ ящI… Сэ схъумэр IэпсыгъуэлъэпсыгъуэцIыкIуу къыдыхьэу зи ныбэгу къыIуишиикIыу дэкIыж мо фызхэракъым, кIэныфет IэмыщIэ здащтэмэ, я сабий ирагъэгуфIэнщ, къэралыр абы текIуэдэнкъым, сэ згъэхъур мо шыпиуоныращ, си нэ тезмыгъэкIыу ари, зы мыгъуагъэ къыткIэщIимыщIыхьащэрэт жысIэу. А и шэкIуу-мэкIуухэм япымыщIауэ сиIэ ар иджыри… Абы я лъахъэр зэву жаIэ. Бетэмал, фызым бостеяпхъэ хуэхъунщ жиIэу пэрэшутыр и дамэм телъу къыщыдэджэдэжа махуэм абы срихьэлIамэ сыт хъунт! СщIэнури? Уэлэхьи,

хьэфэ сырымейр къыхезгъэхынтэкIэ. Си къуажэгъуми? Зауэм, уэлэхьи, къуажэгъу-мэжэгъу имыщIэ, уи нэм къеIэм и псэм еIэ, жиIащ пасэрейм. Зауэм зы хабзэщ иIэр – уэ умыукIмэ, езым укъиукIынущ. Судти-фэдти жытIэу фочыр хыфIидзэу зи Iэр зыIэтам дыщемылIэлIа мащIэкъым. Зауэм Iут псоми ди Iэ тIэту дызэхэувэжамэ лIот къэхъунур? Хэтыт Хилътыр нэф кIэмужыр езытынур? Шынауи? Адрейхэми псэIэдэж здашакъым зауэм, пситI яIутакъым. Псэ зиIэу мышынэ щыIэкъым, ауэ шынэм нэхърэ нэхъапэ щыIэщ – хэти къалэн жеIэ абы щхьэкIэ, хэти напэкIэ йоджэ. «Псэм ипэ напэ», жи адыгэм.

Хьэнэхъу гушыIэ зищIу, и фIэщи хуэдэурэ зыкIэщIиутIыпщыкI псор Хьэнахъуэ деж нэсыртэкъым. Нэмысми, ар езыри и къуажэгъум хуэгущIыIэт, имыгъэкIуэгъужэгъу дэнэ къэна, Iэмал иIэххэмэ, псэлъэгъу имыщIу. И псэм ищIэ хъунт къызэрыхугумыIур. ХьэтIэхъу дежкIэ нэхъ йоплъэкI, егъэуэршэр, ечэнджэщ хуэдэ зещI. Ар нэхъ вэгъзэгъщ: хэт и жыIи йодаIуэ, ныкъуакъуэ, пэпсэлъэж хэлъкъым, зэзэмызэ и пэ лъабжьэ щIэгуфIыкI мыхъумэ. Зэ зэхихар щызэхихам деж щыщыгъупщэжми ярейщ – къытригъазэу тепсэлъыхьыжкъым. Абы къыхэкIыуи куэдым я губампIэгъэтIысщ, я щэху хуаIуатэ – ХьэтIэхъу жепIари тхылъымпIэм тептхэу мафIэм пэрыбдзэу бгъэсари зыщ – дуней къытехьэ иIэжкъым.

Мис апхуэдэ Таулъустэней лIищт IэфIыкIэ фабрикэм Iутыр, я лэжьэгъуэ махуэ щызэтехуэр зэрымащIэр зыкIи къремыдзэу, зэтехуапэми зэжраIэшхуэ щымыIэу.



Ауэ псым хэлъ мывитI пэтрэ зодыркъ. Зы пщIантIэ дэт лIищыр зэгуэр зэIууэнтэкъэ…

Мазэ хуэдэ дэкIмэ фи зыгъэпсэхугъуэ IотпускIщ къыжраIарэ абы иригуфIэу гъатхэ пщэдджыжь дахэ гуэрым я IэнатIэ пэрыхьат, махуэр тхьэмахуэ махуэм техуарэ фабрикэм езыхэм фIэкIа нэгъуэщI щымыдыму, щыдымыну зи пщIыхьэпIэ къыхэхуи щымыIэу. Хьэнэхъу куэбжэ-набжэ IункIыбзэхэм зэ якIэлъыплъыжри, пщIантIэкум ит дзэл жыгыжьым щIэт шэнтжьейм итIысхьащ, тутын иришыхьын хьисэпкIэ нышэдибэ къищэхуа газетыр и шырыкъу лъапщэм къыдихри. КъызэрыфIэIуэхущи щымыIэу «Къэбэрдей пэжым» ириплъащ: цIыху цIыкIур губгъуэм илъэдауэ мавэ, масэ – батэр ягъэш. Езым я къуажэм и вэн-сэныр дэнэ нагъэсауэ пIэрэ? «Зыгуэр тетыни мыбы», – жиIэурэ газетым ироплъэри елъагъу: зыкъытхуэзыгъэныбжьэгъушхуэ хуэдэу ежьауэ щыта IамрыкIыр къытхуодзэлашхэ, инджылызхэри абы дожьу. Сыту пIэрэ я пэм кърихур? Нэмыцэр хьэбэсабэ тщIа нэужь дазерымыпщэфыIар армырауэ пIэрэ? ТхылъымпIэ тIэкIу къыпитхъауэ «Къэбэрдей пэжыр» моуэ щызэригъэтIылъэкI дыдэм пэIущIэ напэм хьэрф пIащэкIэ: «Нобэ ТекIуэныгъэм и махуэщ!» жиIэу къытрадзам и нэр фIэнащ. Нобэ зауэр щыувыIа махуэти! Ар дауэ IэщIэхуа?! Апхуэдэ ящыгъупщэрэ? А махуэм ар щытемыхъуэхъухьа къэхъуакъым, лажьэу нобэ иримыхьэлIатэмэ, зы бжьэ къимыIэту къигъэнэнтэкъым. Тутыни имышыхьу Хьэнэхъу хъумакIуэхэм хухаха пэш

цIыкIумкIэ екIуэкIащ, диван иуэжар къиIэтри… Хъыджэбзхэм зэгуэр кърата спирт бащырыбэр джабэкIэ егъэщIауэ зэрыщылът, нащхъуэу къыхудэплъейуэ. Хьэнэхъу Iэбэри бащырыбэр гъэпщкIуауэрэ и гъуэншэдж жып куум иригъэувэхащ, къызэрыратрэ блэкIа мазэзытIум къыфIэмыIуэхуа спиртыр къыщIищтэм емыгупсысами, адэ и гущIэм мурад гуэр къыщыпIэжьэжьауэ. АрщхьэкIэ щызекIуэкIэ къеныкъуэкъу щыхъум, къыщищтам ихьыжри игъэпщкIужащ, сыкъэзылъагъуIамэ дыгъуэрабз къысфIащынщ жиIэу и щхьэм къихьэри – дыгъуфэ къраплъыным нэхъ зыщышынэ щыIэкъым.

Шэджагъуэ нэужьыфI хъууэ къыщымэжалIэм, ар ХьэтIэхъу егуоуащ, къакIуи дегъэдзакъэ, жиIэри. ХьэтIэхъу шхэн щхьэкIэ чы лей зытезыгъахуэм ящыщтэкъым – чэтэн хъуржын уэдыр и блэгу щIэлъу къэкIуащ. Абы и гъуэмылэр дзэл жыг лъабжьэм щIэт гъущI стIолым щытрилъхьэм, ерыскъым хэмыIэбэ щIыкIэ, Хьэнэхъу зыкъызэкъуех:

– Уа, ХьэтIэхъу, нобэ сыт махуэми пщIэрэ уэ?

– Тхьэм и махуэщ, – жи модрейм, щIакхъуэ бзыгъэм шыгъу пхъашэ тригъэщащэурэ.

– Ар пэжщ, – жи, – ауэ къэпщIэпакъым. Ныбэр къэблагъэм благъэр пщегъэгъупщэмэ, уэлэхьи, уэ пщыгъупщар благъэу щыIэм я благъэжым. – ХьэтIэхъу ней-нейуэ къыщеплъкIэ, Хьэнэхъу и макъым зрегъэIэт:

– УмыщIэжу аракъэ? КIэзет уеджэркъэ уэ? Нобэ диватэщ, диватэ май! Нэмыцэм я унагъуэбжэр IэщIыбкIэ щыхуедгъэщIыжа махуэщ! – жеIэ газетыр илъагъуху езым игу къызэрымыкIыжам ириукIытэжу, ауэ ар ибзыщIу.

– Iэу, уэлэхьэ, пэж дыдэу сIэщIэхуатэм… – тобэ къехь ХьэтIэхъу.

Игу лъащIэм зэрыщигъэпщкIуар езы дыдэми имыщIами, Хьэнэхъу зыгуэр и щхьэм къолъадэри къыщолъэтыж, диван иуэжам мажэри бащырыбэр къыкъуехыж, жэрыгъэкIэ къехьри, стIолым къытрегъэувэ.

– Фрэнтэвой стограммыр пщIэжкъэ, ХьэтIэхъу? Мы спиртыр мыхъуамэ, щIыIэм губгъуэм дрисхьатэкIэ тхьэ соIуэ, уае мащIэм дыкърригъэла дэ мыбы? Хьэмэрэ кIэбилэвэдителхэм къывамытрэт?

– А си кIэбилэм фи нэ къыщыхуикIар мымащIэрэ, Хъыжьэ? – ЦIэ лейм хуокIуэ мори. – Маршынэ здэмыкIуэфым Iэщэ-фащэр ныфхуишэу, фи ныбэ имыгъэныкъуэу…

– Уэлэхьи, ари пэжым, си къуэш, согушыIэ армыхъумэ, лIым я нэхъ дакъэм хуэдэу уэлэхьи, шыри зауэм IутакIэ…

– Диш къаукIыр цIыхум хуэдэу дгъейрт… А зи гугъу пщIы спиртыр псылъэшхуэ изу си гублащхьэ пхъуантэм щыдэмылъа къэмыхъуа, Хьэнэхъу, уи гугъи уэ!

– Уа, сыбгъэгушыIэжынукъэ-тIэ?

– КIэбилэвэдилэ жыпIэу укъысщIэмынакIэ, си жагъуэ мэхъу, Хьэнэхъу, зауэм хъэплъэ-хэдэ щыIэкъым, къыпхуащI унафэщ.

– Iэу, уэлэхьэ, уи жагъуэ сщIыну си пщIыхьэпIэм къыхэмыхуа,

ХьэтIэхъу, зэгуэр къызжьэдэхумэ, уи жагъуэ умыщI, ем къыхэсхкъым. ХъыжьэкIэ укъызэджэкIэ зызгъэгусэрэ сэ? НытIэ, изгъахъуэрэ?

– Ы-ым, – зэрихабзэу жиIащ ХьэтIэхъу, итIанэ и щхьэр игъэкIэрэхъуащ: – ЛэжьапIэм дыпэрыту дауэ дефэн? ДыкъищIэмэ, ди щхьэр Мышакъ тхуфIихущIыкIынщ...

– Iэпхъуалъэ изым лIы абрагъуэхэм слIо къыдищIэнур? Хэт дызыIуэтэжынур?

– Хьэнахъуэ и бзэм хуиту шэс уихьэфын?

– Уэлэхьи, ар пэжым, тхьэ соIуэ, сэ абы си дзыхь схуемыгъэзыну. Ауэ – къеджи зы Iуб IурыкIэ. ИтIанэ дэнэ дихьыжын?

Хьэнэхъу кърихьэжьар игу иримыхьу ХьэтIэхъу еплъыхырт. Iуэхур здэщыIэр ар зэрымыфэдафэратэкъым, зауэр щыувыIа махуэм бжьэ къэпIэту ухъуэхъуэнми фIы фIэкIа Iей хилъагъуэртэкъым, мы махуэр ехьэжьауэ ямыIэтми, гъэ къэс псалъэ дахэ куэд хужаIэу къокIуэкI, Iэнэ къэзыщти щыIэщ, ауэ къэрэгъул бжыхьу фабрикэм укърагъэувэкIауэ уефэу узэхэтIысхьэжыну зи къыхуегъэкIуртэкъым. Зи закъуэурэ шхэну тIыс Хьэнахъуэ ерыскъы къыдиIэтынуи хуейтэкъым. Абы щыгъуэми Хьэнэхъу и гукъыдэжыр IуригъэуIупщIыIуэну таучэл ищIыртэкъым. Хьэнэхъу зи бгъафэр орденкIэ зэщIэблауэ къэкIуэжахэм ящыщщ. Тезырыдзэм ухэту апхуэдиз дамыгъэ къэпхьын жыхуэпIэр мыбдежым щылъкъым. Тезырыдзэр дэнэкIи Iуадзэртэкъэ – я гъащIэр щхьэщэхужыпщIэу шэсыпIэ иралъхьэрт. И щIалэгъуэделэгъуэм къыкIэрацIэлъа пцIыр псоми ямыщIэжми, зыщымыгъупщэжаи щыIэщ, и гъащIэм нэпкъыжьэу къытенащ. А псор зэпигъэувэри арэзы хъуащ бжьэ зырыз фIэкIа ямыIэтыну. Хьэнахъуэ еджэну езыр и щхьэкIэ кIуащ. Тхьэм ещIэ жриIа-къыжриIэжа – сытми кIэщIу иужь иту къыздишащ, и махуэ гъуэмылэр зэриIыгъыу.

И фэр зэрытелъу гъэва кIэртIоф цIыкIуитIым, щIакхъуэ фIыцIэ IыхьэфIым, нащэ гъэфIэIуа цIыкIуищым, мащIэми, я Iэнэр къигъэберычэтащ. ХьэтIэхъу къыздихьа джэдыкIэ игъэвыкIаитIымрэ бжьын цIынэ IэмыщIэмри лей хъуакъым. Езы Хьэнэхъу мы зыгъуэгуанэм гъуэмылэншэт, тхьэм ещIэ щхьэусыгъуэр. КIэщIу жыпIэмэ, я тхьэрыкъуэф Iэнэр къызэпэщати, и гукъыдэжым хэхъуэ зэпытурэ Хьэнэхъу стIолым зи IупщIакIэр Iууда зы стэчан, зи лъащIэр пыуду пхъэщIэпхэ зыхуащIыжа зы румкIэжь, езым зауэм къыздрихауэ дэнэкIэ имыгъазэми къыздрихьэкI Iэлумин кIурушкIэ зэхэушкIумпIар къытригъэувэщ, я лъащIэр зэрыщIигъанэ щымыIэу спирт яригъаткIуэри и щхьэ цIыкIур игъэIушэу зэ Iэнэр къызэпиплъыхьыжащ, итIани арэзы мыхъуауэ бащырыбэм и пщэр иубыдыжащ, «уэлэхьи, пэбедэм щхьэкIэ апхуэдэу ирамыгъахъуэ икIи емыфэ», – жиIэри, аргуэру тIэкIу-тIэкIу хигъэткIуэжащ. Абы иужькIэщ кIурушкIэр щиIэтар.

– Къафщтэ, – жиIащ абы, итIанэ, и щхьэ хуэпсэлъэж щIыкIэу, зыми хэхауэ зыхуимыгъазэу. – Ей, уэлэхьир хьэзимщ, дэ ди насып къикIакIэ, псэууэ дыкъызэмылын ди гугъам дыкъелри, ди Iэ-ди лъэ къэмыту къэдгъэзэжащ, азалыхьым и шыкуркIэ, дэ ди нэгу щIэкIар, ди фэм

дэкIар зы цIыхуми тхьэм пщIыхьэпIэ къудейуэ иримыгъэлъагъукIэ. Сыт хъуа, итIани уэлэхьи, топ уэ макъым сыкъыщигъэуш щыIэм! Ауэ, уэлэхьи, дауэ мыхъуами дэ датекIуам, къэдвгъащтэ ди пэбедэм щхьэкIэ. Зыц къызытемынэжын нэмыцэм дыщытекIуа махуэщи, дяпэкIи дэ тхуэмэхуэн, абы хуэмыгъуэн ухъу! Ура!

Хьэнэхъу и напIэ зэвхэр нэхъри зэтрикъузэщ, жьы фIыуэ зыжьэдишэри, спиртыр иригъэжэхащ, мазэ балыджэу къэуцIыплъауэ, жьыр далэ гуэркIэ и кIуэцIым щиIыгъри «ууху!» жиIэу макъышхуэ иригъэщIу къызыжьэдригъэхужащ:

– Зи анэ мыгъуэр зышхыжын! Мыр тезыхуам аркъэ щIэхукIэ, ещIэ, зыщIэ ухуеймэ! Си Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым мафIэ лыгъэу щызэбгрымыжамэ тхьэр пхузогъэпцI! Бетэмал, шэкIэладымэ къыхимыхамэ сыт хъунт, – щIакхъуэ вэгъу игъэныщкIущ, кIэртIоф гъэвам пыдзэIухьри: – Мы щIакхъуэ фIыцIэм салэ бзыгъэжьыфI телъыжамэ дыкъызэпэщат! А тIуращ дэ щIыIэми узми дезымыгъэхьар…

Хьэнахъуэ ней-нейуэ къызэреплъым гу лъитэри:

– СлIо, цыжьбанэу зыщIызэрыбгъапщхьэр, пэжкъэ а сэ жысIар?!

– Пэжкъым жысIэркъым, пэжу къыщIэкIынщ щыжыпIэкIэ, ауэ ущыдэхуэхам алыхьым къыпхуигъэгъу щхьэкIэ, нобэ кхъуэл сшхарэт жыпIэным гуэныхь пылъщ.

– Ерыскъы псори аращ къэзыгъэщIар, шхын хьэрэм щыIэкъым, – щыжиIам деж кIэщIу къыщриупщIащ Хьэнэхъу, ибгъу Хьэнахъуэ хуигъазэурэ. – Сыт мыбы къыхиIуар иджы? ШейтIаным жьыгъэр къызэрытекIуэу муслъымэн мэхъуж щIыжаIэр уэр хуэдэ гуэру къыщIэкIынщ.

Хьэнахъуэ, зэхимыха зищIу къыщыпимыдзыжаIам, Хьэнэхъуи и псалъэм пищакъым. ЛIы цIыкIур игъэшына и гугъагъэнщ. Хьэнахъуэ шынатэкъым, абы Хьэнэхъу и хьэл ищIэрт, къыгурыIуат псалъэмакъ къызэриулъэпхъэщри, зиущэхуауэ арат. Хьэнэхъу ар дэнэ щищIэнт, и къуажэгъум игукIэ щыдыхьэшхыурэ аргуэру кумбыгъэхэм ярыгъэхъуащ, хъуэхъуи-хъуани хэмыту занщIэу ирищхъумпIыкIащ. АсыхьэтыпцIэм фадэр къызэрищтам хущIегъуэжащ: къыгурыIуэжащ ефэным хьэпIацIэхэр къызэрагъэушари, фIырыфIкIэ стэчаныр зэримыгъэувыжынури, зы бжьэ-бжьитI иIэтыжмэ, фадэм зыщIыппеIузыгъэдз и хьэл къуейщIейр къызэрыушынури. Фадэ Iухуамэ и тэмакъым залэ щIэхуэжыркъым – цIыху имыгъэпсалъэу, псоми яныкъуэкъуу, яфIэнэу хуожьэ. Хьэнэхъу псы къижыпIэм кIуэри краным и щхьэр щIиубыдащ, зитхьэщIащ-зилъэщIащ, арщхьэкIэ цIуцIухэр къэушати зэрахуэу щIадзат. ТхьэрыкъуэфIэнэм къигъэзэжмэ, и гъуситIыр емыфауэ щысщ. Стэчаныр я пащхьэ иту. Ар къыпхуидэнт!

– Къафщтэт иджыпступцIэ фи жузыр къэзмыгъэс щIыкIэ! Сыт фи нэр къитIэтIу фыкъыщIызэплъыр? Фефэ жысIакъэ! – и макъым зригъэIэтащ Хьэнэхъу.

– Уа, дуней нэху, си шхалъэр зэримылъыжыр пщыгъупщэжа?



5 Заказ №152

Iыхьэ щанэм фIэкIа сиIэжкъым. Сыт си фадафэ мыгъуэ сэ, си бзэгупэм нэса тIэкIум си кIуэцIыр кърееыкI...

– Мобыи и кIуэцIыр къградзу ялъэсу иралъхьэжауэ ара, и IэжьитIыр лъэгуажьэпэкIэ иубыдыжауэ щIыщысыр?

– Сэ нэмэз сощI, Хьэнэхъу, зыIуслъхьэ хъунукъым.

– Сыт нэмэз? Сыт мы къыхэпIуа гуэрыр? Ефэ жысIащи – ефэ. Хьэр щыщIащIэми нэмэз щищIауэ жиIэнщ иджы...

– А уэ уздэщыIами, уэлэхьэ, махъшэм уанэ щытрамылъхьэт.

– Сэ сыздэщыIам уэ уи Iуэху хэлъкъым, къыбгурыIуа? Сэ сашамэ, щыуауэ сашати сагъэзэхуэжащ.

– ЦIыху щымыуэ щыIэкъым. Сэри сыжэкъуат...

– Жэкъуащ мор... Ущыжакъуэм сэветскэмкIэ къыумыгъазэу сыту нэмыцэм я дежкIэ ущIэпхъуат...

– НытIэ мыгъуэ, си насып ублэрэкIыу Iуэм сыщихуэм, си нэр къижу нэмыцэIуэм зизгъэлIыхьынт? «Уедгъэджэнщ» щыжаIэм седжэ хуэдэ зысщIри, сэмэлоткIэ зыкъезгъэхьыжащ. Хэт сэ зэран сызыхуэхъуар?

– УилIыхьамэ нэхъыфIт, укъэджэдэжа нэхърэ, уэ уигу илъа псор хэт зыщIэр?

– ЛIэныгъэри алыхь Iуэхущ. Зауэ щыхъукIэ е уаукI е уоукI. ЦIыху укIыным еси щыIэщ...



– Сэра жыхуэпIэр? Уэлэхьи, зи напIэ мыхуалэу кIакхъур щIичу шэр зытехуа цIыхур пыпхэм хуэдэу зэрыукIуриийм щыгуфIыкI хъуахэм сэри сащыщтэм. ЛIот-тIэ уи гугъэр? Фочыр хыфIэзыдзэу зи Iэ зыIэта напэншэ гуэрхэри щытезгъэбэгаи къэхъуам! Уэ укъыспэщIэхуами, ди къуажэщ жысIэу дакъикъэ сыномыплъынт, уэ напэншэми.

– Зауэм ущымыкIуэми...

– ДахэкIэ зэщIэкъуэ уи жьэр, къыпхущIэзмытхъ щIыкIэ, нэмыцэ шыпиуон! Уи адэжьым улъэщIэзгъэхьэжынщ. Зэрыжылэу ящIэ сэ лажьэ симыIэу сызэрагъэкIуэдар. Пэжкъэ, ХьэтIэхъу? КъыжеIэт мыбы!

– Ахьей, пэж. Хьэнэхъу дашри илъэс дэмыкIауэ, зауэр къыщыхъея махуэ дыдэхэм, уэлэхьи лафкIэм къыщIаха щэкIыщхьэр бэзэрым щищэу яубыдщ, а зэдэтщIэ Хьэждаутыжьри, псори къыIурагъэпкIыжам, илъэс тIощIрэ тхурэ и щIыб илъу дашати, хъыбари-шыбари имыIэу кIуэдам, зыдэлIыхьа къуакIэ тхьэм ещIэ, Сыбырыр ину жаIэ...

Хьэнахъуи мы Iуэхум щыгъуазэт. Жэщ някъуэ нэсауэ джэгу къикIыж Хьэнэхъу тыкуэныбжэр игъэузэщIыкIауэ щIэкIи щIэси щымыIэу щилъагъум, зыгуэр къысхуэзэху бжэр схъумэнщ жиIэу увыIат. Япэ къыхуэзар лафкIэтетым хуиIуэхуат, модрейр ушастковэм деж жащ, цIыхур къызэхуэсщ, мылицэр къакIуэри хъумакIуэр ятхьэлауэ къагъуэтыжащ. Арати, щыхьэт ухъунщ жаIэри тешанкIэм ису дашащ. Iуэхур нэгъуэщIу къекIэрэхъуэкIри судти, батэхти, уэчылти жаIами, Хьэнэхъу къыхамыхыфу тутнакъ хъуащ. Ауэрэ зауэр къыщыхъейм, «дызэрымыкъуаншэр дилъэ ди псэкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ» жаIэу лъаIуэу штрафбаткIэ зэджэм хыхьахэм яхэту ари зауэм

кIуащ. Бэтэлон хъыжьэт. ГущIэгъурэ цIыхугъэрэ зыхэмылъ куэдым ягъусащ Хьэнэхъу. Узыхэтым ещхь уохъу. Хьэнэхъу къыщыкIуэжам Iэщ тIысар къэзымыгъэтэджу щыта щIалэ щэныфIэ цIыкIур арауэ къэпщIэжынтэкъым ар...

ХьэтIэхъу жиIахэм тIэкIу трагъэуа хьэмэрэ ефэным пищэну и псэм къыпиубыда, сытми, Хьэнэхъу псалъэмакъыр къигъанэри:

– Уа, мыр сэ измыгъахъуэмэ, изыгъэхъуэн щымыту ара мыбдейм – жиIэри бащырыбэр ХьэтIэхъу дежкIэ иригъэкIуэтэкIащ. – КъикIэ, ущемыфэкIи!

– Ауэ сытми изгъэхъуэн, тэвариш старшой, ухуеймэ, къепкIэу, ухуеймрэ и лъащIэр щIимыгъанэрэ жыпIэу. Нобэ бразничщ, бразничу щыIэм я бразничыжу – день пэбедэщ, – гушыIэ зищIмэ, и фIэщ зищIыжурэ кумбыгъэхэм ярытым тIэкIу-тIэкIу яхухигъэхъуэжри, моуэ бащырыбэр согъэувыж жиIэу стIолымкIэ зыщишийм IэщIэжри – мэхь-мэхь – птулъкIэр пщIантIэ псом дэлъ а мывэ закъуэм техуэри, «баргъэщ апщий», быф жоуэ къауэу къутащ. Хьэнэхъу и куафитIым еуащ:

– Дыбгъэунэхъури дыкъэбгъэсэхэжакIэ тхьэ соIуэ! Е, гъуэгу махуэ техьэн, уи Iэр къыбдэмыбзура!

– СымыщIэ къысщыщIар, Хьэнэхъу, сIэщIэжащ, пщэдей къыпхуэзмыщэхужмэ, сытхьэгъэпцIщ, кхъыIэ уи жагъуэ умыщI. Пу, анэсынэ, дауэ къысIэщIэщIа, – и IитIым йоплъри щытщ ХьэтIэхъу.

– Мо дыгъурыгъуужьым нэ къытригъэхуагъэнщ, – Хьэнэхъу, нэщхъыцэу Хьэнахъуэ хущIоплъ. – «Сэ сефэркъым, сэ нэмэз сощI, алыхьым хьэрэм тщищIащ...» – жиIэу зытебжар мыкъутэу дауэ хъунт?

Хьэнахъуэ лажьэр зытригъэхуэну хуейтэкъым, – арщхьэкIэ и дзэ мэш зыгуэр жиIэну, Хьэнэхъу фIэгъэнапIэ къызэрилъыхъуэр елъагъу. Сытми:

– Хэт и ягъэми, сыт тщIэжын иджы, – жеIэ дахэ зыкърищэжу. – НэгъуэщI Iэмал сщIэркъым – ди Iыхьэхэр удот...

А гупсысэр Хьэнэхъу езыми и щхьэми къихьауэ къыщIэкIынти, зэхикIэнуи IэбакIэт, арщхьэкIэ Хьэнахъуэ арэзы дэмыхъун щхьэкIэ, хьэмэрэ кIэкъинэр зэхикIэри ирифащ жоуэ сигъэхъыбарыжынщ жиIа, сытми, идакъым:

– Абы сыкъыхуэнакъым, – жиIэри. Ауэ Хьэнахъуэ и жьэм хуитакъым:

– Алыхьым уигъэкIуакъым, алыхьым...

– Уэ, мы ди Щхьэщыгум Итым и цIэр нэмэз щыгъэу апхуэдизрэ щхьэ бгъажэрэ, ы-ы? Къэгъанэ, щымышхэм ущезмыгъэтIэхъумэ, уэ пхуэдэу сытхьэгъэпIщ.

– Хэт тхьэгъэпцIыр? Мы жыпIэхэр слIо? Ибогъэлейри иджы. Пхуэздэнкъым, нытIэ, пхуэздэн ари!

– Уэри?

– Сэри!

– Уэ?

– Сэ, уэлэхьи!

– КӀэнэрис и шыпиуон уэри?

– Сышыпиуонми си гъунэгъу лӀыжь стхьэлакъым!

– Зэ жыӀэжыт! – Зэ пкӀэгъуэм Хьэнэхъу Хьэнахъуэ къыбгъурыхутащ. – Сэ уэзгъэлъагъунщ уэ зэратхьэлэ, – жиӀэу и пщэм щыпхъуэм нэмыцэм зыхурагъэджауэ езым щыгъупщэжар и Ӏэхэм ящӀэжу къыщӀэкӀа, хьэмэрэ Хьэнэхъу бэлэрыгъат, – сытми ХьэтӀэхъу и Ӏэ ижьыр псынщӀэу къыдидзри Хьэнэхъуу плъагъур напӀэзыпӀэм щӀым къыщыхутащ, жьы хуримыкъуу и жьэр иущӀу. ХьэтӀэхъу Хьэнахъуэ и Ӏэблэр иубыдри:

– Алыхь уиӀэмэ ӀукӀ мыбдежым. Дэни кӀуэ – ӀукӀ.

– Мобы сыщышына хуэдэуи? СыӀумыкӀын-тӀэ, абы сыхуэдэлӀщ, ауэ зыкърегъэхъеи иреплъ, – зыкъритӀат Хьэнахъуэ, ауэ ХьэтӀэхъу и жыӀэ едаӀуэри ӀукӀащ.

– Уи нэ вагъуэр здэщыӀэр сэ уэзгъэлъагъужынщ, – жиӀэурэ Хьэнэхъуи къыщыпщыжщ, и къурмакъейр иӀуэтурэ, хъарпшэру и хъуреягъыр къиплъыхьыжащ.

– Дэнэ щыӀэ мы зи ажалыжьыр къэса шыпиуоныр?

– КӀуэжащ, къыумылъыхъуэ, Хьэнэхъу, накӀуэ пэшым, тӀэкӀу зыбгъэпсэхунщ.

– А фашист шыпиуоным мафӀэ сырымэ къыхезгъэхмэ, итӀанэ Сыбыр зыщызгъэпсэхунщ сигу пэщыху. Дэнэ мыр здэпхьар? Шынэу щӀэпхъуэжа?



– Шынэр и унэ мэкӀуэж, уэри зыбгъэпсэхун хуейщ, си къуэш. НакӀуэ. – Хьэнэхъу зигъэпсэхуну моуэ къыщытехьэ дыдэм блын къуагъым къыкъуэплъу Хьэнахъуэ и щхьэр къыкъуигъэжащ. Хьэнэхъу и Ӏэблэр ХьэтӀэхъу къыӀэщӀитхъыжащ.

– Мо къыкъуэплъыр хэт-тӀэ? – кӀэрахъуэр кърилъэфри абы дежкӀэ ишиящ. – Сэ а уи псэжьыр пхухэзмыхмэ, уэ пхуэдэу сыпсэжьщ, – икӀи «баргъэщ» жоуэ еуащ. ХьэтӀэхъу и фэр шэхум хуэдэу пыкӀащ:

– Хьэнэхъу, уи фӀэщ дыди уэ, джэгурэ пэт нэ къраху, – Ӏэбащ ар кӀэрахъуэмкӀэ, арщхьэкӀэ къуитынт?

– Зауэ джэгурэ фӀыщӀэ гушыӀэрэ щыӀэкъым, – уэ модэ ижьымкӀэ къыпэкӀухь, сэ сэмэгумкӀэ сепщэкӀынщи, кӀэмужыр еттынщ, – Хьэнэхъу жиӀэм ХьэтӀэхъу къигъэгузэващ. – Пэбедэм щхьэкӀэ зы бжьэ къэзымыӀэтам фӀы игу илъкъым, Вэдилэ, уэлэхьи имылъ. Къытегъэбэгэн хуейщ. Пихотэ, слушай мэиу кӀэманду! Прэтивник прячитцэ за домэм. Приказуиу обхэдит слевэ и Ӏэткрит Ӏэгон на пэрэженэ! – Хьэнэхъу и унафэр зэрамыгъэзащӀэр елъагъури. – КӀэбилэвэдилэ! Пирод, за мной! – щӀым зыхедзэри ныбафэкӀэ ижьрабгъумкӀэ йопщэкӀ. ХьэтӀэхъуи абыкӀэ йокӀуэкӀ, Ӏэжьэгъу хъун хьисэпкӀэ. Абдежым ирихьэлӀэу Хьэнахъуэ аргуэру къыкъуоплъ, Хьэнэхъу кӀаккъур щӀечри, шэр блыным и бгъумкӀэ телъэту мэфий.

«Уэ сыпхуэдэлӀу пащӀэ стеткъэ?» – жеӀэри Хьэнахъуи зэкӀэлъхьэужьу тӀэу кӀэрахъуэ къегъауэ, арщхьэкӀэ шэр лъагэу

ящхьэпригъэукIа е нэгъуэщIыпIэкIэ кIэрахъуэпэр игъэза, сытми, уэ макъ зэхаха мыхъумэ шэм и фий макъ къэIуакъым. Хьэнэхъу ХьэтIэхъу ней-нейуэ йоплъ-йоплъри, кIэрахъуэр кърихыну унафэ хуещI, модрейм щимыдэкIэ, и нэхэр хузэрегъэдзэкI:

– Нобэ хуэдэ зы махуэщ Iэщэ щIызэрахьэр! Е, мыдэ сэ къызэт, хьэуэ жыпIэрэ еуэ! – КIэрахъуэр IэщIихынкIэ мэшынэри, ХьэтIэхъу кIэрахъуэр кърехри дрегъэуей, мыдрейм ауэ щылъ мывэ Iэгурыхъур къепхъуатэри цехым хэлъ щхьэгъубжэ абрагъуэм и абджыр макъышхуэ ищIу кърегъэщэщэх.

– Стрелат по моему команду! Прэтивнык вэружон маузером. Стрелат одиночным выстрелом. Iэгон! – ХьэтIэхъу и кIэрахъуэр дрегъэуей. Хьэнахъуэ дежкIэ уэ макъ къоIукI. Ауэ Iэщэр къихауэ иIыгъ мыхъумэ, Хьэнэхъу зэкIэ кIакхъур щIичыркъым. ХьэтIэхъу шэр дыухмэ сыт ящIэжын, жиIэу йогупсыс. Апхуэдэурэ Хьэнэхъу кIий-гуоуэ, ХьэтIэхъу и кIэрахъуэр дригъэуеиху Хьэнахъуэ дежкIэ жэуап къикIыжурэ, сыхьэт никъуэфI хуэдэ дэкIри, Хьэнахъуэ шэр иухати, кIэрахъуэр хъумпIырэм ириIужащ. ХьэтIэхъуми Iэуэлъауэ иIэжтэкъыми, Хьэнэхъу Iэщэр Iэ сэмэгум иритри зэсэбэуэжащ, и чэфынэ хъэрахъэхэмкIэ пщIантIэр зэ зэпиплъыхьри:

– КIэбиловодилэ! Слуши маиу команда! Впирод в рукэпашний, на захват нэмыцэ шпиуона! – ХьэтIэхъу кIэлъыпхъуа щхьэкIэ зыкъримыгъэубыду унэ къуагъым къуэкIри, Хьэнахъуэ дежкIэ иунэтIащ, кIэрахъуэр икъузу. «Хьэнахъуэ шынэрэ къеуэмэ» – жиIэу и псэр дзапэкIэ иIыгъыу ХьэтIэхъу абы кIэлъокIуэ.

Хьэнахъуэ ашык нэщI Iубам тесу цех щIыбым деж щыст и кIэрахъуэжьыр ибгъукIэ щылъу. ТIэкIу къебэ-небэ хуэдэурэ Хьэнэхъу абы бгъэдыхьащ, кIэрахъуэпэмкIэ и джабэм епыджри:

– Къэтэджи си япэ нищ, – и макъым кIий-гуо хэмылъыжу унафэ хуищIащ.

– Сыт иджыри узыхуейр?

– Уи гъащIэжьыр уэзгъэухынущ. Аращ сызыхуейр. Властым укъелами, сэ укъызэлынукъым.

Хьэнахъуэ абы и кIэрахъуэм хуеплъэкIащ.

– Узыщымыгугъын ущымыгугъ. Уи шэр буха щхьэкIэ, сэ иджыри шищ сиIэщ. Уэ пхуэдэу сыделэкъым сэ, зы шэ нэхъ мыхъуми къэзмыгъанэу. Уэгъуэ дапщэ пщIами сымыбжа уи гугъэу ар? Уэлэхьи, сыбжамэ-тIэ. НакIуэ.

Хьэнахъуэ къэтэджащ. ХьэтIэхъу Хьэнэхъу и ижьырабгъумкIэ къыщыбгъурыуващ, епхъуэу Iэжьэгъу хъуфын хуэдэу.

Апхуэдэу, Хьэнахъуэ япэ иту, мыдрей тIур зэбгъурыту кIэлъыкIуэурэ, шэджагъуашхэ къыщащта Iэнэм ягъэзэжащ. Хьэнэхъу зи IупщIакIэ Iууда стэчанымкIэ кIэрахъуэр ишиящ:

– Къащтэ мор.

Зыщимыгъэхъейм ХьэтIэхъу псалъэмакъым къыхыхьащ:

– Гуэныхьыр сэ къызощтэ, Хьэнахъуэ, бэлыхь дыхыумыдзэу ефэ. Пэбедэщ...

– Си гъащIэм ткIуэпс си джийм ехакъым, ХьэтIэхъу, дин зызохьэ. Аращ армыхъумэ...

– Уи диныр къыпщIэзмыгъэныжмэ, азалыхь дыщэр согъэпцI, ефэ жысIащи ефэ. СощIэ сэ уэ уи тхьэр хэтми!

– Куэд хощIыкI уэ абы...

– Къащтэ, си пIэм сыкъыумышу, – Хьэнэхъу кIэрахъуэжьыр иIэтри лIым и натIэгум тригъэпсащ: – «Пэбедэм щхьэкIэ!» жыIи ефэ, абы итым уигъэлIэну щытмэ. Куэдрэ жызбгъэIэну?! – Хьэнэхъу и нэхэр къригъэжащ, кIэрахъуэр зыIэщIэлъ и Iэр дэуей-къеухыу хуежьащ, кIэрахъуэпэ кIыфIыр Хьэнахъуэ и нэджылым иплъэу. – Ефэ!

Хьэнахъуэ стэчаныр къипхъуатэщ, «пэбедэмэ, пэбедэщ» жиIэри спиртым ефащ, асыхьэтым къыщыхьа псчэр зэрытеужу:

– Я азалыхь гуэныхь сщумыщI, – жиIэри и лъакъуэ Iушэ цIыкIухэр псынщIэу зэблихыу псы къижыпIэмкIэ кIуащ.

... Шэджагъуэ нэужьми жэщми ахэр зэбгъэдыхьэжакъым. ХьэтIэхъурэ Хьэнахъуэрэ къэрэгъулащ. Хьэнэхъу пырхъыжу жеящ. Къэхъуа щымыIэм ещхьу я лэжьыгъэр яухыну къыщIэкIынт, кIэрахъуэхэр зыкIэрамыхыжыну щытамэ. АрщхьэкIэ маузерищми илъа шэр ирагъэсыкIауэ къыщыщIэкIым... Шэр здэкIуар Мышыкъ ищIэн хуейтэкъэ?

Апхуэдэ Iуэху пхуэгъэпщкIунт: блыщхьэм я фащэ тIэкIухэр щахыжщ, къалъысIамэ кърарти, фабрикэм къыдаутIыпщыкIыжащ, суд Iуэху ямыщIу, ящIыну къыщIэкIынт къекIуэкI хабзэмкIэ, ауэ адыгагъэр трагъакIуэри, дыгъу къыдыхьати шэр трагъэсхьащ жари зэтрауфэжащ.



ЩIалэжьхэм тIум – Хьэнэхъурэ ХьэтIэхъурэ – Таулъустэней ягъэзэжащ, Хьэнэхъу хьэсэпэхъумэныр къылъагъэсыжащ, ХьэтIэхъу хьэмкIэшыгукIэ къуажэм къыщыхиха пIитIанэр губгъуэм итхэм яхуешэ. Хьэнахъуэ и Iуэху зытетым дыщыгъуазэкъым – къалэм къыдэнащи, IэнатIэ гуэр къиулъэпхъэщынщ. Фабрикэм къызэрыдахужам зыц налъэ хуэдизкIэ Хьэнэхъу иригузавэркъым. Хъыбарыр щиIуэтэжкIэ Iэмал имыIэу щIегъуж:

– Езгъэфакъэ лъэмыкIыу хъуэхъубжьэм? КъыIурыжу езгъэфащ! Хъуакъым, бетэмал, шыпиуоныр хэзмыгъэбагэу къызэрызгъэнар! КIэбиловодилэ Iэжьэгъу мыхъуатэмэ, Хилътыр нэф лъэщIэзгъэхьэжат. Пэбедэм щхьэкIэ сефэнукъым жиIэу зыгуэр къреуви иреплъыж! – жеIэри и фоч зэгуэтыжьым Iэ делъэ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн

# ГЪУЭГУ НЭХЪЫЩХЬЭ

*Рассказ*



Си щхьэгъусэм дэрэ дыгъуасэ дызэбгъэдэкIыжауэ си бынищыр си гум къыфIилъэрт. Сэ си щхьэр здэсхьынур сымыщIэу Дзэлыкъуэ кIуэн хуейуэ къыкъуэкIри, сыгуфIэу сыкъэкIуащ, нэхъ сытеунщ, жысIэри. Дыгъэр шэджагъуапIэм итт, дэ хьэщIэщым дыщIэтIысхьауэ щхьэгъубжэ IухамкIэ джабэ нэкIу дыгъэпсхэр къыщызэхэтплъыхьым. Дэ щы дыхъурт: Сэ, Лиуан, Борис. Мыбы щащIыну гъуэгущIэхэр щыпхашыну щIыпIэхэр убзыхуныр ди пщэм къыдалъхьэри дыкъэкIуауэ арат.

Щхьэгъубжэм дыздыдэплъым, Лиуан и Iэр ишийурэ жиIэрт:

– Мо бгы кIапэм нэхъ лъахъшэ зыщищIыр флъагъурэ? Мис абыкIэ дэтшынщ ди гъуэгу нэхъыщхьэр. АдэкIэ егъэзыхыгъуэщи, едутIыпщхьэхыжынщ…

«Папэ! Папэ!» – жиIэурэ бжэр къыIуиудри зы щIалэ цIыкIу къыщIэлъэдащ. Сэ ар си къуэ нэхъыжьым и макъым езгъэщхьри си пIэм сижыхьащ. СыкъызэплъэкIынущи, си лъэр щIэхуащ, си Iэпкълъэпкъыр псэншэ хъуащ.

– Хэт, цIыкIу, узыхуейр? – къэIуащ Борис и макъ.

ЖаIэр зэхэсх фIэкIа, зыри схузэхэхуркъым. Щхьэ икIи дауэ къэкIуа си къуэр мыбы?

– Папэ.

– Хэт уи папэр?

– Исмелщ.

– Сыт щIэ-Исмелыр! – жысIэу зыкъыщезгъэзэкIым – щIалэ цIыкIу мыцIыхут.

– Уи папэ мыбы щIэскъым, цIыкIу, – жиIэри Борис и жыпым зы кIэнфет кърихащ, ар зэрымащIэм ириукIытэурэ щIалэ цIыкIум хуишиящ, мыдрейми укIытапэурэ Iихри, къызэрыщIэлъэдам хуэдэу, щIэжыжащ.

Сэри хьэлъэ гуэр си пщэм дахам хуэдэу нэхъ хуиту сыкъэбэуэжащ.

– АтIэ, лэжьыгъэм щIэддзэнщ, – Лиуан тхылъымпIэ хужьышхуэр стIолым къытрилъхьэри щхьэщыувэжащ, Бориси къэрэндащ зэмыфэгъухэр пиупсыкIри абы бгъэдэуващ. Сэ си гуи, си пси лэжьыгъэм

хыхьэртэкъым. Гъуэлъыпlэм зизгъэукlуриящ. Си щхьэр щхьэнтэм зэрытеслъхьэу сабийхэм я макъхэр си тхьэкlумэм къизэрыгуащ. Си нэр зэрызэтеспlэу, си бынищымрэ си щхьэгъусэмрэ lузышыж автобусыр си нэгум къыщlэувэрти, занщlэу къызэтеспхъуэтыжырт. Апхуэдэурэ псэхупlэ къызэзымыт гупсысэжым сызэщlиубыдэжащ.

– Ей, тэдж, къакlуэ мыдэ, – жеlэ Лиуан. Си нэр къысхузэтемыхыу Борис и макъ зыхызох: «И гугъу умыщl, ешауэ къыщlэкlынщ, зегъэгъэпсэху».

Жэщ кlуам сызэгупсысахэр аргуэру щlызопщытыкlыж: «Хэт и гугъэнт апхуэдэу lуэхур къыщlэкlыну? Сыт и lэмал абы?! А зэхэсхар схуэгъэвыну пlэрэ си бынищым я хьэтыркlэ? Къысхуэмыпэжу жыхуаlэр пцlыуэ къыщlэкlмэ-щэ? Гурыщхъуэм си нэр къыщхьэрезгъапхъуэрэ унагъуэ лажьэншэр зэтескъутэмэ, фlыуэ слъагъу цlыхубзри ди бынищри насыпыншэ сщlакъэ?..

– Ей, жейнэдыжь, тэдж. Ди гъуэгу нэхъыщхьэр хэтшащ! – къызэlэдэкъэуащ Лиуан. Къызэхьэлъэкlыпэурэ сыкъэтэджри стlолым сыбгъэдыхьащ. Абы телъ тхылъымпlэ хужьышхуэм тращlыхьат гъуэгу нэхъыщхьэр. Абы нэгъуэщl гъуэгу нашэкъашэ куэди къыхэкlырт. Сэ си гъуэгу нэхъыщхьэм хэшыпlэ хуэхъунум сегупсысурэ щхьэгъубжэм сыбгъэдыхьащ – уэшхыр пэгункlэ къракlыхым хуэдэт. «Уэшх къошхри», – жысlэри сэ пlэм ситlысхьэжащ. Лиуанрэ Борисрэ зыри жамыlэу щытт къызэплъу.



– Слlо, щlалэ, зи сабий зыщlача анэм ещхьу щхьэ унэщхъей?

– Кlэрыкl мыбы, гъуэгу нэхъыщхьэр гукlэ хишми пщlэркъым, – жиlащ Борис стlолым телъ тхылъымпlэм бгъэдэувэжурэ. Уэшх къызэрешхым иджыпстут гу щылъыстар. Сыту фlыт абы ухэтыну. Уи закъуэ, уэшх макъ фlэкlа зэхыумыхыу. Ари гум щыфlэфl зэман щыlэщ. Сэ къатырыр лъыстlагъэщ, плащ зытезубгъуэжри сыщlэкlащ. Си гъуситlыр дыхьэшхащ: «Дэнэ уздэкlуэр, псыдзэм уихьынщ», – жаlэри. Пэжу, бгы нэкlухэм псыхьэлыгъуэ инхэр къежэхыу щlидзат. Япэу си нэкlущхьэм къытеткlуа уэшх ткlуэпсхэр гуапэ сщыхъуащ. Абыхэм тlэкlу сщхьэщыкl хуэдэу хъуа си гукъэкlыжхэм аргуэру сыхашэжащ: «Адэ-анэм я lэфl имылъагъуу бэлыхь мыухыжым хэту зи щхьэр зыпlыжу къэхъуа цlыхум сэр гуэрым дауэ бэлыхь теслъхьэн? Ей, сыту lэнатlэ гугъум сыlуува сэ! Тхьэм къыдита гъащlэ мащlэ тlэкlум дызэгурыlуэдызэдэlуэжу щхьэ насыпыфlэу дымыпсэурэ?.. Сэ езыр насыпыфlэ сщlыну сыщыхэткlэ, езыри щхьэ хущlэмыкъурэ сэри насыпыфlэ сищlыну? Сыти жыlэ, дауэ ухуейми зыщl, лъагъуныгъэ щыlэщ. Ар къэзэуным гъащlэ псо ехь...

Сэ къызгурыlуэну сызыхуейр зыщ: ар гурэ псэкlэ къызбгъэдэт? Хьэмэрэ... Ар зэхэзгъэкlыфатэмэ, сэ си гъуэгу нэхъыщхьэми и ухуэкlэ хъунур къысхуэщlэнут...»

Апхуэдэ гупсысэхэм сыздыхэтым, гъы макъ гуэр си тхьэкIумэм къиIуащ. СызэщIэдэIукIыпэмэ, – цIыхубз гъы макъ щэхут. «А-а-аа, ар дыгъуасэ щежьэжым зэрыгъар си тхьэкIумэм иту аращ», – жысIэри псыбэкъу цIыкIум себэкъуащ, ижьырабгъумкIэ щылъ мывэ абрагъуэм сыбгъэдыхьэри, Iэ дэслъэну си Iэр щысшийм, гъы макъыр нэхъ Iупщlу зэхэсх хъуащ. Иджы гурыIуэгъуэ хъуат ар сэ къызэрысфIэмыщIыр. Мывэшхуэм къыкъуэIукIырт. ЩтэIэщтаблэу секIуэкIащ. Абы и къуагъым зы цIыхубз щIалэ зэщыджэу гъыуэ къуэст, бостей пIащIэ тIэкIу фIэкIа щымыгъыу, тетрадь напэ тха гуэр иIыгъым еплъу. Сэ си плащыр щысхри, щабэ дыдэу цIыхубзым и плIэм тезубгъуащ:

– Сыт, дахэ, къэхъуар? Мыбдежым угъыу щхьэ ущыс?

ЦIыхубзыр занщIэу къащтэри къыщылъэтащ, зэплъу иIыгъа тетрадь напэ тIэкIури IэщIэхуащ. Сэ сеIэбыхри тетрадь напэр къэсщтэжащ, икIи сымыщIэу си нэр хуэзащ уэшхым зэщIицIэлэжу хуежьа сатыритIым: «Бынхэм уакъыхэзгъэхьэжынукъым, а узигъусэу зэхэсхам деж къэнэж. Сэ...» АдэкIэ сынэмыджысу цIыхубзым тхылъымпIэр хуэсшиижащ. Абы и нэпсыр и Iэ псыфымкIэ щIилъэщIыкIыжри зыри жимыIэу плащыр къысхуишиижащ.

– Уэшхым уиуфэнщIынущ, зытегъэлъ.

– Упсэу, Тхьэр арэзы къыпхухъу, сыхуейкъым. Сэ... Зыри сыхуеижкъым, – жиIэри, тхылъымпIэ напэр кIэрылэлу иIыгъыу сыкъызыщIэкIа унэмкIэ иунэтIащ. Сэ цIыхубзым сыкIэлъыплъырт, тхылъымпIэ напэм иту нэкIэ сызрижа сатырхэр гукIэ зэпызгъэувэжурэ: «Бынхэм уакъыхэзгъэхьэжынукъым, а узигъусэу зэхэсхам деж къэнэж. Сэ...» Зэуэ си бынхэмрэ си щхьэгъусэмрэ си нэгу къыщIыхьэжащ. Си тэмакъыщIэр щиубыдыкIащ. ЦIыхубзыр здэщыса мывэ къуагъым сыкъуэтIысхьэри сыщысащ куэдрэ. Си гъуэгу нэхъыщхьэм и убзыхукIэ хъунур сымыщIэу дызыщIэс унэмкIэ сыкъыщыщIыхьэжым, тутын зэрызмыIыгъыжыр сигу къэкIыжри, абы пэмыжыжьэу щыт тыкуэнымкIэ згъэзащ. Борис тыкуэным псынщIэу къыщIэкIыжри бжэм щIыбагъкIэ кIэрыувэжащ.

– Сыт, Борис, уи гур къыхэлъэда? – сеупщIащ, и гур зэрыузыр сщIэрти.

– Алэхьэ армыра. Мы тыкуэным тет цIыхубзыр псыфу, кIэкуакуэу къыщIыхьэжащ. Псы къэсщэхунщ жысIэри сыщIыхьати, зы щIалэ гуэр сяужьым иту нышIэлъадэри ди тыкуэнтету плъагъур IэплIэкIэ къипхъуэтащ: «Сыщыуащ, Нинэ, къысхуэгъэгъу, сымыделэм ар зэрыпцIыр щхьэ сымыщIарэт» – жиIэу. ЗэлIзэфыз хъунщ. ТIэкIу зэфIэнамэ зэкIужауэ арагъэнщ.

Борис зэрыIукIыжу сэ занщIэу бжэр Iусхри сыщIэплъащ: нетIэ зэщыджэу гъа цIыхубзыр гуфIэжу щытт, щIалэми цIыкIу-цIыкIуу зэIытхъауэ и Iэгум илъ тетрадь напэм и кIапэхэм епщэурэ ирыригъэхырт. Си гум уитхакъым, си Iэпэрщ узытхар, – жиIэурэ.

Сызэрыщытыр щIалэм къыщилъагъум къысщIэкIиящ: «ХуэщI, щIалэ, бжэр, плъагъуркъэ, дылажьэкъым… КъыщакIухь мыбы Iэджэми, итIанэ пцIы зытемылъхэм тралъхьэ…» Сэ бжэр ездзылIэжри, дызыщIэс унэмкIэ къэзунэтIыжащ... Пэшым сыкъыщыщIыхьэжам Лиуан стIолым бгъэдэтт, гъуэгу нэхъыщхьэм нэгъуэщI гъуэгу нашэкъашэ цIыкIухэр къыхишу. Сэ зэуэ къэслъэгъуащ си гъуэгу нэхъыщхьэр здрикIуэнур. СыкъызэрыкIуа щыгъынхэр псынщIэу щыстIэгъэжри, щIыIухэр спхэжурэ, Лиуан и къэрэндащ плъыжьымкIэ тхылъымпIэ хужьым си гъуэгу нэхъыщхьэр истхащ: Дзэлыкъуэ – Унагъуэ. СыкъыщыщIэкIыжым Лиуан къыскIэлъыщIэжащ, дэнэ укIуэрэ, щIалэ, жери.

Борис дыхьэшхри и Iэр къысхуищIащ, гъуэгу махуэ, жыхуиIэу.

– Унэм, Лиуан, унэм.

Автобусым сыкъыщитIысхьам зэкIужаитIыр зэщыгуфIыкIыжу ист, унагъуэ гуэр насыпыншэ хъу зэрыпэтар абыхэм я нэгум къищыртэкъым... сэри... си гъуэгу нэхъыщхьэр хэсшри абы сытеувэжауэ сыкIуэрт ар зыхухэсшар къызэрысIущIэну щIыкIэр сымыщIэу.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

# ТЕТІЫСХЬЭПІЭМ

*Рассказ*



Аслъэн гъуэлъыжа щхьэкІэ, езэгъыртэкъым. Жэщ уэгу лъащІэншэм вагъуэ бжыгъэншэхэр щызэпэлыдми, абы и гущІэм уафэгъуагъуэ зыщІэт уэлбанэшхуэ щызэрызехьэрт. Зэзэмызи гугъэм и налъэ гуэрхэр и гущхьэм къытезэрыхьа пшэ гуэрэным къыхэхъуапскІэрт. АрщхьэкІэ а хъуэпскІыр апхуэдизкІэ къаруушэти, жэщ кІыфІым къыхэцІуукІа тутын хъуаскІэрт зэбгъэщхьынур.

Аслъэн къэтэджыжырти, тутын зэкІэлъефэрт. КъикІукІт-никІукІт. Ныжэбэ абы унафэ трищІыхьын хуейт мазэ зыбжанэ хъуауэ и щхьэгъусэ Равидэ къыщІеныкъуэкъу Іуэхум.

«Сыт Равидэ къыпхуэмыцІыхужын хуэдизу зыщІихъуэжар? Ди анэм хуэгуапэу, фэилъхьэгъуэ гуэрхэмкІэ хуэупсэу зэрыщытрэ куэд щІакъым. Сыт-тІэ иджы щхьэм къимытІэсэн Іуэхугъуэ къыщІыспиубыдыр? Сыт сщІэнур? Сытхэр си Іэмал?» Псэхугъуэ къезымыт а упщІэхэм жэуап къахуигъуэтыфыртэкъым Аслъэн.

Равидэ унагъуэ хуэщІам щагъэфІа хъыджэбз закъуэти, зыхуейм и Іэр тримыгъэхуауэ етІысэхынутэкъым. Я щІалэгъуэм щыгъуэ, Аслъэн и лъагъуныгъэм «игъэделэу», щхьэзыфІэфІагъыр ІэщІыб ищІами, и ныбжьыр хэкІуэтэху, абы и хьэл-щэн мыхъумыщІэхэр зырызтІурытІурэ къылъыкъуэкІыжырт, яжьэм щІихъума дэпыр, ущІэпща иужь, къызэрыщІэщыжым ещхьу.

Аслъэн и Іуэхур хэплъэгъуэт. Зэми Равидэ бгъэдэкІыжыну къытехьэрт. АрщхьэкІэ апхуэдэ гукъэкІ зэрищІыххам щыщтэжырти, а гупсысэр псынщІэу зыщхьэщихужырт. Равидэ иригъэкІыжмэ, и щыкъур бий къыхуэхъунут: и дэлъхуищым нэплъэгъуэ кърatынутэкъым, щыкъу адэр хэлІыфІыхьу къылъагъэса къулыкъу хьарзынэми пыкІынут. КІэщІу жыпІэмэ, «дэращ уэ лъабжьэ уэзыгъэщІар» жаІэнурэ, игъащІэкІэ зыкъимыужьыжын хуэдэу, и лъэр хущІаудынут.

Щыкъухэр, зы жыпхъэм кърагъэджэлам хуэдэу, цІыху еру защІэт,

благъагъэкIэ къамыубыдрэ ахъшэ-бохъшэкIэ зыпымыщIарэ щымыIэу. Къэралым щыгъэувa хабзэхэр къафIэIуэхущэтэкъым. Гу кIуэм гудзэ къыкIэраудырти, а гур жыжьэуи зэрамылъэгъуамкIэ щыхьэтхэр къагъэувыжырт.

Мылъкумрэ псэукIэ ехьэжьамрэ есэгъуафIэщ. Узэмысэжыр къулейсызыгъэрщ. Аслъэн гъащIэ тхъэжыгъуэр иIэу псэурти, блэкIам и зы ныбжь гуэри и нобэрей гъащIэм къытридзэну хуейтэкъым. Пэжыр жыпIэмэ, и щыкъум я жьэ уазым зэрыщIэтми абы зытригъэгусащэртэкъым. Уеблэмэ я хьэл-щэн гуэрхэр зыхилъхьэу хуежьат. Арауэ къыщIэкIынт мычэму зэпэгэкI икIи зэкъуэншэкI и лэжьэгъухэр, езым и нэщIыбагъкIэ, абы факъырэ удэфэжакIэ къыщIеджэр.

И анэм теухуауэ Равидэ къыпиубыда Iуэхум зэрытегузэвыхьым хуэдэкъабзэу, ар иджыпсту езым и щхьэ Iуэхуми иригумэщIырт. А IуэхугъуитIыр зэпэбгъэшачэ мыхъунуми, абы хузэфIэкIыртэкъым ахэр тэрэзэм зэдытримылъхьэн. Дэтхэнэра-тIэ тэрэзэ тасхэм ящыщу езышэхынур?..

Аслъэн къыфIэщIырт цIыхуитIу зэщхьэщыкIауэ. Зым жиIэр адрейм имыдэу, а тIур — япэрей Аслъэным къыхэнэжамрэ иджырей Аслъэнымрэ — абы и гущIэм щызэныкъуэкъурт. КIуапIэ къезымытыххэр и сабиигъуэ жыжьэм къыхэтэджыкIыу зыIэзыбжьэм абы и пащхьэ къихута щIалэ Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэ цIыкIурт. «Сыт зэхэпщIыхьыну узыхэтыр? Пхуэздэнукъым, зэхэпхрэ?» — и нэпсыкIэ щIиутхыкIыу ар и IэштIым гъур цIыкIуитIымкIэ къытеухьырт иджырей Аслъэным и бгъэм. А щIалэ цIыкIур, езыра пэтми, и нэщхъымкIэ IуигъэщтыкIыну хэтт Аслъэн. Иджыпсту зыкъримыупсеямэ, ар щыIэххауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэжынтэкъым.

Аслъэн и псэр хэкIыпIэншагъэм ичатхъэрт.

... Уэри щIыри игъэза щхьэкIэ къыхуэгъуэтакъым хэкIыпIэ тэмэм, къызыкъуихыфакъым Равидэ къыпкърыкIа гущIэгъуншагъэм зэрыпэщIэтын лIыгъэ. ИкIи, пщэдджыжьыпэм ирихьэлIэу, ар мыпхуэдэ гупсысэхэм къытеувыIащ: «Акъылрэ лIыгъэкIэ узыпэмылъэщын Iуэхугъуэ тхьэм упэщIимыгъахуэкIэ» жызыIам, имыгъэунэхуауэ жиIакъым. Ажалым хуэдэкъабзэу, си Iуэхури Iэмалыншэщ. Равиди сэри долажьэ. Ди бынитIыр къалэ жыжьэ щоджэ. Ди анэм и махуитI зэхуэдэкъым. Хэт абы кIэлъыдгъэплъынур? Хэт ар зыхуей хуэзыгъэзэнур? Си ныбжьыр здынэсам, унагъуэр зэтескъутэу, сэри сежьэжыфынукъым. ЛIэнум зыгъэлIэн гын ешх. Сэ нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэкъым».

КъехьэлъэкIыпэурэ зыкъиIэтри, Аслъэн, зэхэуфауэ, пщэфIа-

пIэмкIэ иунэтIащ. Пщэдджыжьышхэм пэрытIысхьа щхьэкIэ, едзэпыIа мыхъумэ, ар шхэфакъым. Зыкъомрэ щыму щыса иужь: «Псы ткIуэпсми мывэр пхырех, зэпымыууэ къытеткIуэмэ», — зигъэзэхуэж щIыкIэу, и щхьэ хужиIэжри, ар щIыхьащ и анэ Мадинэт и деж.

— Дауэ нэху укъекIа, ди анэ? Иужьрей зэманым зыбогъэIыхьшыхь. Мы къалэм дохутырыфIхэр щыIэщ. Дохутыр къэзгъэплъмэ мынэхъыфIу пIэрэ?

— АIэ, си щIалэ. Си жьыщхьэ сыт си дохутыр, сыти си хущхъуэ. Иджы щIалэгъуалэ пэт мэсымаджэ. Алыхьым къытхуиухар тлъагъунщ.

— Машинэр зэщIэзгъэплъэху зыхуапэ, ди анэ. ДымыкIуэу хъунукъым. Уи паспорт тIэкIу сытхэри къыздэщтэ.

Аслъэн и псалъэр кIэщIу зэрыпигъэщхъам къигъэдзыхэри, Мадинэт зихуапэу щIидзащ. ЦIыхум ярихыхьэу щытауэ, езыми нэхъ зригъэкIуу кIэшымыр бостей морафэ иIэти, ар зыщитIагъэри и нысэм къритыжа туфлъэ тIорысэр зылъитIэгъащ. И щхьэц тхъуахэр и Iэлъэщ1 кIапэм кIэщIигъэзагъэурэ къыщIэкIри, пщIантIэкум ит машинэмкIэ хуэмурэ иунэтIащ. Машинэр дыгъэм пэлыдырт, къыщхьэщыт жыг баринэшхуэм и ныбжьыр, гъуджэм хуэдэу, и капотыщхьэм къытещу.

Зэм гаражыбжэр зыгъэбыдэж и къуэм и дежкIэ, зэми машинэ зыкъизыхымкIэ плъэурэ, Мадинэт и нэкIущхьэм гуфIэ нэпсхэр къытелъэдащ: «Хэт и гугъэнт адэншэу къэхъуа си щIалэ цIыкIум мыпхуэдэ псэукIэ дахэ игъуэтыжыну? Мурат тхьэмыщкIэ, уэ сыту пасэIуэ мыгъуэу утхэкIыжат, ди щIалэ цIыкIуми сэри  гу пщыдмыхуауэ! КъатитIу зэтет мы унэшхуэр, мы пщIантIэ хуитышхуэр, нэбгъузкIэ нэхъ мыхъуми, уэзгъэлъэгъуамэ, насыпу щыIэр къыплъысауэ къыпщыхъунти! АрщхьэкIэ псори алыхь Iэмырщ. Ахърэт нэхур тхьэм къыуит. Дыпхуэарэзыщ. Уи псэм дыкъищIэу тхьэм къыщIигъэкI».

Абдежым Мадинэт и гуфIэ нэпсхэм ткIыбжьу къыхэлъэдащ гуауэм и зы нэпскъудамэ. ЦIыхупсэм щыгъэпщкIуа гурыщIэ щэхухэр къызэрамыхутэфым хуэдабзэу, иджыпсту Мадинэт и нэкIущхьэм зы ткIуэпсу щызэхэжыхьа нэпскъудамитIыр гуауэрэ гуфIэгъуэу зэрызэхэлъым гу лъитэфыну мы дунеишхуэм зы цIыху закъуи къыпхутешынутэкъым. Ауэ езы Мадинэт ар псэкIэ зэхигъэщхьэхукIырт икIи тIури зэхуэдэу фIэлъапIэт.

И бэлътоку кIапэмкIэ и нэкIущхьитIым чэзууэ теIэбэри, Мадинэт машинэм итIысхьащ. Абы гу лъимытэу къэнакъым нысэр къазэрыкIэлъыщIэмыкIам. Дыгъуэпшыхь гуэрым, езыр гъуэлъыжа иужь, Аслъэнрэ Равидэрэ хьэргъэшыргъэ зэрыхэгъэтащ. «Сыт мы-

гъуэ яхуэмыгуэшыр? Я лъапсэр — лъапсэщ. Я бынхэращи — тхьэм къыузэритынщ. Сэри закъытезмыгъэхьэлъэну сыхэтщ. Зэрысхузэфlэкlкlэ си щхьэ lуэху тlэкlухэр сощlэж». Нысэмрэ къуэмрэ я зэгурымыlуэныгъэм игъэщхьэжагъуэми, Мадинэт абыхэм — е яфlэлlыкlрэт, е ящышынэрэт — зыкlи закърыгъащlэртэкъым.

Гъуэгу зэхэкlыпlэхэм ящыщ зым нэсауэ, и цlыхугъэ гуэр илъэгъуауэ къыфlэщlри, Мадинэт и гукъеуэр пlалъэкlэ lэщlэгъупщыкlащ: «Си щlалэм и машинэм сису ди къуажэгъу гуэрхэм сыкъалъэгъуамэ аратэкъэ! Псыхэкlуадэ хъуакъым Мадинэт и гугъуехьыр. Еплъ и жьыщхьэ абы къыlуужа насыпым, жаlэнт».

Дэрэжэгъуэ къезыт гупсысэ lэфlхэм здыхэтым, абы зэуэ гу лъитакъым Аслъэн машинэр къызэригъэувыlам.

— Ди анэ, мы машинэм и lэуэлъэуэкlэр сигу ирихьыркъым. Уэ мо жыг щlагъым щlэт тетlысхьэпlэм зы сыхьэт ныкъуэ хуэдэкlэ къыщыспэплъэ. Сэ иджыпсту, мыбы зыгуэр езгъэплъынщи, къэзгъэзэжынщ.

Мадинэт, зыхуихьынури жиlэнури имыщlэу, и къуэм еплъащ. «Ана-а, машинэ щlэрыпсыр сыту псынщlэу къута?» — жиlэу игу къэкlа щхьэкlэ, абы жиlар нэгъуэщlщ:

— Хъунщ, си щlалэ, ауэ зумыгъэгувэ.



Жыг баринэшхуэм и щlагъым щlэт тетlысхьэпlэм и анэр тригъэтlысхьэри, Аслъэн лъэбакъуэ псынщlэкlэ lуигъэзыкlыжащ. Абы ищlэр ищlэжырт. Нэхъыфl дыдэу укъэзылъагъуми къылъыкъуэкlынур пщlэнукъым, lуэхур езым и щхьэм нэмысауэ. Щlэсынкlэ хъуну хьэкlэкхъуэкlэ лlэужьыгъуэр къыщыпхуэмыщlэ мэз гуэрэн кlыфlым ешхьщ цlыхупсэр.

Мадинэт и гущlэм гузэвгъуэ щlыlэм и налъэхэр къыщыпlэжьэжьащ. Ауэ ар зищlысыр иджыкlэ гурыlуэгъуэтэкъым. Анэпсэм зыхимыщlэрэ абы гурыгъуазэкlэ къыпэхъунрэ мы дунеишхуэм теткъым. Псом хуэмыдэу ар и быным щехьэлlам деж. Фызыжьым и гурыгъу зэlумыбзхэр тэлайкlэ lэщlигъэхуащ дунейм и щlэращlагъэм: нэм къиплъыхьыр хужьу зэщlэгъагъэрт, бзум уэрэдкlэ жыг щхьэкlэм щагъахъэрт. Бзум я пшыналъэм здыщlэдэlум, зэрыхъуар езы дыдэми имыщlэжу, Мадинэт и щlалэгъуэ жыжьэм къыщыхутэжащ. Икlи, теплъэгъуэ-теплъэгъуэурэ, абы и нэгум къыщlыхьэжу хуежьащ и гъащlэ псор.

Аслъэн илъэсибл ныбжьым иту, япэ классым щlэтlысхьа къудейуэ, Мурат зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. Псэуну къыщlэзыдзэ цlыхубз щlалэм и мурад дахэхэмрэ и хъуэпсапlэ щэхухэмрэ зы напlэзыпlэм зэтещэхэжащ, пшахъуэ унэм хуэдэу. Арщхьэкlэ Мадинэт гуауэшхуэм зригъэужьыгуакъым — и бгыр щlикъузэри гъащlэм и гугъуехь-

хэм пэщIэуващ. Къыщыдзыхэ дакъикъэхэм и деж, и щIалэ цIыкIу закъуэм Iуплъэрти, абы, къыздикIар имыщIэу, къару мыкIуэщIхэр къылъыкъуэкIыжырт.

ЩIэпсэун гуэр зиIэм имышэчыфын щыIэкъым. Ишэчащ Мадинэт гъащIэм и бэлыхь куэд. ПэщIэдзэ классхэм зэрыщригъаджэм къыдэкIуэу, пхъэнкIакIуэ-лъэсакIуэуи лажьэурэ, Аслъэн курыт еджапIэр къригъэухащ, итIанэ — еджапIэ нэхъыщхьэр. Нысэ къыщыхуашам къыдиха хьэгъуэлIыгъуэшхуэр-щэ? Абы и хъыбарыр ноби къуажэдэсхэм яхуэухыркъым. КIэщIу жыпIэмэ, адэ зыщхьэщытхэм яримыгъэхъуапсэу и къуэ закъуэр ипIащ, къигъэтэджащ Мадинэт. И быным щхьэузыхь зыхуищIри, езым и гъащIэр фызабэу ирихьэкIащ.

Аслъэн сымэ къалэм Iэпхъуа иужь, я гъунэгъу хъыджэбз цIыкIухэр Iэпыдзлъэпыдзи жэщгъуэлъи къыхуэхъуурэ, илъэсхэр екIуэкIащ. ИкIэм, Аслъэн адэжь лъапсэр ищэн хуей хъури, анэр зришэлIэжащ.

Мурат и фэеплъ унэ-лъапсэр иримыгъэщэну хэтат Мадинэт. АрщхьэкIэ Аслъэн къедэIуакъым. Абы щыгъуэщ къуэр япэу анэм къыщыпэувар...

ГукъэкIыжхэм здыхэтым, Мадинэт аргуэру гузэвгъуэр къыкIэщIэзэрыхьу щIидзащ. А гузэвгъуэр абы тIу-щыуэ фIызэтепщIыкIырт, фIищынур къыхуэмыщIэу. «Машинэр узэрыхуейм хуэдэу псынщIэу зэрамыщIыжыр къызгуроIуэ. Зы сыхьэтри сыхьэтитIри зыгуэрт, ауэ иджы шэджагъуэхуегъэзэкI хъууэ хуежьащ, — гузавэрт ар икIи щIыIэ-щIыIэу игу къэкIырт, — зыгуэр къыщымыщIауэ узиIэ си щIалэм. Алыхьым ар жимыIэкIэ! Ялыхь, си къуэ закъуэр къысхуэхъумэ! Ялыхь, си щIалэм сыщIегъэлъхьэж!»

ПщIэнтIэпс щIыIэр къекIуарэ и пIэм имызэгъэжу махуэ псом тетIысхьэпIэм тесащ Мадинэт. Къуажэрами, зыгуэрт, къалэм дахэдахэу зыри щицIыхуркъым. КIуэжынути, и закъуэу кIуэжыфынукъым...

Пшапэр зэхэуащ. Куэд дэмыкIыу мазэр къыщIэкIынущ. Ауэ, нэхъыбэм зэрихабзэу, ар ныжэбэ пшэхэм къахэлыдыкIынукъым, фагъуэу къепэзэзэхын мыхъумэ. Жэщ плъыру щыткIэрэ, мазэм елъагъу щIым щекIуэкI псори. ЦIыхупсэр нэхугъэ зэрыхуэныкъуэр ещIэри, абы жэщ кIыфIхэм и деж, дунейр зэщIигъэнахуэу, и нурхэр щIылъэм кърекIых. Мазэмрэ щIылъэмрэ, мазэмрэ цIыхупсэмрэ нэрымылъагъуу зэпыщIэныгъэ зэхуаIэщ... Мадинэт уи мази уи дыгъи иджыпсту къыфIэIуэхунутэкъым — и фэр, шэхум хуэдэу, пыкIати, дунейм теттэкъым ар мы дакъикъэхэм хьэдэу фIэкIа зэрыпщIэн.

... КъатитIу зэтет унэм и пщIантIэшхуэм къыдэкIри халат хужь зыщыгъ цIыхубзитI къыбгъэдыхьащ гъэшауэ тетIысхьэпIэм тес фызыжьым.

— Ди анэ, дыкъоплъэри, мыбдеж куэд щIауэ утесщ. Жэщи мэхъу.

НакIуэ, ди деж ныдыхьэ.

Къыбгъэдыхьахэр хъарпшэру фIэкIа зымылъагъу Мадинэт ерагъыу къыдришеящ:

— Хьэуэ. Сэ си щIалэр иджыпсту къыIухьэжынущ.

— КъыIухьэжынукъым, нанэ. КъыIухьэжынукъым, тIасэ. Уэ жыхэр щапIыж унэм укъашауэ аращ.

Мадинэт и кIуэцIыкIыщIэм зыкъигъэзащ.

— Хьэуэ! Хьэуэ! Ар пэжкъым! — къыхэкIиикIащ ар уэмрэ щIымрэ зэпэзыгъэджэж гуIэгъуэ макъкIэ.

Мы тетIысхьэпIэм лIыжь-фызыжь къытранэу я мыщыпэлъагъуми, цIыхубзитIым я нэпсыр яхуэIыгъакъым.

Мадинэт и дамащхьэ гъурхэр дэуейуэ, зыкъомрэ зэщыджэу гъащ. «Си псэ мыгъуэм ищIати зы бэлыхьлажьэ къызэрыспэплъэр. Алыхь дыщэ, сыкъэбужэгъужыпа мыгъуэти сэ», — щыкIэрахъуэрт абы и щхьэм.

— НакIуэ, нанэ, накIуэ, тIасэ.

ЦIыхубзитIым Мадинэт и Iэблэ зырызыр яубыдри, ерагъыу фIэкIа зи лъэр зэблэзымыхыжыф фызыжь тхьэмыщкIэр жыхэр щапIыж унэм и пщIантIэ даущыншэм дашащ. ПщIантIэр къэзыухъуреихь гъущI сэрей лъагэхэм мы пщIантIэмрэ дунеймрэ зэпагъэщхьэхукI хуэдэт.

— Си щIалэ… си щIалэ… Мурат… — пIэжьажьэрт Мадинэт и Iупэ ундэрэбжьахэр.

КIУРАШЫН Алий

# САБИЙМ И БАМПIЭ

*Рассказ*



Гъатхэ махуэщ. ПщIантIэ хуитышхуэм щоджэгу сабийхэр, дэнэкIи щызэхэпхыр абыхэм я кIий макърэ я дыхьэшх макърэщ. Дунейр зи щIэщыгъуэ гъатхэ хьэндырабгъуэу, къалъэтыхь а цIыкIухэм… Сэри сащыщщ а пщIантIэм дэтхэм… Дэ псори дызэщхьу къыпщыхъункIэ хъунущ зэ еплъыгъуэкIэ, ауэ дызэщхькъым. Псом хуэмыдэу сэ сарещхькъым зыми… Къадэзжыхь, садэджэгу щхьэкIэ, си гум илъ бампIэр нэхъ мащIэ хъуркъым… Схуэхьыжыркъым… Схуэшэчыжыркъым…

Мы гъэм еханэ класс сыхъуа къудейщ, ауэ гупсысэ хьэлъэхэмрэ бампIэмрэ игъуэ нэмысу сызэщIаубыдащи, сапэлъэщыркъым, хэкIыпIэ гуэри къысхуэгъуэтыркъым… Адрей сабийхэми хуэдэу, сэри сиIэщ ани ади. СиIэщ зы шыпхъу цIыкIуи, сэр нэхърэ илъэситхукIэ нэхъыщIэу. Мис а си шыпхъу цIыкIур си гъусэу дыщоджэ, дыщопсэу зи унагъуэкIэ хуэмыщIа сабийхэр щаIыгъ интернатым.

Дэ дыкъыщалъхуащ адыгэ къуажэ, адыгэ унагъуэ. Сытым хуэдэу дахэ а ди къуажэр! Фезгъэплъащэрэт!.. Дэ мыбы дыкъыщыкIуэжыр зэзэмызэххэщ, дыкъыздэкIуэжри ди анэшхуэм и дежщ. Дэнэ дыкIуэн-тIэ?.. Ди пщIантIэр зэщIэкIэжащи, дыхьэпIэ иIэжкъым, ди унэ тIэкIури къэуэжыным нэсащ, зезыхьэн цIыху зэрыдэмысым къыхэкIыу. ХокIуэдэж ди лъапсэр… ХокIуэдэжыпэ… Сыту мыгъуэ дынасыпыншэт!..

Адэ, анэ… Насыпу щыIэр яIэкъэ ахэр зыщхьэщытым?! Дэ ди адэр ефэным фэи лыи езымыгъэщI цIыхущ. ЗыкIи угурыIуэжыркъым. Быни иIэу, бын къалэни и пщэ дэлъу ищIэжыркъым. «Папэ» жытIэу зыхуэдгъэзэну къытхуихуэркъым… Ди анэми, «псори зэпыту фыкIуэ!» жыхуиIэу, дыкъыхыфIидзэри, екъури ежьэжащ. Урысейм хэту жаIэ… Сыт щIа абы лъандэрэ… Апхуэдизу куэд дэкIащи, уеблэмэ мамэ и нэкIур къысхуэгубзыгъыжыркъым. Мамэрэ папэрэ псэууэ дунейм тету, дэ тIур дызеиншэщ… Дызеиншэ хъурейщ…

Си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу Iэсият дэрэ къуажэм дыкъыщыкIуэж зэзэмызэм ди анэшхуэм къыджеIэ: «ФыкIуи, тIасэ, фи адэм и псэукIэр зэвгъэлъагъу». Абы дэ щытлъагъунумрэ дызыIууэнумрэ нани ищIэрт, сэри къызгурыIуэрт. Ауэ, дауэ мыхъуми, адэ сыхуэныкъуэт, сигу къэкIати, зэгуэрым, Iэсият цIыкIу нанэ и гъусэу къызогъанэри, си закъуэу сокIуэж. Псоми ящышынэ хьэ щтауэ, зызэхуэсшэурэ, сыдохьэж ди пщIантIэм. Си гур фIым хуэпабгъэми, си нэгум щIэкIыр сыт щыгъуи зызымыхьуэж сурэтт: зи пащIэ-жьакIэр зэщIэкIэжауэ, зи нэкIур зэхэбэгэжа адэр, тутын Iугъуэм зэщIишта пэш кIыфIыр, щIыIэмрэ псыIэмрэ къызыщIих унэжь цIыкIур. Папэ сепсэлъэну сыхуожьэри, сызэхихыркъым, зэзэмызэ къызоплъ, сыкъимыцIыху-сыкъимыцIыхуу. Сытым хуэдэу дахэт папэ!.. Иджы ар зыкIи ещхьыжкъым зэрыщытам… Си гур хощI… КъарукIи си сабий акъылкIи сызыпэмылъэщын насыпыншагъэт мыр. Гъунэгъуми Iыхьлыми яужэгъужа лъапсэт.

Слъэгъуар си гум щIыхьауэ, ар схузэмыгъэзахуэу, сылъэпэрапэу ди

пщIантIэм сыкъыдокIыж, нэпсым си нэр къыщипхъуарэ бампIэм си гур къызэгуичу… ГуIэгъуэр си махуэрэ гукъутэр нэхъыбэж схуэхъуауэ, си нэпсыр згъэпщкIуу, сыкъыщIохьэж нанэ деж… Нани къарууншэ, сымаджэрилэ хъуат. И лъэр щIихат ди унагъуэ дахэр зэрызэтекъутам, еплъурэ и къуэ закъуэр зэрыкIуэдым, сабиитIыр зэридзэкIыу нысэр зэрежьэжам. Нанэ сызэрыIуплъэу, си нэпсхэр къыщIэлъэдащ, езыми, псори къыгурыIуащи, сызришэлIауэ IэплIэ къысхуещI. ТIури дыкъыщиудащи, догъ… Зы псалъи тхужымыIэу догуIэ, допыхьэ… Iэсият цIыкIу япэщIыкIэ зыри къыгурымыIуэу къыдэплъащ, итIанэ абыи гъын къыщIидзащ, къэхъуар къыгурымыIуэ пэтми.

Псэхугъуэрэ жейрэ симыIэжу сыкъагъэнат си нэгу щIэкIахэм. Си махуэхэр жэщым хуэдэу кIыфIу згъакIуэрт. Дунейм зы гурыфIыгъуэ гуэри темытыж хуэдэт… Апхуэдэхэм деж егъэджакIуэхэм уроккхэм щыжаIэр тэмэму зэхэсхыртэкъым, си еджэнри нэхъыкIэ хъурт. КъысщыщIамкIэ егъэджакIуэр къыщызэупщIкIэ, зы псалъи къысхудэмышейуэ, мывэм хуэдэу сыжырт. Си нэхэр къихуу сеплъ мыхъумэ, зыри схужыIэртэкъым. Сытыт сэ абы жесIэнур? Пэжыр жесIэнути, сыукIытэрт… Хэти зиумысыжынт апхуэдэ мыхъумыщIагъэкIэ?.. Сыпсалъэртэкъым… БампIэм бзэншэ сищIат… Апхуэдэут сабийхэми сазэрыхэтыр.

Махуэр зыгуэрурэ дгъакIуэрти, гъуэлъыжыгъуэр къызэрысу, пэшхэм зыщIэдгуэшэжырт. Сэ нэхъ сызыщышынэр, нэхъ схуэмыхыр жэщырт. Жэщыр щымыIамэ, си гъащIэр тIэкIу нэхъ нэху, нэхъ тынш хъуну къыщIэкIынт… Сызыпэмылъэщ гупсысэ хьэлъэхэмрэ бампIэмрэ къыщызэжэр, сыщатхьэлапэр жэщкIэти, аращ апхуэдэу щIыжысIэр. Си пэшым къыздыщIэлъхэр псори жей IэфIым хыхьэжакIэщ. Сэри сыгъуэлъыжащ, арщхьэкIэ сыжеифыркъым, сагъэжейркъым гуныкъуэгъуэу сиIэм.



Ди пэш щхьэгъубжэм къыIууващ мазэ хъуреябзэ нэхушхуэр. Ар си анэ зи нэкIу сымыщIэжым изогъэщхь, арауэ къысфIощIри, сыкъыпогуфIыкI, зыхузогъафIэ. А мазэм и бзий кIыхь щхьэгъубжэм къыдидзхэр си анэм и Iэхэм хузогъадэ, ахэр къысхуишияуэ, си напэм, си щхьэфэм Iэ къыдилъэу къысщохъу, «щхьэ умыжейрэ, си хъыджэбз цIыкIу?» жиIэу. Мы зы жэщыракъым апхуэдэ нэкъыфIэщIхэр щыслъагъур, си жэщ къэси апхуэдэущ зэрызгъакIуэр… Хьэлъэкъэ-тIэ ар сэркIэ?!

Нэхущхэм дежщ жейм тIэкIу сыщыхилъафэр. Сэ сытым хуэдэу сехъуапсэрэ жэщкIэрэ зи анэм и псалъэ IэфIхэм шIэжеикIыжхэм, зи адэ и псалъэ гуапэхэмкIэ гушхуауэ дунейм тетхэм… Дэнэ щыIэу пIэрэ иджыпсту си анэр? Плъагъуркъэ, «си анэ» жызоIэ, «мамэ» зэрыжаIэ сщIэжыркъыми, сыщыужащи… Дэ еджэн щыщIэддзагъащIэм, ди егъэджакIуэм зэпымыууэ къыджиIэрт «мамэ», «папэ» псалъэхэм нэхърэ нэхъ IэфI дунейм зэрытемытыр. Ауэ сэ апхуэдэу къысщыхъуртэкъым. Си дежкIэ а псалъэхэм нэхърэ нэхъ дыджрэ нэхъ IэфIымэ къызыкIэримыхрэ щыIэтэкъым. ИтIани, пщэдджыжь къэскIэ сыгугъэрт, сыкъызэрыушу, си напIэхэр къызэрызэтесхыу, си анэм и IэплIэм сыкъихутэну. Абы сежьэу зызудыгъуауэ сыщыхэлъ щыIэт, ауэ иужькIэ си нэхэр къызэтесхрэ зыспльыхьмэ, си анэр къысщхьэщыттэкъым, сыздэщыIэри ди унэтэкъым. Слъагъур си ныбжьэгъухэмрэ дызыщIэлъ интернат пэш цIыкIумрэт… Сытыт сщIэнур?.. Дэнэ къисхынут анэ IэфIагъэрэ адэ гуапагъэрэ?..

НэпцIу къыщIэкIа си гугъэхэр лъэныкъуэ изогъэзри, адрейхэми хуэдэу, сыкъотэдж, зызогъэхьэзыр. Ауэ зыми гу къыслъимытэу бампIэм сехь…

Iэсият дэрэ аргуэру махуэ дгъэкIуэн хуейщ дыанэншэрэ дыадэншэу… Апхуэдэурэ гурыфIыгъуэншэу макIуэ ди сабиигъуэри ди гъащIэри. Сытым дыхуэкIуэнуми тщIэркъым…



*Усэхэр* БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

* * *

Цагъуэ Нурий, Дым Iэдэм –
А кIуэдыкIей хъуа лIыфIхэм
ДащегупсыскIэ – псэм
Къытозэрыгуэ лъыифхэр.

Политикэм щыасмыж –
Власть хэцIэнтхъуам и Iужажэхэр
ЖэщкIэрэ мыжеижт,
ЯмыгъэгуIэм псэ пажэхэр.

Цагъуэ Нурий, Дым Iэдэм –
Зи псэ къабзагъэр щапхъэу
Къыхуэдгъэнапхъэхэр бэм,
Ноби тхуэлъытэркъым щIагъуэу.

Политикэм и асмыж –
Властым хуэхьэIужажэхэр
ХъухукIэ дунейм темытыж,
Нурийрэ Iэдэмрэ пашэхэщ.

*2002*

КЪЭБЭРДЕЙ УЭРКЪ ШУУДЗЭ
*(1779)*

Къэбэрдей уэркъ шуудзэ,
дэнэ ущыбзэхар?
Дэнэ щыIэ уи жэрхэр, уи ныпыр?
Уяпэ къищу уи уанэр
хэт уи шыбг изыхар,
Къыдыхьар хэтыт щэхуу уи щIыбым?

Къэбэрдей уэркъ шуудзэ,
блэлъэтащ илъэс щитI,
Лъэпкъ къэнам зыкъыхуэмыIэтыжу.
Зэм мэщэIу, зэм мэбгъунлъэ,
лъэгуажьэпэкIэ щытщ,
И шуудзэ хэщIам кIэлъыплъыжу.
Бэлэрыгъ щымыIамэ – мыгъуагъэ щыIэнт,
Уэркъ шуудзэр убэлэрыгъами,
Уи мыгъуагъэр ди лъэпкъым
и гум куэдрэ къеIэнщ,
Илъэс щитIкIэ куэд ныпкIэлъыгъами.

*25.09.2014*

## АДЫГЭ IУЭХУ

Адыгэ Iуэху къызыфIэIуэху
Бгъуэтынкъым къэрал лъэщу.
Допсэу апхуэдэу... дыщыIэху
Дегупсысынущ тхуэщым.

Насып дэ тхуэщ, тхыдэшхуэ тхуэщ,
Тхуэщ илъэс мин зыбжанэр?
КъытхуащIрэ ди лъэпкъ гъащIэр кIэщI,
КъытхуащIмэ – сыт итIанэ?



Адыгэ Iуэху къызыфIэIуэху
Яхэткъым къэрал инхэм.
КъыдэфыкIынущ дыщыIэху
БлэкIа тхыдэжь къиинып.

Дэ къыдэфыкI къафIэмыIуэху.
Ди Iуэхур Iэтыгъуейми,
Дегупсысынущ дыщыIэху
Къытлъысым – фIыми Iейми.

Къыщытлъысари дэнэ тхьын,
Хэлъщ ди лъым къытлъысари.
Аращ мыпхуэдэ усэр ттхын –
Къалэн къытщызыщIари.

*4.10.2014*

## ИНАЛ И ЩIЭБЛЭ

ЗыкъэIэтыж, Инал и щIэблэ,
Къызэщыуж, зыкъэIэтыж.
Дуней кIуэ пэтми къызэщIэплъэм
УвыпIэ хуит щыубыдыж.

Зыузэхуж, Инал и щIэблэ,
УемыпсынщIэкIыу зэплъэкIыж.
Уи тхыдэ щIагъым бампIэу щIэлъыр
Нур пакIэу къэублэрэнкIыж.

Зыкъэlэтыж,  зыузэхужи,
Гуауэшхуэр уи гум игъэхуж.
Ууейр, уи фlыцlэри уи хужьри
Зэрыщlэжауэ гъуэгур кlуж.
*4.10.2014*

*   *   *

Къэит-Беи. Нэгъуэщl беи
Къытхуахьакъым lэлыфбей.
Нобэкlэ дызэрыбейри
Мамлюк пхъашэхэм ямей.

Хэлъщ я лlыгъэр пшахъуэ пщтырым,
Удз я кхъащхьэм къыщымыкl.
Хэхэс гъащlэм, гъащlэ сырым
Цlыху егъалlэ, лъэпкъ еукl.
*5.10.2014*

*   *   *

Сочэ щыщlэдзауэ Сунжэ нэс
Щызэхэсхыу адыгэбзэ къабзэ
Сыгъэлъагъу пщlыхьэпlэурэ жэщ къэс,
Махуэкlи абыкlэ сыгъэхъуапсэ.

Бзэр щымыlум си гур щымыпсэху,
Си гур емыкъуф, щlымыгъумэ ди бзэр.
Къытхуеплъых мо дыгъэу хэкум къипсэр
Дэркlэ хуабэщ, ди бзэр дэбэуэху.
*29.12.2013*

*   *   *

Лъапсэрых е хэкукъутэ зэреджэр? –
Ди блэкlам и пэжыпlэр къэщlэж.
Уафэм чымпэкlэ удэуейкlэ –
Пшэм къыздикlымкlэ имыгъэзэж.

Лъапсэрых е хэкукъутэ зэреджэр? –
Зэрагъэхь щыlэу къысхуэмыщlэж.
Уи гур куэдрэ мэплъэж пасэреймкlэ,
Нобэрейри имыщl зэхэгъэж.
*1.01.2014*

*   *   *

Лъэпкъым и гуауэр, лъапсэм и гуауэр
Кlий-гуо хэмылъу псэкlэ бгъэващ.
Къыбжаlэфынукъым узэщагуауэ,
Уамыушкlумпlу укъэнэфащ.

Уи псэр хъуэпсэнущ упсэухункlэ,
Уи псэр мыхъуапсэмэ, гъащlэ щыlэж?

Нэху гуэр уи нитӀым къыщӀидзэхункӀэ,
Нэхъ къабзэм, лъагэм уи гур хуеӀэнщ.
*23.02.2014*

* * *

Хъуакъым икӀи хъунукъым,
Хъупхъэ къагъэнакъым.
Хэкуми щӀым и гъунэми
Дыщагъэунакъым.

Хъуакъым икӀи хъунукъым,
Фызэрыземыхьэ.
ЩӀэбупщӀыкӀмэ гъунукъэ?
Бгъэгъумэ – умыпыхьэ.
*5.06.2014*

* * *

Дэнэ здэкӀуэр ди бзэр –
ЗыдиунэтӀар?
Хэт къещакӀуэу ди псэм
Мащэ къэзытӀар?

Дэнэ бзэр здэкӀуэжыр?
Уэгура е – щӀытӀ?
КъыдгурымыӀуэжу
КъытщыщӀари сыт?
*3.07.2014*

* * *

Бзэр – лъэпкъырщ, лъэпкъыр – бзэр аращ,
А тӀум ямыӀэ зэгуэхыпӀэ.
Апхуэдэу жызыӀар сэращ,
Пысщэнущ, сифшэми укӀыпӀэ.

КӀуэдыпӀэ дывмыгъэху мы бзэр,
Бзэр идвмыгъашэ кӀуэдыжыпӀэ.
Иджыри къэскӀэ тхъума псэр
Хэвмыкуэ хамэм я куэншыбым.
12.08.2014

* * *

Къызэхакъутэу къызэхатхъуэжа
Ди лъэпкъ хьэл-щэн,
Сыногупсысурэ себгъэзэшащ,
Сэ сыт пхуэсщӀэн?!

КъысхуэпщӀэжынури куэду къысфӀэмыщӀ,
Къызэплъ – сымис.
Сыщоуэр, ауэ си псэр мыфэрыщӀ,
Дегъэгупсыс:

Фитlнагъэр лlыгъэм и пlэ иуващ,
Зезыхьэм бзэгу
И бгъэгур цlуугъэнэм щlиуфащ,
Куэд хуоуэр lэгу.

Гу лъыдмытэжурэ фэрыщlагъыр дин
Тхуэхъуа къысфlощl.
Къафlэщlу хъуащ нэхъыбэм пэжыр гын,
Фlейр нэм къыщlощ.

Къызэхакъутэу къызэхатхъуэжа
Хьэл-щэн къиин,
Мыбы къеджэнухэр къэмыгубжьа
Щlыкlэ – пысчынщ.

*13.07.2014*

* * *

Зэlыхьащ ди lуэхур, ди лъэпкъ lуэхур,
Бзэр тlэщlокlыр, лъэпкъыр хопшэхъуэж.
Дигу дгъэтlылъу зедмыгъэгъэпсэхуу,
Жэщкlэрэ ди жейм дыхелъэфэж.

Дыкъэушмэ – гъуэгур нашэкъашэщ,
Япэкlэ дызышэр къемыплъэкl.
Къытщхьэщыгъуэлъхьапэ зэман пхъашэм
Дешх, дегъэткlур къимыгъанэу лъэкl.

*20.08.2014*

* * *

Тхьэмпэ ныкъуэгъу къыстетlысхьам
Гупсысэ гугъухэм сахихьащ...

Дуней джэрэз, къызыпыщэщ,
Уэ укъыщигъэщlар дапщэщ?

Гуфlэгъуи бампlи къыдэзыт,
Укъызыхуигъэщlари сыт?

Зэгуэрым уэ къыпщlэрыlам
Мураду сыт дэ къытхуиlа?

*23.08.2014*

АЖЭГЪУЭМЭ

Ажэгъуэмэр къыхэкlащ...
Тетlысхьэпlэхэм тlурытlу
Тесхэм зызэрашэкlащ,
Щабэу зэрыубыду.

Гъатхэщ – гъалъхуэщ. Дуней нэхущ.
Псэр мэлъатэ хуиту,
Мурад дахэ зэпищэху
Нурыр къыщхьэщыту.

*11.03.2012*

АРАНЭ*

Сабиигъуэм и зы махуэ,
Къэса жьыгъэм и зы жэщ...
ГукъэкIыжхэр пхъэупсахуэу
Си гупсысэм кIэрощэщ.

Къэпщыпынуи – IэбапIэншэщ,
Къыумыщыпми – уахуозэш.
ГукъэкIыжхэр зэрызешэу
Си гупсысэм кIэрощэщ.

Ди щIалэгъуэ, ди аранэм
Къытогъуалъхьэ пшагъуэ Iув.
Си хъуэпсэныр хэтщ гукъанэ –
Пшагъуэ Iувым пхымыкIыф.

*2012*

* * *

Дэ абы къыдащIам
Гъуни нэзи имыIэ.
ДимыIа къыддэщIа,
Къыткъуэтаи щымыIэ.

Лъэпкъыр дахопшэхъуэж,
Гур мэузыр зишыIэу.
ДоплъэкIыж, дыхоплъэж,
ПлъапIэ щIагъуи димыIэ.

Дэ абы къыдащIар
Ноби щхьэм къимытIасэ.
ДафыщIащ, датIэщIащ,
Ди псэр фIэлъу штык-дзасэм.

*24.08.2012*

* * *

И щхьэ зэрехьэри дэтщ
Фызыжь къулейсыз гуэр.
ТIэкIу къезытынур хэт? –
Псори зыщIыпIэ мэпхъэр.

Псори зыщIыпIэ зэроху,
Псоми зыгуэр къащэху.
Фызыжьым и гур поху,
КIэзызу зеущэху.

*Аранэ – дэкIыпIэ зыхуамыгъуэт лъагапIэ.

Къыщ|эмыхъуарэ бын?
Е и бын къыщ|эхъуар,
Хъууэ хьэбыршыбыр,
Щыгъупща къэзылъхуар?

Мо уэгури сыту тк|ий,
Сыту гугъу|уэ щ|ыгур.
Макъыншэу псэр мэк|ий,
Нэр гъущэу магъыр си гур.
*1.06.2013*

* * *

Акъужьым тхьэмпэр къегъэпсалъэ,
Я щэху къаригъэ|уатэу.
Зэда|эта шейт|ан|упс налъэр
Бзийм хуэдэу пк|атэлъатэу.

Ар, дауик|, дыгъэм и |ыхьлыкъым,
Игъаф|эми дыгъэпсым...
Гурыуэщ жьапщэр – угъурлыкъым,
Акъужьырщ псэм и шхэпсыр.
*13.09.2013*

* * *

Апхуэдэ гъатхэ тлъагъужынукъым,
Блэк|ащ, блэлъэтри – бзэхыжащ.
Къытебгъэзэжу угъыжынукъым,
Нэр жэщ|ри, уи псэр псэхужащ.

Сыпоплъэ си псэр псэхужыным,
Абы и гугъу уэ ныпхуэзмыщ|.
Пщ|ыхьэп|эу сыныпхуэзэжынум –
Ирехъу си гъащ|эр пщ|ыхьым щыщ.
*4.12.2013*

* * *

Дуней шынагъуэм бын къытеплъхуэныр,
Дауик|, мыкъалэн ц|ык|у.
Сыт хуэдиз ц|ыхум я фэм дэхуэнур?!
Езыхэри сыт хуэдэ ц|ыху?

Тхьэ уахуелъэ|ук|э емык|у къэпхьынкъым –
Хьэлэбэлыкъ хэмык|щ,
Зауэм, мыгъуагъэм, власть зэф|эхьыным
Къащ|игъэлъадэу лъык|псык|.

Лъыр гъущыжыным щхьэр щытедухуэм,
Зыщ|ып|эк|э къыщыпхеуд.
Загъэпудыжу къанэркъым ц|ыхум,
Щ|ыгу дахэри т|эк|у ягъэпуд.
*13.12.2013*

*   *   *

Уигу къэкIа гупсысэ Iейм
КIэлъыпхъуэжи, къегъэгъазэт.
Ар хуэфащэ мы дуней
Къагъэнэхум дыгъэ-мазэм?

ТIури уэ къыумыгъэщIа.
Сыт хэпщIыкIыр дунеижьым?
ГупсысэнкIэ зыбгъэнщIам –
Ириплъэжыт уи лъэужьым.

*21.12.2011*

*   *   *

Мы дунейр зи дахагъ
ЦIыхуфI Iэджи щагъагъ,
ЩызэблэкIри тхьэмыщкIэу куэдыIуэщ.
Хэт пщIыхьыфI и пIэщхьагъщ,
Хэт и гъащIэр дыхьэгъщ,
КъызыхэкIыр ар къыгурымыIуэу.

Вагъуэ Iэджи къопщIыпщI,
ГъащIэр хьэлъэ тщызыщI
ЩхьэусыгъуэхэрпшэмщыгъэпщкIуащиЩхьэусыгъуэхэр пшэм щыгъэпщкIуащи,
Инэм нэсмэ, цIыху цIыкIур,
Пэжу, сытым дыщыщ?
Ар жысIэну сытемыгушхуащэ.

*10.01.2012*

ДОЖЬЭЖЫР ДЭ ГУПЫР

Дожьэжыр дэ гупыр,
Хуэм-хуэму дожьэж.
Къытпэплъэ ди Къыпыр
И хьэршым щозэш.

Хьэрш лъагэм и гъуэгухэр
Нэхъ нэхущ, нэхъ шэщIащ.
Лъыхъуа ди щIалэгухэр
Мы щIым кIэрыпщIащ.

Мы щIым кIэрыпщIащи,
КъыкIэрычыгъуейщ.
Мыкуэдми, фIы тщIащи,
Длэжьар къаугъуей.

Ди къуэшхэр здэщыIэм
Шынагъуэ щыIэн?
Хьэрш лъагэм и пщыIэр
Мыхуабэу – щыIэн?!

*12.06.2001*



*Усэхэр*

ШОРЭ Ахьмэд

УИ ПЩЭДДЖЫЖЬ ФIЫУЭ, АДЫГЭ ЛЪАХЭ!

– Уи пщэдджыжь фIыуэ! –
ЩIым токIуэт жэщыр.
– Уи пщэдджыжь фIыуэ! –
Дыгъэр къыкъуокI.
– Уи пщэдджыжь фIыуэ! –
Къоушыр бзухэр,
Удзхэр щIым нэхъри
КъыхотэджыкI.

Я напIэ цIыкIухэр
КъаIэт сабийхэм,
ГуфIэу я анэхэм
Я Iэр хуаший.
КъызэIуах унэ
КъэсыхукIэ и бжэр,
Къогъагъэ нэхъри
Iущхьэр, дадур...

– Фи пщэдджыжь фIыуэ,
Дунейм тет цIыхухэ!
Фи пщэдджыжь фIыуэ
Махуэ къэсыху!
Уи пщэдджыжь фIыуэ,
Адыгэ лъахэ!
Уи пщэдджыжь фIыуэ
ЩIыр зэфIэтыху!

## АБДЕЖЩ АДЫГЭУ ЗЫДБЖ ЩЫХЪУНУР

Зыми сэ пызмыщIу,
Си Адыгэ лъахэ,
Къэрал бейрэ уардэу
Ущытащ зэгуэр,
Уашхмэ узэпатхъыу,
Къогъуурэ къекIуэкIри,
Мы тлъагъу мащIэ тIэкIурщ
Нобэ къэнэжар.

Ауэ уигу лIыхъужьыр
Кърихыфакъым зыми,
Уэ пхэлъа пагагъэр
Нобэ уи шэсэгъущ –
Лъагэу Iэта уи щхьэр
Зым хуумыгъэтIылъу
Уэ уопсэу, уи гъащIэр
Абы ищIми гугъу.

Сэ солъагъу, уэ ноби
МащIэкъым пхуэдалъэр.
Къытхэтщ дэри гъуащэу
Уи къарур щIэзых.
ЩыIэщ и щхьэ Iуэхум
И нэр къыщипхъуауэ
Нэхъ Iыхьэфl лъысын щхьа
И щхьэр езыгух.

Ауэ ахэракъым
ДыкъызэрацIыхур,
ДиIэщ мыкIуэдыну
Тхыдэм и лъэужь.
Ауэ абы уи щхьэр
ДэпIэтыныр мащIэщ,
Тхыдэм пумыщэжмэ,
Ар сыт ищIысыж!

Мис а тхыдэм нобэ
Псэухэм къыпыдвгъащэ,
Хэлъхьэныгъэ хуэтщIу
Дызэдэвгъэпсэу.
Мис абдежщ ди лъэпкъыр
Лъэпкъыу къыщынэнур!
Мис абдежщ адыгэу
Зыдбж щыхъунур дэ!

## МАХУЭ КЪЭС КЪАРУ КЪЫЗЕТ

Си Адыгэу си гущапIэ,
СэркIэ пхуэдэ щIым темыт.

Лъагъуныгъэу уэ пхузиIэм
Махуэ къэс къару къызет.

Си Адыгэу хэкужь лъахэ,
Си пшыналъэу лъэпкъ лIыхъужь,
МыкIуэдыну дуней тхыдэм
Къыщыбнащ уэ уи лъэужь!

Ену гугъуу кIуа уи гъащIэм
Уи щхьэр лъагэу пIыгъыфащ.
Хэт леягъэкIэ къощами,
Адыгагъэр пхъумэфащ.

МурадыфIхэр къаруугъуу
Зэман хьэлъэм упэщIэтщ.
Уи гум илъыр къыбдэхъуну
Уи фIэщ хъуууэ гъуэгу утетщ.

Къэрал куэдым щикъухьауэ
Псэу уи бынхэр зы пщIыжынщ.
Зы захуагъэ гуэр щыIэжмэ,
Зэ нэплъэгъуэ бгъуэтыжынщ.

Си Адыгэу хэкужь лъахэ,
Си пшыналъэу лъэпкъ лIыхъужь,
МыкIуэдыну дуней тхыдэм
Къыщыбнащ уэ уи лъэужь!



АДЫГЭ ПЩАЩЭ

Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ,
Дахагъэ пщалъэ хэткIи фыхъуащ.
ЛIыгъэм, щыпкъагъэм щытепсэлъыхькIэ,
Хэти игу къэкIыр япэу фэращ.

Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ,
Мы дунейм теткъым фэр нэхъ дахащэ.
Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ...
Сыту фэ тIури фызэхуэфащэ!

Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ,
Дунейм цIэрыIуэ фэ фыщыхъуащ.
Адыгэ лъэпкъым иIэ дахагъэр
Зэман блэкIахэм къыпхыфхыфащ.

Адыгэ фащэр, фащэ дахащэр
Къихьар зи лIыгъэ адыгэращ.
Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэр
Псом нэхъ зэзэгъыр фэ цIыкIухэращ.

Адыгэ пщащэ, адыгэ пщащэ,
Ену удз гъагъэу уопсэу дахащэу.
Адыгэ фащэр зыщыптӀэгъамэ,
Арыххэу уохъур Сэтэней гуащэ.

Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ,
Мы дунейм теткъым фэр нэхъ дахащэ.
Адыгэ пщащэ, адыгэ фащэ...
Сыту фэ тӀури фызэхуэфащэ!

ЛЪЭПКЪ НАГЪЫЩЭ

Ди лъэпкъ нагъыщэу
Адыгэ фащэ!
Цей, хьэзыр, сэшхуэ,
ПыӀэ, къэптал...
Ди лъэпкъыр псоми
Къахэзыгъэщу
ЛӀыгъэм хуезыджэу
ФӀыр зи уэчыл!

Лъэпкъ зэхуэмыдэу
Исхэм Кавказым
Зыр адрейм пеуэу
Къызэдащта!
ЗэфӀэкӀыу иӀэр
Зыгъэлъэгъуэнум
Нэхъ фащэ екӀуу
Уэрщ къилъытар.

Мес, къэзакъ щӀалэм
КъыщолыдыкӀыр,
Куржыри фащэм
ЩӀохъукӀ къудан.
Адыгэш тесу
Ахэр плъэгъуамэ,
АдыгэлӀ нэсу
Хэти пщыхъунщ.

– Зыщывгъагъ фащэр! –
ЖыдоӀэр хэти,
ЦӀыхугъэм ди гур
ХузэӀухащ.
Адыгэ фащэр
Хэт зыфӀилъхьами,
Ди хабзэр ищтэу
Тлъытэу аращ.

Ди лъэпкъ нагъыщэу
Адыгэ фащэр

Нэхъ акъыл жаным
Къигупсысащ.
Адыгэ щIалэм
Ар хуэфэщэжу
ЛIыгъэм и фащэу
Тхыдэм хыхьащ.

* * *

Узыщыщ лъэпкъым
Къуитамэ нэмыплъ,
Ар нэгъуэщI гуэрми
ФIы хуэщIыжынкъым.
Узыщыщ лъэпкъым
ЖиIамэ уифI,
Ар нэгъуэщI гуэрми
ПIихыжыфынкъым.

УТЕМЫПСЭЛЪЫХЬ УЭ

Утемыпсэлъыхь уэ
Апхуэдизрэ адыгагъэм.
Утемыпсэлъыхь уэ
Апхуэдизрэ цIыхугъэм.
Трепсэлъыхь нэгъуэщIхэр
Уэ пхэлъ адыгагъэм,
Трепсэлъыхь нэгъуэщIхэр
Зепхьэ цIыхугъэм.

БАМПIЭР ДИХЫУ

Хъеящ щIыгур
Зыри пэмыплъауэ:
Джэлащ жыгхэр,
Унэхэр къэуащ...
Iейуэ тщIэхэр
Щыхуэмышэчыжым,
БампIэр дихыу,
ЩIыгур къэсысащ.

НЭХЪ СФIЭФIЫР

СфIэфIщ сэ нэгъуэщI цIыхухэм
ФIыуэ салъагъуну,
ЯхузэфIэкI къысхуащIэу
ЗыкъысщIагъэкъуэну.
Ауэ нэхъ сфIэфIыжщ сэ
Ахэр къысхуэныкъуэу
Къызэрысщыгугъыу
СакъыхущIэкIыну.

ГЪУДЖЭМ ЖИIЭР ПЦIЫЩ

Сынолъэlур къыумыщтэну гъуджэр,
Уимыплъэну сынолъэlу абы.
Си фIэщ дыдэу тхьэ пхузоIуэр: гъуджэм
ЖиIэр пэжкъым. Абы къиищыр пцIыщ.

Уи нэкIу щабэр сэркIэ зы зэлъакъым,
Дыхьэрэну нурыр къыщхьэщех.
Дэ унагъуэ дыщыхъуа зэманым
Хуэдэу ноби си гур уэ сIэпох.

КIэрыкI гъуджэм. Абы жиIэр пэжкъым,
Мы си нитIыр гъуджэ псом я лейщ.
СэркIэ уэ удахэщ япэм хуэдэу!
Уэращ, си псэ, ноби си дунейр!

Сэ дызолъэ си Iэр уи нэкIу щабэм,
Си щхьэр хуэму уи бгъэм изогъэщI...
Нобэ хуэдэщ дыщызэIущIари,
Мы си гъащIэр нэхъри IэфI къысхуощI.

Мыр зэгъащIэ: гъуджэ псори нашэщ.
Уимыплъэну сынолъэIу абы.
Уэр нэхъ дахэ сэркIэ теткъым щIылъэм!..
ГъэтIылъ гъуджэр. Абы жиIэр пцIыщ!



*Леонидзе Георгий 1899 гъэм Грузием щыщ Папар Дзеули къуажэм къыщалъхуащ. Ар куржы усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ, классикыу ябж. Леонидзе и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ куэд. СССР-м и Къэрал саугъэтыр (Сталиным и цIэкIэ щыIар) щэнейрэ къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу усакIуэм къратащ Ленин ордену тIу. Илъэс зыбжанэкIэ Леонидзе Георгий лэжьащ Грузием и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу, иужькIэ, дунейм ехыжыхункIэ, Руставели Ш. и цIэр зезыхьэ литературэ институтым и унафэщIу щытащ.*

*«Леонидзе Георгий 20-нэ лIэщIыгъуэм псэуа куржы усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ», – итхыгъащ Лермонтовым и творчествэр куууэ зыджа, СССР псом къыщацIыхуу щыта литературэдж цIэрыIуэ Андронников Ираклий.*

*Леонидзе и «Маритэ» рассказым ипкъ иткIэ кинорежиссер Абуладзе Тенгиз триха «Древо желания» кинофильмыр ди хэкум и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдым щагъэлъэгъуащ. Абы саугъэт лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщащ Ираным, Болгарием, Италием, Францием.*



## ЛЕОНИДЗЕ Георгий

# МАРИТЭ

*Рассказ*

Хэт дыгъэр фIыуэ зымылъагъур! Дыгъэм зыхуеший бгъэ абрагъуэми уэгунэбзу цIыкIуми. Ауэ псом хуэмыдэу дыгъэр фIыуэ зылъагъур гранатырщ. УафэхъуэпскIым ещхьу къызжьэхолындэ гранатым и бзий нурыр. Сытым хуэдэу фIыуэ слъагъурэ сэ абы и гъэгъар. Езы дыгъэр армырауэ пIэрэ ар къэзыгъэлындыр? Хьэуэ, си фIэщ хъуркъым адрей удз гъэгъахэм ещхьу ар хуэлэжыну, фагъуэ хъуну, и тхьэмпэ цIыкIухэр къыпыщэщыжу кIуэдыжыну. Хьэуэ, хьэуэ, си фIэщ хъуркъым! Ар дыгъэм къигъэщIащ, дыгъэ бзийхэм я уэрэду зэхэлъщ, абы и дэтхэнэ тхьэмпэ цIыкIуми къыбжаIэ дыгъэмрэ абырэ зэрызэблагъэр...

Гранатым хуэдэу дунеишхуэм къигъэщIа дахагъэхэм ящыщ зыуэ щытащ куэдрэ си нэгу къыщIыхьэж Марити.

Маритэ! Ар си сабиигъуэм сиIа ныбжьэгъу пэжт. Хъыджэбзу щыIэм я пащтыхьт. «Уэ дыгъэт къыпфIащын хуеяр», – жраIэрт Ма-

ритэ. «Уафэм и дахагъэр зымылъэгъуар фепIэщIэкI, Мухат-Цхарэ фыкIуэ!» – жаIэрт цIыхухэм.

Езгъэлейуэ фимыгугъэ – жылагъуэ жыжьэхэм къикIыурэ къакIуэрт Маритэ еплъыну. КъакIуэрт, еплъти, ягъэщIагъуэрт: «Хэт уэ укъэзыгъэщIар, тхьэIухуд?» И дахагъэм дригушхуэу ауз псом диIэт Маритэ.

Иджыпсту слъагъум хуэдэу си нэгум щIэтщ мрамор хужьым ещхь абы и нэкIу дахэр. Тхьэрыкъуэ цIыкIуу сабырт, май уэшхыу щэхут, жызум Iэрамэу зэкIужт, укIытэхти, и напIэр къиIэтыртэкъым, тхьэмпэхэм едэхащIэ акъужьу гумащIэт. ЖыпIэнуракъэ, жэнэт псэущхьэт Маритэ.

Фэ зэи фи нэгу къыщIэвгъэхьакъэ щыхь шырым и нэ цIыкIухэр? Апхуэдэ нэхэр зэрыс и нэгур къилыдыкIырт Маритэ. Гранат лыдым и фэм ещхьу кIуэ пэтми гъагъэрт абы и дахагъэр.

Уафэм къеха лэгъупыкъуу, къуажэ уэрамхэм ирикIуэрт къызэрыгуэкI чэсыргей бостей екIупсу зыщыгъ Маритэ. ГъэщIэгъуэнщ дызытет дунейм и хьэлыр! Языныкъуэхэм деж ар сытым хуэдэу жумарту хуэупсэрэ и нэфI зыщыхуа и бынхэм! Ауэ Маритэ и Iэпкълъэпкъым, и теплъэм яIэ дахагъэм нэхърэ нэхъ дахэжт и псэр. Абы зыхищIэрт а насыпышхуэ къеуэлIар зыхуэдэр – пхужымыIэн дахагъкIэ Тхьэр къызэрыхуэупсар икIи а тыгъэ лъапIэр, Iэпыхун фIэщIу, хуэсакъыу ихъумэрт. Сыт хуэдиз щIалэ щатэрэт «Хэту пIэрэ ар зылъысыну насыпыфIэр? Хэт ар зышэу сысейщ жызыIэнур?» – жаIэу.



... Ди унэ гупэм къит жыг абрагъуэм и щIагъым щIэтт Чачикэ и унэжь цIыкIур. Абы ипхъут Маритэ – ди унагъуэм пхъу яхуэхъуар, си ныбжьэгъур, анэ зимыIэу зеиншэу къэхъуар. Ар и анэшхуэ Лелаури и жьауэм къыщIэхъукIат. А лъэхъэнэм Маритэ хъыджэбзыжь цIыкIут, сэри сыщIалэжь цIыкIут, ныбжькIи дызэхуэдэт. Сыт хуэдиз щIа, итIани нобэ хуэдэу сощIэж ар япэу щыслъэгъуар...

Сентябрыр и кIэм нэблэгъат. Жызумыр зэщIакъуэжат, шагъыр зэрыт кхъуэщынхэр щIы къатIахэм ирахьэхри я щхьэхэр ятIагъуэкIэ яижат, дей тхьэмпэхэр тралъхьэри ятIи тратхъуэжат. Нартыху паупщIагъэщIэм и мэр пщIантIэхэм дэтт. Хьэуам узэпхыплъырт, уафэр бзыгъэт.

Щыму, нэщхъейуэ щытт си Цив-бомборскэ бгыхэр. И щIагъым, аузым, сампIэм къуапхъуэта сэшхуэм и дзэм ещхьу, щылыдырт Йори псыр. Дэ, къуажэдэс щIалэ цIыкIухэм, къэджыхьырт, зыщхьэпрыддзырт, уэрэд жытIэрт, тлъэкI къэдмыгъанэу ди нэгу зедгъэужьырт. Махуэ гуэрым ди пщIантIэм къыдыхьащ зы шу. Езыр лIыкут, и щхьэцым тхъугъэ хидзат. Абы и шыплIэм дэст зы хъыджэбз цIыкIу. Ар Маритэт.

Хъыджэбз цIыкIум и щхьэц дыщафэхэр екIуу пыпхыкIат, и нэхэр къащхъуэт. Сэ къысфIэщIащ ди пщIантIэм удз гъэгъа дахэ къыдыхьауэ икIи зэрыщыту гъэгъам псори зэщIищтауэ. Ар зэрыслъагъуу си

пIэм сижыхьри, зыкъомрэ хьэщIэхэм сеплъу сыщытащ. Зэман дэкIа нэужь зыкъэсщIэжщ, сытегушхуэри хуэм дыдэу абыхэм сабгъэдыхьащ... Куэд мыщIэуи Маритэ сэрэ джэгуэгъу дызэхуэхъуащ.

Абы и адэ Чачикэ и щхьэгъусэр зэрылIэрэ куэд щIатэкъым. Ар жыжьэ къикIри ипхъу цIыкIур щIыгъуу къэкIуат дунейм ехыжа и щхьэгъусэр щыпсэуа ди къуажэм.

Си анэр гуфIащ къыщалъхуам етIуанэ анэ зыхуэхъуа, пхъу ищIа хъыджэбз цIыкIум зэрыIуплъэу. Абы хьэщIэхэр гуапэу къригъэблэгъащ. Махуэ псом Чачикэрэ абы и пхъумрэ ди деж щыIащ. ИтIанэ ахэр кIуащ ди гупэм къит унэм – Чачикэ и щыкъу анэ Лелаури деж.

Гугъуехьым къыщIэтэджа Чачикэ а махуэ дыдэм лэжьэн щыщIидзащ Лелаури фызыжьым и пщIантIэм. Куэд мыщIэу жызумей бэлыхь щигъэкIащ и щыкъу анэм и хадэм. Махуэ псом къикIыртэкъым Чачикэ абы – сыт щыгъуи жызумейм деж щыпэщащэрт. Зэман дэкIри гъунэгъухэри къыщытхъуу хуежьат: «Чачикэ ищIа шагъырым махуэшхуэхэм уефэну гуэныхь пылъщ. Хущхъуэм ещхьу, ар ткIуэпс зырызурэ егъэхын хуейщ!» жаIэрт.

Езыми Лелаури яхузэфIэкI къамыгъанэу лажьэ щхьэкIэ, Чачикэ и унэм щIэлъ щыIэтэкъым. Марити щIэх дыдэу еджэкIи тхэкIи зригъащIэри, уеблэмэ, нэгъуэщIхэри иригъаджэ хъуат. Ауэрэ илъэс зыбжанэ докIри хъыджэбзым алэрыбгъущI Iэзэ къыхокI. Абы и алэрыбгъухэр хидыкIырт гъатхэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэм ещхьу дахэу.

А лъэхъэнэм сэри усэ стхыуэ щIэздзащ. ТIуми художникыу зыкъэтлъытэжа, сытми дякум дэлъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри быдэ хъуащ. Ауэ, – сыт фэ тIур а лъэхъэнэм фызэзышэлIар, – жаIэу къызэупщIамэ, – Маритэ и макъ щабэр, и дахагъэр, и къабзагъэращ, – жысIэнут.

Маритэ занщIэу и фIэщ хъуащ сэ усакIуэ къысхэкIыну.

– Уи усэхэр къызэт, – къызэлъэIурт ар, – ахэр сэ алэрыбгъум и кум щыхэздыкIынщ. ИхъуреягъкIи розэкIэ згъэщIэрэщIэжынщ.

АрщхьэкIэ си усэхэм ящыщ гуэрми къилэжьрэт Маритэ и Iэпэхэм IэщIэплъхьэну. Ноби сэ Маритэ и фIэщ схуэщIынтэкъым абы и алэрыбгъухэм щыхэбдыкI хъун усэ иджыри къыздэсым стхауэ.

Сыт хуэдиз гугъуехь илъэгъуа Лелаури фызыжьым! Сытым хуэдэ лэжьакIуэт ар. Марити хуэм-хуэмурэ абы ещхь хъурт. СощIэж, а лъэхъэнэм сытым хуэдэу сфIэгуэныхь хъурэт щхьэмыж къэзыщыпхэр. Ар нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуэр цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэт. Июль дыгъэ гуащIэр я щхьэщыгу къиту махуэ псом ахэр хьэсэм хэтт гуэдзыр пызыупщIу пхыр зыщI цIыхухъухэм яужь иту, пхафэм къыхэна щхьэмыжхэр зырызыххэу зэхуахьэсу. А зэхуахьэса тIэкIур цIыхубзхэм ящэрт – чэсыргей, бумэзей къащэхуу бостей ядыну, я бынхэм щыгъын хуащIыну.

Июль махуэ хуабэхэм, адрей цIыхубзхэм ящIыгъуу, пщэдджыжь нэмэзым Марити пхафэм хэувэрти егугъуу щхьэмыж зэхуихьэсырт. Сэ хуабжьу къызэхьэлъэкIырт Маритэ а лыгъейм зэрыхэтыр икIи абы сыдэIэпыкъуну сыдэкIырт. Си анэр дапщэрэ къызэшхыда дыгъэм укъ-

риудынщ, жиIэу, сыт хуэдизрэ сигъэшынэну хэта, арщхьэкIэ апхуэдиз гугъуехьыр Маритэ зэрытелъыр сщIэуэ, унэм сыщIэзэгъэнт?

– КIуэ, си псэм хуэдэ, унэм кIуэж, дыгъэм уижьэнщи сымаджэ ухъунщ, – щабэу къызжиIэрт Маритэ, ауэ абы и макъ гуакIуэр зэхэсха иужькIэ лъэбакъуэ сымычыфу си пIэм синэрт.

Пщыхьэщхьэ хъурэ къэкIуэжамэ, Маритэ и нэкIу дахэм унэжь ныкъуэкIыфIыр къигъэнэхурт. ГъэщIэгъуэныратэкъэ, махуэ псом гугъу зэрехьар и нэгум иплъагъуэртэкъым абы. Лелаури фызыжьми, и пхъурылъхум еплъыху гухэхъуэгъуэ игъуэтырт икIи псалъэ IэфIхэр хуигъэшырт:

– Си удз гъэгъа дахэ! Си пшэ псынщIэ цIыкIу! СыткIэ ухуей уэ пхъуантэдэлъ? Уи дарий щхьэц щабэхэр уи къулеягъэщ. Уи нэ удз гъэгъахэр уи пхъуантэдэлъщ!.. Уи нэкIур мазэ бзыгъэщ, уи плIэмрэ уи пщэмрэ апхуэдизкIэ хужьщи, уемыплъыфу нэхэр щоункIыфIыкI...

Мис апхуэдэу, и лъакъуэхэм щегъэжьауэ и щхьэм нэс щытхъупсыр къригъэжэхыурэ, и пхъурылъхум еубзэрабзэрт Лелаури.

И анэшхуэр къыщеплъкIэ, укIытэурэ, Маритэ абы зыхуигъафIэрт.

– Си псэр, си гъащIэр уэр щхьэкIэ стынщ, си зеиншэ цIыкIу, си налкъутналмэс къабзэ! – жиIэрт фызыжьым, тахътэм ису хъыджэбзым и щхьэцыр щыхуиухуэнкIэ.



Марити, щыхь шырым ещхьу зиущэхуауэ, абы жиIэм едаIуэрт.

– Си бзу нэщхъыфIэ цIыкIу, си розэ хужь, си тхьэрыкъуэ пщэху, си махуэ бзыгъэ, си дыгъэ нур! – езэшыртэкъым Лелаури.

А зэманым дэ, сабийхэр, дызэхыхьэрти махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрт. Псом хуэмыдэу май махуэшхуэр. Абы зыхуэдгъэхьэзырурэ зэхуэтхьэса IэфIыкIэхэр, шхыныгъуэхэр къатщтэрти къуажэм дыдэкIырт, жыг щIагъ удзыпцIэм стIолтепхъуэхэр щыдубгъурти къэтхьахэр тетлъхьэрт, ихъуреягъыр удз гъэгъахэмкIэ дгъэщIэращIэрти детIысылIэжырт. ИтIанэ удз гъэгъа нэхъ дахэхэм къыхэтщIыкIа пыIэхэр ди щхьэм фIэтлъхьэрти дыджэгурт, дыкъафэрт, уэрэд къитшырт, усэ жыIэнкIэ дызэпеуэрт.

ФIыуэ сощIэж ди иужьрей махуэшхуэр – илъэс щищ зи ныбжьын жыг абрагъуэм и лъабжьэм дыщIэсауэ зэрыщытар. Псом хуэмыдэу сигу къинэжар Маритэщ. А махуэм ар псоми я тепщэт. Махуэшхуэр иужьу дгъэлъэпIэжт зэгъусэу. Сыту жыпIэмэ, ди сабиигъуэр икIыу щIалэгъуэм дыщиувэ зэманти.

НэгъуэщIынэкIэ сеплъ хъуат Маритэ а махуэм. Абы хуабжьу зихъуэжауэ къысфIэщIат. Си пащхьэм итыр япэрей хъыджэбз цIыкIуратэкъым – иджы сызыIуплъэр хуабжьу зэкIужт, и бостей плъыжьыфэм и бгъэ лъагэхэр къыпхырыщырт.

Гупым и тепщэ къалэныр Маритэ дэгъуэу игъэзащIэрт, къуейщIей сыт щыIэтэкъым. Езыр псоми къытхуэбзэIэфIт. Ауэ дыгъэр

къызыщIэпс абы и нэхэм зэзэмызэ нэщхъеягъуэ щIэплъагъуэрт. Хэт ищIэн, сабиигъуэ IэфIыр къызэрызэднэкIыр арауэ къыщIэкIынт ар къызыхэкIыр...

Апхуэдэу сэ гу лъыстащ ди гъунэгъу Наталидзе Гедия, илъэс 18–19 зи ныбжьын Iэхъуэ щIалэр, Маритэ иужь къызэримыкIым. Ар хъыджэбзым сыткIи дэIэпыкъурт икIи, мащIэу къыпыгуфIыкIыу, и нэр къытримыгъэкIыу абы еплъ зэпытт. КIэщIу жыпIэмэ, сэ къысфIэщIащ Маритэ фIэкIа Гедия зыри имылъагъуу.

Марити зэзэмызэ Iэнкун хъурт, зиущэхурти, и гупсысэхэр аддэ щIыпIэ жыжьэхэм фIэкIуэ хуэдэт. Апхуэдэхэм деж абы и нэгу дахэм нэщхъеягъуэ мащIэ иплъагъуэрт...

Iэхъуэр, Гедия, щIалэ зэкIужт. Уей-уей жезыгъэIэ щIалэ бжьыфIэу щыIэр зэхуэпшэсами, абы яхэкIуэдэнутэкъым. Ауэ сыт мыгъуэр и щауэт абы, гъуапэтэкъым, пщампIэтэкъым, Iэщи щIыи иIэтэкъым. Адэншэт.

Куэд мыщIэу къуажэм щыIуащ Маритэрэ Гедиярэ фIыуэ зэрылъэгъуауэ. Езы Гедии щIихъумэртэкъым ар. Сабий къомыр зэ къэтхьыну мэзым дыщыкIуэкIэ, ди ужьым итт уэрэд жиIэу:

*Уэр щхьэкIэ согумэщIыр, сэ Маритэ,*
*Схуэшэчыжкъым афIэкI, сыпхуозэш...*



ЩIалэр делэ хъуам хуэдэт. Абы псэху иIэжтэкъым. Лэжьыгъэми и гур хыхьэжтэкъым. И Iэпкълъэпкъым щыщ дэтхэнэ зы лъынтхуэри лъагъуныгъэм зэщIищтат.

Маритэ и дахагъэм итхьэкъуат нэгъуэщI щIалэ куэди. Абы егупсысурэ щIалэхэр хэщэтыкIырт, хъыджэбзым зыхуагъэзэну хуэпабгъэрт. Зым и Iэхъушэм щыщу шкIэ кIэрыхуу кIуэдми, адрейр губгъуэм лэжьакIуэ дэмыкIми, ещанэр нэху щыхункIэ и напIэр зэтримылъхьэу зигъэкIэрахъуэу пIэм хэлъми, къыкIэлъыкIуэр щатэу къикIухьу дэтми – псомкIи къуаншэр Маритэт. Ауэ Гедият лъагъуныгъэм псом нэхърэ нэхъ Iейуэ зэщIиубыдар.

Иджыпсту хуэдэу сощIэж Сиони члисэм деж щыдиIа гуфIэгъуэ тхьэлъэIу махуэшхуэр. ЩIалэгъуалэм уэрэдкIэ зэпеуэу ирагъэжьат. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ гупитIу зыдгуэшри, зыр адрейм пэмыжыжьэу дызэпэуващ. ГупитIым уэрэд жытIэу едгъэжьащ, зэпэддзыжу. Зым Маритэ сэрэ дыхэтт, адрейм Гедия яхэтт. Гедия и гупым къыхадзащ:

*Къащтэ, си дахэ, уи Iэлъыныр –*
*Нэчыхь папщIэ уи Iэлъыныр.*

Дэ абы пэддзыжащ:

*ЩIыхь иныIуэщ ар уи дежкIэ,*
*Пхуэдэ щIалэхэр ди куэдщ.*
Абыхэм:
*ДрилIыкIуэщ дэ мы щауэм,*
*Зэвгъэззэгъыт фэ ди щауэр.*
Дэ:
*Дэ ди дахэр гъусэ хуэхъууи*
*Хьэулейуэ дэт уи Iэхъуэм?*

Ар щызэхихым Гедия къызэщIэнащ. Арат дэ ауан тщIыр. Ди едзыгъуэм и жэуапу абыхэм жаIащ:

*Ди къэшэныр етхьэжьэнщ.*
Дэ:
*Дауэ хъунт? Фи Iэр кIэщIщ, кIэщI.*
Абыхэм:
*Тыгъэ лъапIэхэр къэтшащ.*
Дэ:
*Фэ фи тыгъэхэм дыхуейкъым.*
Абыхэм:
*Данэ щэкIыу тумэнипщI и уасэ тIыгъщ.*
Дэ:
*Щайщ я уасэр фи хъыданхэм,*
*Къыхэфхау ара пхъэнкIийм фэ ахэр?*
Абыхэм:
*Ухуейм дэни зыщыгъэпщкIу,*
*СыкъэкIуэнщ икIи усшэнщ.*



Адрей гупыр къыттезэрыгуэщ, Маритэ тIэщIахри ежьэжащ. АрщхьэкIэ дыдейхэр щIэх дыдэ ялъэщIыхьэри хъыджэбзыр къытрахыжащ.

ИужькIэ псоми зы зытщIыжщ, хъурейуэ дыуври укъэфэнумэ, къеблагъэ! Гедия утыкум къилъадэри Iэгур щIэткъутыкIыу щIэддзащ. Хъыджэбзхэм уэрэд къыхадзащ. Гедия утыкум кърешэ Маритэ. И нэхэм къащIих нурымкIэ щIалэр игъэнэхури, Маритэ утыкум щесу щIидзащ. И Iэхэр иукъуэдияуэ ар щыхуазэрт ди пащхьэ. Псори дитхьэкъуауэ деплъырт абы. Маритэ утыкур иужьу къифыхьыжу икIыжыным нэсауэ, Лелаури фызыжьыр члисэм къыщIэкIщ, нэщхъ ищIщ, къыбгъэдыхьэри хъыджэбзыр тхишыжащ.

Зы мыхъумыщIагъэ гуэр зыIэщIэщIам хуэдэу, Маритэ нэщхъейуэ фызыжьым и пащхьэ итт.

– А тхьэмыщкIэр уэ пхуэфащэ? – жиIащ фызыжьым хэкъузауэ.

Уз гуащIэр зищIысыр япэ дыдэу Маритэ и гум къищIащ...

Гедия-щэ! И лъагъуныгъэм щхьэкIэ ар куэдым ауан къащI хъуат. «Уи псэр, уи гупсысэр зэрыщыту цIыхубзым ебгъэтхьэкъу хъун! Апхуэдизу нэхъуеиншэ зригъэщIащ лъагъуныгъэм», – жаIэрт.

Ауэ Гедия зыри къыфIэIуэхужтэкъым, ар лъагъуныгъэм иIыгът.

Махуэ гуэрым Гедия и анэ ХьэтIутIэ и къуэм жриIэ псалъэхэр си тхьэкIумэм къиIуащ:

– Жьы сыхъуащ, си щIалэ. СхузэфIэкIыжIаркъым, си нэхэм ялъагъуж щыIэкъым. Пшагъуэм сыхэтым хуэдэщ, хьэдэтепхъуэ къызашэкIа фIэкI сщIэркъым. Къашэ, ди жьэгум мафIэ дэлъынщ... Маритэ дей лъыхъу гъакIуэ, кIэртIоф уэздыгъэкIэ улъыхъуэми, апхуэдэ бгъуэтынкъым.

ХьэтIутIэ ищIэртэкъым Маритэ хуищIа лъагъуныгъэм и къуэм и щхьэм итыр зэрырихуар. Гедия абы деж лъыхъу игъэкIуэн дэнэ къэна, езы дыдэр махуэ шэджагъуэу кIуэуэ, и Iэпэр иIыгъыу я пщIантIэ къыдишэну хьэзырт. Уеблэмэ и псэр итынут абы щхьэкIэ. Марити арэзыт къыдэкIуэну, арщхьэкIэ и анэшхуэ Лелаури щышынэрт.

Маритэрэ Гедиярэ, зэрыжаIэу, зыр адрейм щхьэкIэ къигъэщIат, ауэ а тIум я къэкIуэнум и унафэ зыщIар Лелаурищ:

– Гедий? Пэжщ, щIалэ Iейкъым, ауэ сыт, тхьэмыщкIэщ, унагъуэ хуэгъэпсэунукъым. Естынукъым абы Маритэ, си пхъурылъху закъуэм и жагъуэ схуэщIынукъым. Куэдщ дэ тхьэмыщкIагъэм и лъэбжьанэхэм дызэрафыщIар.

Ар щимыдэм, фызыжьым и тхьэкIумэм кърагъэцырхъащ Шетэ и цIэр.

– Шети? Мэл и куэдщ, къулейщ, сытри иIэщ. Абы и мэл гуартэхэм Триалет бгыхэр пшэхэм ещхьу щIахъумэу яIуатэ. Абы и гуэнхэмрэ щIыунэхэмрэ щIэлъ, ярылъ хъугъуэфIыгъуэм я куэдагъым тепсэлъыхь пэтми яхуэухыркъым. Абы и кхъуэщынхэми, чейхэми, матэхэми ярызщ. Си Маритэ зэрыхуейм хуэдэу псэунущ. Хьэуэ, абы и натIэ къритхакъым тхьэмыщкIэ нысэу щытыну. Абы и гъащIэр удз гъэгъа дахэу щрырет, абы и гъуэгуанэр дыщэу дыгъэм ирырегъаблэ. Аращ абы хуэфащэр! – жиIащ Лелаури хэкъузауэ.

Лелаури и псалъэхэм Iуэхур зэфIагъэкIащ. Пэжщ, Маритэ и адэ Чачикэ жиIат:

– Лъагъуныгъэ яку дэмылъу, зэгурыIуэ илъыну унагъуэм? Я гъащIэр тэмэм хъунукъым. А уи щэкIыр зэрызэIуща Iуданэ къаруншэхэр зэпкърыщэщыжынущ. ДыщэкIэ насып къыпхуэщэхунукъым.

АрщхьэкIэ щыкъу анэм и псалъэр нэхъ быдэу къыщIэкIащ:

– Куэдщ сипхъу тхьэмыщкIэм бэлыхьу телъар! Дэри дгъэвар къыдолыж.

Унафэ ящIар зыхуэдэр къыщцыжраIэм, Маритэ къызэфIэлIащ. Ауэ сытыт абы хузэфIэкIынур? Сыт хуэдизрэ абы и нэгу къыщIигъэхьэрэт и Гедия щIыгъуу. Арщхьэкlэ гугъэ инхэр ятIэ шыкъыру лъэлъэжащ...

А щIыкIэм тету Маритэ иратащ и псэм дэмыхьэм, фIыуэ имылъагъум, зыхуэмейм. Абы лIы хуэхъуащ зэзым хуэдэу дыдж, зыкъызэфIэщIыжа, хьэIуцыдз хьэл гуэрхэр зыхэлъ цIыху пхъашэжь.

ХьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIа нэужь, Маритэрэ Шетэрэ хуащIа, удз гъэгъам къыхэщIыкIа нэчыхь пыIэхэр къамэпэкIэ щхьэрахыжащ. Хабзэм ипкъ иткIэ, а тIур зыми зэбгъэдигъэкIыжыфынутэкъым къамэ хэмыхьауэ, лъы ямыгъэжауэ. Арати, щIидзащ Маритэ и гъащэ кIыфI гуфIэгъуэншэм.

Шетэ лIы гъурт, гуапагъ лъэпкъ хэлътэкъым, зэхэуфат. Ар зыми фIыуэ илъагъуртэкъым. Нэпсейт, махуэм къриубыдэу и мэл гуартэр пщIэ щIибжыкIырт. ТхьэмыщкIэхэм лъагъумыхъуныгъэ ин яхуиIэт.

– Хэт, дэ, къулейхэмрэ тхьэмыщкIэхэмрэ, дызэхуигъэдэну иужь итыр? – жиIэрт и бгъэр къригъэкIыу.

А псалъэхэр банэу Маритэ и гум хэуэрт.

Гедия-щэ! И теплъэкIи, и зыIыгъыкIэкIи абы зихъуэжакъым, зыри къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуащ. ЩIалэм и гугъэт хъыджэбзым ар къызэримыпэсауэ. Маритэ дэкIуа нэужь, кIуэдри къуажэм ар зэман кIыхькIэ щалъэгъуакъым. ИтIанэ къыкъуэкIыжри Шетэ и унэщIэм тIэурэ-щэрэ зыблригъэхащ, арщхьэкIэ Маритэ зыщIэс пэшымкIэ еплъэкIакъым.



Ауэрэ зэман дэкIащ. Псоми ящыгъупщэжащ Маритэрэ Гедиярэ я Iуэхур. Псоми... езы тIум нэмыщI. ИтIанэ Шетэ къуэ къыхуалъхуащ икIи абы, сщIэркъым хэт и чэнджэщми, щыхьэт папщIэу Гедия ираджащ. Бзэ Iей зиIэхэм абыкIэ ягъэкъуэншар Маритэщ. Шетэ а тIум я Iуэхум зыри хищIыкIыу къыщIэкIынутэкъым.

ТIури, Гедии Марити, хущIэкъурт я гур къизысыкI гурыщIэр иракъухыну. ХущIэкъурт, арщхьэкIэ яхузэфIэкIыртэкъым.

... Зэгуэрым Шетэ ежьауэ къэту, Триалети щыпсэу абы и анэр дунейм ехыжащ. Гедия и насыпыр IэщIэзыхам деж кIуащ хуэгузэвэну. Ауэ ар нэхъыбэу щIэкIуар Маритэ зэрыIуплъэнурат. ЦIыхубзым и жьэм къыжьэдэкIыу зы псалъэ закъуэ зэхихамэ – а насыпыр щIалэм илъэс псокIэ хурикъунут.

Гедия къыздэкIуам Маритэ и закъуэ фIэкI щIэстэкъым.

– ИугъащIэ зи IэфIыгъэр нобэ зэхэлъэдэну фэ пситIым! – гуфIащ жьы мащIэ къепщэр.

Май напэплъыр нэщхъыфIэт, сирень гъэгъам и мэ гуакIуэм щхьэр игъэуназэрт. ЗэпэIэщIэу щытахэр зэхуэзат.

АрщхьэкIэ Шетэ и гъунэгъу Балбалукэ, къыдэнэжу фызыжь хъужар, хьэзырыпст. ДэнэкIи къыщиджэдыхьу, щыпамэу апхуэдэт ар. Маритэ деж Гедия къызэрыкIуар къимыщIэу къигъэнэнт, арати,

хъыбарыщIэр фызыжьым къуажэ псом щызэлъищIысащ. Абы игъэIуащ Гедиярэ Маритэрэ зэгупэу хэлъауэ.

Балбалукэ и бзэгум къыпыкIа хъыбарыпцIыр, щхьэж зыхуейр щIигъужурэ, къуажэ старшынэм деж нагъэсащ.

– Дунейр нэф хъуа я гугъэ? Апхуэдэу къуажэ псом я напэм ущIэубжьытхэ хъун?! – къэгубжьат Цицикорэ, старшынэр. – Хьэуэ, хьэуэ, хъуакъым нэф, мывэ сэрейхэми блынхэми нэ яIэщ. ЦIыхубзыр алмэсты щылъхущ! – жиIащ Цицикорэ икIи абы зыми зыри пидзыжакъым.

Старшынэр губжьым зэщIищтат. Ар зэрыщыту къэкъуалъэрт, щэIурт, кIэзызырт, и щхьэм псы фIикIэрт:

– Псынэм хэубжьытхащ, фIеймрэ тенджызыпс къабзэмрэ зэхакIащ! Ди щIыхьыр ягъэулъиящ, къуажэ псом я напэр трахащ! Зэи зэхамыха хьэдэгъуэдахэщ, къыбжаIэкIи уи фIэщ мыхъун хуэдизу! Мис ар цIыхум я кIуэдыжыгъуэм и къежьапIэщ! Ари сыт хуэдэ зэман къыщыхъуар? Иджыщ, къуажэр си IэмыщIэ щилъ зэманырщ. Сэ къызэупщIынущ, сэ жэуап щысхьынущ тхьэм и пащхьэм, цIыхухэм, а цIыхубзым и щхьэгъусэм, къытщIэхъуэ щIэблэми я дежи. О-о, сыту емыкIущэ а къытлъыкъуэкIар! ФыкIуэ, цIыхухэм фыкъеджэ! Элия, Зазэ, Гория, Соломон, Къандиуэ, Захарий сымэ къерекIуэ, – унафэ ищIащ абы.

Жэщым Цицикорэ и унэм щызэхуэсащ къуажэм дэс нэхъыжьхэр. Куэдрэ зэдэуащ ахэр. И гущIэм щызэтрихьа губжьыр зэпымыууэ кърикIутырт Цицикорэ. Абы и псалъэр быдэт, жиIам пхутекIынутэкъым. Зыгуэрхэр пэрыуэну, арэзы дэмыхъуну хэтат, арщхьэкIэ жылэм пщIэшхуэ зыхуащI лIыжьым ищIа унафэр псоми ягригъэдащ.

... Къуажэм къыщхьэщыуващ жэщ уэлбанэр зыхъуэжа пщэдджыжь фэншэ псыфыр. Дунейр иджыри нэхъ Iеижу зэрызэIыхьэнум и щыхьэту, пшэ пытхъахуэхэр уафэм щызеджадэрт, бгыхэм зыкIэращIэрт. Уафэм щIыIэ еуэкIа хуэдэ, уэтIпсытIт, хьэуам гъуэтэрымэрэ фаимэрэ зэхэту къыхихурт. Уэрамым и лъэныкъуитIым екIуэкI бжыхьхэм нэхъри фIыцIафэ къатеуат. Жыг къудамэхэмрэ тхьэмпэхэмрэ щIэхщIэхыурэ ткIуэпс щIыIэхэр къаIэпыхурт.

А пщэдджыжьым сэ сыкъигъэушащ щIыпIэ жыжьэ къиIукI ву, Iэуэлъауэ макъ гуэрым. Сэ пIэ хуабэм сыхэлът, сыкъэтэджынуи сыпIащIэртэкъым. Iэуэлъауэр кIуэ пэтми нэхъ IупщI хъурт, ди унэм гъунэгъу къыхуэхъурт. Сыкъыщылъэтри щхьэгъубжэмкIэ зыздзащ...

Ноби си щхьэфэцым зеIэт, абы щыгъуэ слъэгъуа теплъэгъуэ шынагъуэр си нэгу къыщIыхьэжыхункIэ. Псы къиуауэ, уэрамыр яуфэбгъуат къуажэдэс цIыху гупышхуэм. А псыр къибыргъукIырт, щэIурт, и пIэм имыхуэжу, зэм зы лъэныкъуэмкIэ, зэм адреймкIэ зидзырт...

Гупым ипэ иту къахурт зы шыд. И гупэр шыдым и щхьэмкIэ гъэ-

зауэ, абы тест джанэ закъуэ фIэкI зыщымыгъ цIыхубзыр...

Иджыри къэс си нэгум щIэтщ а пщыхьэщхьэм абы Iэпкълъэпкъыу иIэр зэщIэкIэзызэу, и дэтхэнэ лъынтхуэри хъейуэ зэрыщытар. Ар щIыIэми хуабэми исырт, хьэзабыр адэкIэ хуэмыхьыжу, ажалым еджэрт, арщхьэкIэ ажалри къакIуэртэкъым. Абы телъ хьэзабыр ажалым нэхърэ нэхъ Iейт...

Ар щIэх-щIэхыурэ къызэфIэлIэрт, арщхьэкIэ лъэщыгъэкIэ зыкърагъэщIэжырт.

... Апхуэдэу къуажэ уэрамым ирикIуэрт а гупыр. ЦIыхубзым и дамэхэр сысырт, цIыхухэм зэзэмызэ ятIэ шыкъыр фIейхэмрэ вэнвейрэ къащтэурэ абы и джанэ хужьым ираупцIырт.

Зыми зыри жиIэртэкъым...

Мис арат гъэщIэгъуэныр!

Ауэ апхуэдэ щытыкIэр, гупыр зэрыщымыр, дэтхэнэ Iэуэлъауэшхуэм нэхъри нэхъ шынагъуэт.

ЦIыхубз тхьэмыщкIэр япэкIэ плъэрт, ауэ абы и нэхэм зыри ялъагъуртэкъым... хэт ищIэн, абы и псэр аддэ зы щIыпIэ жыжьэ гуэрым, нэгъуэщI дунейм щыIэу къыщIэкIынт...

Гупым адрей уэрамымкIэ триIуэнтIа нэужьщ а цIыхубзыр къыщысцIыхуар. Ар Маритэт! И фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ, гъурыбзэ хъуауэ! Гъатхэм и плъыфэ, майм и бауэ макъ Маритэ!..



Си анэр техьэгъуэм иубыдауэ кIэзызырт, и нэхэм нэпсыр къыщIэжырт. А слъэгъуар гъэщIэгъуэныщэ сщыхъуат – си лъакъуэхэр зытет щIыр зэгуэкIа хуэдэт...

Гупыр псалъэмакъыншэу, къэзыгъэувыIэфын къару щымыIэу, бгым къыщхьэдэуэха псышхуэу, япэкIэ кIуэрт. Абы пэлъэщын зыри щыIэтэкъым – уеблэмэ езы Тхьэ дыдэри!

Зи напэр текIа, хаута Маритэ а махуэм иужькIэ зыри теплъакъым. Ар цIыхухэм я дежкIэ псэужтэкъым, лIат. Щэхуу хэкум икIуэдыкIа хуэдэт. Зыми игу къигъэкIыжыртэкъым ар. Уеблэмэ сабий гуэрым абы и цIэр жиIэну къыщригъажьэкIэ, ныкъуэжыIэу жьэдагуэжырт. Маритэ и ныбжьэгъуу щытахэми зыри жаIэртэкъым...

Ауэрэ псоми къащIащ щыуагъэшхуэ зэраIэщIэщIар. Маритэ ираха лейм хущIегъуэжат, я къуаншагъэр хьэлъэу я плIэм дэлът.

И щхьэр къыфIэхуауэ, Гедия ди щIыпIэр ибгынэри аддэ, Азербайджан лъэныкъуэмкIэ ежьащ, икIи бампIэ гущIэгъуншэр адэкIэ хуэмыгъэву, и псэм къилъыхъуэ ажалыр къигъуэтащ – зыгуэрым и сэм пэщIэхуащ...

Къуажэм зыхищIащ, къыгурыIуащ Iуэху Iей къызэрыIэщIэщIар, – пхъуүэ иIэм и нэхъыфI дыдэм, и нэхъ къабзэ дыдэм, лажьэ зимыIэм леишхуэ зэрырихар.

Маритэ щIэх дыдэ ткIуащ, ныбжьым ещхь хъуащ, нэщхъеягъуэш-

хуэ телъми куэд мыщIэу ихьащ.

Къуажэ псом къытехуат гуэныхь – Маритэ и лIэныгъэр псоми гущIыхьэ ящыхъуащ. ЦIыху куэд щызэхуэсащ лIам и пщIантIэм...

Маритэ иджыри зэрыдахэт: и натIэр мазэ нурт, и нэкIур дыжьын къабзэт. ЛIауэ телъми, абы и дахагъэм нэр пIэпихырт.

Цицикорэ и закъуэ адкIэIуэкIэ къыщытт щыму, ткIиягъ зэрыхэлъыр и фэм къиIуатэу. ЦIыхубзым и нэгум ар ткIийуэ зэзэмызэ иплъэрт, лIарэ псэурэ зригъэщIэн хуэдэ. ГъэщIэгъуэнт Цицикорэ, зи псалъэр Маритэ и гъащIэмрэ и лIэныгъэмрэ тепщэ хуэхъуа, нобэ щIагъэж нэпс къомыр зи жыIэм къиша Цицикорэ. Абы и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжыртэкъым, езыр зэрызахуэм шэч лъэпкъи къытрихьэжыртэкъым. Сытыт къыщIытрихьэнур? Ар уващ лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуэ хабзэм, щIыхьым я хъумакIуэу, и къуажэр напэтехыгъэм щихъумащ, къуэншам зэхищIыхьар хуигъэгъуакъым...

Нэщхъеягъуэм и Iугъуэ фIыцIэр къуажэм къыщхьэщыгъуэлъхьащ...

Жылэм фIэкIуэдащ зэрыгушхуэу щыта цIыхубзыр. Ар, уеблэмэ, жыгхэми ягъеижащ...

... Арати, къэблэгъащ иужьу Маритэ щыIуплъэжыну дакъикъэхэр. Мащэ къатIам ирахьэхащ ар зыдэлъ бэныр. Дэтхэнэ зыми щIы IэмыщIэ абы щытрикIутэн хуей пIалъэри къэсащ. Абдежым, Маритэ и лIэныгъэм я зэран зэрыхэлъыр къащIэжри, мащащхьэм щхьэщыт къомыр зэрызекъуэу къызэрыIухащ. Зыми хулъэкIакъым апхуэдэ дахагъэр зыдэлъ бэным ятIэ трикIутэн... Зыми.

ИкIэм-икIэжым гупыр зэрыт щытыкIэм къришащ Цицикорэ. Ар хуэм дыдэурэ мащэм щхьэщыхьэщ, щIы IэмыщIэ къиштэри бэным тридзащ. ИтIанэ белыр къипхъуатэри, макъ иригъэщIу, щIыр мащэм иридзыхыу щIидзащ.

ЦIыхухэр нэхъ хуиту бэуэжащ, я тэмакъ къызэфIэзэрыхьахэр къиутIыпщыжащ...

Къырхэм я зэхуаку щIы мывалъэр увыIэпIэ хуэхъуащ Маритэ.

«Маритэ дунейм ехыжри, бгыхэр щIилъэфащ, щIылъэр нэщI хъуащ, мывэхэр ткIуащ, къырхэр къеуэхащ», – жаIэрт цIыхум.

Апхуэдэу жаIэрт тхьэрыкъуэ гуэр уафэм дэлъэтейуэ Маритэ зэрыкIуэм теухуа хъыбарыфIыр пшэм адэкIэ щыIэ дунейм ихьауэ. ИкIи Маритэ а дунейм нэса нэужь, зэрешам щхьэкIэ дыщэ шэнт къыхуагъэувауэ.

ЖаIэрт Тхьэм мыпхуэдэу зыкъыхуигъэзауэ: «ЕтIысэх, си хъыджэбз, зыгъэпсэху. Уи фэр щIагъуэкъым, гъуэгуанэ жыжьэм уригъэзэшауэ къыщIэкIынщ».

ЯIуатэрт Иисус Христос шылэ бэлътоку къищтэу абы и натIэр илъэщIын и мурадауэ, къигъэхъужу щIылъэм къиутIыпщыжын и

гугъауэ, арщхьэкIэ и дахагъэм дихьэхыу, щIегъуэжу езым и деж къигъэнэжауэ. Иджы Маритэ вагъуэу уафэм щоблэ...

А гъэм уэших къешхакъым. Уэгъу бзаджэм гуэдзыр ихьыжащ, жызумейхэри игъэгъущIащ.

А насыпыншагъэр Маритэ лажьэншэу зэрыкIуэдам кърикIуауэ къалъытащ. СощIэж, абы теухуауэ куэдрэ псалъэмакъ дэлъащ ди жылэм.

... Куэд щIащ щIы псыIэжьым Маритэ зэрыкIуэжрэ, зэман гущIэгъуншэм ар цIыхухэми ящигъэгъупщэжащ.

Ар нэхъыфIу зылъагъуу, зыцIыхуу щыта дэ закъуэтIакъуэращ зэзэмызэ а дахагъэ телъыджэр зигу къэзыгъэкIыжыр.

... Мы гъэм сыкIуэжат ди къуажэ. СыкIуэри сеплъащ зэгуэр Маритэ щыпсэуа щIапIэм. АрщхьэкIэ блын зэтещэхэжа къудеи къэнатэкъым – пщIэнтэкъым а щIыпIэм игъащIэм цIыху щыпсэуауэ.

Зы жыги къыдэнатэкъым Маритэ и пщIантIэм. Ауэ я унэжь цIыкIур здэщыта щIыпIэм езыр-езыру къыщыкIащ, мафIэ бзийуэ къыщылыдащ гранат жыг.

Маритэ и нэгум ещхьу лыду, нурыр кърихыу, къысхуэгуфIэу си пащхьэм къитт гранат гъэгъар...



ЗыщызмыгъэнщIу сеплъырт дыгъэм къигъэщIа а гъэгъа дахэм. Си фIэщ схуэщIыртэкъым ди щIылъэр афIэкIа Маритэ имыгъэдэхэжу. Си фIэщ хъуртэкъым си пащхьэ къит жыг гъэгъа телъыджэр езыр-езыру сабэмрэ пхъэнкIиймрэ къыхэкIыкIауэ...

Пэжу, дунейм къытехьэ дахагъэр дэнэ къыздикIыр? ЗдэкIуэри дэнэ? Дэнэ щыкIуэдыр, сыт щIэкIуэдыр? Е пIалъэкIэ абы и нэгур тщигъэпщкIуу ара? Хэт ар зыщIэр?

*ЗэзыдзэкIар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

# Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Зэхуэсышхуэ

Лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхухэр зэфIигъэкIыу, гузэвэгъуэ къыщылъысым сэбэп зэрыхъунухэр иубзыхуу зэхэт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм ноби пещэ. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэрщ иджыри зи ужь итыр, бзэр, хабзэр, тхыдэр хъумэнырщ, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щызэбгрыпхъа зэкъуэшхэр зэгъэуIужынырщ япэ иригъэщыр. Абыхэм ятеухуауэ ящIахэр къыщапщытэж, къапэщылъ къалэнхэр щаубзыху, илъэсищым зэ ирагъэкIуэкI Конгрессыр иджыблагъэ Налшык щызэхэтащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Конгрессыр зэи хуэмыдэжу Iэтауэ къызэрагъэпэщат. Абы къыщызэхуэсырт лъэпкъым, адыгэ Iуэхум гууз-лыуз хузиIэ нэхъыжьхэри, зи пщэдейр зэзыгъэзахуэ щIалэгъуалэри, къулыкъущIэхэри, жылагъуэри.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI Къэзанокъуэ Руслан, Адыгэ Республикэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хэхэсхэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъэщIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр, Краснодар крайм и вице-губернатор КIэрмыт Мухьдин, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгэ-абхъаз зэгухьэныгъэу Москва щыIэм я нэхъыжьхэм я тхьэмадэ Агырбэ Юрий, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт МэшбащIэ Исхьэкъ, адыгэ щыпсэу гъунэгъу хэгъуэгухэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Голландием, Германием, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ – Алание республикэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа хьэщIэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэIущIэр къызэIуихыу ар зэрекIуэкIыну щIыкIэр IэIэткIэ яубзыхуа нэужь, псалъэ иратащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Ар тепсэлъыхьащ мы зэманым геополитикэм хуэкIуа шэрджэс Iуэхухэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм.

– Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщар мы зэманым къэрал 50-м щIигъум щыпсэу ди хэкуэгъухэм я гум гугъапIэ инхэр къизылъхьа икIи адыгэ лъэпкъым и гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыда Iуэху хъуащ, – жиIащ КIуэкIуэм. – А гугъапIэр ехьэлIат адыгэ, абхъаз, абазэ лъэпкъхэр къэгъэщIэрэщIэжыным дунейм тет адыгэ псори хузэщIэзыгъэуIуэ къарууэ ДАХ-р щытыным. Егъэлеиныгъэ гуэри хэмылъу нобэ жыпIэ хъунущ ассоциацэр дунейм пщIэшхуэ щызиIэ зэгухьэныгъэм хуэкIуауэ. Ди дежкIэ хуабжьу гуапэщ къэралхэм я нэхъыбэм ди хэкуэгъухэм хуабжьу къазэрыщыщытхъур, мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-

политикэ, къэрал Iуэхухэм щатепсэлъыхькIэ абыхэм я Iуэху еплъыкIэр къызэралъытэр.

Адыгэхэр зэи ирисондэджэракъым япэ итахэм ятелъа бэлыхьхэм, ар и лъабжьэу адрей лъэпкъхэм зэран яхуэхъу ефIэкIыныгъэхэр зрагъэгъуэтыну хущIэкъуакъым. Си фIэщ мэхъу ноби апхуэдэ къызэрыдмыгъэхъунур.

Си гуапэ хъууэ фIыкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ, дызыщыгъуазэ гугъуехьхэм Iууэми, блэкIа илъэсхэм ДАХ-м мамырыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я гупсысэхэр сыт щыгъуи зэрыпхигъэкIыр. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а гупсысэхэр адыгэ лъэпкъым и гупсысэкIэм и лъабжьэу щытащи. ЛIэщIыгъуэкIэрэ къадекIуэкI адыгэ лъапIэныгъэхэр пхигъэкIыурэ, ДАХ-р хущIокъу лъэпкъым и псэкупсэр, и бзэр, хабзэхэр хъумэным, апхуэдэу Кавказ зауэм щIэину къытхуигъэна къалэнхэр зэфIэгъэкIыным.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ ДАХ-р дяпэкIи зэпэшэча Iуэху бгъэдыхьэкIэм тетыным, лъэпкъыр зэщIэгъэуIуэным хуэлэжьэным. Дэ иджы ипэжыпIэкIэ адыгэ цIыхубэм я лъэпкъ, щэнхабзэ къэгъэщIэрэщIэжыныгъэм, абы и къэкIуэнум хуэфэщэн псэуныгъэ-экономикэ зыужьыныгъэ зэпIэзэрыт къызэгъэпэщыным егъэщIылIа къалэн ин дыдэхэр зэфIэдгъэкIын щIэддза къудейщ.

КIуэкIуэ Юрий зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъыр хъумэным, абы и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэхэр къэлъыхъуэным хуэгъэза, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу къилъытэ Iуэхухэр.



Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Къэзанокъуэ Руслан къыздикIа хэгъуэгум и фIэхъусыр къызэхуэсахэм яриха нэужь, КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Конгрессым хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ. Абы къыхэщырт къэрал куэдым щызэбгрыпхъа адыгэхэм я лъэпкъ хабзэр, бзэр, щэнхабзэр хъумэнир ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ахэр зэхыхьэнымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, зэдэIэпыкъужынымкIэ Хасэшхуэм мыхьэнэ ин зэриIэр. КъШР-м щызэдэпсэу лъэпкъ цIыкIухэм я зэхуаку пщIэ дэлъынымкIэ, зэгурыIуэу зэдэпсэунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIыр, зэпэщIэувэныгъэм фIы къызэрыдэмыкIуэр тхыдэм къызэрыхэщыжыр цIыхухэм къазэрыгурыIуапхъэр, ДАХ-р абыкIэ IэмэпсымэфIу зэрыщытыр къыхигъэщащ къэпсалъэм. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий Конгрессым хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хэхэсхэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр. ДызыхэпсэукI лъэхъэнэм адыгагъэр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр хъумэнымкIэ ДАХ-м и пщэ къыдэхуэ Iуэхур зэрымытыншыр, абы хэтхэм адыгэм и тхыдэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, дуней псом щыпсэу ди къуэшхэр зэрыгъэгъуэтыжынымкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ къару къакъуэкIыну зэрехъуэхъур къыхэщырт ТхьэкIушынэм къигъэхьа псалъэм. Краснодар хэгъуэгум къикI

фIэхъус жиIащ вице-губернатор КIэрмыт Мухьдин.

– Краснодар крайр инщ, цIыху мелуани 5,5-рэ исщ. Абы щыпсэу адыгэ мин 30-р щIыналъэ нэхъыфIхэм тесщ, нэхъыбэр – Краснодар, Армавир (Ермэлыхьэблэ), абы къедза жылэхэм дэсщ, тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iусщ. Краснодар щIыналъэм щызэдэпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ программэ хэха щолажьэ крайм, мылъку хъарзыни хухах, – пищащ адэкIэ Мухьдин. – Абы щыщу адыгэм къылъысри мащIэкъым, газет къыдагъэкIынми, бзэр зрагъэщIэнми, щэнхабзэ Iуэхухэр къызэрагъэпэщынми, цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэнми трагъэкIуадэу. КIуэаракъэ, иужьрей илъэсипщIым сом мелуан 40 хуэдиз адыгэхэм хухахащ. Лъэпкъ политикэр дагъуэншэу щагъэзащIэ мы хэгъуэгум. Абыхэм псоми адыгэр къахэлыдыкIыу апхуэдэщ. Шэч хэмылъу, Iуэхур дахэу зезыгъакIуэр, зыхуэныкъуэхэр къыигъэнаIуэу Правительствэм и пащхьэ изылъхьэр Шапсыгъ Адыгэ Хасэращ. Ар хущIокъу шапсыгъхэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэр хъумэным. Си гугъэщ, ДАХ-мрэ шапсыгъ къулыкъущIапIэхэмрэ дызэрыщIэу дызэдэлажьэмэ, куэд тхузэфIэкIыну.



ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къопсалъэ

2012–2015 гъэхэм къриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, видеорэ сурэтхэмкIэ и псалъэр щIигъэбыдэжу.

ДАХ-м и Уставым къызэригъэувым тету, Хасэр нэхъыщхьэу зи ужь итыпхъэхэм щытепсэлъыхьым, абы къыхигъэщащ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарухэр зэрагъэуIуу лъэп-

къым и псэкупсэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьыныр, тхыдэр зэфIэгъэувэжыныр япэ зэрырагъэщыр. «Абы ехьэлIауэ тхылъ къыдыдогъэкI, фестивалхэр идогъэкIуэкI, лъэпкъылI нэсу къытхэтахэм я фэеплъ пшыхьхэр къызыдогъэпэщ. «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Шапсыгъ», «Нарт», «Хасэ» газетхэм куэдрэ къытохуэ хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа ди къуэшхэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ абыхэм къытхуатх хъыбархэмрэ. ДАХ-м и жэрдэмкIэ 2014 гъэр адыгэ тхакIуэ щэджащэ КIыщокъуэ Алим  и илъэсу дгъэуvaуэ щытащ. Къызэралъхурэ нэгъабэ илъэсищэ ирикъуа тхакIуэм теухуа пшыхь гъэщIэгъуэнхэр КъБР-м, КъШР-м, хамэ къэралхэми щекIуэкIащ. Апхуэдэу дахэу дгъэлъэпIащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министру, ЩIДАА-м и академикыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрэ къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъур», – къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм.



Конгрессыр йокIуэкI

КъызэщIакъуэж пIалъэм къриубыдэу ДАХ-м и лIыкIуэхэр хэтащ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми адыгэм теухуауэ щекIуэкIа зэIущIэхэм, конференцхэм, пшыхьхэм, апхуэдэуи Дипломатие зэIухам зегъэужьынымкIэ Горчаков Александр (1798–1883) и цIэр зезыхьэ фондыр я щIэгъэкъуэну Налшык къалэ дунейпсо жылагъуэ-щэнхабзэ зэIущIэ зыбжанэ къыщызэрагъэпэщащ, абы Москва щригъэкIуэкIа зэхуэсми хэтащ.

ДАХ-м и гуащIэ хелъхьэ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм пыщIэныгъэ яхудиIэнымкIэ, хэкум къэIэпхъуэжхэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ, хэхэсхэм я бзэмрэ

я хабзэмрэ яхъумэжынымкIэ республикэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм. Абы ипкъ иткIэ, Иорданием, Сирием, Тыркум щыщ ди къуэшхэр КъБР-м и Iэтащхьэм мызэ-мытIэу хуэзащ, ахэр тепсэлъыхьащ щэнхабзэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ нэхъ быдэу зэпыщIа зэрыхъуным. «Дэ сыт щыгъуи Iуэху ядыдощIэ къэрал унафэр зыIэщIэлъхэм. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къедгъэблэгъауэ щытащ ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зрагъэбгынахэм я IуэхухэмкIэ и къулыкъущIапIэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм щыIэ Вак-Войя Баисэ. Сирием щекIуэкI зауэм кърихужьэжу ди республикэм къэкIуэжахэм я Iуэхур зыIутыр абы гурыдгъэIуащ, едгъэлъэгъуащ», – пищащ ДАХ-м и тхьэмадэм.

– НобэкIэ къалэн нэхъыщхьэу ди пащхьэ къитыр, дауи, Сирием щекIуэкI зауэм кърихужьа ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ тхузэфIэкIымкIэ дадэIэпыкъунырщ. Мыбдеж псом япэ къыхэгъэщыпхъэщ а Iуэхум ехьэлIауэ 2013 гъэм Дунейпсо Адыгэ Зэхуэс Налшык зэрыщедгъэкIуэкIар, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа лIыкIуэхэр ди гъусэу ди лъэпкъэгъухэм дазэрыдэIэпыкъуну щIыкIэр зэрыдубзыхуар. А махуэ дыдэм телемарафон къызэдгъэпэщри, ахъшэ зэхуэтхьэсауэ щытащ, ар СХьР-м едгъэхьри, нэхъ хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъуащ. НобэкIэ Урысейм къэIэпхъуэжащ цIыху 1700 хуэдиз. Ахэр Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм игъэтIысхьэнымкIэ, псэупIэ къахуэгъуэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ, бзэр егъэщIэнымкIэ, я дэфтэрхэр гугъуехьыншэу къыдахынымкIэ дадэIэпыкъуащ, цIыхухэм я мылъку зэхалъхьэкIэрэ, унагъуэ 90-м щIигъу псэуалъэ къэхуэтщэхури дгъэтIысыжащ, – жиIащ Сэхъурокъуэм.

Иужьрей илъэсищым къриубыдэу мыхьэнэшхуэ зиIа Iуэхухэм ящыщщ Сочэ щекIуэкIа XXII щIымахуэ Олимп джэгухэр, лъэпкъыр зэкъуиуду дуней псом тезыкъухьа лъапсэрых зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъуар, адыгэбзэм и Iуэху зыIутым, абы и зыужьыкIэ хъунум, зыуэ щыт литературэбзэ къызэгъэпэщыным ехьэлIахэр. Лъэпкъыр щызыгъэIэж, хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу абы бгъэдэлъ бзэр хъумэным, ар адэкIи зэредгъэфIэкIуэным теухуа псалъэмакъ, зэIущIэ куэд екIуэкIащ блэкIа илъэсищми, абы ипэкIи.

Къапщтэмэ, ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ и нэIэ нэхъ зытригъэтын хуейхэм ящыщщ адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр, хэгъуэгухэр, къэралхэр зэпыщIэныр, зэлъэгъэIэсыныр. А мурадыр яIэу хасэ тхьэмадэхэр зыбжанэрэ щыIащ Ставрополь краймрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ щыпсэу мэздэгу адыгэхэм, тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я деж. ДАХ-м и зэхуэсхэр щрагъэкIуэкIащ Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ, сыт щыгъуи япыщIащ хасэ къудамэхэр щылажьэ Тыркум, Сирием, Израилым, Германием, Иорданием, США-м.

– Дэтхэнэ зы адыгэри, щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыщыгугъыр зыщ: дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэгъэуIунырщ, ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэ-



8 Заказ №152

нырщ, зегъэужьынырщ, ди лъэпкъэгъухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, хэкум къэкIуэжынымкIэ сэбэп хъунырщ. Дызэкъуэтмэ, дызэгурыIуэмэ, абы щыщ куэдыр зэрытхузэфIэкIынум шэч къытесхьэркъым, – жиIащ и псалъэхэм я кIэухыу Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата, ДАХ-м и Къэзыпщытэ гупым и тхьэмадэ Къуэдзокъуэ Анатолэ къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхэхъуа мылъкур къызыхэкIамрэ ахъшэр зытрагъэкIуэдамрэ, апхуэдэуи Уставым къигъэувхэр зэрагъэзэщIа щIыкIэм тепсэлъыхьыжащ. Ахъшэм и нэхъыбэр псапащIэхэм къыхалъхьауэ аращ, ар нэхъыщхьэу зытрагъэкIуэдар Сирием къикIыжахэм унэ къахуэщэхунырщ. Абы хухахащ сом мелуан 27-рэ мин 577-рэ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр зытеухуар хэхыныгъэхэрати, япэу Iэ яIэтащ ДАХ-м и тхьэмадэр хэхыным папщIэ. Конгрессым къэкIуа лIыкIуэ 73-м щыщу 62-м Сэхъурокъуэ Хьэутий и кандидатурэр даIыгъащ, 10-м мыарэзыуэ Iэ яIэтащ, зыр гуитIщхьитIу къэнащ. АдэкIэ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэхэр хахын хуейуэ арати, унафэ зэращIам ипкъ иткIэ, ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу щыпсэу Тыркум и лIыкIуэр – япэ къуэдзэу, бэлыхь хэхуа ди къуэшхэр щыпсэу Сирием къыбгъэдэкIыу – зы къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым – щыщу зы къуэдзэ иIэн хуейуэ арати, ахэри IэIэткIэ хахащ. Iуэхум къыпащэу къызэдащтащ ДАХ-м и Советым хэтынухэри, ГъэзэщIакIуэ гупым щылэжьэнухэри. Апхуэдэуи Урысей Федерацэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм теухуауэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, ДАХ-м и Уставым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм IэIэткIэ арэзы техъуащ.

Конгрессым и лIыкIуэхэр хэплъащ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхум, адыгэбзэр хъумэным теухуауэ Зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэм икIи хэлъхьэжыпхъэу къалъытэхэр ягъэнэIуащ.

Бзэм теухуауэ къыщыпсалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ пажэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий къыхигъэщащ жылагъуэ IуэхущIапIэрэ IэIэткIэ бзэм и Iуэхур убзыхуа зэрымыхъунур. «БзитIыр зы щIыным теухуауэ япэ дыдэу щIэн хуейр ди псалъэ зэщхьхэр зэрыт зы псалъалъэ къыдэгъэкIынырщ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зэрынэхъ тыншыр, нэхъыбэр зэрырипсалъэр къэплъытэу, ар лъабжьэ хуэщIынырщ», – жиIащ БакIуум.

МэшхуэфI Нэждэт къыхилъхьащ гуп щхьэхуэ къызэрагъэпэщу абы пыщIа Iуэхухэр, конференцхэр, щIэныгъэлIхэр, унафэщIхэр зыхэт зэIущIэхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэр. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лIыкIуэ Къумыкъу Мамдухь къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ: «Бзэмрэ алыфбейм и Iуэхумрэ бзэщIэныгъэлIхэм къахуэдвгъэгъани, хасэм и къалэн нэхъыщхьэм иужь дивгъэт. Нэхъапэр иджыпсту бэлыхь хэт, Сирием

щыпсэу ди къуэшхэращи, абыхэм ди нэIэ нэхъ ятедгъэтыпхъэщ».

Абы теухуауэ я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ Хьэткъуэ Фатхьи (Голландие), Къардэн Самир (Иордание), Къэбэрдей Аднан (Сирие) сымэ, нэгъуэщIхэми.

Иорданием щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир къызэхуэсахэр къыхуриджащ Сирием къыщыщIэпхъуэжу нэгъуэщI къэралхэм кIуа я къуэшхэм адыгэ псори ядэIэпыкъуну. Иорданиер къапщтэмэ, иджыпстукIэ адыгэ унагъуэ 640-рэ унэхэм зэрагъэIэпхъуар, шэтыр зэрыщIамыгъэсыр къыхигъэщащ абы. «ГъэзэщIакIуэ гупым щылэжьэнухэм я пщэ итлъхьэну къалэнхэр дэри дадэIэпыкъуурэ зэфIэдгъэкIыныр Iэмал зимыIэщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэр япэ дыдэу щаухуам зыхуигъэувыжа къалэнхэм ящыщт дэнэ щыIэ адыгэри зэрыгъэщIэныр. ДАХ-м и тхьэмадэм ищIэн хуейщ сыт хуэдэ къэралми адыгэм и Iуэху зэрыщыдэкIыр, зригъэлъагъун хуейщ абыхэм я псэукIэр, я гурыгъу-гурыщIэхэм щыгъуэзапхъэщ. Апхуэдэ дыдэу езы ди къуэшхэми зыкъывагъащIэу, я гугъуехьхэр къывахьэлIэу, зэгъусэу дызэделэжьу щытыныр сфIэигъуэщ», – къыхилъхьащ Къардэн Самир.



ЗэIущIэм кърихьэлIахэр

АдэкIэ псалъэ зрата, ДАХ-р къызэзыгъэпэщахэм яхэта, Голландием щыщ Хьэткъуэ Фатхьи жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм дэнэ щыпсэу адыгэм дежкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

– Сыт япэ игъэщын хуейр жыпIэмэ, Сирием къыщылыда мафIэм хисхьэ адыгэхэр къэшэжыныркщ. Ахэр иджыпсту хуабжьу щызэбгрокI Европэм, нэгъуэщI къэралхэм. Сыту щхьэусыгъуэфIт а зауэр, СХьР-м ис адыгэ мини 100-м щIигъуэр Урысейм

къэшэжынымкIэ. Ар ДАХ-м ищI унафэ закъуэкIэ зэфIэкIыну щытамэ, куэд щIат ди къуэшхэр къызэретIысылIэжрэ. Ауэ къэралхэм я унафэщIхэмрэ хабзэхэмрэ куэд елъытащ. Зауэр къызэрыхъейрэ ДАХ-м хузэфIэкI къигъэнакъым а Iуэхум папщIэ сэбэп хъуну, – жиIащ Фатхьи. – КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным. Ахэр сыт щыгъуи къызэщIэзыгъэуIэ къару уиIэн хуейщ. Иджыпсту Интернетым ДАХ-р щызыубхэр къызэщIэзыгъаплъэ щыIэхэщ, ди жагъуэ зэрыхъущи. Ауэ абы Iуэху тепщIыхь хъунукъым, ДАХ-р псоми зэхуэдэу я гум дыхьэу щытын хуейкъым. Ауэ Хасэм ахэр зэи IэщIыб ищI хъунукъым. ЩIалэгъуалэм Iуэхур къыбдаIыгъын, уагурыIуэн папщIэ, сыт щыгъуи щIэр къэбгъэсэбэпу, зэманым удекIуу щытыпхъэщ. Иджыпсту динымрэ политикэмрэ куэд зэблаш. Абыхэм дедмыгъэхьэхыу, адыгэми зы Iэмэпсымэ диIэн хуейщ ди щIалэхэр хэкупсэу къэхъун папщIэ. Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ дызэгурыIуэу, бий дызэхуэмыхъуу дызэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Мыри къыхэзгъэщынут: зыгуэрым упэщIэувэкIэ, зэи уи Iуэху дэкIынукъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Урысеймрэ Тыркумрэ куэдрэ зэзэуащ, ауэ нобэ зэкIужауэ я псэр зы чысэм илъу зэдопсэу. АтIэ щхьэ адыгэр зыгуэрым ебиин, къаугъэ къигъэхъеин хуей? Щыпсэу къэралымрэ зыхэс лъэпкъымрэ ягурыIуэмэ, ахэр я ныбжьэгъумэ, куэдкIэ нэхъ захъумэжыфынущ, я Iуэхури нэхъ дэкIынущ. Дунейпсо, щIыналъэ хасэхэм хэтхэм политикэм зыщIыдрагъэхьэхын щыIэкъым, атIэ ар къагъэсэбэпурэ яфI зыхэлъхэр зрагъэхъулIэн хуейщ. Зыр зым едаIуэмэ, зым жиIэр адрейм зэхихмэ, сэбэпынагъ куэд къыдэкIуэнущ. Лъэпкъым щыщхэр зэгурымыIуэжмэ, бийм и дежкIэ нэхъ игъэкIуэтыгъуафIэщ. Ар къыдгурыIуэу дызэрыIыгътэмэ, ди насыпт.

Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къэбэрдей Аднан фIыщIэ яхуищIащ ди къуэшхэр зэкIуэлIауэ зымыгъэщIэхъуа, дэIэпыкъуэгъу щагъуэта хэгъуэгухэм я тхьэмадэхэм, абыхэм щыIэ хасэхэм я Iэтащхьэхэм.

Апхуэдэу зэгурыIуэрэ лъытэныгъэрэ хэлъу екIуэкIащ ДАХ-м и Конгрессыр. Шэч зыхэмылъращи, зэIущIэм тхьэмадэхэм къыщыхалъхьа Iуэхухэр и кIэм нагъэсмэ, къаIуэта я мурадхэр гъащIэм хапщэфмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэфIэкIкIэ, лъэпкъым фIы куэд къыдэхъунущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

# ГУМ ИМЫХУЖ МАКЪАМЭХЭР

ХЬЭЩЫКЪ УАЩI



Илъэс 16 мэхъу Даур Аслъэн къызэрытхэмытыжрэ — ауэ нобэми слъагъу хуэдэщ ар — пщэдджыжьым радиом къыщIыхьэрти зыхуэзэу хъуам я Iэр гуапэу иубыдырт, я узыншагъэм щIэупщIэрти, уэршэру щытхэм гъусэ захуимыщIу, япэ къатым щиIэ пэш зэв цIыкIум пIащIэу щIыхьэрт. Псэлъэну зэман иIэтэкъым абы — и махуэр IуэхукIэ гъэнщIат сыт щыгъуи. Щэбэт, тхьэмахуэ жиIэтэкъым, махуэ къэсыхункIэ къакIуэрт лэжьапIэм. Псом хуэмыдэу абы зэманышхуэ тригъэкIуадэрт езым къызэригъэпэща, макъ дахэ зиIэ адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэр зыхэт «Дахэнагъуэ» ансамблым...

Аслъэн Къэрэшей-Шэрджэсым хиубыдэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Пасэу, школым щыщIэс зэманым, лъэпкъ макъамэм, пшынэм, уэрэдым зыIэпашат. 1957 гъэм, 10-нэ классым щIэсу, щIалэщIэр Мэзкуу здашауэ щытащ, Къэрэшей-Шэрджэсым икIыу абы кIуа къэфакIуэ гупым яхэту, бэрэбэнауэу. НыбжьыщIэр абы щыхуозэ композитор щэджащэ Мурадели В. икIи абы епсэлъылIа нэужь мурад ещI музыкэм хуеджэну.

Къуажэ школыр дыщэ медалкIэ къеухри, Аслъэн щIотIысхьэ Ставрополь дэт музучилищэм. Ар къиуха нэужь, и гъэсакIуэегъэджакIуэхэм я чэнджэщкIэ, Мэзкуу дэт консерваторием и студент мэхъу, хорым и дирижер IэщIагъэм щыхурагъаджэ и къудамэм макIуэ.

Училищэми консерваториеми щыщIэса лъэхъэнэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIат макъамэ дахэ зыкъом. Абыхэм едэIуа нэужь, СССР-м и мызакъуэу, дуней псом къыщацIыху композитор Свиридовым мыпхуэдэу жиIауэ щытащ: «Даурым и макъамэхэр дахэщ, къабзэщ, ущедаIуэкIэ мэ гуакIуэ къыпщIихьэ хуэдэщ, къызэрыгуэкIщ, абы щыгъуэми куущ». Уеблэмэ Свиридовым и жэрдэмкIэ Совет Союзым и Композиторхэм я союзым хагъэхьэ. Консерваториер къимыухауэ, студенту.

Мэзкуу щыщеджа зэманым Аслъэн мызэ-мытIэу едэIуащ уей-уей жезыгъэIэ композиторхэм я IэдакъэщIэкIхэм, Нейгауз Г., Ростропович М. сымэ я концертхэм щIэсащ, Щедрин Р. IущIащ. Абыхэм щилъэгъуар, зэхихар адыгэ щIалэм дерс зэрыхуэхъуам шэч хэлъ-

къым. «Даур Аслъэн бгырыс композитор телъыджэщ», — жиIэгъауэ щытащ балъкъэр усакIуэ гъуэзэджэ Кулиев Къайсын.

60 гъэхэм я кIэхэм ди къэралым и щыхьэрым къыщызэрагъэпэщат композитор щIалэгъуалэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм щедэIуа къэралпсо конкурс. Абы ещанэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ Даурым. Зэпеуэныгъэм кърихьэлIахэми жюрим хэтахэми псом хуэмыдэжу гунэс ящыхъуат ди лъэпкъэгъу композиторым оркестрым папщIэ итха «Шэрджэс макъамэхэр». Ар щIэлъщ Мэзкуу щыIэ къэрал радиом и хъумапIэм.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха щIалэм и адэжь хэкум къигъэзэжа нэужь, дзыхь ирагъэзри, Черкесск дэт музучилищэм и унафэщIу ягъэув. А IэнатIэм щыIута илъэсхэм Даурым лъэкI къигъэнакъым лъэпкъ культурэм хуеджэ ныбжьыщIэхэм я IэщIагъэр фIыуэ ялъагъуу, абы хуэижьу гъэсэн папщIэ. Композитор Iэзэу, къызэгъэпэщакIуэфIу Аслъэн къызэрыгъуэгурыкIуам и щыхьэтщ ар Къэрэшей-Шэрджэсми, Ставрополь щIыналъэми я композиторхэм я союзым и тхьэмадэу зэрыщытар.

Даурым и IэдакъэщIэкIхэр щагъэзащIэ концертхэр щекIуэкIащ Мэзкуу и Колоннэ залым, Ставрополь, Сыхъум, Владикавказ къалэхэм, нэгъуэщIхэми. Абы и музыкэр зэрыт пластинкэхэр къыщыдэкIащ ди къэралым и щыхьэрми Тбилиси къалэми.

118

Аслъэн радиом щыщыIа илъэсхэм, и дуней тетыкIам, абы дэтлъэгъуам теухуауэ фIы куэд уигу къэбгъэкIыж хъунущ. Ауэ Iуэхугъуит I нэхъ къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт си гум къинауэ. Къыщалъхуа махуэ гуэрым, сыщымыуэмэ илъэс 55-рэ щрикъуращ, нэхъ и ныбжьэгъу гуп абы дригъэблэгъат «Индыл» кафем. А махуэм Аслъэн хъуэхъуу хужаIам сытепсэлъыхьынкъым, ауэ езым псалъэ къыщылъысым жиIэгъар нобэми сщыгъупщэркъым. ФIыщIэ къытхуищIа нэужь, и псалъэм и кIэухыу жиIащ: «Сэ хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэу сиIэр адыгэр зэуIуу щыпсэу республикищыр — Адыгейр, Шэрджэсыр, Къэбэрдей щIыналъэхэр зы хъужауэ слъагъунырщ».

ЕтIуанэу гукъинэ сщыхъуар онкологие сымаджэщым зэрыщIэлъарщ. БжэныкIэ Мухьэб, Тэрокъуэ Астемыр, сэ сраещанэу дыкIуат щIэупщIакIуэ. И фэр гъуэжьыбзэ зэрыхъуар щыслъагъум щIыIэщIыIэу шэч сщIат мыхъужын узым иубыдауэ. Ауэ езы Аслъэн гукъыдэжышхуэ иIэт. ЩIэупщIакIуэ щIэмычэу къызэрыхуэкIуэр, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу Къэрал Думэм и депутат цIэрыIуэ гуэрым хущхъуэфIкIэ къыдэIэпыкъуну къызэригъэгугъар къыджиIащ. Хъужмэ и мурадхэр зыхуэдэми тепсэлъыхьат. Сымаджэщым зэрыщIэлъым хуэдэу ар лажьэрт. Бэрэбэнауэ Iэзэ Ало Арсен теухуауэ тхыгъэ игъэхьэзырри трыригъэдзат «Кабардино-Балкарская правда» газетым…

Куэд къимыгъэщIами, куэд зыхузэфIэкIа цIыхущ Даур Аслъэн. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа симфониехэм, рапсодиехэм, маршхэм, увертюрэхэм, кантатэхэм, фортепьянэ пьесэхэм яIэ мыхьэнэм тепсэлъыхьыфынур музыкэм фIыуэ хэзыщIыкIхэрщ, ауэ композиторым къытхуигъэна уэрэд телъыджэхэм — абыхэм я бжыгъэр 100-м щIегъу — жьыри щIэри хьэщыкъ зэращIым куэд тепсэлъыхьыфынущ икIи сэ зэикI шэч къытесхьэркъым абыхэм гъащIэ кIыхь зэраIэнум. Апхуэдэхэщ къапщтэмэ: «Адыгэ нэмыс» (псалъэхэр Хьэнфэн А.), «Уэрэ сэрэ» (Къуэдзокъуэ Хь.), «Адыгэ хэку» (Къантемыр Т.), «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?» (Дэбагъуэ М.), «Уэ сыбдэпсэунщ» (Къанкъул ФI.), «Удз гъэгъа» (Матэкхъуей У.), «Нэхущ удж» (Къарэмырзэ Ю.), «Хэкум сыхуозэш» (ТIэш Хь.), «Уэрэду сиIэр уэрщ» (ШэджыхьэщIэ Хь.).

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ композиторым и лэжьыгъэшхуэм хуэфащэ пщIэ игъуэтыжащ. Абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр, Урысей Федерацэми, Абхъаз республикэми искусствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэр, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэри къыфIащащ.

**МЫЗ Ахьмэд**

## ДЫЩЭМ ЕФIЭКIЫУ



70 гъэхэм я пэщIэдзэрат ар. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым щекIуэкIырт ди республикэм щыIэ профтехучилищэхэм я художественнэ самодеятельностхэм я еплъыныгъэ. Сэри сыхэтт абы, уэрэджыIакIуэ ансамблым сриунафэщIу сылажьэу. Зэпеуэр иуха нэужь артист ныбжьыщIэ гупхэр зыгъэхьэзырахэр утыкум дыкърашащ. ИкIи, щхьэж къэтхьа увыпIэм елъытауэ, дипломхэр, щIыхь тхылъхэр къыдатащ жюрим хэтахэм. Сценэм сыкъебэкъуэхыжу щIэкIыжыпIэмкIэ сунэтIауэ къызбгъэдохьэ жюрим хэтахэм ящыщ зы — нэгъуджэ зыIулъ щIалэ лъахъшэр. Си Iэр къекъузри жеIэ:

— Си цIэр Аслъэнщ, Даурщ си унагъуэцIэр, сыкомпозиторщ, Черкесск сыкъикIащ. Уи гупым дагъэлъэгъуар хуабжьу гунэс сщыхъуащ. Пэжыр жысIэнщи, си зы уэрэди зэрывгъэзэщIар си гуапэ мыхъуу къэнакъым. ЗыгуэркIэ фыкъысхуей хъумэ, мис си хэщIапIэр, си телефоныр, — жиIэри тхылъымпIэ кIапэ цIыкIу къысIэщIилъхьащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэсцIыхуауэ щытащ Аслъэн. Пэжщ, и цIэ-унэцIэкIэ, и IэдакъэщIэкIхэмкIэ нэхъапэми сыщыгъуазэт апхуэдэ композитор щIалэ дызэриIэм. Радиом и уэрэджыIакIуэ гупым и хормейстеру сыщылажьа лъэхъэнэм Даурым и уэрэд зыкъом ттхащ дэ. Ди щIыпIэм щыпсэуну къэкIуа нэужь творчествэм и закъуэтэкъым дызэзыпхыр, дэ тIур ныбжьэгъу пэж дызэхуэхъуат, си унагъуэм

мызэ-мытIэу нэкIуат, сэри зэзгъэцIыхуат и Iыхьлыхэр. ГуфIэгъуэри гузэвэгъуэри зэдэдгуэшу дыкъыздекIуэкIащ.

ЩыIэщ композитор, зы жанр къиштэрэ абы и гъащIэр триухуэу. Даурым зэхуэдэу къехъулIэрт вокально-хоровой макъамэхэри, симфониери, ораториехэри, кантатэхэри, сабийхэм папщIэ и Iэдакъэ къыщIэкI музыкэри. Ауэ абы нэхъ къаруушхуэ зытригъэкIуадэр уэрэд тхынырт. Уэрэд телъыджэ куэд иIэщ абы. Аслъэн профессиональнэ композитор икIи дирижер къудейтэкъым, ар пианист Iэзэт. Журналистикэми хуэхамэтэкъым: адыгэбзэкIи урысыбзэкIи абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ искусствэм и цIыху пэрытхэм ятеухуа тхыгъэ зыбжанэ.

Хуабжьу гукъутэщ, псэм хуэмыгъэвщ фIыуэ плъагъу цIыхум, ерыскъы IэфI куэд зыдэпшха, къуэш пэлъытэу, уифIри, уигу щIэузри, уи щэхури зыдэбгуэшу уиIа цIыхум щхьэкIэ «щытащ», «дунейм тетащ» жыпIэну. Илъэс 59-рэ фIэкI мыпсэуами, къэзылъхуа лъэпкъым папщIэ абы зэфIигъэкIар куэд мэхъу. Си щхьэкIэ шэч къытесхьэркъым Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Гимныр, апхуэдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гимныр зыуса а лIы щэджащэм дыщэм ефIэкI и IэдакъэщIэкI телъыджэхэр ди адыгэм — нобэрей щIэблэми, абы къащIэхъуэнухэми зэи IэщIыб зэрамыщIынур.

**КЪАРДЭН Хьэсэн,**
*журналист*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Молэ Владимир, Гъэсашэ Наталье, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Даур Аслъэн, Байчекуев Абдин сымэ

## СИ ГУМ КЪЫСХУИДЭРКЪЫМ

Ди унагъуэм сабийхэр нэрыбгиц дыхъурт — нэхъыжьыр, Назир, къыкIэлъыкIуэр сэ, нэхъыщIэр Аслъэнти, тIэкIуи нэхъ бзаджэу, нэхъ

гъэфIауэ къэхъуащ. Ди анэр пшынауэшхуэт. Арауэ къыщIэкIынщ сабийуэ макъамэм абы гу щIыхуищIар. Пшынэр къиштэрти, зыгуэрхэр къригъэкIыну хуежьэрт, ауэ си анэм ар фIэфIтэкъым – «щIалэ цIыкIухэр пшынэ еуэркъым» жриIэрт. Езыр гурыхуэт, школым фIы дыдэу щеджэрт. СощIэж – ди республикэм щыщу «Артек» лагерым зы гъэ абы и закъуэщ ягъэкIуар «тху» защIэу зэреджэм щхьэкIэ. Предмет псомкIи Iэзэт. Зэгуэрым экзамен ятыну классым щIыхьэн хуейуэ пэшыбжэм Iуту си дэлъхур псалъэрт, зыгуэрхэр жиIэурэ и ныбжьэгъухэр игъэдыхьэшхырт. МодкIэ пэшым щIэсхэм зэран яхуэхъу къыщIэкIынти, егъэджакIуэм бжэр къыIуехри: «Сыт, – жиIащ, – Даур Аслъэн цIыкIу, нартыху гъэпIэнкIам хуэдэу ущIызэтелъэлъыр? Мыдэ укъыщIыхьэмэ тлъагъунщ узэрызэтелъэлъыр». И чэзур къэсщ, щIыхьэри упщIэ псоми дэгъуэу жэуап иритри егъэджакIуэм зыхуигъэзащ: «Джэмалдин Мусэвич, сызэтелъэлъакъэ нартыху гъэпIэнкIам хуэдэу?» «КIуэ, кIуэ, зызумыгъэлъагъуу», жери къыщIигъэкIыжащ, тху хуигъэуври. Мис апхуэдэу цIыхухэм ядэгушыIэу щытащ.

Мэзкуу щеджэу къигъэзэжа нэужь апхуэдизкIэ лэжьыгъэ, музыкэ фIэкI и щхьэм ильтэкъыми, Iыхьлыри благъэри щыгъупщэрт. Зэгуэрым, куэд щIауэ сымылъэгъуауэ, си унэ къыщIыхьауэ: «АIей, Аслъэн, укъакIуэркъым, сыкъэплъагъуркъым», – щыжесIэм: «Зэ увыIэ, Майе, мобы сыкIуэн, мыр стхын хуейщ, мобы сыхуэмызэу хъунукъым, дунейм сытетыхукIэ си адыгэм зыгуэр яхуэсщIэн хуейщ, итIанэ, итIанэ», – жиIэри, къызэрызбгъэдэса щIагъуэ щымыIэу, щIэжыжащ. Пэж дыдэу, лэжьыгъэ фIэкI нэкуи напIи иIэтэкъым. Зэм Адыгейм кIуэнт, зэм Къэбэрдейм. Адыгейм Тхьэбысым Умар дей кIуэнти музыкэм, уэрэдхэм тепсэлъыхьу зыкъомрэ щыIэнт. Умар ди благъэт дэ. Си анэшхуэр абы и адэ шыпхъут.

Зэгуэрым Абхъазым фестиваль щыIэу ирагъэблэгъат ди оркестрыр. Ар си дэлъхум и гъусахэм ящыщ зыщ къызжезыIэжар. Гъуэгу здытетым, псы Iуфэм деж зыщагъэпсэхуну автобусым къикIауэ, Аслъэн щхьэхуэу тIысри сыхьэтитIкIэ щысащ зыгуэрхэр итхыу. ИтIанэ и гупым къахыхьэжри «Абхъазым теухуа уэрэд стхащ» къажриIащ. Абдежым репетицэ тIэкIу щащIри кIуащ фестивалым. А уэрэдыр апхуэдизкIэ ягу ирихьати, хэнейрэ жрагъэIат, жи, залым щIэсу хъуар зэфIэту Iэгу еуэу.

ИтIанэ жысIэнурат. Дыдей хуабжьу гугъу щрагъэхьащ Аслъэн. Жагъуэгъу иIэхэт, гъуэгу къратыртэкъым. Нэхъапэм Черкесск щрагъэкIуэкIыу щытащ «Уэрэдым и махуэ» жери пшыхь. Черкесск драмтеатрым и директорыр ищхьэмкIэ ираджэри «пшыхьыр гъэхьэзыр» къыжраIащ. Унафэ къыхуэзыщIам абы жреIэ: «Даур Аслъэн симыгъусэу езгъэкIуэкIынукъым». «Абы щыгъуэм иумыгъэкIуэкI»,

— къыпедзыжри къыщIегъэкIыж. Театрым и директорым си дэлъхур къегъуэтри къыжреIэ: «Аслъэн, зэрыхъу хъунщ, пшыхьыр уэ гъэхьэзыр». Зэхыхьэр щыщыIэну махуэр къэсыху и нэхъыбэм ящIакъым ар Аслъэн иригъэкIуэкIыну. Къыщысым сыт ящIэжынт, си дэлъхурат зыгъэхьэзырари, псори зэфIигъэкIащ дахэ дыдэу. Театрым и директорым итIанэ къызжиIэжащ: абы щIэсат обкомым и нэхъыщхьэ Инжиевскэри, сэри, Аслъэни, абы щхьэкIэ Iей жызыIахэри ириджэри тIуми ди Iэр къикъузащ. ИтIанэ кърииджахэм захуигъазэри щIэупщIащ: «Сыт мыбы щхьэкIэ Iей къыщIызжефIар? Мыбы къытхуищIам хуэдэ къытхуэзыщIэн ди хэгъуэгум искъым. Мыпхуэдэ цIыхур дгъэлъэпIэн хуейщ»... Жагъуэгъу иIам и нэхъыбэр адыгэщ. Ар си гум къоуэ. ДытхьэмыщкIэщ адыгэр, дызэрыIыгъкъым. Зым фIы гуэр къехъулIэмэ, зэрыдэдгъэкIуеиным дыпылъкъым, зэран дызэрыхуэхъуным иужь дитщ.

Илъэсийкiэ щыIат Къэбэрдейми, «АIей, фэтэр тIэкIу къеIыпхмэ хъуркъэ» жесIэмэ, «Зэ укъытримыч, Майе, къызатынущ, ар Iуэхукъым, умыпIащIэ», жиIэрт. Нобэми сигу къоуэ и хьэпшып тIэкIур общежитым къызэрыщIахыжар...

**ДАУР Майе**



## НЭГЪУЭЩIХЭМ Я ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭМ ЩЫГУФIЫКIЫРТ

Дэ, республикэм ис профессиональнэ композиторхэр, дызэрыхъур цIыху зытхух къудейщ. ДымащIэщ. Аслъэн зэуэзэпсэу зэрытхэкIыжар хуабжьу зыхэтщIауэ щытащ. Музыкэм теухуауэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр зыгъэбагъуэ цIыхут ар. Сэ сыкъапщтэмэ, си гум къиишхыдыкIыу, «мыр тхын хуейщ» жиIэу сыщызэрихуэм дежщ стIолым сыщетIысылIэр. Аслъэн сыт щыгъуи лажьэрт, махуэл имыщIэу. Ар зи IэщIагъэм кууэ щыгъуазэ, фIыуэ зылъагъу цIыхум хэлъын хуей хьэл-щэну собж. Сыт хуэдэ Iуэху иужь ихьэми, псынщIэу, гугъу дыдэ демыхьу зэфIигъэкIыу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Iуэху кърихьэжьа псори и кIэм нигъэсыну хунэсакъым. Псалъэм папщIэ, «Дахэнагъуэ» ансамблым профессиональнэ гуп къыхищIыкIыну и мурадат. Ауэ езыр зэрыхуейм, зэригугъэм хуэдэу ар зригъэхъулIэну иужь иту дунейм ехыжащ. Апхуэдэу а хъыджэбз гупым зэрадэлэжьар лъэужьыншэ хъуакъым — «Дахэнагъуэм» хэтахэр лъэпкъ культурэм нобэ жыджэру хуолажьэ.

Сыхуейт щхьэхуэу Аслъэн и цIыхугъэм сытепсэлъыхьыну. Культурэм и лэжьакIуэхэм яхэтщ езым нэхърэ нэхъыфI зыгуэрым и Iэдакъэ къыщIэкIамэ, и гум зыщишхыхьыж — «еIым-еI, абы ар щхьэ хузэфIэкIа, абы ищIар сэ щхьэ къызэмыхъулIарэ» жиIэу.

Аслъэн абы теухуауэ и гур къабзэт. Зыгуэрым музыкэмкIэ зэчий бгъэдэлъу къищIамэ, и лэжьэгъу гуэрым фIы къехъулIамэ, ар зэрыхуигъэдэхэным, зэригъэгушхуэным, а цIыхур зэриIэтыным иужь итт. Псалъэм папщIэ, сэ стеухуауэ тхылъ гуэр къыдэкIати, абы рецензэ хуигъэхьэзыращ. А тхыгъэм къыщысхужиIа псалъэ дахэм хуэдэ сыкъызэралъхурэ зэхэсхауэ сщIэркъым. ИтIанэ илъэс 50 сыщыхъум щыгъуэ тхыгъэ дахэ газетым къызэрытрыригъэдзар Iэфlу си гум илъщ.

Сыт хуэдэ жанр иужь имыхьами, къехъулIэрт — ар уэрэд ирехъу, симфониеуи щрет, ансамблхэм щхьэкIэ итхахэрауи ирехъу. Сыт щыгъуи пIащIэу щытащ псэуну. ТIэкIуи сригузавэу — «мыбы псынщIэIуэу псори зэфIиудыну, зэфIигъэкIыну хэтщ» жысIэу. Дэ дымыщIэ гуэри хэлъагъэнщ а Iуэхум — ар щIэпIэщIар и псэм ищIагъэнкIэ хъунт — куэд къызэримыгъэщIэнур. Си щхьэкIэ лъэужь дахэ къигъэнауэ собж Даурым — и цIыхугъэкIи, и творчествэкIи.

**ЖЫРЫКЪ Заур,**
*композитор*



Даур Аслъэн «Дахэнагъуэ» ансамблым хэтхэм я гъусэу



## И ГЪАЩIЭР ЗЭФЭЗЭЩУ МАКЪАМЭТ, УЭРЭДТ

Адыгэр псори дригушхуэн хуэдэу, Аслъэн цIыхушхуэт. Ар здынэмыс щыIэтэкъым — КIахэмкIи КъэбэрдеймкIи и лъэр нихусырт. Къэзыухъуреихь дунейр, цIыхухэр абы апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурти, ар псалъэкIэ пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизт. Абы и гъащIэр зэфэзэщу макъамэт, уэрэдт. МащIэ къызэригъэщIэнумкIэ гурыщхъуэ уигъэщIу, нэхъыбэ итхыну, нэхъыбэм яхуэзэну и гуращэт, фIэфIт. ЦIыкIури и ныбжьэгъут, инри и ныбжьэгъут. Сигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт абы сызэрыхуэзауэ щытар. СыщIалэу, газетым сыкIуагъащIэу, абы тездзат «Адыгэ хэку» жери усэ.

Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу Аслъэн си дей къопсалъэ. «УщIэс?» «СыщIэсщ». «УхущIыхьэнумэ, си унэмкIэ къакIуэт, уи усэм макъамэ щIэслъхьащи уезгъэдэIуэнут». Сылъэтэным хуэдэу сынэсащ. СригъэдэIуащ уэрэдым. Хуабжьу дахэт макъамэр. «Иджыри зэ къегъэуэжыт» жысIэри етIанэу сригъэдэIуащ. Абдежым апхуэдизкIэ си гурыщIэм сиIэтати, сымыгъэпщкIуу жысIэжынщи, сыкъотэджыжри жызоIэ: «Аслъэн, си усэм мыпхуэдэ уэрэд дахэ къызэрыхэпщIыкIам щхьэкIэ, зы бжьэ бдэсIэтыну сыхуейщ». СыщIэкIыу къэсхьыну арат. Аслъэн къызэплъыщ, пыгуфIыкIри къызжиIащ: «Сэ си закъуэу, щхьэгъусэ сыбгъэдэмысу сыпсэу щхьэкIэ, а жыхуэпIэр згъэхьэзырагъэхэщ, модэкIэ дыщIэгъэхьэ» жери пщэфIапIэм сыщIишат. Хьэзыру Iэнэм тетт джэдлыбжьэрэ пIастэрэ… ГукъэкIыжыр куэд мэхъу, дэтхэнэр жыпIэжын. Аслъэн къимыгъэщIар адыгэ псоми Тхьэм къаригъэгъащIэ.

**КЪАНТЕМЫР Тыркубий,**
*тхакIуэ*

## СИ ЕГЪЭДЖАКIУЭ



Аслъэн си егъэджакIуэт, си гъэсакIуэт. Сэ сызыхигъэхьа, бзылъхугъэ ныбжьыщIэхэр зыхэт «Дахэнагъуэ» ансамблым ар дэлажьэрт еш, щхьэх жыхуэпIэр имыщIэу. Си гугъэмкIи, зэманыр зыхуэныкъуэ уэрэджыIакIуэ гуп хъарзынэ зэригъэпэщауэ щытащ. Ар гушхуэ, гу къабзэ, гу щабэ зиIэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ композитор Iэзэт. Аслъэн зэлэжьыжа цIыхубэ уэрэдхэм, уэрэдыжьхэм уасэ яIэкъым. Абыхэм псэщIэ яхилъхьэжащ.

Сэ езыр фIы дыдэу къысхущытт. «Дахэнагъуэр» щызэфIэувэм ятха лирикэ уэрэд дахэхэм я нэхъыбэр сэрат зыгъэзэщIэну зи пщэ ирилъхьэр. Репетицэ щедгъэкIуэкIкIи Iэхъуэтегъэкl лъэпкъ Iуэхум хэлъэкъым, а ттхыр гугъэзагъэу дымыгъэзэщIауэ утыку итхьэ зэрымыхъунур хьэкъыу тпхигъэкIат. ФIы фIэкIа сигу къинакъым си егъэджакIуэм теухуауэ. Абы и IэдакъэщIэкI уэрэд хьэлэмэтхэр ягъэзащIэ артист, художественнэ коллектив куэдым. Си гугъэмкIэ, ахэр зэи жьы хъунукъым.

Аслъэн дунейм ехыжри куэд дэмыкIыу абы и фэеплъ концерт къыщызэрагъэпэщат езыр къыщалъхуа Хьэбэз къуажэм. А пшыхьым щызгъэзэщIащ композитор щэджащэм и уэрэдхэр. Абы щыгъуэ удз гъэгъа Iэрамэ куэд къызатат. Ахэр зыри къэмынэу теслъхьауэ щытащ абы и кхъащхьэм.

**ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Светланэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*щIыхь зиIэ и артисткэ*

*ГъукIэ Маринэ Прохладнэ районым хыхьэ Альтуд къуажэм 1987 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр, иужькIэ – Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэр. 2012 гъэ лъандэрэ «Успех» еджапIэ центрым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж, абы къыдэкIуэуи кандидат диссертацэм йолэжь.*



*Маринэ и IэдакъэщIэкIхэр щIэхщIэхыурэ къытохуэ ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. Абы и рассказ зыбжанэ итщ 2010 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым.*

# Жэнэтым лъэтэжхэр

*Рассказ*



*«Жэнэт бзууэ лъэтэжа»*
*сабий псоми фэеплъ яхузощI*

ГъащIэм цIыху куэдым нэIуасэ дащыхуохъу. Языныкъуэхэм гу ялъыдмытэу, псэуми мыпсэуми дымыщIэу, гъащIэу диIэр идохьэкI. Ауэ щыIэщ нэгъуэщI гуэрхэри, дымыщIэххэу ди гъащIэм къыхыхьэрэ лъэужьышхуэ къыщагъанэу, апхуэдабзэуи псынщIэу хэкIыжу. Мис апхуэдэ зыщ зи гугъу фхуэсщIынур. А хъыджэбз цIыкIур си гъащIэм къыхыхьэу зэрыщыхьэщIар зы илъэс закъуэщ, ауэ иджыри къыздэсым ар си гъусэу къысщохъу. Уеблэмэ IэщIагъэ схуэхъуар къызэрыхэсхар зи фIыщIэри аращ. Нобэр къыздэсым си псэм хьэлъэу телъщ а сабийм сэ къысхуищIам пэкIуэу зыри зэрыхуэзмыщIэжыфар. ГъащIэр апхуэдэущ зэрызэхэлъыр – дигу илъ псом далъэIэсыркъым. Ауэ сыт хуэдизрэ сымыпсэуами, сэ сигу илъынущ а цIыкIум и гъусэу згъэкIуа илъэс закъуэр...

Абы лъандэрэ илъэс тIощI дэкIащ... Школыр къэзухри еджапIэ сыщIэтIысхьэну къалэм сыкъэкIуауэ, си анэ шыпхъум деж сыщыIэт. УхуакIуэ IэщIагъэр си псэм нэхъ дыхьэу щытти, абы сыхуеджэну мурад сщIат. Экзаменхэр стауэ, жэуапым сежьэрт. ЩIэхуахэм я унэцIэр къыфIадзауэ зэрызэхэсхыу, сыпIащIэу сыдэкIащ университетым. Абы и бжэIупэм IухьэпIэ имыIэу цIыхур щыIувт. Зи унэцIэ хэтхэм IэплIэ зэхуащIурэ мэгуфIэ, мыдрейхэр нэщхъейуэ IуокIыж. Иужьрейхэм сэри сахэтщ. Сыт хуэдизрэ сымылъыхъуами, си унэцIэр яхэзгъуэтакъым. Гукъыдэж симыIэу, уеблэмэ сыгъыну сыхьэзыру, университетым сыкъыIукIыжауэ, хуэмурэ паркымкIэ сыкIуэцIрокI. Сигурэ си щхьэ-

рэ зэбгъэжат. Илъэс хъуауэ зэрызызгъэхьэзырари экзамен стахэри псыхэкIуадэ хъуат. Си гугъэр хэсхыжыпэну сыхуейтэкъыми, згъэзэжу иджыри зэ тхьэ семыплъыжрэ, жысIэрт. Ауэ абы зыри къызэримыкIыр къызгурыIуэжырти, нэхъри нэщхъей сыкъэхъурт. Экзаменхэр фIы дыдэу стауэ къысщыхъужырт, ауэ сэ нэхърэ нэхъыфIыж зэрыщыIэм сегупсысыртэкъым. Гупсысэ хьэлъэхэм сахэтурэ, гу лъыстакъым си анэ шыпхъум и унэм сыкъызэрысыжам. Ар къызэжьэу бжэIупэм Iутт.

– Сыт, ущIэхуа? – къызоупщI ФатIимэт. Апхуэдизу къысщыгуфIыкIыу къыспежьам «хьэуэ» зэрыжесIэнур сымыщIэу сыщытщ. Ауэ си щытыкIэмкIэ езым псори къыгурыIуащ.

– Умыгузавэ, умыгужьей, етIанэгъи уеплъынщ, – къызжеIэ.

А псалъэхэм нэхъри си гур къызэфIагъанэри, си нэпсхэр къыщIолъэлъ.

– Сэ сытым хуэдэу си нэ къыхуикIрэт а IэщIагъэм, – жысIэурэ согъ.

ФатIимэт, сытригъэуну хэту, жэуап къызетыж:

– Псоми чэзу яIэщ. Нобэ мыхъуами, иужькIэ ущIэтIысхьэнщ. Пэжым ухуеймэ, сфIэфIтэкъым абы узэрыщIэтIысхьэр. Сыти жыIи, ухуакIуэр цIыхубз IэщIагъэкъым.

– Сыт мыгъуэр къыбгурыIуэрэ уэ, – жызоIэри нэхъри согъ.

– Иджы сыт пщIэн уи гугъэр? – щIоупщIэ ФатIимэт.

– Сыт сщIэн? Згъэзэжынщ къуажэм, – жызоIэ. – Мыбы сыдэскIэ, мыхьэнэ иIэкъым. Зы илъэскIэ зызгъэхьэзырынщи, иджыри зэ сеплъынщ си насып къихьым.

ФатIимэт, зытэлайкIэ мэгупсысэри, жеIэ:

– Зыгуэр бжесIэнут, ауэ сщIэркъым къызэрыпщыхъунур. Ди лэжьапIэм гъэсакIуэхэм ящыщ IукIыжащи, лэжьакIуэ къыдолъыхъуэ. НакIуэ си гъусэу, мы илъэсым абы ущылэжьэнщ.

Анэ шыпхъум и псалъэхэм Iэнкун сащIащ. Ар щылажьэр сабий ныкъуэдыкъуэхэр щаIыгъ унэрт. Абыхэм сэ сахэтыфыну? Сэ езыр иджыри сысабийуэ жыпIэ хъунущ.

– Абыхэм сэ садэлэжьэфынукъым, – жызоIэ. – Сэ сыкъызыхуигъэщIар нэгъуэщI IэщIагъэщ.

– Ар дауэ къызэрыпщIар? – жеIэ ФатIимэт. – НакIуи, лэжьэн щIэдзэ, уигу ирихьынкIи хъунщ. Сабийхэм удахьэхынщи, мазэ нэхъ дэмыкIыу, уи лэжьыгъэм ущыгуфIыкIыжынщ.

Сытемыгушхуапэми, етIуанэ махуэм ФатIимэт директорым деж сыщIишащ.

– Мыбы укъэкIуэн ипэкIэ зыщIыпIэ ущылэжьа? – къызоупщI лIы нэщхъыцэр.

– Хьэуэ, – хуэму жэуап изотыж.

– АтIэ, улэжьэфыну къыпщыхъурэ? Зыщумыгъэгъупщэ, мыбы щыIэ сабийхэр адрейхэм ещхькъым.

– Сылэжьэфынущ...

– Псоми апхуэдэу жаIэ, ауэ япэ махуэм си деж къыщIохьэхэри мэтхьэусыхэ.

– Хьэуэ, сэ сылэжьэнущ, – жызоIэ аргуэру, ауэ иджы си псалъэхэм япэрей фIэщхъуныгъэр хэлъыжтэкъым.

«Сымылэжьэфмэ-щэ?» – жысIэу сызэупщIыжырт. Щхьэгъубжэм-

кIэ сыдэплъти, пщIантIэм щыджэгу сабийхэм сахэплъэрт. Абыхэм срагъэсакIуэу сахэту къызыщызгъэхъурт. Ауэ си гупсысэхэм гужьеигъуэм сыхадзэ фIэкIа, зыкIи сагъэгуфIэртэкъым. Дауэ сахэтыну? Садэлэжьэфыну? Хамэ сабийхэр фIыуэ схуэлъагъуну? Нэхъыщхьэжращи, езыхэм сыкъалъагъуну? Мис а упщIэхэрат си щхьэм илъыр. Дауэ мыхъуми, а къалэныр си пщэ дэслъхьэжын мурад сщIати, къикIуэтыжыпIэ имыIэу къысщыхъурт.

– Илъэс дапщэ ухъурэ? – къызоупщI директорыр.

– ПщыкIубл...

– УщIалэIуэщ...

Зыри пэдзыжакъым. Езыр, си тхылъхэм хэплъэурэ, зэзэмызэ къысхудоплъей.

– ЕджапIэ ущIэтIысхьакъэ?

– Хьэуэ, мы илъэсым къызэхъулIакъым. Ауэ мы гъэм фIыуэ зызгъэхьэзырынурэ етIанэгъэ Iэмал имыIэу сыщIэтIысхьэнущ. ЗэкIэ мыбы зэманыр щызгъэкIуэнщ...

Си псалъэхэм директорыр къагъэгубжьащ:

– АтIэ, тIасэ, гъази кIуэж. Зэгъащ1э, мыр ауэ сытми зэман щагъакIуэ щIыпIэкъым. Мыбы уи фIэщу ущылэжьэн хуейщ. Сэ къэсщтэнур лэжьыгъэм щымышынэ цIыхущ, ахъумэ зыщIэн зымыгъуэту зытезыгъэун мурадкIэ къэкIуа хъыджэбзыжь цIыкIукъым.

Апхуэдиз губжь хэлъу къызжаIа псалъэхэм зэуэ сагъэщтат, ауэ лэжьыгъэкIэ сыкъызэримыкIуэтынур къыгурызгъаIуэу жысIащ:

– Хэт сэ сымылэжьэну жызыIар? Сылэжьэнущ, ауэ тIури здэсхькIэ, зыми зэран хуэхъуну къысщыхъуркъым.

ИщIэнур имыщIэ хуэдэ, зытэлайкIэ къызэплъри, директорым жэуап къызитыжащ:

– Хъунщ, укъызощтэ, ауэ уи лэжьыгъэм зэ закъуэ дагъуэ хуэзбгъэщIмэ, уIузгъэкIыжынущ.

«Сигъэгузэва и гугъэ хъунщ мыбы... – согупсыс. – Мыбыхэм сахэтыну Iейуэ сыхуей нэхъей...» Сэ сесатэкъым зи ужь сихьа Iуэхур и кIэм нэзмыгъэсу. Ар япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, директорым и псалъэхэм апхуэдизкIэ сыкъагъэгубжьати, сесэху сыщылажьэу, иужькIэ псори къызэлъэIуу сафIыIукIыжыну сигу ислъхьащ.

Абдеж щыщIэдзауэ си лэжьыгъэм сыпэрыуващ. ФатIимэт псори сигъэлъагъуурэ сыкърищэкIырт. Сабий къэс къысхутепсэлъыхьырт, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ щхьэж хуиIэн хуейми ищIэрт. Ар сфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ, жызоIэ:

– Дауэ пщIэжрэ а къомыр?

ФатIимэт мэдыхьэшх:

– Мыр къызэрызэIуахрэ сыщолажьэ, дауэ сымыщIэнрэ...

Абы ирихьэлIэу хъумакIуэхэм языр къыщIохьэри си гъусэм зыкъыхуегъазэ:

– ФатIимэт, Аслъэн къэзыщтэнухэр къэкIуащ...

– СынокIуэ иджыпсту, – жреIэри, сэ зыкъысхуегъазэ: – НакIуэ, Лерэ, щIэбдзэнщ уи лэжьыгъэм.

Анэ шыпхъум и ужьым ситу сыщIэкIащ. АслъэнкIэ зэджэ щIалэ цIыкIур илъэсипщIым итт. И щхьэц утIэрэза цIыкIухэм къупщхьэ гуащэм ещхь ящIт. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, и ныбжьым емылъытауэ

и нэгум гупсысэшхуэ къищырти, абы къысфIигъэщIырт зэгуэр ар балигъыу щытауэ иджы цIыкIу хъужауэ.

– Аслъэн, си псэ цIыкIу, иIэ, зыдгъэгъэхьэзыр, уи мамэрэ папэрэ къэкIуащ, – ФатIимэт щIалэ цIыкIум еубзэурэ зрегъэхуапэ. Мыдрейми, зы псалъэ пимыдзыжу, и гъэсакIуэм къыжриIэр ещIэ.

– Зыри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, – жеIэ анэ шыпхъум.

Аслъэн къэзыщтэ унагъуэр сигу ирихьащ. Нэмыс яхэлъщ, нэфIэгуфIэхэщ. Псом хуэмыдэу гуапэу сабийм къыхуэгуфIэр цIыхубзырт, адэ хуэхъуари щабагъэ гуэр и нэгум къищу къеплъырт. Аслъэнти, къехъулIа насыпымкIэ арэзы хуэдэт… Апхуэдэу «Жэнэт»-кIэ зэджэ интернатым аргуэру зы сабий зеиншэ гъуэгущIэ тригъэуващ.

Аслъэн едгъажьэри, дыкъыщIыхьэжащ ФатIимэтрэ сэрэ. ЩIалэ цIыкIур зэрыщэхур сфIэгъэщIэгъуэн хъуащи, си анэ шыпхъум соупщI:

– Зыри щхьэ жимыIэрэ Аслъэн?

– Ар псалъэркъым...

– АтIэ, уэ щхьэ уепсалъэрэ, апхуэдэхэм икIи узэхахыркъым.

– Хьэуэ, мыр нэгъуэщIщ, – жеIэ ФатIимэт. – Аслъэн мэпсэлъэф, ауэ езыр хуэмейуэ station.

– Сыт щхьэкIэ?

– И адэ-анэр зэрылIэрэ апхуэдэщ, илъэситI хъуауэ зыри жиIэркъым. Зэман дэкIмэ, псэлъэжынущ, жаIэ. Плъагъункъэ зэрыхъур. Унагъуэ хъарзынэ хуэдэщ къэзыщтари, мис абыхэм яхэсурэ хъужынри хэлъщ.

– Сыт и адэ-анэм къащыщIар?

– Ахэр машинэм иукIащ. Мы цIыкIур къелат...

– АтIэ, а унагъуэ жыхуэпIэм дауэ къащтэрэ мыр?

– Сыту? – къыгурыIуакъым ФатIимэт.

– Сабий сымаджэр, жысIэу station...

– НтIэ, сыт?

– Сабий узыншэр гъунэжщ, сыт сымаджэ къыщIэпщтэнур?

– Абы и гупсысэкIэм еплъыт... – мэшхыдэ анэ шыпхъур. – Сабийр сабийщ, сымаджэми, узыншэми. Апхуэдэу зэхэбдз хъурэ?..

А псалъэхэм зыри пэздзыжакъым. Иджыри гъащIэм фIыуэ хэзымыщIыкI сэ си акъылым къитIасэртэкъым сабий сымаджэ къапщтэу, уи щхьэ мыузым боз щIепшэкIыжынур. Абы щыгъуэ сэ иджыри сщIэртэкъым а си гупсысэкIэм куэд мыщIэу зэрызихъуэжынур.

– Иджы, уэ узыхэтыну гупыр, накIуэ, уэзгъэлъагъунщ, – жеIэ ФатIимэт.

– Сэ уэ суригъусэнуракъэ? – сыщIоупщIэ.

– ЯпэщIыкIэ дызэгъусэнущ. Ауэ иужькIэ сабийхэм уи закъуэу уахэтын хуей хъунущ.

– Си закъуэу абыхэм сахэтыфынукъым, – жызоIэ.

– Сыт уащIыхэмытыфынур? – идэркъым ФатIимэт. – Иджыпсту апхуэдэу къыпщохъу, ауэ иужькIэ уесэжынущ. Нэхъыщхьэр сабийр фIыуэ плъагъунырщ. НакIуэ, псори уэзгъэцIыхунщ.

ЗысхъунщIэми, сытхьэусыхэми къыфIэмыIуэхуу, ФатIимэт сришэжьащ. Япэ пэшым дынэсри, бжэр хуэму Iутхащ. Абы щIэст илъэсийм итын щIалэ цIыкIу.

– Инал, си щIалэ цIыкIу, уи закъуэу ущIэси... Сыт пщIэхэр? – щIоупщIэ ФатIимэт, абы и щхьэм щабэу телъэщIыхьурэ.

– Сурэт сощI, – къыпыгуфIыкIыурэ жеIэ Iэ лъэныкъуэ фIэкIа зыпымытыж щIалэ цIыкIум.

– Сыту дахащэу пщIырэ? – щотхъу ФатIимэт.

Сабийм ар гуапэ щыхъуауэ, мэгуфIэ. Анэ шыпхъум си дежкIэ зыкъегъазэри жеIэ:

– Инал, мыр Лерэщ. Ар гъэсакIуэщ, аращ дяпэкIэ фи гъусэнур.

ЩIалэ цIыкIур япэщIыкIэ дзыхь къысхуимыщI хуэдэу къысхуеплъэкIащ, иужькIэ къыпыгуфIыкIащ.

– Сурэт пхуэсщIын? – къызоупщI.

Сабий сыкъэзымыцIыхур нэшхуэгушхуэу къызэрысхущытыр си гуапэ хъуарэ, тIэкIуи Iэнкун сищIауэ жысIащ:

– СхуэщI...

ЩIалэ цIыкIур тIысащ сурэт схуищIыну... ФатIимэт къыпыгуфIыкIри, «накIуэ» жыхуиIэу и щхьэр ищIащ. Пэшым дыкъызэрыщIэкIыжу, схуэмышыIэу сыщIэупщIащ.

– Сыт абы и Iэм къыщыщIар?

– А цIыкIум и Iэ лъэныкъуэм зыгуэр и лажьэу къалъхуати, памыхыу хъуакъым.

– И адэ-анэр дэнэ здэщыIэр?

– Инал роддомым къыщIанауэ щытащ. Зэрысымаджэр щалъагъум, и адэ-анэм къащтэжын ядакъым.

– НтIэ, щхьэ и закъуэу щIэс ар?

– Абы и гъусэу щытар Аслъэнт...

– ГурыIуэгъуэщ... НакIуэ, сыгъэцIыху адрейхэри.

КъыкIэлъыкIуэ пэшхэм щIэс сабийхэри апхуэдэт: хэт псалъэртэкъым, хэт зэхихыртэкъым, хэти къикIухьыфыртэкъым. Ауэ, дэтхэнэ сабийми хуэдэу, гъащIэм щыгуфIыкIхэрт, джэгухэрт, сурэт ящIхэрт. КIэщIу жыпIэмэ, зэрызытрагъэун Iэмал къагупсысырт. Ауэ адрейхэм къащхьэщызыгъэкI гуэр мыбыхэм яхэлът: балигъ гупсысэкIэ яIэт. Абыи щхьэусыгъуэ иIэт: мы сабийхэр махуэ къэс ажалым езауэрт, ани ади къащхьэщымыту, езыхэм я закъуэ егупсысын хуей хъурт адэкIэ я гъащIэр зэрыхъунум.

– Иджы нэхъыщхьэр мыращ, – жиIащ ФатIимэт, кIэлындорым и кIэ дыдэм щыIэ пэшым дыщынэсым. – Мыбы щIэс хъыджэбз цIыкIур адрейхэм нэхърэ нэхъ сабий гугъущ.

– Сыту?

– ЦIыхум занщIэу есэркъым, игу удыхьэнуи тыншкъым. Ауэ езыр сабиифIщ, фIыуэ зыкъебгъэлъагъун хуейуэ аращ.

– Мыбы щыIэ дэтхэнэ сабийми щхьэкIэ аращ уэ жыпIэр.

– Апхуэдэу щытщи аращ...

Бжэр хуэмурэ Iутхри пэшым дыщIыхьащ. ФатIимэт зэрыжиIам хуэдэуи, мыбы щIэсыр хъыджэбз цIыкIут. Ар илъэсипщIым итынт. И щхьэц фIыцIэр тIууэ ухуэнат, бостей хужь дахэ цIыкIу щыгът. Зэ еплъыгъуэкIэ адрей сабийхэм зыкIи къащхьэщыкI хуэдэтэкъым, ауэ си гур игъащтэу и плъэкIэм зыгуэр хэлът.

– Дианэ, си дыгъэ цIыкIу, ужей си гугъати, – йоубзэрабзэ ФатIимэт.

– Хьэуэ, си жеин къакIуэркъым, – макъ псыгъуэкIэ жэуап къетыж хъыджэбз цIыкIум.



9 Заказ №152

– КъакIуэ-тIэ, укъэзгъэтIысынщ, – жеIэри, ФатIимэт пIэм хэлъ сабийм бгъэдохьэ. Абдежыращ гу щылъыстар гъуэлъыпIэм къыбгъэдэт коляскэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, мы тхьэмыщкIэ цIыкIум къикIухьыфыркъым. Адрей сабийхэри узыншэкъым, ауэ нэгъуэщI мыхъуми, къакIухьыф, я Iуэху гуэрхэр ящIэж... Мыбы нэхъ егугъун хуей хъунущ... Си анэ шыпхъум жыхуиIа гугъуехьхэм щIадзэ си гугъэщ...

Дианэ коляскэм иригъэтIысхьэри, си дежкIэ и Iэр къишийурэ, ФатIимэт жиIащ:

– Си псэ цIыкIу, мыр Лерэщ, дяпэкIэ фи гъэсакIуэу щытынущ.

Сабийм сыхуэгуфIащ, и гум нэхъ сыдыхьэн си гугъэу. АрщхьэкIэ ауи сыкъридзакъым. Хэбгъэзыхьмэ, лъагъумыхъуныгъэ гуэр хэлъу къызэплъауэ къысщыхъуащ.

– Тамарэ-щэ? – щIэупщIащ ар.

– Тамарэ сымаджэ хъуати, зигъэхъужыну нэгъуэщI къалэ кIуащ. Ауэ Лери цIыхуфIщ, абы фIы дыдэу укъилъагъунущ, уэри ар уигу ирихьыну къысщохъу.

– Сэ Тамарэ фIэкIа зыми сыхуейкъым, – ерыщу жеIэ Дианэ.

– Зэ умыпIащIэ, Лери уесэнщ...

Ауэ сабийр апхуэдэу егупсысыртэкъым. КуэдыIуэ къыджиIауэ къыщыхъужри, абы и щхьэр ирихьэкIащ...

ФатIимэт, и щхьэр бжэмкIэ ищIри, тIури дыкъыщIэкIыжащ.

– «Гугъущ» щыжыпIэм, къызгурыIуатэкъым, ауэ иджы псори нэрылъагъущ, – жызоIэ сэ. – Дызэзэгъыну къысщыхъуркъым...



– Псом щхьэкIи аращ уэ жыпIэр, – ауан сыкъещI ФатIимэт.

– Хьэуэ, адрейхэр зыгуэрурэ къыдэсхьэхынт, ауэ мыр сщIэркъым... Хэт а Тамарэри?

– Я гъэсакIуэ IукIыжаращ. Дианэ мы интернатым къызэрашэ махуэрэ аращ и гъусар, абы хуэдэу фIыуэ илъагъу мыбы щылажьэркъым.

– Дианэ и адэ-анэр дэнэ здэщыIэр?

– Ар Iэджэ мэхъу, псори и чэзум къэпщIэнщ. Уи къалэн нэхъыщхьэр хъыджэбз цIыкIум и гум удыхьэнырщ.

– Мы лэжьыгъэм сэ дауэ сыхэзэгъа хъуну пIэрэ? – жысIэри сыхэщэтыкIащ.

ФатIимэт мэдыхьэшх:

– Ухэзэгъэнщ, умыгузавэ. Иджыпсту кIуэжи зыгъэпсэху, пщэдей жьыуэ уи лэжьыгъэм щIэбдзэнщ.

Унэм сынэсыжыху сегупсысащ нобэ слъэгъуахэм. СхузэфIэкIыну пIэрэ сызыпэрыувэ лэжьыгъэр, хьэмэ щIэзмыдзэххэмэ нэхъыфI?! Нэху щыху сепщIыхьащ интернатым, сабийхэм. Си пщIыхьэпIэм щыслъагъур сабийхэрт, зыри къызэмыдаIуэу, псори зэбгрыжарэ схузэщIэмыкъуэжу, сэ сыгъыу пщIантIэкум ситу.

Си Iэпкълъэпкъыр къызэузу, зызмыгъэпсэхуауэ нэху сыкъекIащ. Интернатым сыкIуэу гъуэгу сыздытетым, сегупсысырт: «Згъэзэжмэ, мынэхъыфIу пIэрэ?» – жысIэу. Ауэ, дауэ мыхъуми, зэрытедухуам тету, си лэжьыгъэм щIэздзащ.

СызыкIэлъыплъын хуейуэ къызатар зэрыхъур сабиипщIт. Си къалэным хыхьэрт ахэр махуэ къэс пщэдджыжьышхэ, шэджагъуашхэ, пщыхьэщхьэшхэ шхапIэм сшэн хуейуэ. Ауэ, къызэрызжаIамкIэ, Диа-

нэ сыт щыгъуи и пэшым щышхэрт, абы къыхэкIыуи шхыныр сэ хуэсхьын хуейт. Адрей сабийхэм яхэсу шхэмэ нэхъыфIтэкъэ, жысIэу зэ къыхэслъхьати, занщIэу къызгурагъэIуащ: мыбы апхуэдэ хабзэщ щыIэри, утемыкIмэ, нэхъыфIщ. Абы къищынэмыщIа, сабийхэм зыщахуапэкIэ садэIэпыкъун, я къабзэлъабзагъэм сыкIэлъыплъын хуейт. Си къалэнхэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, си гум зэуэ схуиубыдэртэкъым. Нэхъыщхьэжрати, си къалэнхэм зэман хэха яIэти, дэтхэнэри и чэзум фIэкI хъунутэкъым.

Нобэ япэу сакъыхыхьэу арами, сабийхэр къызэсат. Узым иужьыгуауэ, адэ-анэ лъагъуныгъэм хуэныкъуэу къэхъу сабийхэр дэтхэнэ гулъытэми щыгуфIыкIырт. Инал сурэт схуищIат, адрейхэми зыгуэркIэ сагъэгуфIэну хэтт. Ауэ Дианэ апхуэдэтэкъым. Къызэрысхуэмейри къызэсэн мурад зэримыIэри япэ махуэм щыщIэдзауэ къызгуригъэIуащ.

Сабийхэр шхапIэм сшэри, Дианэ и пщэдджыжьышхэр и пэшым хуэсхьащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Дианэ цIыкIу! – бзэ IэфIкIэ къыщIызодзэ сэ. – Дауэрэ ужея?

Ауэ абы жэуап къызитыжакъым. Ар зыуи къысщымыхъуа хуэдэ, адэкIэ пызощэ:

– Уи пщэдджыжьышхэр къыпхуэсхьащи, иIэ, зыхуапэ, ушхэн хуейщ.

ГъуэлъыпIэм сыбгъэдыхьэри, хъыджэбз цIыкIур къэзгъэтэджащ, зезгъэтхьэщIри коляскэм изгъэтIысхьащ. Дианэ зы псалъэ жиIэртэкъым. Пщэдджыжьышхэ къэсхьар зытет стIолыр бгъэдэзгъэкIуатэри, щхьэгъубжэр Iусхыну сыбгъэдыхьащ.

– Шейр упщIыIужащ, – жеIэ хуэму сабийм.

Зэрыпсэлъа къудейр сфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ, сыкъыхуоплъэкI. СтIолым сыбгъэдыхьэри шейр къэсщтащ, ауэ щIыIэ хъуа лажьэ иIэу къысхуэщIакъым.

– Хьэуэ, упщIыIужакъым...

– УпщIыIужащ-тIэ, – зрегъэIэт и макъым. – Сэ шей щIыIэ сефэнукъым, схуэхъуэж!

ПцIы хэмылъу, сабий щыкIам сыкъигъэгубжьат. Ауэ зы псалъэ жызмыIэу, шейр зэрыт стэканыр къасщтэри шхапIэм сыкIуащ. Ар езгъэхъуэжауэ пэшым сыкъыщIыхьэжмэ, тепщэчым илъу къыхуэсхьа щIакхъуэ бзыгъэр щIым щылъщ.

– Мыр сыт зищIысыр? – соупщI, си макъым зезмыгъэIэту.

– СIэпыщIэхуащ, нэгъуэщI къысхуэхь...

«Сыкъэгубжьат» жысIэри, зыри жызмыIэри тIури зыщ. Дауи, абы а псор щIищIэр сигъэбэмпIэн щхьэкIэт. Ауэ си губжьыр зыкIи къэзмыгъэлъагъуэу, щIакхъуэр къэсщтэжри шхапIэм сыкIуащ. Къэзгъэзэжу щIакхъуэ бзыгъэ и пащхьэм щислъхьэм, абы къызжеIэ:

– ЩIакхъуэм сежьэху, шейр упщIыIужащ, схуэхъуэж...

Алъандэрэ зысIыгъами, а псалъэхэм си пIэм сыкърашащ:

– УпщIыIужамэ, зи лажьэр уэращ. АфIэкIа зыри схъуэжынукъым, къыпхуэсхьар шхыи щIэзгъэхыж. Сэ адрей сабийхэми сакIэлъыплъын хуейщ.

– Ар Тамарэтэмэ псори и чэзум ищIэнут...

Зыри жызмыIэу пэшым сыкъыщIэкIыжащ. «Сыхьэт ныкъуэ

дэкIмэ, згъэзэжынщ» жысIэри, адрей сабийхэм я деж сыкIуащ. Ауэ а зэманми нэмысу, дакъикъипщI дызогъэкIри, къызогъэзэж. СтIолым тета шхыным ауи еIусатэкъым Дианэ.

– Сыт ущIэмышхар? – макъ щабэкIэ къыщIэздзащ.

– Сыхуейтэкъыми, – къыпидзыжащ.

– Сыт щхьэкIэ?

– И чэзум къэпхьакъым, шейр упщIыIужащ.

ЗысхуэмыIыгъыжу сыкъэгубжьами, зысшыIэрт, си япэ лэжьэгъуэ махуэр псалъэмакъкIэ къыщIэздзэну сыхуейтэкъыми. Си макъым зезмыгъэIэту Дианэ зыхуэзгъэзащ:

– Дианэ, сыт апхуэдэу укъыщIызэпсалъэр? СызэригугъэмкIэ, сэ уэ зыри уэсщIакъым. Хэбгъэзыхьмэ, дэ дызэзэгъыну сыхуейуэ аращ.

– Сэ сыхуейкъым, – ехьэкI лъэпкъ хэмылъу губжьауэ къызжиIащ хъыджэбз цIыкIум. – Сигу урихькъым, къыбгурыIуэрэ?! Сэ Тамарэщ си гъусэну сызыхуейр...

– Тамарэ мыбы щылэжьэжкъым, абы къыхэкIыуи уи гъусэфынукъым, – си макъым пхъашагъэ хэлъу жызоIэ. – ПфIэфI мыхъуами, сэращ дяпэкIэ къыбдэлэжьэнур, нэхъ псынщIэу ар къыбгурыIуэмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ.

СтIолым тет хьэкъущыкъур къасщтэри, псынщIэу пэшым сыкъыщIэкIыжащ. Сыт хужыпIэн, икъукIэ «лэжьыгъэфI» къысIэрыхьащ! Къалэну сиIэр си щхьэм къос, зэманыр къызомэщIэкI, абы къищынэмыщIауэ, мо хъыджэбзыжь цIыкIум къыкIэлъызжыхьын хуейщ. Хьэуэ, апхуэдэу екIуэкI хъунукъым... Дианэ сыхэмызагъэмэ, зыгуэрурэ къыдэзмыхьэхмэ, лэжьыгъэм сыпыкIащ... Дауэ ар зэрысщIынур?..



ПщэдджыжьышхэрзэфIэкIри, сабийхэр шхапIэм къыщIэсшыжащ. Иджы шэджагъуашхэр къэсыху, ахэр зыгуэркIэ тезгъэун хуейт. Мыпхуэдэ сыхьэт бжыгъэм деж сабийхэр ирагъаджэ хабзэт, дэтхэнэ школми хуэдэу, ауэ иджыпсту, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, таурыхъкIэ, джэгукIэкIэ тезыгъэун хуейр сэрат. Псори зэгъусэу щыджэгу хабзэ пэшым сабийхэр щIэсшэри згъэтIысащ. ГъэщIэгъуэныракъэ, игъащIэ лъандэрэ сахэтам хуэдэу псори жысIэм къедаIуэрт. Ари хъарзынэт, ауэ, си лэжьыгъэр гугъу къысщызыщI Iэджи щыIэт. Сабийр сабийщ, ар сыт хуэдэу щымытми. Е къэрэндащ зэпаубыдынт, е щIалэ цIыкIухэр зыгуэр щхьэкIэ зэщыхьэнт, кIэщIу жыпIэмэ, сыт щыгъуи уащхьэщымыту хъунутэкъым. ЦIыхуипщI фIэкIа умыIыгъыу, абыхэм дыркъуэ гуэр къатебгъэхуэнырк ъыпхуамыдэнт.

Сабий джэгухэм Дианэ къасхухыхьэн идакъым, и пэшым къыщIэнэмэ, нэхъ къищтэу жиIэри. Абы къыхэкIыуи, си лэжьыгъэр тIукIэ нэхъ гугъу хъуат. Зэм мыдрей сабийхэм, зэми Дианэ деж сыжэу, пэшитIым я зэхуакум ситт. Сабийхэм тэмэму уадэлэжьэн щхьэкIэ, хуиту уабгъэдэсын хуейт, сэ зэкIэ апхуэдэ зэман сиIэтэкъым.

ШэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ, ФатIимэт си деж къыщIыхьащ.

– Сыт, дауэ ухъурэ? Уесэрэ сабийхэм? – къызоупщI ар.

– КхъыIэ, зыкIи укъызэмыупщI, – жызоIэ сэ. – Сешауэ солIэ. Псом нэхърэ нэхъ гугъу гупым сывгъэкIуащ. Ар мыбы куэдрэ сыщывмыгъэлэжьэн щхьэкIэу къыщIэкIынщ...

ФатIимэт мэдыхьэшх:

– Ар сыту псынщIэу уеша?! Махуэ ныкъуэ улэжьауэ аращ.

– Махуэ ныкъуэ щхьэкIэ, ар зэрыгугъур пщIарэт уэ. Зы дакъикъэ зызгъэпсэхуну сиIэкъым. Дианэ и закъуэ пхурикъунщ. Ар икъукIэ сабий гугъущ. Абы къызжиIар пщIэрэ? «Си гуи урихьыркъым, удигъэсакIуэу ущытынуи сыхуейкъым», – жери къысхуэуващ. Дауэ абы сэ сызэрезэгъынур?

– Дианэ, пэжу, сабий гугъущ, ар къыдэбхьэхын, фIыуэ зыкъебгъэлъагъун хуейуэ аращ. Иджыри зэ бжызоIэри: «Мыбы щыIэ сабийхэр адрейхэм ещхькъым. Узымрэ гузэвэгъуэмрэ пасэу балигъ ящIащи, я ныбжьым ит сабий куэдым къагурымыIуэнур къагуроIуэ. Мыхэр бгъэшынэфынукъым, пщIэ зыхуебгъэщIын хуейуэ аращ».

– Дапхуэдэу? – сошхыдэ сэ. – Дианэ нобэ япэу сыдэлажьэу аращи, сыкъилъагъу мыхъуу жеIэ. Къыстеплъэну хуэмей сабийм дауэ пщIэ зэрызыхуезгъэщIынур?

– Хуэмурэ къыдэпхьэхын хуейщ. ДахэкIэ, дахэ защIэкIэ... Интернатым къыщашагъащIэм дэри апхуэдэущ ар къызэрытхущытар, ауэ плъагъуркъэ, иджы нэхъ къыдэсащ. Ар иджыпсту апхуэдизу зыхуэзэш Тамарэ и фэм ирихар пщIарэт. Псоми чэзу яIэщ...

ГъэсакIуэ Iэзэм и псалъэхэм гупсэхуу седаIуэрт, ауэ си фIэщ схуэщIыртэкъым Дианэ сэрэ дыщызэсэну зэманыр зэгуэр къэсыну...

– Иджы сабийхэр зэхуэшэси щIыбым ныщIэш, шэджагъуашхэ дымыкIуэ щIыкIэ, тIэкIу дгъэджэгунщ.

Сабийхэр щIэсшщ, ФатIимэтрэ нэгъуэщI гъэсакIуэрэ абыхэм къахэзнэри, сэ Дианэ и деж къэзгъэзэжащ. АрщхьэкIэ ар жейрт. Мыбы и деж сызэрыщIэкIыжрэ куэд щIатэкъыми, апхуэдэу псынщIэу зэрыIурихар сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Седжа щхьэкIэ, зыкъысхуигъэзакъым. Коляскэм къисхыу гъуэлъыпIэм щысхыжами, сыкъищIакъым. ФатIимэт деж сыжэри сеупщIащ:

– Дианэ мэжей, къыщIэзмышмэ, дауэ хъуну?

– И гугъу умыщI, – жеIэ анэ шыпхъум, – шэджагъуашхэм деж уеджэнщи аращ. Шхэмэ, къыщIэши, тIэкIу дэгъэт. Нобэ уэлбанэщи, куэдри пхудэтынукъым ар.

ФатIимэт зэрыжиIам тету, шэджагъуэ хъуху адрей сабийхэр щIыбым щызгъэджэгуащ. Уэшхми нэхъ ин зыкъищIу щыщIидзэм, шхэгъуэми щынэсым, псори дыкъыщIыхьэжри зэгъусэу шхакIуэ дыкIуащ. Дианэ и шхыныр сIыгъыу и пэшым сыщыхуэкIуэм, кIэлындорым фIэлъ сыхьэтым сеплъащ, сыкъыкIэрымыхуауэ пIэрэ жыхуэсIэу. Зэрыхъуари сымыщIэу, мы хъыджэбз цIыкIум зыдэсщI хъуат. Жеймэ, зэран сыхуэмыхъун щхьэкIэ хуэмурэ бжэр Iузох. Ауэ Дианэ жейртэкъым. Куэд щIауэ къэушри, къайгъэ сызэрыхидзэн Iэмал игъэхьэзырат.

ПIэипхъуэр къелэлэхырт, щхьэнтэр пэшым и плIанэпэхэм язым дэлът, езы Дианэти, щIым щылът. Къэхъуар къызгурымыIуэу, сыщтауэ, зы дакъикъэкIэ сыщытащ. ИтIанэ, къэсхьар псынщIэу стIолым тезгъэувэри, сыгужьеяуэ хъыджэбз цIыкIум сыбгъэдэлъэдащ.

– Дианэ, укъехуэхауэ ара, тIасэ? – сыгузэвауэ соупщI.

– Сыкъехуэхащ-тIэ, плъагъуркъэ...

– Щхьэ езыр-езыру укъэтэджыну ухэтат?

– Псы схуэлIэти, – гъын къыщIидзащ абы. – Псы къызэрыщIэбнэн

хуейр пщIэртэкъэ? Тамарэ зэи апхуэдэу ищIэнутэкъым...

– Ужейти, сегупсысакъым, – жысIэурэ къэзгъэтэджыжыну сыхэтщ, ауэ сызримыгъэIусэу мэкIий:

– СкIэрыкI, сыхуейкъым укъызэIусэну, уэ псы щхьэкIэ сыбгъэлIащ...

Абы хэту, бжэр зыгуэрым къыIуихащ. СыкъызэплъэкIыу къыщIыхьар къыщыслъэгъуам, си бзэр иубыдат. Ар ди директорырат. КIий макъ зэхихами, е псори къиплъыхьурэ ди деж къэсауэ арами сщIэртэкъым, ауэ нэхъ щымыхъуну дыдэ дакъикъэм кърихьэлIат.

– Сыт къэхъуар? – щIоупщIэ ар.

Лъэгум щылъ сабийм бгъэдолъадэри къеIэт, гъуэлъыпIэм ирелъхьэжри йоупщI:

– Дианэ, щIым щхьэ ущылъ?

– Псы схуэлIэрти, коляскэм ситIысхьэу сынышIэкIыну арат...

– Сыт щхьэкIэ, мыбы псы щIэттэкъэ? – щIоупщIэ директорыр, си дежкIэ ней-нейуэ къеплъэкIыурэ.

Жэуап естыхуи пэмыплъэу, Дианэ къопсалъэ:

– ЩIэттэкъым, мобы къысхутринатэкъым, – магъ ар.

И нэщхъыр зэхэлъу директорыр къысхуеплъэкIри, хъыджэбз цIыкIум жриIащ:

– Абы и цIэр Лерэщ, ар уи гъэсакIуэщ, апхуэдэу уемыпсалъэ.

ИужькIэ сэ зыкъысхуегъазэ:

– Дэнэ щыIэ мы стIолым тетын хуея псы стэканыр?

– Сщыгъупщащ, – си щхьэр ехьэхауэ, щэхуу къэсIущэщащ.

– ГурыIуэгъуэщ, – нэгъуэщI къызжимыIэу, Дианэ зыхуегъазэ: – Зыгуэр игъэуза, тIасэ?

– Сызэрыджэлам зыри игъэузакъым, – жеIэри сэ къызоплъ, иужькIэ къыпещэ, – ауэ нобэ сыкъаруунщэщ. Нышэдибэ сызэрымышхарагъэнщ, е щIыбым сыщыIакъыми, арами сщIэркъым.

А псалъэхэм къагъэуIэбжьа директорыр губжьауэ аргуэру къысхуоплъэкIри, Дианэ йоупщI:

– Сыт нышэдибэ ущIэмышхар?

– Пщэдджыжьышхэкъысхуахьарсигуирихьакъымшейр упщIыIужат. Сэ шей щIыIэ сфIэфIкъым. ИтIанэ, шэджагъуэм щIыбым сыщIашакъым...

– ГурыIуэгъуэщ...

Сэ зыри пэздзыжакъым а псалъэхэм. Си нэпсыр къыщIэлъэдауэ, Дианэ соплъ. Апхуэдизу цIыху слъагъу мыхъуфыну зэикI си гугъэнтэкъым, ауэ а сабийм сытеплъэ хъуртэкъым. Махуэ ныкъуэ фIэкIа кIуакъыми, абы и зэранкIэ сэ сызыхэт бэлыхь къомым еплъ. Хьэуэ, мыр сэ лэжьыгъэ схуэхъунукъым. Си гупсысэхэм сахэтыху, директорым стIолыр Дианэ бгъэдегъэкIуатэри жреIэ:

– Дианэ, тIасэ, уэ хъыджэбзышхуэ ухъуащ, балигъхэми щыуагъэ гуэрхэр яIэщIокI. Ауэ, иIэ, иджы псори зыщыдгъэгъупщэнщи, дышхэнщ.

А псалъэхэм си гур тIэкIу нэхъыфI къащIыжащ. Апхуэдэу щыжиIакIэ, сэ сызэрымыкъуаншэр къыгурыIуагъэнщ. Ауэ си гуфIэгъуэр кIыхьтэкъым...

Сабийм еубзэурэ, директорым абы шхыныр бгъэдегъэкIуатэ. Диа-

нэ шхэн зэрыщIидзэу, сэ зыкъысхуегъазэ:

– НакIуэт си кабинетым...

Зы псалъэ жызмыIэу, си щхьэр ехьэхауэ, и ужьым сиувэри сежьащ. Зи щхьэр паупщIыну яшэм хуэдэу, си гур къилъэтырт. ПцIы хэмылъу, къызэшхыдэнуращ. ФатIимэт кIэлындорым тетти, директорым абы унафэ къыхуещI:

– Дианэ дежкIэ щIыхьэт...

«Сыт къэхъуар?» жыхуиIэу, анэ шыпхъур гужьеяуэ къызоплъ... Си щхьэр согъэкIэрахъуэ. Кабинетым дынэсри, дыщIыхьащ. Директорыр и шэнтым мэтIысыжри, къерегъажьэ:

– ЕтIысэх, ущымыт.

И пащхьэм сыкъитIысхьауэ, сышынапэу къызжиIэнум сыпоплъэ. Куэдрэ сызригъэжьакъым.

– Сыт, дахэ, уэ мыбы лэжьакIуэ укъыщIэкIуар? Си сабийхэр шхын щхьэкIэ бгъэлIэну ара? Абы ялъэгъуар ирикъунщ, хъыджэбзыжь цIыкIу гъэфIам зэхищIыхьхэр хэмытми. Сыт а нобэ слъэгъуахэм къикIыр?..

Зэми си нэпсыр еслъэщIэкIыу, зэми сыгъын щIэздзэрэ сыкъэмыувыIэжыфу къэхъуа псор жесIэжащ директорым.

– Уэ угъэсакIуэкъым, абыи ухуеджакъым, псори къызгуроIуэ, ауэ апхуэдэхэр пхуэздэнукъым. Сабий къэзымыкIухьыфым и жагъуэ пщIынкIэ Iэмал зимыIэщ! Пэжщ, Дианэ псоми езэгъкъым, хьэл гугъу иIэщ. Ауэ ар сабийщ, абы къыхэкIыуи, уэращ ар къыдэзыхьэхын хуейр.

– Дауэ къызэрыдэсхьэхынур? – сыздэгъым жызоIэ. – Сыкъилъагъу хъуркъым, жысIэм едаIуэркъым.

– ФатIимэт епсалъэ а хъыджэбз цIыкIум теухуауэ. Абы чэнджэщыфI куэд къыуитыфынущ... Дианэ къызэрыдэпхьэхыну щIыкIэри къыбжиIэнщ...

– Хьэуэ, сэ мы сабийхэм сахэтыфынукъым, сыIукIыжынщи нэхъыфIщ...

– Дауэ узэрыIукIыжынур? – мэшхыдэ директорыр. – Сылэжьэнущ, жыпIэри, нэгъуэщI цIыху къэсщтакъым. Хьэуэ, тIасэ, цIыху къэзгъуэтыху, ухуей-ухуэмейми, мыбы ущылэжьэнущ. Иджы кIуэ, сабийхэм я закъуэщ.

Зыри жызмыIэу сыкъыщIэкIыжащ, ауэ нобэ къэхъуа псор схузэхыхьэжащи, си нэпсыр схуэмыубыду согъ... КIэлындорым сыкъыздрикIуэжым, гу лъызотэ Инал тхылъымпIэ гуэр иIыгъыу къызэжьэу зэрыщытым. Сыкъызэрилъагъуу, ар къызбгъэдолъадэ:

– Лерэ, сэ сурэт пхуэсщIащ. Еплъыт.

Пэж дыдэу, тхылъымпIэ напэм итт удз гъэгъа дахэ дыдэ.

– Мыр уэ езым пщIа? – си нэпсхэр слъэщIыжурэ соупщI сабийм.

– НтIэ, – жи абы, гушхуэныгъэ хэлъу.

– Мыпхуэдэ сурэт дахэ игъащIэм слъэгъуакъым, упсэу, – жызоIэри сабийм IэплIэ хузощI.

– Лерэ, – жи абы, – щхьэ угъа? Хэт уи жагъуэ къэзыщIар? КъызжеIэ, хэтми сезэуэнущ.

Ар зэрыжиIэу, зэрыхъуари сымыщIэу, занщIэу и Iэ лъэныкъуэм си нэр техуащ. Абы гу лъетэри, Инал жеIэ:

– Сэ сызэрыIэлъэныкъуэм уемыплъ уэ, сэ сытым хуэдэу сыбэнэф уи гугъэрэ.

А псалъэхэм хьэкъ сщащIащ мы интернатым щыIэ сабийхэм куэд къазэрыгурыIуэр, Iэджэми гу зэрылъатэр.

– Хьэуэ, Инал, зыми си жагъуэ къищIакъым, ауэ сытми сыгъэуэ аращ. КIуэ, тIасэ, адрейхэм я гъусэу джэгу, сэри иджыпсту сыныфхыхьэжынщ.

ИщIэнум егупсыс хуэдэ, зытэлайкIэ къызэплъу щыта нэужь, Инал щIэкIыжащ.

А махуэм Дианэ деж сыщIыхьэжакъым, пщыхьэщхьэшхэри абы езытар ФатIимэтщ. Лэжьыгъэ нэужьым унэм декIуэлIэжауэ, ФатIимэт къызэупщIащ:

– Сыт нобэ Дианэ уэрэ фхуэмыгуэшар?

Къэхъуа псор кIэщIу жесIэжащ анэ шыпхъум.

– Дианэ уезэгъыну тыншкъым, пэжщ, ауэ...

– ФатIимэт, а хъыджэбз цIыкIум теухуауэ, кхъыIэ, псори къызжеIэт. Абы зезгъэзэгъын щхьэкIэ фIэфIыр, фIэмыфIыр, нэхъ къызэрыдэсхьэхыну Iэмалхэр сщIэн хуейщ. Сыт ар мы интернатым щIыщыIэр? Хэт сымэ и адэ-анэр? Дэнэ ахэр здэщыIэр? Сыт къыщIимыкIухьыфыр? Псори сщIэну сыхуейщ.

– Дианэ илъэсищ и пэкIэ къытхуашауэ аращ, илъэсиблым иту, – къыщIедзэ ФатIимэт. – Ар зи пхъур мы ди къалэм и мэру щытащ. Илъэсищ и пэкIэ жэщу и унэм мафIэ къыщIэнэри, зэрыунагъуэу хисхьащ. Къелар Дианэ и закъуэщ. Ауэ, плъагъуркъэ, къела щхьэкIэ, фэбжь хихащ, и лъакъуэ цIыкIухэр къыщIэувэжыркъым. Уеблэмэ ар псэуну я гугъэххакъым дохутырхэм. Ауэ алыхьым гущIэгъу къыхуищIри ажалым щихъумащ.

Зэхэсхар си гум щIыхьауэ сыщыст.

– Дианэ адэ къуэш иIэщ, – пищэжащ анэ шыпхъум. – СыбырымкIэ щолажьэ. ЯпэщIыкIэ абы ишэжын и гугъат, ауэ, бгъэдэсын зэримыIэм къыхэкIкIэ, мыбы къаримыту хъуакъым.

Ееуей мыгъуэ, сыту куэд игъэвын хуей хъуа а сабий тхьэмыщкIэм. Иджы фIыуэ къызгурыIуащ Дианэ цIыкIу апхуэдэу щIыщытыр. Уи унагъуэр зы махуэм пфIэкIуэдыну, апхуэдэ гуIэгъуэ уи нэгу щIэкIыну... Балигъми хуэмыхьын гуауэщ...

Зы дакъикъэкIэ тIури щэху дыхъуащ. ФатIимэт зыгуэрхэр игу къигъэкIыжырт, сэ зэхэсхахэм сегупсысырт.

– Дианэ и гуапэ зэрыпщIынур сощIэ сэ, – жи ФатIимэт. – Англием яIэщ принцессэ, ДианэкIэ еджэу. Абы Iейуэ зрегъэщхьри, принцессэкIэ уеджэмэ, и гуапэ хъуну си гугъэщ. Мис абы егупсысыт.

А жэщым куэдрэ сымыжеифу сыхэлъащ. ФатIимэт къызжиIахэм сегупсысырт. Алъандэрэ къызгурымыIуэу а хъыджэбз цIыкIум сеныкъуэкъуами, иджы псоми сыхущIегъуэжат. Мурад сщIащ пщэдей щыщIэдзауэ Дианэ сызэрыхущытым зезгъэхъуэжыну.

Пщэдджыжьым тIэкIу нэхъ жьыуэ сыкIуащ лэжьапIэм. Быдэу сигу ислъхьат Дианэ сэрэ дызэмыкIужауэ нобэ мы пщIантIэм сыдэмыкIыжыну. Адрей сабийхэр зыхуей хуэзгъазэу шхапIэм сша нэужь, Дианэ и пщэдджыжьышхэр сIыгъыу псынщIэу и пэшым сыщIыхьащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Дианэ, – игъащIэм дызэфIэмына хуэдэ, къыщIызодзэ сэ. – Дауэрэ ужея ныжэбэ?

Ауэ Дианэ къысхуиIэ щытыкIэм зыкIи зихъуэжатэкъым.

– Дыгъуэпшыхь къыщумыгъэзэжам уIукIыжа си гугъэри, сыгуфIати, – жи абы.

«Укъэмыгубжь, Лерэ, зыхуэгъэшэч», – хужызоIэж си щхьэ.

– Хьэуэ, сыIукIыжакъым, икIи сыIукIыжынукъым, – жызоIэ. ИтIанэ зы дакъикъэ дызогъэкIри пызощэж: – Дыгъуасэ лъандэрэ зыгуэр бжесIэнути, сыхущIэмыхьэурэ махуэр кIуащ. ПщIэми сщIэркъым, ауэ Англием принцессэ гуэр яIэщ, ДианэкIэ еджэу. Ар уэ зыкIэ уэщхьщи!..

Сабийм и нэ цIыкIухэр занщIэу къыстриубыдащ. «А-а-а, укъэзубыда?» – жызоIэ сигукIэ. Нэрылъагъут си псалъэхэр Дианэ и гуапэ зэрыхъуар, ауэ итIани зыкъызимыгъэщIэну хэтт. ИужькIэ хуэмышэчу жеIэ:

– Япэхэм сэ абы срещхьу къызжаIэу щытащ, ауэ ар сэ сэщхьу иджыри къэс уэр фIэкIа зыми жиIакъым.

Си гур къипкIыным хуэдэу мэгуфIэ. ЗэкIэ лъагъуэ тэмэм сытехьа хуэдэщ...

– Хьэуэ, езыращ уэ уэщхьыр... – жызоIэ си фIэщу.

А псалъэхэм Дианэ жэуап къритыжакъым, ауэ и гуапэ зэрыхъуар гурыIуэгъуэт. «Псэлъэну хуэмей сабийм залымыгъэкIэ псалъэ къыжьэдэсшынкъым», – жыхуэсIэу, сыщIэкIыжыну бжэм сыхуэкIуащ.

– Лерэ, – къызоджэ Дианэ.

ЗанщIэу сыкъызоплъэкI.

– КхъыIэ, ущIэмыкIыжу къанэ, сэ си закъуэу сышхэн сфIэфIкъым.

Iэнкун сыкъэхъуащ... Аращ мыр дыгъуасэ щIэмышхари. Сабий тхьэмыщкIэ... Абдеж къыщыщIидзащ Дианэ сэрэ ди зэхущытыкIэр ефIакIуэу. ДауикI, абы иджыри фIыуэ сыкъилъагъуртэкъым, ауэ...

– Умыгузавэ, Дианэ, уэ шхэн умыухауэ, сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым, сыббгъэдэсынущ, шхэ уэ, – жызоIэри, и гъунэгъуу сотIысэх.

Япэхэми хуэдэу, Дианэ зэзэмызэ къытехьэрт, директорыр къыщызигъэшхыди къэхъурт... Ауэ а сабийм си псэр кIэрыпщIати, къыдэсхьэхын папщIэ сыти сщIэну сыхьэзырт. Езыри хуэм-хуэмурэ къызэсэрт...

Апхуэдэурэ блэкIащ зы мазэр. Мы интернатыр хэмыту, гъащIэ гуэр япэм сиIауэ сщIэжыртэкъым. Сабийхэр зыгуэрхэм хуэзгъасэ си гугъэжми, езыхэми куэдым сыхурагъаджэрт. АпхуэдизкIэ сахэсыхьати, мы сабийхэм садэмылэжьэфыну зэгуэр жысIауэ си фIэщ хъужыртэкъым. Гугъу жыпIэмэ, гугъут. Иджыри Iэджэми хэсщIыкIыртэкъым, куэдым сыщыгъуазэтэкъым, ауэ къыздэлажьэ нэхъыжьыфIхэм я чэнджэщкIэ махуэ къэс си лэжьыгъэм нэхъ сыхэгъуазэрт. Дэрэжэгъуэ къызатт сабийхэм, псом хуэмыдэу си гурыфIыгъуэр Дианэт. КъыщысхуэгущIыIэ иджыри къэхъуми, и гум лъагъуэ къыхуэзгъуэтати, абы сытекIыну зызгъэхьэзырыртэкъым. Си фIэщ хъурт зэгуэр абы и дзыхь къызигъэз зэрыхъунур. Пщыхьэщхьэ къэс сыбгъэдэст, сепсалъэрт, хъыбархэм щIэзгъэдэIурт. Жэуап къыщызимытыж къэхъуми, гуапэу сызэрыхущытыр фIэфIт.

Куэд мыщIэу къэсащ апхуэдизрэ сызэжьа зэманыр – Дианэ и дзыхь къыщызигъэзынур. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым и пIэр хуэсщIыжри, сабийм жесIащ:

– Дианэ, си псэ, угъуэлъыжын хуейщ, жэщыр хокIуатэ.

Дианэ зы псалъэ къыспидзыжакъым. Ар щхьэгъубжэм дэплъырт, и нэр къытримыхыу. Шэнтыр къасщтэри сабийм и гъунэгъуу згъэуващ. ЗытэлайкIэ зыри жысIакъым, къызэрыщыхъунур сщIэртэкъыми. ИтIанэ къыщIэздзащ:

– Дианэ, сэ къызгуроIуэ уэ уи гум щыщIэр, уи мыгугъэ узэхэзмыщIыкIыу.

Щхьэгъубжэм дэплъу щыс сабийм и нэпсым къызэпижыхьат.

– Сэ уи хъыбарым сыщыгъуазэщ, сощIэ уи унагъуэм къыщыщIар. Уигу къызэрыкIыр сощIэ уи адэри, уи анэри, уи анэшхуэри... Сыт мыгъуэр пщIэн... Апхуэдэу угупсысэ зэпыту ущыс хъунукъым. Адрей сабийхэм уахыхьэн, уадэджэгун хуейщ. Абыхэм фIыуэ укъалъагъу икIи я жагъуэ мэхъу пэшым узэрыщIэмыкIыр.

Дианэ зыри жиIакъым. Абы и нэпсхэр къыщIэжырт, зыхуэмыIыгъыжу зэщыджэрт. Зыри жысIэн хуеякъым... Ауэ мыпхуэдэу зыми емыпсалъэу, зыщIэгупсысыжу щыти хъунукъым... Уи гу бампIэр зыгуэрым хуэпIуатэмэ, куэдкIэ нэхъыфIщ. Ауэ дауэ ар сабийм къызэрыгурызгъэIуэнур?..

Зытэлай дэкIри, Дианэ щэхуу къэпсэлъащ:

– Псом нэхърэ нэхъ Iейуэ сигу къеуэр си шыпхъуращ.

ЖиIам къикIыр къызгурымыIуэу, зы дакъикъэкIэ сыщытащ. Сыт хуэдэ шыпхъу? Абы теухуауэ сэ зыри къызжаIатэкъым.

– Хэт жыпIа? – сыщIоупщIэж.

– Си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIур, – жеIэ абы. – Ари хэкIуэдащ абы щыгъуэ, мис ар нэхъ сигу къоуэ... Сигу къэкIащ Iеищэу...

Дианэ и гур гукъэкIыжхэм нэхъри къызэфIагъэнащи, мэгъуэг. ЖысIэнури сщIэнури сымыщIэу зытэлайк1э сыщытащ. ИтIанэ гъунэгъуу сыбгъэдыхьэри хъыджэбз цIыкIум IэплIэ хуэсщIащ.

– Сэращ ар щIыхэкIуэдар, – щигъэткъым Дианэ. ЗыхуэмыIыгъыжу псалъэхэр къыIуролъэлъ.

– Апхуэдэу жумыIэ, уэ уи ягъэ хэлъкъым а къэхъуам... – тезгъэужын си гугъэу жызоIэ. Ауэ ар езыр теужыну хуейтэкъым.

– Сэ сыт щыгъуи абы сыхузэгуэпырт, ар нэхъыфIу ялъагъуу къысщыхъурти. А пщыхьэщхьэми дызэфIэнат... Сэрат къуэншар... Мамэ тIуми къыдэшхыдэри, ар нэгъуэщI пэш игъэкIуат... СыщIегъуэжат... Ауэ зыкъэзумысыжакъым. «Сэ уи гъусэу сыщIэлъыну сыхуейщ» жиIэурэ гъуэгыу щыщIашыжми, зыри жысIакъым. МафIэсым япэу иубыдар мамэрэ папэрэ я пэшыр здэщыIэ лъэныкъуэрати, къэмыушхэурэ щIисхьащ. Ди гъэсакIуэм сригъусэу сэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэт сыздэщыIэри, Iугъуэм дыкъигъэушри, дыкърагъэлащ. Си гъусэу щIэлъамэ, Иннэ цIыкIуи къелынут. Иджы къыбгурыIуа сэ сыкъуаншэу щIыжысIэр?

– Си тхьэмыщкIэ цIыкIу, – жысIэурэ, Дианэ зэщIэзубыдауэ, согъуэг. Езыми и нэпсхэр хуэмыубыдыжу магъ. АфIэкIа ныбжь зимыIэ сабийм гуауэшхуэ илъэгъуат... Дауи зыхуэзгъэгусэрэт, дауи сыхуэгубжьрэт... Дианэ гулъытэ зэрыхуеймрэ гуауэм иуIа и гур зэригъэхъужын щабагъэ къызэрилъыхъуэмрэ нэхъ пасэу къызгурыIуатэкъым...

– Дианэ, мыдэ къызэдаIуэт иджы, – къызогъажьэ сэ. – Уэ зыри уи лажьэкъым. Иннэ зэрыхэкIуэдам хуэдабзэу уэри укъемылынкIи хъунут. Апхуэдэу къэхъуну уэ дэнэ щыпщIэнт?.. Куэдщ иджы, умыгъ, –

жысIэурэ содэхащIэ. А пщыхьэщхьэм Дианэ зыкъомрэ сыбгъэдэсащ, седэхащIэу, псалъэ IэфIхэр жесIэу, тезгъэуну сыхэту... Дианэ жеижа нэужь, хуэмурэ и пэшым сыкъыщIэкIыжащ. Си нэпсхэр слъэщIыжурэ кIэлындорым сыкърикIуэжу зылъэгъуа ФатIимэт къэгузэващ:

– Аргуэру Дианэ фэрэ фызэфIэнауэ ара?

– ФатIимэт, абы шыпхъу цIыкIу зэриIам теухуауэ зыри къызжепIатэкъыми...

– Пэжым ухуеймэ, абы теухуауэ сщIэр мащIэщ. Адрейхэм я гъусэу ари мафIэсым хэкIуэдауэ жаIэ, ауэ Дианэ зэикI абы тепсэлъыхьакъым. Мыбы къыщашагъащIэм и шыпхъум щхьэкIэ уеупщIмэ, гъуэгыу къыщIидзэрт, абы къыхэкIыуи и гугъу ящIыртэкъым. Уэ абы щхьэ ухуей хъуа?

– Дианэ абы къысхутепсэлъыхьати аращ, – жызоIэ сэ.

– Диани? – егъэщIагъуэ ФатIимэт. – Ар дауэ?.. Лерэ, ар апхуэдэхэм къыпхутепсэлъыхьу щыщIидзакIэ, дзыхь къыпхуищI хъуауэ аращ. Иджы сакъ, и гур зэщумыгъэуж.

Зыри жысIакъым. Дианэ иджы си гъэсэн къудейуэтэкъым къызэрысщыхъур, атIэ си гъащIэм щыщ цIыху лъапIэут. Абы и гъащIэр къысфIэмыIуэхууи дяпэкIэ сыпсэуужыфынутэкъым.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым, Дианэ деж сыщыщIыхьам, ар къэушакIэт.

– Принцессэм и пщэдджыжьышхэр къэсащ, – жысIэри, сыпыгуфIыкIыурэ шхыныр стIолым тезгъэуващ. Сыт щыгъуи хуэдэу, Дианэ и нэщхъыр зэхэлъу къысхуеплъэкIын си гугъат, арщхьэкIэ къысхуэгуфIэу жеIэ:

– Уи пщэдджыжь фIыуэ!

Ар апхуэдизкIэ си гуапэ хъуати, уеблэмэ си нэпсыр къысфIэкIуат. СыдэIэпыкъуурэ, Дианэ зезгъэхуапэщ, зезгъэтхьэщIри шхэну стIолым бгъэдэзгъэтIысхьащ. И закъуэ шхэн зэрыфIэмыфIыр сщIэжырти, и гъунэгъуу сетIысэхащ.

– Дианэ, – къызогъажьэ сэ, – зыгуэр бжесIэнут, ауэ къызэрыпщыхъунур сщIэркъым.

Шхэныр зэпигъэуауэ, хъыджэбз цIыкIур къызоплъ.

– Сыт щыгъуи уи закъуэу ущIэсщ. Адрей сабийхэм я гъусэу ушхэну, уджэгуну ухуейкъэ? Абыхэм я гъусэу шхапIэм усшэнут...

Дианэ тIэкIурэ егупсысри къызжиIащ:

– Ахэр къысщыдыхьэшхынукъэ?

– Сыт щхьэкIэ?

– КъызэрызмыкIухьыфым щхьэкIэ...

– Абы сыт дыхьэшхэну хэлъыр. Зыри къыпщыдыхьэшхынукъым. Ахэр гуфIэнущ уахыхьэмэ, уадэшхэмэ...

Дианэ зыри жимыIэу, хэгупсысыхьауэ зытIэкIурэ щысащ.

– Нобэ сыщIэкIыфынукъым, ауэ иужькIэ зэрыхъум деплъынщ.

– Хъунщ, тIасэ. Узэрыхуейм хуэдэу тщIынщ, – жысIэри пэшым сыкъыщIэкIыжащ. Шэджагъуашхэр зэфIэкIауэ, сабийхэр джэгуу щIыбым дэтти, сахыхьащ, ауэ си гупсысэхэр Дианэ и деж щыIэт. А цIыкIум къыщыщIар апхуэдизу зыхэсщIащи, нэхъ лейуэ абы си гур хупех, сфIэгуэныхь мэхъу. «ЗыгуэркIэ сыдэIэпыкъуащэрэт», жызоIэ, ауэ сщIэркъым хуэсщIэнур... Си щытыкIэм гу лъызыта ФатIимэт набдзэ-

губдзаплъэу къызэплъурэ жеIэ:

– Лерэ, Дианэ зэбгъэсащэ хъунукъым. Ар зыщумыгъэгъупщэ... Уэ мыбы узэрыщылэжьэнур зы илъэсщ, уэ уIукIыжмэ, ар дауэ зэрыхъунур?..

Зыри жызмыIэу, си щхьэр есхьэхащ...

Махуэхэр кIуэрт... Иджы лэжьапIэм сыкIуэртэкъым, атIэ сыжэрт. СахуэпIащIэрт сабийхэм. Ауэ псом хуэмыдэу си гур къилъэту сызыхуэкIуэр Дианэт. Ар икъукIэ сабий губзыгъэт, куэдми хищIыкIырт, и ныбжьым емылъытауи, гупсысэкIэ хьэлэмэт иIэт. Языныкъуэхэм деж къызгурыIуэртэкъым абы фIэкIа зи мыныбжь сабийм апхуэдэ гупсысэкIэ къыздрихыр. Дианэ сымыщIэ куэдым щыгъуазэ сахуищIт.

Махуэ гуэрым абы и пэшым сыщIыхьащ, сурэт ищIу щысу. Дианэ и щIыбагъымкIэ сыкъыдыхьэри, сурэтым сеплъурэ, сеупщIащ:

– Принцессэ Дианэ сыт ищIэр?

– Сурэт сощI, – жи, къысхуэгуфIэу.

ТхылъымпIэ напэм тещIыхьат унэшхуэ, пщIантIэм сабийхэр щыджэгурт, дыгъэр къепсырт, къуалэбзухэм къалъэтыхьырт. ТхылъымпIэ напэм и щхьэм деж «Жэнэт» жиIэу зэрытетымкIэ къэсщIащ абы сурэту ищIар ди интернатыр зэрыарар.

– Мыр сыту дахащэ, – згъэщIагъуэу жызоIэ.

Абдежыращ гу щылъыстар сурэтым ит сабийхэм я нэпсыр къежэхыу зэрищIам.

– Мыр ди «Жэнэтыращ», – жи Дианэ.

– АтIэ сабийхэр щхьэ гъыуэ пщIа?

– Жэнэтым щыIэхэри мэгъыф...

– Сыт щхьэкIэ?

– ФIыуэ ялъагъухэр къыздашэфакъыми...

ЖысIэнур сымыщIэу сыкъэнащ... Апхуэдэ псалъэ губзыгъэ сабийм жиIэу зэхэсхыну си гугъэнтэкъым. Дианэ и псалъэхэм иджыри зэ къызгурагъэIуащ мы интернатым щыIэ сабийхэр адрейхэм заремыщхьыр.

ТIэкIу-тIэкIуурэ Дианэ и щытыкIэм зихъуэжащ. Апхуэдиз зэманкIэ и пэшым къахущIэмыкIа хъыджэбз цIыкIур адрей сабийхэм я гъусэу шхапIэми кIуэуэ, абыхэм яхэсу джэгуу щIидзащ. Ар си дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэт. Лэжьыгъэ нэужьым тIэкIу зызгъэгувэрти, Дианэ сэрэ Iэджэрэ дызэпсалъэу дызэбгъэдэст. Сэ таурыхъ гуэрхэр жесIэжырт, езыми зэпымыууэ и унагъуэм я гугъу къысхуищIырт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, дыуэршэру зыкъомрэ дыщыса нэужь, къызжиIащ:

– Лерэ, уэ пхуэдэ шыпхъу сиIамэ, здэнут.

Сыщымыгугъыххэу къызжиIа псалъэхэм си нэпсыр кърагъэкIуат.

– Сэри здэнут, си дахэ, уэ пхуэдэ шыпхъу цIыкIу сиIамэ, – жызоIэ.

– Абы щыгъуэ, нобэ щыщIэдзауэ уэрэ сэрэ дызэшыпхъущ, – жеIэри, Дианэ IэплIэ къысхуещI. Сэри, сыпыгуфIыкIыурэ, и щхьэм Iэ дызолъэ.

– Лерэ, – жи абы, къысхудэплъейурэ, – угуфIа сэ уи шыпхъу сызэрыхъуам щхьэкIэ?

– Ауэ сытми сыгуфIа! Езы принцессэ Дианэ уришыпхъуну мыбдеж щылъ уи гугъэ?!

Дианэ инышхуэу дыхьэшхыурэ, нэхъри зыкъызикъузылIащ...

Апхуэдэурэ дгъэкIуащ гъэмахуэри бжьыхьэри... ИлъэсыщIэр къыдгъэхьэну зыдгъэхьэзырырт. Апхуэдэ махуэхэм я зым ФатIимэт сэрэ дызэпсалъэу дыздэщысым, жысIащ:

– ФатIимэт, сэ къыхэсхыну IэщIагъэр пщIэрэ?

– Сыт?

– Сабий дохутыр сыхъуну сыхуейщ...

ФатIимэт гуапэу къыпогуфIыкIри, жеIэ:

– Сыту фIыт! Сэ бжесIатэкъэ къыхэпха IэщIагъэр сигу зэрыримыхьыр. Иджы сабийхэм уахэмытыфыну къыпщыхъужыркъым, пэжкъэ?

– Хьэуэ, иджы сабийхэм сахэмыту сымыпсэуфынущ къызэрысщыхъур. Аращ сабий дохутыр сыхъуну сыщIыхуейр. Дауэ уеплърэ?

– Лерэ, пэжыр бжесIэнщи, мыбы лэжьакIуэ укъыщысшам, куэдрэ ущымыгувэу уIукIыжын си гугъащ. Сабийхэм уахэмытыфыну жыпIэурэ утхьэусыхэрти, уеблэмэ сэри си фIэщ пщIат. Ауэ иджы, сыпкIэлъоплъри, абы укъызэрыхуигъэщIар солъагъу.

Си анэ шыпхъум къызжиIахэр егъэлеяуэ си гуапэ хъуат. Пэжт абы жиIэр. Сэр дыдэри апхуэдэут сызэрегупсысыр. Иджы сыхьэзырт си гъащIэ псор сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным тезухуэну.

Зэманым нэхъ псынщIэ сыт щыIэ! Дыгъуасэ гъэмахуэр къихьа къудейуэ къытщыхъужми, нобэ илъэсыжьыр идогъэжьэж... А жэщым сымыкIуэжу интернатым сыкъыщынат, сабийхэм я гъусэу илъэсыщIэр къизгъэхьэн си гугъэу. Псом хуэмыдэу абыкIэ къызэлъэIуар Дианэт. Сэри апхуэдэу нэхъ къэсщтэрт.

ИлъэсыщIэр къихьэным дакъикъипщI иIэжу, Дианэ жеIэ:

– Лерэ, иIэ, зыгуэр ди гум идгъэубыдэ, илъэсыщIэм къэхъун хуэдэу.

– Содэ, – жызоIэри сыпогуфIыкI.

Ди нэхэр зэтепIауэ зы дакъикъэкIэ тIури дыщысащ.

– Изубыдащ, – къопсалъэ япэу Дианэ.

– Сэри...

– Уэ сыт къэхъуну узыхуейр илъэсыщIэм? – къызоупщI ар.

– Ар жыпIэ хъурэ-тIэ?! – жызоIэ си фIэщу. – ИтIанэ къэхъунукъым.

– Сэри сигу изубыдар бжесIэнщ, уэри уи гум иплъхьар жыIи, итIанэ тIум дыдейри къэхъунущ, – сытрегъэгушхуэ.

ЗытэлайкIэ сыгупсысэ хуэдэу зызощIри, жызоIэ:

– Хъунщ, абы щыгъуэ бжесIэнщ. Дианэ, мы илъэсыщIэ къихьэнум уэ къэпкIухьыфу ухъужыну сыхуейщ. Аращ сэ си гум изубыдар.

Дианэ зыри жимыIэу къызоплъ. ЖысIар игу иримыхьауэ арами къызгурыIуэркъым. ИтIанэ и фIэщу къызоупщI:

– Лерэ, пэж дыдэу ухуейт сэ къэскIухьыфу сыхъужыну?

– Ауэ сытми сыхуейт!..

– Апхуэдэу фIыуэ сыкъэплъагъурэ?

– Уэ узишыпхъу цIыкIущ, дауэ фIыуэ узэрызмылъагъунур? – жызоIэ.

Дианэ тIэкIурэ зыри жиIакъым, итIанэ коляскэм и къур иубыдри къызэфIэуващ. Си нэр къихуу соплъ абы ищIэм. Мыр сыт гъэщIэгъуэн?! ЖаIэ ИлъэсыщIэ жэщыр адрейхэм емыщхьу, уигу иплъхьа псори къохъулIэ. Ауэ апхуэдэ дыдэуи?! ЗэикI си гугъэнтэкъым... Сэ къызгурыIуэрт мы Iуэхум телъыджэ лъэпкъ зэрыхэмы-

лъыр... Ар дауэ? Мы интернатым щылажьэ псори апхуэдиз илъэскІэ Дианэ къигъэпцІауэ ара?.. Си нэр къихуу Дианэ соплъ, ауэ сыгуфІэнрэ сышхыдэнрэ сщІэркъым.

– Апхуэдэу щхьэ пщІа? – арат си япэ упщІэр.

– Си унагъуэр щыхэкІуэдам, зыри сыхуеижтэкъым, – жеІэ сабийм. – Си гугъу къамыщІу хуиту мы пэшым сыщІагъэсын папщІэ, къэзмыкІухьыфу зысщІащ. Ар фэращ, балигъхэращ, дэ зыри къыдгурымыІуэу къызыщыхъур, ауэ ар апхуэдэукъым зэрыщытыр. Абы щыгъуэ къызыхуэскІухьын сиІэжтэкъым, иджы аргуэру шыпхъу къэзгъуэтыжащ...

ЖысІэнур сымыщІэу, сыщысщ. А псалъэ Іущхэр жызыІа сабий губзыгъэм сытыт сэ жесІэфынур?!

Дианэ колsymbolскэр ІуегъэкІуэтри, макІуэри и гъуэлъыпІэм йотІысхьэж. Сызэрыщэхум къигъэгузэвауэ, ар щтэІэщтаблэу къызоупщІ:

– Лерэ, иджы фІыуэ сыкъэплъагъужынукъэ?

– Сыт щхьэкІэ?

– Укъэзгъэпцlащи...

Сыкъэтэджри Дианэ сыбгъэдэтІысхьащ.

– Дианэ, – жызоІэ сэ, – апхуэдэу пщІэн хуеякъым... Ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу сэ уэ фІыуэ услъагъунущ. Уэ узишыпхъущ, апхуэдэу щыхъукІэ, пхуэзмыгъэгъуфын щыІэкъым.

Дианэ цІыкІу быдэу ІэплІэ къысхуищІащ. Езым и гум ириубыдар къызэрызжимыІар къызощІэжри, соупщІ:

– Уэ сытыт илъэсыщІэм къэхъуну узыхуейр?



И нэ къуэлэн цІыкІухэмкІэ къыдэплъейри жиІащ:

– Уэ сыт щыгъуи узигъусэну...

Си нэпсыр къыщІэлъэдащ. Дианэ зэскъузылІауэ ІэплІэ, ба хуэсщІурэ жызоІэ:

– Уэрэ сэрэ сыт щыгъуи дызэгъусэнущ. Дэ дызэшыпхъущ...

ТІэкІурэ зихъунщІами, етІуанэ пщэдджыжьым Дианэ езыр ныщІэкІащ. Сабийхэм ар яфІэгъэщІэгъуэн хъуауэ къыкІэлъажыхьырт, зэпымыууи упщІэ къратырт апхуэдэу занщІэу зэрыхъужам теухуауэ. Ауэ сэ сызэплъыр ФатІимэтрэ директорымрэт. Ахэр гуфІэу Дианэ цІыкІу кІэлъыплъ мыхъумэ, гъэщІэгъуэн къащыхъуауи фэ ятеттэкъым. КъызэрыщІэкІымкІэ, абыхэм ящІэрт Дианэ къызэрикІухьыфыр... Анэ шыпхъур гуапэу къызэплъырт, къысхуэгуфІэрт. Ар сэркІэ арэзыт.

Апхуэдэурэ екІуэкІащ щІымахуэри гъатхэри. Гъэмахуэр къихьащ... Зэрытезухуам хуэдэу, сызыщІэтІысхьэну еджапІэм си тхылъхэр хуэзгъэхьэзыращ. Ауэ иджы мы къалэм сыкъыщызэтеувыІакъым, атІэ Москва дохутыр ІэщІагъэм щыхурагъаджэ институтым езгъэхьащ. Мазэ дэкІри, экзаменхэр стыну хуит сызэращІамкІэ жэуап къысхурагъэхьыжащ. Абы, дауи, сыщыгуфІыкІащ, ауэ а хъыбарыр Дианэ къызэрыщыхъунум сигъэгузавэрт.

Сежьэным зы тхьэмахуэ иІэжу, Дианэ деж пщыхьэщхьэу сыщІыхьащ. Ауэ сыт щыгъуи хуэдэу таурыхъ сыкъыхуемыджэу, хуэмурэ къезгъэжьащ.

– Дианэ, сэ тхьэмахуэ дэкІмэ, семыжьэу хъунукъым.

Хъыджэбз цІыкІум зы дакъикъэкІэ зыри жиІакъым. ИужькІэ хуэму къызоупщІ:

– Дэнэ?

– Москва, еджапIэ сыщIэтIысхьэну...

– Куэдрэ ущыIэну?

– СыщIэтIысхьэфмэ, сыщыIэнущ, ауэ зыгъэпсэхугъуэ къэс сыкъэкIуэжурэ услъагъунущ...

– Апхуэдэу жыбоIэ, ауэ укъэкIуэжынукъым. Уэ узишыпхъу си гугъат... Ауэ уэри сыхыфIыбодзэ...

– УхыфIэздзэкъым, си дыгъэ цIыкIу, сэ щIэх-щIэхыурэ сыкъэкIуэжынущ.

Си псалъэхэр зэхимыхыу, Дианэ и щIыбагъыр къысхуигъэзауэ магъ.

– Дианэ, си псэ... – жысIэ пэтми, зыкъримыгъэзэкIыу жеIэ:

– Сэ си жеин къокIуэ, Лерэ, кхъыIэ, щIэкIыж.

Дианэ афIэкIа къызэрызэмыпсэлъэнур сщIэрти, сыкъэтэджри зыри жызмыIэу сыкъыщIэкIыжащ... СыгуитIщхьитIт. ЕджапIэщIэм сыщыгуфIыкIми, Дианэ и Iуэхум сринэщхъейт...

Унэм дыкъэкIуэжа иужькIэ, ФатIимэт хуэсIуэтащ си гукъеуэр...

– Лерэ, «Iейуэ зумыгъасэ мы сабийр» щыбжесIар пщIэжрэ? Иджы, мис, тIури гугъу фохь. Ауэ, дауэ мыхъуми, IэщIагъэ зэбгъэгъуэтын хуейщ. Дианэ дэ лей къытедгъэхьэнкъым...

Анэ шыпхъум сеплъащ, си нэпсыр къызэпижыхьарэ сыкъыщиудын къудейуэ...

Пщэдджыжьым Дианэ и пэшым къыщIэкIын идакъым. Си гур хэщIырт, ар зи лажьэр сызэрыарар сщIэжырти. Пщэдджыжьышхэр сIыгъыу и пэшым сыщыкIуам, ар иджыри къэтэджатэкъым.

– Дианэ, уи пщэдджыжь фIыуэ! – жызоIэ сэ.

Хъыджэбз цIыкIум жэуап къызитыжакъым. И пIэ лъапэм сытетIысхьэри къезгъэжьащ:

– Дианэ, сощIэ, уэ зыкъысхубогъэгусэ. Ауэ сэ ухыфIэздзэн Iуэху зесхуэркъым. Сэ сабий дохутыр сыхъуну сыхуейщ. Мис абы сыхуеджэрэ къэзгъэзэжмэ, мы интернатым ущIэсшыжу си гъусэу узгъэпсэун си гугъэщ. Сэ уэ узишыпхъущ. ЗэикI узэрыхыфIэзмыдзэнур пщIэркъэ?

Дианэ хуэмурэ зыкъригъэзэкIри, и нэпсхэр къежэхыу къызжиIащ:

– Сэ Iеищэу сошынэ аргуэру си шыпхъур сфIэкIуэдмэ, жызоIэри, афIэкIа апхуэдэу къэхъуну сыхуейкъым.

Апхуэдизу къысхуэгумащIэ сабийм и щхьэм Iэ дэслъэурэ жызоIэ:

– Ар зэикI къэхъунукъым, уэрэ сэрэ дызэфIэкIуэдыну уигу къыумыгъэкIыххэ.

Дианэ сэрэ дызэгурыIуа нэужь, си гур нэхъ зэгъауэ ежьэным зыхуэзгъэхьэзыру щIэздзащ. Гугъэ дахэ куэд сиIэт...

Пщэдджыжьым директорым и деж сыщIыхьащ, сэлам есхыжыну.

– Тэмэму пщIащ а IэщIагъэр къызэрыхэпхар, – жеIэ абы. – Сабий сымаджэм удэIэпыкъун нэхъыфI сыт щыIэ! Дызыщумыгъэгъупщэ, уи зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм деж къэкIуэж. ЛэжьакIуэфI къыпхэкIат уэ...

– Упсэу, сэ зэикI фысщыгъупщэнукъым, Андрей Васильевич. ЕджапIэр къэзухмэ, Дианэ щIэсшыжыну си гугъэщ мы интернатым. АбыкIэ укъыздэIэпыкъуну сынолъэIу...

ЛIыжьыр гуапэу къыпогуфIыкI:

– Нэхъыщхьэраци, щIэтIысхьи къэух еджапIэр, итIанэ дытепсэлъыхьынщ а Iуэхум...

Иужьрей жэщыр Дианэ и гъусэу згъэкIуащ. Дэ Iэджэми дытепсэлъыхьырт, дыдыхьэшхырт. Хъыджэбз цIыкIур нэщхъыфIэт, ауэ сэ си гур къиузыкIырт... КъызыхэкIыр сымыщIэу, сыгузавэрт, Дианэ иужь дыдэу слъагъужу къысщыхъурти. Си нэпсхэр слъэщIыжурэ, интернат пщIантIэм сыкъыдэкIыжащ. Дианэ Iэ къысхуищIу щхьэгъубжэм къыкIэрытащ, сымылъагъуж хъуху.

Экзаменхэр хъарзынэу стыри, еджапIэм сыкъащтат. Ахэр зэфIэкIыху, сэ къызгурыIуар зыщ: укъызыхуигъэщIа IэщIагъэращ къыхэпхын хуейр. Насып уиIэмэ, ар пасэу къыбгурыIуэнщ. Гъэ еджэгъуэм щIидзэху, сыкIуэжу интернатым сыщыIэну си гугъат. Ауэ мазэ къытхуэнэжам еджапIэм дыхуэзыгъэхьэзыр курсхэм дымыкIуэу мыхъуну щыжаIэм, сыкъэнащ. Ар, дауи, Дианэ игу къеуэнут. Сэри абы сыхуэзэшати, еджэным си гур хыхьэртэкъым. Ауэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым...

Интернатым щIэх-щIэхыурэ письмо къикIырт. ФатIимэт къысхуитхырт сабийхэм ятеухуа хъыбархэр, я ехъулIэныгъэхэр. Дианэ теухуауэ сыт щыгъуи къитхыр мырат: «Пэшым къытхущIэкIыркъым, тэмэму псалъэркъым, къикIухьыну хуеижкъым. Лерэ, игу укъэкIащ сабийм...». А псалъэхэм мызэ-мытIэу сыкъеджэжырт, сыкъеджэжыхуи, сыгъырт. Ауэ сыкIуэжынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Гъэ еджэгъуэщIэм щIэддза къудейти, хущIыхьэгъуэ лъэпкъ сиIэтэкъым. ГурыфIыгъуэу сиIэр зыт: мыр къэзухмэ, Дианэ си деж къэсшэжынущ! Ауэ узэрыхуейуэ хъурэ?..

Япэ семестрыр иухри, экзаменхэм щIэддза къудейуэ, интернатым къикIащ телеграммэ: «Дианэ щыIэжкъым, къэкIуэж». Шэм хуэдэу къыстехуащ а псалъэхэр... Телеграммэр сIыгъщи, инышхуэу макъкIэ согъ... «Еууей, ... си тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ, си псэ махэ цIыкIу мыгъуэ», – жысIэурэ зызолIэж... Сэ сщIат ар, сыкъигъэпцIатэкъым си гум... А гуауэм елъытауэ мыхьэнэншэу къысщыхъуащ еджапIэри, сызыхэт Iуэхухэри...

Дианэ цIыкIу щIалъхьа нэужь, интернатым сыдыхьэжыфакъым... Апхуэдизу фIыуэ слъэгъуа, сыкъэзылъэгъуа сабийр здэщымыIэжым си гур кIуэртэкъым. Дианэ и ужькIэ, интернатым щыщ сабий Iэджи «жэнэт бзууэ лъэтэжащ». Апхуэдэ хъыбар нэщхъей къысIэрыхьэху, сыгъырт... Абы еплъытмэ, балигъхэр дызыхэт Iуэхухэр зыми щымыщу къысщыхъурт.

ЩыIэкъым сабий нэпс нэхърэ нэхъ гуащIэ, щыIэкъым сабий зеиншэм и нэпс гуащIэм нэхърэ нэхъ укъэзыгъэдзыхэ... Аращ си гъащIэр а мелыIычхэм я узыншагъэр хъумэным щIытезухуар. Дэтхэнэ сабийми и узыр сысейм хуэдэу зыхызощIэ. Илъэс куэд хъуауэ сахэт пэтми, япэ махуэхэми хуэдэу, сагъэдзыхэ абыхэм я нэпсхэм, я гъы макъым. Сабий Iэджэми сэбэп сахуэхъуащ, Iэджи къезгъэлащ ажалым. Абыхэм саIуплъэху, си нэгум къыщIоувэж зи нэ дахэ цIыкIухэм нэпсыр щIэзу къэзгъэзэжыну къызэлъэIу си принцессэ Дианэ, си жэнэт бзу цIыкIур...

*Нарт Уэзырмэс и хъыбархэм щыщщ*

# Уэзырмэсрэ Псэтын гуащэрэ

Уэзырмэс шыпхъуищ иІэт. И адэр дунейм щехыжым, уэсят къыхуищІащ:

– СылІэрэ зы илъэс дэкІа нэужь, жэщ ныкъуэм деж зы шу къэджэнущ. Уи шыпхъу нэхъыжьыр абы ет. Зы илъэс дэкІыжмэ, нэгъуэщІ зы шууи къэджэнущ: уи шыпхъу курытыр щІэши, абы ет. Ещанэу къаджэм уи шыпхъу нэхъыщІэр ет. ЗыщыщкІи къыздикІакІи ущІэмыупщІэ.

И адэр щІилъхьэжащ. И адэр зэрылІэрэ илъэс дэкІауэ, жэщ ныкъуэм зы шу къэджащ. Шур къыщыджэм, Уэзырмэс и шыпхъу нэхъыжьыр щІишри иритащ, зыщыщкІи къыздикІакІи еупщІакъым. Зы илъэс дэкІыжри и шыпхъу курытыр иритащ. И шыпхъу нэхъыщІэр ещанэу къэджа шум иритащ.

Уэзырмэс и шыпхъухэм я хъыбар къэмыІуурэ зыбжанэ дэкІащ. «Си шыпхъуищыр кІуэдами сщІэркъым, сежьэнщи, дунейм тетыжмэ, къэзгъуэтынщ», – жери шэсащ Уэзырмэс.

Куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа – жылэ гуэр нэсащ, жылэ гъунэм зы мэлыхъуэ лІыжь щрихьэлІащ.

– Бохъу апщий, тхьэмадэ, – жиІащ Уэзырмэс. Мэлыхъуэр фІэлІыжьыІуэти, бысым хуэхъункІэ еупщІащ: – Хэт деж себлагъэ хъун? – жери.

Мэлыхъуэм зы унэ къригъэлъэгъуащ:

– Бысым пхуэхъунщ, – жери.

Уэзырмэс пщІантІэм дыхьэри хьэщІэщым ихьащ. Унэгуащэр къаплъэри, шы фІэдзапІэм бгъэдэт шыр къиціыхужащ.

– Си дэлъхур къыскІэлъыкІуащ, – жери гуфІащ унэгуащэр.

Унэгуащэр Уэзырмэс и шыпхъу нэхъыжьырати, и дэлъхур хьэщІэщым къришыжри унэмкІэ иригъэблэгъащ, Іэнэ къыхуищтэри игъэтІысащ.

– Бысымыр слъагъуркъым, – жиІащ Уэзырмэс, – бысымыр искъэ?

– Ари къэсыжынщ, – жиІащ и шыпхъум.

ЗэрыжиІа нэхъ хэлъакъым: бысымыр шууэ къыдыхьэжащ пщІантІэм.

И щыкъу щІалэм къыщыгуфІыкІынтэкъэ: къыбгъэдэтІысхьэри жэщищ-махуищкІэ къигъэхьэщІащ. Жэщищ-махуищ исауэ, Уэзырмэс гу лъитащ и малъхъэр зыгуэрым зэригъэгумэщІым.

– Унэм сыкъыщихьэм, укъысщыгуфІыкІащ, сыпкІэлъоплъыжри – зыгуэрым уигъэгумэщІ хуэдэщ, – жиІащ Уэзырмэс. – УзыгъэгумэщІыр къызжеІэ.

– Джэгу сыхэтащ, – къыжриІащ и малъхъэм. – Аращ сыкъыщыгувар. Джэгум зы шу емынэ къытхыхьэри Псэтын гуащэ тфІихьащ, дылъежьа щхьэкІэ, дыщІыхьакъым. Псэтын гуащэ зыхьари и кІуэдыпІэ хъуари тщІэркъым.

– Си шыр щІыхьэн хуейщ абы, – жери Уэзырмэс яфІежьэжащ.

Зы теуэгъуэ икІуауэ, жылэ нэсри, жылэ гъунэм мэлыхъуэ щыІущІащ.

Жэщ къытехъуати, бысым хуэхъункІэ мэлыхъуэм еупщІащ. Бы-



10 Заказ №152

сым хуэхъун кърнгъэлъэгъуащ мэлыхъуэм. Зэрыхьа унэм ис унэгуащэр и шыпхъу курытырауэ къыщIэкIащ. Бысымыр истэкъыми, и шыпхъум иригъэблэгъащ Уэзырмэс. Бысымри къэсыжащ. Йоплъри – ари нэщхъейщ.

Iэнэм здыбгъэдэсым, и малъхъэм еупщIащ:

– Сыт ущIэнэщхъейр, сытым уигъэгумэщIрэ? – жери.

– Псэтын гуащэ яхь жари, зыхьым дылъежьати, дыщIыхьакъым, – аращ сыщIэнэщхъейри сызыгъэгумэщIри, – къыжриIащ и малъхъэм.

– Сэри сызылъежьар Псэтын гуащэ зыхьаращ, – жиIащ Уэзырмэс, – си шыр щIыхьэн хуейщ.

АфIэкIа яхущысыжакъым, шэсри гъуэгу техьэжащ.

Зы теуэгъуэ икIуауэ, жылэ ирихьэлIащ, жылэ гъунэм мэлыхъуэ щыхуэзащ, жэщ къытехъуати, мэлыхъуэм еупщIащ:

– Хэт тхуэхъун бысым? – жери.

Бысым хуэхъун унэ кърнгъэлъэгъуащ мэлыхъуэм, абы еблагъэмэ – и шыпхъу нэхъыщIэр зэрысыращ. И шыпхъу нэхъыщIэр къыщыгуфIыкIащ, унэм иришащ, Iэнэ къыхуищтащ. Бысымыр истэкъым.

– Дэнэ щыIэ бысымыр? – щIэупщIащ Уэзырмэс.

– ЗэрыдэкIрэ заул щIащ, и къэсыжыгъуэ хъуащ, – къыжриIащ и шыпхъу нэхъыщIэм.

Бысымыр къыдыхьэжащ, и шыр и Iэдэжу. Йоплъри – ари нэщхъейщ.

Iэнэм здыбгъэдэсым, Уэзырмэс и малъхъэм еупщIащ:

– Си шыпхъуитI я деж сихьати, бысымыр нэщхъейуэ къысIущIащ. Уэри аращ. Сытым уигъэгумэщIрэ?

– СызыгъэгумэщIыращ, – къыжриIащ и малъхъэм. – Псэтын гуащэ зэрахьыр зэхэтхати, зыхьым дылъежьащ, дылъежьа щхьэкIэ дыщIыхьакъым, и ужьыр тхуурэ, псым тфIызэпрыкIри тIэщIэкIащ. Псым дыхыхьэн еткуакъым. Псэтын гуащэ тфIахьри дыхэкIыжащ. Зыхьар Архъуэжьщ, лIыгъэрэ шыгъэкIэ упэлъэщынукъым. Аращ дызыгъэгумэщIыр.

– Сэри аращ сыкъызылъежьар, – жери Уэзырмэс къафIэтэджыжащ, шэсыжри и гъуэгу техьэжауэ зы бдзэжьеящэ ирихьэлIащ.

И Iуэху щрихьэлIэм:

– Псым узэпрыкIыфынкъым, – къыжриIащ бдзэжьеящэм. – Сэ кхъуафэкIэ узэпрысшынщ.

Псым зэпришри, бдзэжьеящэм къыжриIащ:

– Мэз щIагъкIэ кIуэ. Жэщ ныкъуэм екIуалIэ и унэ. Укъилъагъумэ, уIэщIэукIэнущ. Уэ япэ плъагъумэ, узэрыдекIуэкIынур уэ пщIэжынщ.

Уэзырмэс, псым зэпрыкIа нэужь, мэз щIагъкIэ кIуэурэ, Псэтын гуащэ щаIыгъ чом бгъэдыхьащ. Псэтын гуащэ и макъ щызэхихым, Уэзырмэс, чом бгъэдыхьати, джащ:

– Чом къыбгъэдыхьэ! – жери.

Псэтын гуащэ чом къыбгъэдыхьащ.

– Псэтын гуащэ, сыкъыщIэкIуар усхьыжынуращ, – жиIащ Уэзырмэс. – Усхьыжынущи, чом къыдэкI.

– Ар хъункъым, – жиIащ Псэтын гуащэ, чом къыбгъэдыхьэри. – Уэри бэлыхь ухэхуэнщ, сэри сыхэхуэнщ. Езыр къыппэмылъэщми,

и шым лъабжьэкIэ дихьынщ. Гъуэлъамэ, шэджагъуэ пщIондэ жей и хабзэщ. Архъуэжь жеяуэ щылъщ.

– Абы щыгъуэм, – жиIащ Уэзырмэс, – и чэзууэ дыкърихьэлIащ.

Псэтын гуащэ къигъэшэсри, Уэзырмэс къежьэжащ. Псым къэсри, бдзэжьеящэм къыIущIэжащ. Бдзэжьеящэм псым къызэпришыжащ.

– Тафэм утемыхьэ, мэз щIагъкIэ кIуэж, – къыжриIащ бдзэжьеящэм. – Уэ зы махуэм пкIур, абы зы теуэгъуэм екIу.

Уэзырмэс мэзым щIыхьакъым, тафэм тету кIуэурэ, къызэплъэкIри, зы шу и ужь къихьауэ илъэгъуащ.

Шур къэсащ. Архъуэжьщ зэджэр арати, къыщысым, Уэзырмэсым къыщIэгубжьащ, шыбгъэкIэ къеуэри уанэм къриудащ, Псэтын гуащэр иубыдыжри жиIащ:

– Мыр илъэсиблкIэ си унэ исынущ, нартхэ лIыгъэ яIэщ, зыхьыжын къахэмыкIмэ, нартхэ сэ яхуэсхьыжынущ – аращ къыщIэсхьар, – жиIащ Архъуэжь.

Пщащэр и шыплIэм дидзэжщ, Уэзырмэс къеIэдэкъауэщ, къыхыфIихуэри Архъуэжь ежьэжащ:

– Уэр пхуэдэкъым Псэтын гуащэ зыхьыжыр, – жери.

Архъуэжь, Псэтын гуащэ ихьыжри, ежьэжащ. Уэзырмэс сыт ищIэнт: и шыр Архъуэжь щIыхьэнутэкъым.

– Архъуэжь щIыхьэн шы згъуэтыху, секIуэлIэжынкъым, – жери ежьауэ, мэзым здыщIэтым, дыгъужь ирихьэлIащ. Дыгъужьыр бгым щыхуат. «Къыдэсхыжынщ», – жери аркъэн идзащ Уэзырмэс, арщхьэ дыгъужьым идакъым:

– Сыныбаджэщ, къуэм сыкъыдэпхыжыфынукъым, мэлыхъуэм деж кIуэ, зы мэл къысхуеIыхи, сыгъэшх, итIанэ сыкъыдэпхыжынщ, – къыжриIащ дыгъужьым.

Мэлыхъуэм деж кIуэри, мэл иукIащ Уэзырмэс, мэлыр къуэм дидзэщ, аркъэн иридзыхри дыгъужьыр къуэм къыдихыжащ.

– Мыр гъэщIэгъуэнщ, – къыжриIащ дыгъужьым, – къуэм щхьэ сыкъыдэпхыжа?

– Гузэвэгъуэ ухэхуауэ слъагъути, гузэвэгъуэм укъыхэсхащ, – жиIащ Уэзырмэс, – сэри гузэвэгъуэ сыхэтщ: шы солъыхъуэ.

– АтIэ уи гъуэгу техьэж, – къыжриIащ дыгъужьым, – сэри схузэфIэкI пхуэсщIэжынщ.

Ар жери, дыгъужьыр мэзым хыхьэжащ.

Уэзырмэс шэсыжри, хы Iуфэм Iухьауэ, хыкхъуэ ирихьэлIащ, ныджэм къытридзауэ. ЩIопщкIэ еIунщIри, хыкхъуэр хым хидзэжащ Уэзырмэс. Жьы игъуэтыжа нэужь, хыкхъуэр къэпсэлъащ:

– Къысхуэпщlар щыпхуэсщIэжын сихуэнщ, уи гъуэгу ирикIуэ.

И гъуэгу ирикIуэурэ, Уэзырмэс, ешри тIысауэ, и куэщIым зы бгъащхъуэ зыкърidзащ. Бгъащхъуэм и ужь къуршыбгъэ итти, ар щхьэщихури, Уэзырмэс бгъащхъуэм еупщIащ:

– Сыт пхуэсщIэн? – жери.

– КъысхуэпщIэнур къысхуэпщIащ, – жиIащ бгъащхъуэм, – укъысхуей хъумэ, уигу сыкъэгъэкIыж.

Уэзырмэс ежьэжри, мэзым щIэтурэ здэкIуэм, бгъэ шыр макъ зэхихащ, гужьеигъуэм хэхуауэ. КъэувыIэрэ плъэмэ – жыгым блащхъуэ допщей, жыгыщхьэм ит абгъуэм бгъэ ширитI исщи, залIэж. Блащ-

хъуэр иукIа къудейуэ, бгъэ ширхэм я анэр къэлъэтэжащ.

– Си ширхэр къебгъэлащ, – жиIащ бгъэм, – пхуэзмыщIэн щыIэкъым. Сыт пхуэсщIэн – къызжеIэ.

И Iуэхур щрихьэлIэм, бгъэм Уэзырмэс къыжриIащ:

– Шыр щыбгъуэтынур нэжьгъущIыдзэм дежщ. НэжьгъущIыдзэ хы тIуащIэм дэсщ. Хы тIуащIэм уэ удыхьэфынкъым – сэ усхьынщ. Бэлэрыгъауэ зрегъэхьэлIи, и быдзышэ зыIугъахуэ – адэкIэ зэрыхъунур уэ пщIэжынщ.

Бгъэм Уэзырмэс хы тIуащIэм дихьащ. НэжьгъущIыдзэр бжэщхьэIум тести, бэлэрыгъауэ зрыригъэхьэлIэри, и быдзышэ зыIуигъэхуащ.

– Уэ узымылъэгъуа си нитIыр иугъукI! – жиIащ нэжьгъущIыдзэм. – Си быдзышэ пIухуащ: сыткIэ укъысхуэкIуа – узыхуейр пхуэсщIэнщ.

– Сызыхуейращ – сыгъэлIыщIэ, – жиIащ Уэзырмэс. – СыгъэлIыщIи, зыш къызэт.

– Хъунщ, – жиIащ, – НэжьгъущIыдзэм, – си шыбз гуартэр жэщищкIэ хэбгъэпщмэ, зыш уэстынщ.

Япэ жэщым шыбз гуартэм еувалIэри, Уэзырмэс жэщ ныкъуэм щыщхьэукъуэм, шыбзыр мэзым щIыхьэжащ. Нэхущым шыбзым я лъыхъуакIуэ ежьауэ, дыгъужьым ирохьэлIэ. Уэзырмэс зэрыгузавэр щилъагъум, дыгъужьым жеIэ:

– Сыт къэхъуар? Щхьэ угузавэрэ?

– Мыращ-моращ, – жиIащ Уэзырмэс, – шыбз гуартэр мэзым щIыхьэжащ.

– Ар Iуэху! – жери дыгъужьым шыбз гуартэр мэзым къыщIихужащ. – Услъэгъуакъым – сыкъэплъагъужакъым, къысхуэпщIар пхуэсщIэжащ, дяпэкIэ зыкъыспэщIумыгъахуэ.

ЕтIуанэ жэщыр къэсри, шыр хигъэпщурэ, Уэзырмэс щхьэукъуэри, НэжьгъущIыдзэм и шыбз гуартэр хым хыхьащ. Уэзырмэс здэгузавэм, хыкхъуэр хы Iуфэм къесылIащ:

– Сыт къэхъуар? Щхьэ угузавэрэ? – жери.

– Сыщхьэукъуэри, шыбз гуартэр хым сфIыхыхьащ, – жиIащ Уэзырмэс.

– Ар Iуэхукъым, абы щхьэкIэ умыгузавэ, – жери хыкхъуэм шыбз гуартэр хым къыхихужащ.

Ещанэ жэщым IэщIэкIри, НэжьгъущIыдзэм и шыбз гуартэр уэгум ихьэжащ. Уэзырмэс здэгузавэм, бгъащхъуэр къэсащ:

– Сыт къэхъуар? – жери.

Къэхъуар щыжриIэм, уэгум ихьэжри, бгъащхъуэм шыбз гуартэр къригъэгъэзащ.

Нэху щыри, НэжьгъущIыдзэр къэсащ.

– Си шыбз гуартэр жэщищкIэ хэбгъэпщащ, – жиIащ НэжьгъущIыдзэм, – Шыбз гуартэм яхэди, узыхуейр къыхэх.

Шыбз гуартэр жэщищкIэ щыхигъэпщым, зы шыщIэ къалъхуати, абы и цIэ ириIуащ Уэзырмэс.

– Дыгъуасэ къалъхуар шы пхуэхъун? – къыжриIа щхьэкIэ, Уэзырмэс идакъым:

– Нэгъуэщ къыхэсхынукъым, – жери.

ШыщIэр НэжьгъущIыдзэм къыIихри, Уэзырмэс къежьэжащ, Ар-

хъуэжь и чом дыхьэри Псэтын гуащэ къигъэшэсащ.

Псэтын гуащэ къихьыжри, и шыпхъу нэхъыжьым деж дыхьащ Уэзырмэс, абы и унэ къикIыжри и шыпхъу курытым деж екIуэлIащ, абы дежи къыщыхьэщIэри и шыпхъу нэхъыщIэм и унэ ихьащ, жэщищ-махуищкIэ абы деж къыщыхьэщIэри и унэ ихьэжащ. Архъуэжь къылъежьа щхьэкIэ, жыжьэуи гъунэгъууи къыщIыхьакъым.

Псэтын гуащэ къихьыжри, нартхэ яхыхьэжащ Уэзырмэс.

# Уэзырмэс и иужьрей зекIуэ

Уэзырмэс зекIуэм хэмыкIыурэ жьы хъури и унэ итIысхьэжащ.

– Жьы хъури и лIыгъэр кIуэсащ, – жари зекIуэ здамышэж хъуащ. Ар и щхьэм иригъажэри нартхэр къриджащ.

– Чынтым я пщыр тIуащIэм дэсщ, – къажриIащ Уэзырмэс нартхэм. – Жьы сыхъуами, абы и щхьэр къывэзгъэхьынщ.

Чынтыр я ныкъуэкъуэгъут нартхэм. Къалъихьэурэ, зауэ къращIылIэрт, хы тIуащIэм дыхьэжырти, нартхэр пэлъэщыртэкъым. Пэмылъэщурэ, Уэзырмэс жьы къаIэщIэхъуащ.

– ПхузэфIэкIынкъым, жьы ухъуащ, уи унэ исыж, – жаIащ нартхэм.

– Жьы сыхъуами, зыгуэр схузэфIэкIынщ, – жиIащ Уэзырмэс. – Кхъуафэ сивгъэтIысхьи, хым сытевутIыпщхьэ.

И псалъэ унафэти, Уэзырмэс кхъуафэм ирагъэтIысхьэри хым траутIыпщхьащ. Жьы къыкъуэури, кхъуафэр ихуурэ хым зэприхуащ. ТIуащIэм дыхьауэ къалъагъури, кхъуафэр хым къыхалъэфащ чынтхэм. Уэзырмэсыр къацIыхунтэкъэ – я биижьт.

– Ди биижьыр тхьэм къыдитащ, – жари я пщым хуашащ.

– Сытым укъытхуихьа ди биижьыр? – къеплъащ чынтым я пщыр.

– Сыбэлэрыгъри сыщхьэрыуащ, – яжриIащ Уэзырмэс.

– Ущхьэрыуамэ, удукIынкъэ, – жиIащ чынтым я пщым. – Уэ пхуэдэщ тхуэмыгъуэтыр. Дилъ бгъэжащ, жьы ухъуху ди ужь уикIакъым, кIэ бгъуэтащ иджы.

– Зы лIыжь фукIкIэ лIыгъэ хъункъым. Абы нэхъыфI сэ вжесIэнщ.

– Сыт къыджепIэнур?

– ВжесIэнуращ: нартхэ хъыбар евгъащIи, си щхьэр ящэхужынщ, нартхэ си пщIэр ялъытэ, сэр щхьэкIэ ягу пымыкIын щыIэкъым, – жиIащ Уэзырмэс.

«Мы лIыжьыр сукIкIэ сыт къыпысхын? – егупсысащ чынтым я пщыр. – Щхьэ уасэ къыпысхмэ, нэхъыфIщ».

– Сыт уи щхьэ уасэ, сыт къызатын нартхэ? – къеупщIащ чынтым я пщыр.

– Вы щитху къуатынщ, – жиIащ Уэзырмэс.

– Хъунщ, содэ, – жиIащ чынтым я пщым. – Дызэлъихьэркъым – дауэ хъыбар зэредгъэщIэнур нартхэ?

– ЛIыкIуэ пщIынщ, – жиIащ Уэзырмэс. – ЛIитI гъакIуи, си хъыбар егъэхь. Нартхэ лIыкIуэ яукIыркъым.

АбыкIэ акъылэгъу къищIащ чынтым я пщыр. «Хэт кIуэн?» – щыжаIэм, Уэзырмэс и псалъэ яхилъхьащ:

– ВгъэкIуэну лIитIым зыр нэхъ щIалэу щытын хуейщ – лIы

къуапцIэрэ и пащIэ-жьакIэм тхъугъэ химыдзауэ. Зыр нэхъыжьын хуейщ, и пащIэри и жьакIэри зэщIэтхъуауэ.

Зы щIалэ къуапцIэрэ зы нэхъыжьыIуэрэ къэуващ:

– Дэ дыкIуэнщ, – жари. Зыр къуапцIэщ, зыр къетхъухащ.

– Нартхэ си хъыбар нэфхьэсмэ, си щхьэм и уасэр яжефIэ, вы щитху нэхъ мащIэкIэ арэзы фызэрымыхъунур ягурывгъаIуэ, – къажриIащ Уэзырмэс лIыкIуэхэм. – Арэзы фызэрыхъунуращ: вы къуагуищэ, я бжьэ тIеяуэ вы джэмыдищэ, я цыр лыду вы гъэшха щищ. Апхуэдэ ямыгъуэтмэ, ди унэ ирырехьи, ди бжэкъуагъым къуэлъ жыхапхъэм иречэнджэщ. Выр езым къывдахунщ. КъыщыфхукIэ, зы выщIэ къуэху япэ ивгъэувэ. ВыщIэ къуэхур къыфхуэмыкIуэмэ, фукIи, абы и щхьэр вы сырыхужьым и пщэм ивдзэ – вы сырыхужьым гъуэгур фигъэлъагъунщ.

Апхуэдэ псалъэ яхьри, чынтым я лIыкIуэр хым зэпрыкIащ, нарт хасэм хыхьэри къызытекIухьар жраIащ:

– Фи тхьэмадэжьыр ди пщым и IэмыщIэ илъщ, и щхьэ уасэр вы щитхущи, нобэ дымыхумэ, фи тхьэмадэм и щхьэр хилъхьащ. Арэзы дызэрыхъунуращ: вы къуагуищэ, я бжьэ тIеяуэ вы джэмыдищэ, я цыр лыдыжу гъэшхауэ вы щищ.

Нартхэр зэплъыжащ, Уэзырмэс и псалъэм къикIыр къагурыIуакъым.

– НэгъуэщIи сыт жиIа Уэзырмэс? – еупщIащ лIыкIуэхэм.

– «Ди унэ фихьи, ди бжэкъуагъым къуэлъ жыхапхъэм фечэнджэщ» жиIащ.



– Жыхапхъэр зи Iэдэжыр бзылъхугъэщ, – егупсысащ нартхэр. – Уэзырмэс зи гугъу ищIыр Сэтэнейщ.

Сэтэней деж кIуэри ечэнджэщащ нартхэр.

– Вы къуагуищэ, я бжьэ тIеяуэ вы джэмыдищэ, я цыр лыдыжуи вы гъэшха щищ – ар и щхьэ уасэщ, – жраIащ Сэтэней.

– Абы къикIыращ, – къажриIащ Сэтэней. – ДжатэкIэ узэдауэ шууищэ, бжыкIэ узэдауэ шууищэ, шабзэкIэ узэдауэ шу щищ – ар вгъэшэсмэ, чынтыр фигъэкъутэнущ Уэзырмэс, я пщым и щхьэри къывигъэхьынущ.

– Хэт дигъэгъуэзэн, гъуэгур хэт дигъэлъагъун?

– ЛIыкIуэм я нэхъыщIэр фяпэ ивгъэувэ, абы фигъэгъуэзэн имыдэмэ, фукIи, и щхьэр нэхъыжьым и пщэм ивдзэ: ар вы сырыхужьыращи, абы фигъэгъуэзэнщ.

Шу щитху зэщIаузадэри ягъэшэсащ нартхэм.

– Уэзырмэс здэщыIэм дышэ, – жари лIыкIуэм я нэхъыщIэр япэ ирагъэуващ, абы ишэн щимыдэм, яукIри и щхьэр нэхъыжьым и пщэм ирадзащ. – Уэри дыпшэнкъэ? – жари.

Нартхэ ягъэшэса шу щитхум чынтыр зэтракъутащ, я пщым и щхьэр къыфIахри Уэзырмэс къашэжащ.

# Адыгэбзэм и деепричастием бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр

Адыгэбзэм зи щхьэ хущыт и псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я деж куэд щIауэ зи увыпIэ щызыубыдыжа наречием зи фащэкIи зи щIэупщIэкIэкIи ещхь деепричастиер глаголым къытекIа наречиеу къыщалъытэ щIэныгъэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэм. Пэж дыдэуи, плъыфэцIэм *-у/-уэ* аффиксхэр пыувэу наречиер къызэрыхъум хуэдабзэу, глаголым *-у/-уэ* формантхэр пыувэкIэрэ къохъу деепричастиер. Наречием ещхьу, *дауэ?* упщIэм жэуап хуэхъуу къокIуэф деепричастиер, лэжьыгъэм и къэхъукIэ обстоятельствэм и къалэн игъэзащIэу псалъэухам щыхэтым и деж. Зэвгъапщэт: *ЩIалэ цIыкIур (дауэ?)* ***дахэу*** (наречие) *къофэ – ЩIалэ цIыкIур (дауэ?)* ***дэлъейуэ*** (деепричастие) къофэ. Борыкъуей ТI. М. къызэрилъытэмкIэ, наречиер причастием къыщхьэщызыгъэкIыр иужьрейм, глаголым хуэдэу, щхьэрэ зэманкIэ зэрызихъуэжыфырщ [Борукаев Т. М. Грамматика кабардино-черкесского языка. Нальчик, 1932: 80].

Абы и лъэныкъуэкIэ, деепричастиер глаголым къытекIа наречиеу къэзылъытэхэми ар зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зыгъэувхэми [Рогава Г. В., Керашева З. И. Грамматика адыгейского языка. Краснодар-Майкоп, 1966] къащхьэщыкIыу, дэ нэхъ тфIэтэмэмщ деепричастиер глаголым и инфинитнэ формэ щхьэхуэу жызыIэхэм я Iуэху еплъыкIэр: деепричастием бгъэдэлъщ ар наречием и зы лIэужьыгъуэ къудейм нэхърэ и щхьэхуитыныгъэр куэдкIэ нэхъыбэ зыщI зэфIэкIхэмрэ хьэлщэнхэмрэ. Ауэ а зэфIэкIхэмрэ деепричастием и морфологие категориехэмрэ я мащIагъым Iэмал къыуитыркъым ар зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм ящыщ зыуэ къэплъытэнуи.

Деепричастиер псалъэ лъэпкъыгъуэкIэ нэхъ зыпэгъунэгъум ехьэлIа Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм нэхърэ мынэхъыбэмэ, нэхъ мащIэкъым а глагол формэм и фащэхэмрэ и къэхъукIэмрэ теухуауэ адыгэ бзэ щIэныгъэм хэлъ еплъыкIэ зэтемыхуэхэр.

БзэщIэныгъэлIхэм зэдауэншэу деепричастиеу къыхагъэкI *-у//-уэ* формантхэр зыпыт глагол формэхэр. Куэдым абы хагъэхьэ *-рэ, -урэ* суффиксхэр зыпыува глагол формэхэри. Ещанэхэм (Дзасэжь Хь. Е., Джаурджий Хь. З., н.) деепричастием хуагъакIуэр *-мэ//-тэмэ, -ми//-тэми* аффиксхэр зыпыту псалъэуха гуэдзэм сказуемэу хэува глаголри.

Адыгэбзэм и деепричастием и къэкIуэкIэр игъэбелджылыурэ Щэрдан I. Хь. щетх «Кабардино-черкесский язык» тхылъым: «*-у//-уэ* суффиксыр деепричастиер къызэрыхъу аффикс нэхъыщхьэщ. Ар глаголым и псалъэпкъым поувэ: *лажьэ-у, щыс-у, псалъэ-у.* Апхуэдэ псалъэпкъым нэгъуэщI суффиксхэр пыувэн хуей щыхъукIэ *-у//-уэ* -хэр глаголым и кIэм мэIэпхъуэ: *лажьэхэ-у, щысхэ-у, псалъэхэ-у. -У//-уэ* суффиксхэр пыувэкIэрэ деепричастиер къытохъукI динами-

ческэ глаголхэми, статическэ глаголхэми, глагол лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми: *щытщ — щыту, мажэ — жэуэ, ещI — ищIу, йоплъ — еплъу.*

Деепричастием къегъэлъагъуэ псалъэухам хэлъ лэжьыгъэ нэхъыщхьэм зэуэ къыдэхъу, ипэкIэ къэхъу е иужькIэ къэхъу лэжьыгъэ. Ауэ абы щыгъуэми деепричастием и формэкIэ зихъуэжыркъым, сыт хуэдэ зэманми и формэм итыфынур глагол нэхъыщхьэрщ» [Кабардино-черкесский язык, Нальчик, 2006: 319]. Апхуэдэу, деепричастием и щытыкIэм зимыхъуэжу ар зыщIыгъу глаголым зэман зэхуэмыдэхэр къызэригъэлъагъуэм и щапхъэ хъунущ мыхэр: *Сосрыкъуэ жьэгум дэст* (ит зэман), ***дэпым ириджэгуу*** (Нартхэр). ***Куэд имыкIуэжу*** *Сосрыкъуэ Емынэжь и щIыналъэм ихьащ* (блэкIа зэман) (Нартхэр). *Зауэм сыникIыжмэ, сэ къуажэм сынargdыхьэжынущ* (къэкIуэну зэман) ***си шы къарэ дахэм сытесу, си бгъэм хэлъ дамыгъэхэр дыгъэм пэлыду*** («Iуащхьэмахуэ» журнал).

И къежьапIэкIэ нобэрей *-уэ* суффиксыр Къумахуэ М. А. хуегъакIуэ пасэм адыгэбзэхэм хэта *-эу* аффиксым [Кумахов М. А. Сравнительно-историческая грамматика адыгских (черкесских) языков. М., 1989: 271].

Бзэм ущрохьэлIэ апхуэдэ деепричастие лIэужьыгъуэу блэкIа зэманым и формэм тетхэми: *Псэбыдэ* ***къыщылъэтауэ*** *жыгыжьыр жьым здрихьэжьамкIэ мажэ* (Нартхэр). ***ЗэфIэнауэ*** *нартыжьхэр къумыжь нэщIым щопсалъэ* (Нартхэр).



Щэрдан I. Хь. тэмэму гу зэрылъитащи, *-у* зыпыт деепричастиехэр *щытын, хуежьэн, щIэдзэн* глагол дэIэпыкъуэгъухэм гъусэ щахуэхъукIэ а зэпыщIэныгъэм кърокIуэ деепричастиехэм я деепричастие щэныр яфIэкIуэдрэ апхуэдэ зэпхыгъэхэм зэгъусэу финитнэ глаголхэм я хьэл-щэн къащтэныр. Ар къызыхэкIыр глагол дэIэпыкъуэгъухэм лексикэ и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэр яфIэкIуэду деепричастием хэпщIа (слияние) зэрыхъурщ: *Къэсри шхыдэу щIидзащ* [Кабардино-черкесский язык, 2006: 320].

Деепричастиеу *-у/-уэ* зыпытхэм я лъапсэгъу дыдэу щIэныгъэлIхэм къыхагъэкI *-урэ//-уэрэ* аффиксхэр зыпыт деепричастие формэри. *-урэ//-уэрэ* аффиксхэр IыхьитIу зэхэувауэ къэлъытапхъэщ: деепричастием и аффикс «къабзэ» *-у/-уэ -мрэ -урэ//-уэрэ* формэхэр зыпыува деепричастием и купщIэм къытегъэзэжыныгъэ, Iуэхур кIыхьлIыхьу екIуэкIыныгъэ мыхьэнэ хэзылъхьэ *—рэ* элементымрэ: ***Уэ гупсысэм уихьурэ*** *нэхур къыптещхьащ* (Шал Хъу.). ***Таурыхъ щIалэм уежьэурэ*** *гъэхэр блыбогъэкI* (Шал Хъу.). ***И Iупэ гъущIа къэчахэр бзэгу гъущэмкIэ зэпилъэщIыхьурэ*** *Ахьмэд нэщхъейуэ погуфIыкI (Мэзыхьэ Б.).*

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм *-у/-уэ* аффиксхэм я къалэн игъэзащIэу ущрохьэлIэ *-рэ* суффиксым. Ауэ, *-у/-уэ* -хэм къащхьэщыкIыу, мыбы и къэгъэсэбэпыкIэм щхьэхуэныгъэ гуэрхэр хэлъщ. Псалъэм папщIэ, сабийм и зекIуэкIэм хэлъ

дэлъеиныгъэр къэбгъэлъэгъуэнумэ, псалъэухар зэрыухуапхъэр мыпхуэдэущ: *Сабийр* ***дэлъейуэ*** *мэкIуэж.* Пхухэгъэувэнукъым мы псалъэухам къыхэдгъэщхьэхукIа деепричастиер *дэлъейрэ* формэм тету, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэущ ар иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къызэрыщагъэсэбэпыр. Ауэ а псалъэуха дыдэм ***дэлъейуэ*** псалъэм гуэгъу хуэхъун нэгъуэщI зы деепричастии зэрыхэдгъэувэу псалъэухам и жыIэкIэр вариантитIым тету уухуэ мэхъу: 1. *Сабийр* ***дэлъейуэ, къелъыхыу*** *мэкIуэж.* 2. *Сабийр* ***дэлъейрэ къелъыхыу*** *мэкIуэж.* НэгъуэщIу жыпIэмэ, *-у/-уэ* аффиксхэмкIэ къэхъуа деепричастиер (е абы и оборотыр) сыт щыгъуи бзэм къызэрыщыбгъэсэбэпыфым къыщхьэщыкIыу, *-рэ* аффиксыр зыпытхэр щIэгъэкъуэн къыщыпщIыфынур псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъуитIым е зэлъэпкъэгъу тIурытIхэм я къалэн ягъэзащIэу деепричастиитI (деепричастнэ оборотитI), е деепричастиерэ (деепричастнэ оборотрэ) наречиерэ, е деепричастиерэ (деепричастнэ оборотрэ) субстантивнэ, егъэпщэныгъэ, н. оборотрэ зэтрихьауэ къыщыкIуэхэрщ: *Шы пцIэгъуэплъ гуэр,* ***ужьэм хуэдэу псыгъуэрэ и цыр дыгъэм пэлыду,*** *бжыхь лъагэм елъэри чыхум хыхьэжащ* (КIэрашэ Т.). *Сосрыкъуэ щыст, дэпым ириджэгуу;* ***дэпыр къищтэрэ зэм и Iэм иридзэу, зэм и жьэм жьэдидзэрэ ункIыфIыжауэ къыжьэдидзыжу*** (Нартхэр).

Абы хуэдэ дыдэщ ***Инрэ нэду, цIыкIурэ задэу*** псалъэжьым хэт *ину, нэду; цIыкIуу, задэу* псалъэ гупым я тIурытIыххэ зэпхыкIэр. КъызэрыбгурыIуэнукIэ, ***Ину, нэду, цIыкIуу, задэу*** псалъэухам ищхьэмкIэ къыщытхьа ***Инрэ нэду, цIыкIурэ задэу*** и вариантыр къызэрыщхьэщыкIыр иужьрейр стиль и лъэныкъуэкIэ нэхъ дахэу, къекIуу зэрыщытырщ. Ауэ мы щапхъэм *-рэ, -у* аффиксхэмкIэ щызэхьэлIа, уеблэмэ щызэпыщIа псалъэ гупым зы деепричастие закъуи зэрыхэмытыр къэплъытэмэ, *-рэ* аффиксыр Iэмалыншэу деепричастием епхауэ, *-у/-уэ* суффиксхэм хуэдэу, ари деепричастие къэзыгъэхъу элементу бгъэувыныр тфIэигъуэджэщ. ДызэреплъымкIэ, *-у/-уэ* суффиксхэмкIэ иухыу тIурытIыххэу псалъэухам щызэтрихьа нэгъуэщI псалъэ лъэпкъыгъуэхэми я зэпыщIэкIэм и стилистическэ вариант къудейуэ аращ *-рэ*-р: ***Мылым нэхъ-рэ нэхъ щIыIэрэ фом нэхърэ нэхъ IэфIу*** *махъсымэ фалъэ къыщIихащ пщащэм.* ***ПIащэрэ пшэр хъужауэ*** *Мышэ бдзэжьеищ къиубыдащ.* ***Уазэрэ бзууэ*** зэтегъуащ (Псалъэжьхэр).

Глагол формэхэу *-у/-уэ, -урэ/-уэрэ, -рэ* аффиксхэр зыпытхэр деепричастием хуэхьын/хуэмыхьыным, абыхэм я морфологием, синтаксисым ехьэлIауэ адыгэ бзэщIэныгъэлIхэм, зэтемыхуапэми, Iуэху еплъыкIэ зэпэгъунэгъухэр яIэмэ, *-мэ//-тэмэ, -ми//-тэми* аффиксхэр зыпыт глагол формэр (глаголыр) зищIысымрэ абы псалъэухам и пщэ къыщыдэхуэ къалэнхэмрэ зэхэгъэкIыным теухуауэ адыгэбзэм щыIэ еплъыкIэхэр, бгъэдыхьэкIэхэр жыжьэуи зэкIуалIэркъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэбзэм елэжьа щIэныгъэлI куэдым бзэм

къыщыхагъэкIа щIыпIэ, зэман, условие, уступкэ, лэжьыгъэм и къэхъукIэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэуха гуэдзэхэр Дзасэжь Хь. Е., Джаурджий Хь. З. сымэ псалъэухауэ къалъытэркъым. ЩIэныгъэлIитIым зэрыжаIэмкIэ, ахэр деепричастнэ оборот къудейщ, псалъэухам зэрыхэувэри абы и пкъыгъуэ убгъуауэщ [Джаурджий Хь. З., Дзасэжь Хь. Е. Адыгэбзэ. Налшык, 2008, II Iыхьэ]. «Псом нэхърэ нэхъ ныкъусаныгъэшхуэ къэзышэр, – етх абы теухуауэ Дзасэжьым, – пкъыгъуэ къызэрыкIуэ убгъуахэмрэ псалъэуха гуэдзэмрэ я гъунапкъэр адыгэбзэм теухуа тхыгъэхэм щызэхэгъэкIа зэрымыхъуарщ. Ар зэхэгъэкIа зэрымыхъуам къыхэкIкIэ, пкъыгъуэ къызэрыкIуэ убгъуахэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм теухуа грамматикэхэм псалъэуха гуэдзэ лъэпкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ. Псалъэухам и пкъыгъуэ убгъуауэ къокIуэ глагол формэ щхьэхуэхэмрэ абыхэм къепха псалъэхэмрэ къагъэхъу оборотхэр. Оборотхэр псалъэуха гуэдзэу къакIуэу къэмылъытауэ пкъыгъуэ къызэрыкIуэ убгъуауэ псалъэухам къыщыкIуэу гъэувыныр абыхэм ябгъэдэлъ щытыкIэхэр зэпэлъытыным тещIыхьащ» [Дзасэжь Хь. Е. Иджырей къэбэрдей-черкесыбзэ. Синтаксис. Черкесск, 1969: 72].

Абы къыдэкIуэу Дзасэжьым жеIэ псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр зэмылIэужьыгъуэ куэду къэгъэсэбэпыныр иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и щытыкIэу зэрыщымытыр, «сыту жыпIэмэ а бзэм иIэщ щIыпIэ, зэман, щхьэусыгъуэ, мурад, условие, уступкэ, нэгъуэщI мыхьэнэхэри къэзыIуатэ аффикс зэмылIэужьыгъуэхэр зыпыт глагол формэ зэхуэмыдэхэр зи лъабжьэ зэпхыгъэхэр. А зэпхыгъэхэр пкъыгъуэ къызэрыкIуэ убгъуауэ псалъэухам къыщыгъэсэбэпыныгъэмкIэ къэIуэта мэхъу нэгъуэщIыбзэхэм (псалъэм папщIэ, урысыбзэм) псалъэуха гуэдзэхэмкIэ къыщыIуэта хъу мыхьэнэхэр. Абы папщIэ иджырей къэбэрдей-черкесыбзэр хуэныкъуэкъым, зи гугъу тщIы бзэхэм къызэрыщыкIуэм хуэдэу, псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр убгъуауэ къэгъэсэбэпыным» [Дзасэжь Хь. Е. Иджырей къэбэрдей-черкесыбзэ, 1969: 124].

Арэзы техъуэгъуейщ урысыбзэм е нэгъуэщI бзэхэм нэхърэ адыгэбзэм псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр нэхъ мащIэу къыщыгъэсэбэпыпхъэу Дзасэжьым зэриукъуэдийм. Ауэ мыбдеж щынэхъыщхьэр щIэныгъэлIым псалъэуха зэхэлъ-зэпхам адыгэбзэм щыхуигъэув къэгъэсэбэпыкIэ мардэр аракъым, атIэ абы «псалъэуха гуэдзэ» жыхуэтIэ гурыIуэгъуэм щIилъхьэ мыхьэнэрщ. Дзасэжьым псом япэу пкъыгъуэ убгъуа зиIэ псалъэуха къызэрыкIуэхэм хегъэхьэ условнэ, уступительнэ псалъэуха гуэдзэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр. Абы къызэрилъытэмкIэ, *-мэ//-тэмэ; -ми//-тэми* суффиксхэр зыпыт пкъыгъуэхэр, глагол формэхэм я оборот къудейщи, абы къыхэкIкIэ сказуемэ хъуркъым. Ахэр щымысказуемэкIэ псалъэухаи ирикъуркъым.

Ауэ Елбэд Хь. У., Урыс Хь. Щ., Шагъыр I. Къ. сымэ яфIэзахуэкъым – *мэ//-тэмэ, -ми//-тэми* суффиксхэр

зыпыт синтаксическэ конструкцэхэр, Дзасэжь Хьэсаншрэ Джаурджий Хьэтыкъэрэ зэрыжаIэм хуэдэу, пкъыгъуэ щхьэхуэ убгъуауэ, нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, деепричастнэ обороту къэлъытэныр. Дэ дызэреплъымкIэ, апхуэдэ конструкцэхэм *-мэ//-тэмэ, -ми//-тэми* суффиксхэр предикативность къагъэлъагъуэу, *-щ,-т,-къым* аффиксхэм хуэдэ дыдэу, сказуемагъым и фащэу поувэхэр. Абы къыхэкIыуи предикат зыхэт синтаксическэ конструкцэхэр къызэрылъытапхъэр псалъэухам и зы пкъыгъуэ убгъуауэкъым, атIэ, гуэдзэу щытми, псалъэуха щхьэхуэущ. *Дыгъэм дэнэкIэ зигъазэми, сэхураныщхьэм абыкIэ зегъазэ* псалъэухауэ Дзасэжь Хь. Е. псалъэуха къызэрыкIуэхэм яхибжэр зэрыщыт дыдэу къэлъытэн хуейр зи сказуемэр причастие, деепричастиекIэ мыхъуу, наклоненэ щхьэхуэм ит глаголкIэ къэгъэлъэгъуа псалъэуха гуэдзэ зиIэ псалъэуха зэхэлъ-зэпхауэщ. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм апхуэдэ псалъэуха гуэдзэ лIэужьыгъуэхэр пажэм щепха мэхъу союзсуффикс *-мэ, -ми* хуэдэхэмкIэ. Апхуэдэм и деж глаголым пыт хабзэ сказуемагъ къэзыгъэлъагъуэ *-щ, -т, -къым, -о, -э* формантхэр покIри, абыхэм я пIэ йоувэр *-мэ, -ми*-хэр.

А Iуэхугъуэ дыдэм теухуауэ Урыс Хь. Щ. зэрыжиIэмкIэ, псалъэуха гуэдзэм и сказуемэм союз-суффиксыр *(-мэ, -ми...)* поувэри, абы къыхэкIкIэ сказуемагъ къэзыгъэлъагъуэ аффикс пыувэ хабзэкъым, псалъэм щхьэкIэ, *-щ, -т, -къым,* ещхьыркъабзэу динамичность къэзыгъэлъагъуэ *мэ-/ма-, -о, -э.* Иужьрейхэр щыпыувэм деж, сказуемагъым и суффиксхэр псалъэм пыувэркъым, ахэр езыхэр щытщ сказуемагъым и аффикс пэлъытэу. Морфемэ *мэ-/ма*-хэр къэплъытэ хъунущ мыхьэнэ куэд зиIэ морфемэу: наклоненэ, сказуемагъ союз-суффиксу [Урыс Хь. Щ. Адыгэ грамматикэ. Синтаксис, пунктуацэ. Налшык, 1994: 119-120].

Деепричастием (деепричастнэ оборотым) и морфологиемрэ синтаксис и лъэныкъуэкIэ и пщэ къыдэхуэ къалэнхэмрэ захуэдгъазэмэ, псом япэ а глагол формэм и пщэ къыдэхуэр псалъэухам обстоятельствэу хэувэнырщ. Определенэм хуэдэ дыдэу, ар пыщхьэхукIауи пымыщхьэхукIауи къокIуэф.

Обстоятельствэу щыт деепричастиери деепричастнэ оборотри пощхьэхукI, сказуемэм къыкIэлъыкIуэмэ. ИщхьэмкIи зэрыщыжытIащи, дееепричастиер (оборотыр), псом хуэмыдэу езым и субъект щыхэтыжым и деж, ар предикат иримыкъуу щытми, псалъэуха гуэдзэм пэгъунэгъущ. Адыгэбзэм и деепричастиер глагол-сказуемэм ещхьщ субъектым и щхьэ префикс зэриIэмрэ сказуемэм ещхьу субъектым екIуу зэрыщытымкIэ, деепричастием и субъектри объектри зегъэкIуэныгъэкIэ къепхауэ щытынкIэ зэрыхъунумкIэ: *Банэ бжыхькIэ къэухъуреихьа псэуалъэм куэбжэ папщIэу хэлъ набжэ цIырхъым выгур екIуэлIащ,* ***гъатхэкIэ ятIэм хэщатэрэ зэщIэкIыргъэу*** (Къашыргъэ Хь.). *Салимэ IукIыжа нэужь, сэ си закъуэ дыдэу псы Iуфэм сыкъыIунащ,* ***къыстепсыха насыпыншагъэм сыхигъащIэрэ адэкIэ къыспэщылъ закъуэныгъэм***

155

***сыхигъаплъэу*** («Iуащхьэмахуэ» журнал).

Сказуемэм и пэкIэ щыт деепричастие зи закъуэр пымыщхьэхукIыу иужькIэ итыр пыщхьэхукIыныр къыхокI сказуемэм деж макъыр нэхъ лъахъшэ щыхъуауэ псалъэухар къызэрапсэлъым. Сказуемэм и ужькIэ къэув обстоятельствэм псалъэухар къызэрытпсэлъ макъыр «къигъэщIэрэщIэж», къиIэтыж хуэдэщ, сказуемэр къызэрыпсэлъам елъытауэ: *Мурат я пщIантIэм дыхъэри зы дакъикъэкIэ пщIантIэкум деж къыщызэтеувыIащ,* ***гупсысэу*** (Къашыргъэ Хь.). [Урыс Хь. Щ. Адыгэ грамматикэ, 1994: 105].

Деепричастиери абы и оборотри псалъэухам хоувэ зэман обстоятельствэу: ***Ди адэр къызэрыдыхьэжу*** *куэбжэм къыIухьащ шу мыцIыху гуэр.* ***ЗэрызыкъищIэжу*** *уIэгъэм и нэхэр хьэлъэу къызэтрихащ, иджыри дунейм тетрэ ахърэт жыхуаIэм кIуарэ хузэхэмыгъэкIыу.* ***Зы теуэгъуэ къэскIуауэ*** *Арыкъыщхьэм сыкъихьэщ* (Нартхэр). ***Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу шищри къытхуишэжащ*** (Къэрмокъуэ Хь.). ***Ар шэмэджым зэреплъу,*** *шэмэджыр* Дэбэч зэриIэщIагъэр къыгурыIуащ (Нартхэр).

Лэжьыгъэм и къэхъукIэ обстоятельствэу адыгэ псалъэухам куэд дыдэрэ къыщокIуэ деепричастиери деепричастнэ оборотри. Апхуэдэм деж абы пытынкIэ хъунущ, ищхьэмкIи къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, *-у//-уэ, -урэ//-уэрэ* суффиксхэм ящыщ, обстоятельствэ тIуащIэу къыщыкIуэм деж — *-рэ* аффиксыр: ***СымыщIэххэу*** *уэ дыгъуасэ сыпIущIащ* (Мыкъуэжь А.). ***Дызэрыгъэгубжьауэ*** *аргъынэр етхьэкIырт* (Нартхэр). *Делэр* ***гугъэурэ*** *жьы мэхъу* (Псалъэжьхэр). ***Къытпэмылъэщу ем я Iейри*** *ди мурад щыгум хуейщ дынэсын* (Мыкъуэжь А.). ***Мазэ нурыр ди пIэм къыхэткIухьу, ди щхьэгъубжэм къыдэплъу жасмин, фи гуапагъэр гуапащэу ифкъухьу*** *сэ иджыри вдесхьэкIынт жэщ мин* (Мыкъуэжь А.). *Уэ япэ дыдэу сэ ущыслъэгъуам ухэлът пшахъуавэм,* ***дыгъэр къодэхащIэу*** (Мыкъуэжь А.). ***Си нэпситIыр къысфIелъэлъэхыурэ*** *си адэм и унэм сыдумыхащэрэт* (Адыгэ уэрэдыжьхэр). *Мэлэчу дахэр кIэлъэфти,* ***зрилъэфыхьурэ*** мэкIуэжыр (Адыгэ уэрэдыжьхэр). ***И уэздыгъэрункIыфIарэ къуэр дияуэ*** *нэсыжащ* (ЩоджэнцIыкIу А.).

Зы псалъэпкъым тIэу къытригъэзэжу е псалъэпкъитI зэхуэмыдэ зэхыхыхьэкIэрэ къэхъуа деепричастиери псалъэухам хоувэфыр лэжьыгъэм и къэхъукIэ обстоятельствэу: *Пщэдджыжьым жьыуэ хьэжыр шууэ пщIантIэм* ***кIий-гуоуэ*** *къыдэлъэдащ* (ЩоджэнцIыкIу А.). ***СыпIэтIауэ-сылъэкъуауэу*** *пхафэм сыкъыхэнащ* (КIэрашэ Т.).

Иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм ущрохьэлIэ деепричастнэ оборотым пэгъунэгъу дыдэ, уеблэмэ абы и къалэныр зыгъэзащIэ конструкцэхэм. Апхуэдэ конструкцэхэр деепричастнэ оборот дызэсэжам къазэрыщхьэщыкIыр абыхэм езы деепричастиер зэрыхэмытырщ. Деепричастие къэтым и къалэныр ягъэзащIэ а деепричастиер оборотым хэтамэ зи гъу-

сэн хуея псалъэм пыувэну щыта *-у//-уэ* аффиксхэм. Егъэпщэныгъэ оборотым хэту *хуэдэу, ещхьу* послелогхэм я къалэн зыгъэзащIэ *-у//-уэ* суффиксхэм къащхьэщыкIыу, мыпхуэдэ конструкцэхэм хэувэ *-у//-уэ* аффиксхэр ягъэзащIэ къалэнкIэ деепричастием и пIэ дыдэ йоувэхэр: *Зы тэлай дэкIри, **дыгъэр си щхьэщыгуу** зы гъуэгу бгынэжа гуэрымкIэ дэздыхащ* (ЩоджэнцIыкIу А.). Мы псалъэухам хэткъым хэтын хуея *иту* деепричастиер. Абы и къалэныр егъэзащIэ *си щхьэщыгуу* псалъэ зэпхам пыува *-у* аффиксым. *Сэ планетэхэм сылъэтэфатэмэ, **уи цIэр си натIэу** зезгъэлъагъунт* (ЩоджэнцIыкIу А.). *Уи цIэр си натIэу* псалъэ зэпхам пыт *-у* элементым егъэзащIэ а псалъэ зэпхар деепричастнэ оборот зыщIу абы хэтын хуея *тету* е *тетхауэ* деепричастием и къалэныр.

ЗыхэщIэныгъэкIэ (экспрессиекIэ) гъэнщIа адыгэ псалъэухахэм лэжьыгъэм и къэхъукIэ обстоятельствэу къыщокIуэ фразеологизму лъэпкъым къигъэсэбэп хъуа деепричастнэ оборотхэр: *Пхъэрри, **и шыкIэ мафIэ егъэуауэ,** къэсащ* (Къэрмокъуэ Хь.). ***Си щхьэм бжьэ еуауэ** си псэр къызохьэкI.*

Деепричастиемрэ деепричастнэ оборотымрэ псалъэухам хоувэ щхьэусыгъуэ обстоятельствэу: *Уэ **мэкъумылэ къыумышэурэ** Iэщыр зэтебгъэлIащ. **Зыдмыужьурэ** мафIэгум дыкъыкIэрыхуащ. **Бдзэжьей дещэурэ** жэщ къыттехъуэпащ.*

Деепричастиер бзэм нэхъыбэрэ къызэрыщыкIуэр обстоятельствэми, абы псалъэухам ущрохьэлIэ определенэм и къалэн игъэзащIэуи: *Сэ сыхуейщ джатэ, мыкIыхьу, мыкIэщIу, **бий жыжьэр къыщышынэу, бий гъунэгъур хигъащIэу*** (Нартхэр). *Сэ сыхуейщ ныбжьэгъу, **уэгъуэм щыгъуэ мыкъутэжыну, гузэвэгъуэм щыгъуи мыдзыхэжыну*** (Нартхэр).

ДызэреплъымкIэ, деепричастнэ оборотым дополненэми и къалэн псалъэухам щигъэзащIэу адыгэбзэм ущрохьэлIэ. Абы и щапхъэ хъунущ мы къэкIуэнухэр: *Абы и ужькIэ цIыхум ялъагъужакъым **а лIыр ину псэлъауэ е лажьэ зимыIэм хуэмыфэщэн гуэр ирипэсауэ.** Нобэр къыздэсым си фIэщ хъуркъым **абы нэхъ ерыскъы IэфI сIухуауэ*** (Мэзыхьэ Б.).

ЩIэ гъэпсыкIэ зиIэ псалъэухам щыобстоятельствэ псалъэр сказуемэ щыхъункIэ хъунущ причастнэ гъэпсыкIэм тет псалъэухам. «Апхуэдэ пкъыгъуэм IуэхугъуитI и пщэ къыдохуэ: сказуемэу щыткIэрэ, подлежащэм хужиIэр къегъэлъагъуэ, абы нэмыщI, причастиер егъэбелджылы обстоятельствэ гуэркIэ, пкъыгъуэкIэ обстоятельствэу къэдмылъытэми» [Урыс Хь. Щ. Адыгэ грамматикэ, 1994: 52]: *А лIы лъахъшэ цIыкIум къызэрикIухьыр **ещIэкъуауэут.** Анэм и гъащIэр зэрихьыр быным **ятегужьеикIауэщ.** Уэ мэкъу узэреуэр **угъэшауэщ.** Бийм и блиндажхэм фызэрекIуэлIэнур **фыпщурэщ.***

**КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
**БЕТЫГЪУЭН Лианэ,**
*филологием и магистр*

# Псалъэм и купщIэр

**ШкIахъуэ тыхь** – адыгэ хабзэм щыщщ. Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм къуажэдэсхэр зэхыхьэрти къуажэ шкIахъуэм зы шкIэ иратырт а махуэм и щIыхькIэ.

**Жьэгу пащхьэ тыхь** – мыбы махуэ хэха иIэу щытакъым. Унагъуэм гуфIэгъуэ щилъым деж лы зыхагъэва лэпсыр е дагъэ жьэгум дэлъ мафIэм и хъуреягъкIэ кърακIэкIырт, «ялыхь ерыскъырэ гуфIэгъуэрэ унагъуэр щумыгъащIэ», жаIэу тхьэ елъэIуурэ.

**Лэгъунэ мафIэ** – япэм щыгъуэ адыгэхэм нысащIэр хьэгъуэлIыгъуэ нэужьым Iуэху ирамыгъащIэу зы илъэскIэ щагъэсу щытащ. Iуэху щIэн щыщIидзэ япэ махуэм ар лъэпкъым щыщ цIыхубзхэм унэшхуэм щIашэрт. ЦIыхубз нэхъыжьым нысащIэр жьэгум дишэрти ихъуреягъкIэ кърищэкIырт, итIанэ мафIэ зэщIигъанэрти тхьэ елъэIурт: «Ялыхь мы жьэгум игъащIэкIэ мафIэр щумыгъэункIыфI, къэкIымрэ къалъхумрэ тхьэм ущимыгъащIэкIэ», – жиIэрти.

**Яжьэ теудэ** – цIыхубз уэндэгъур щымылъхуэфым деж, фызгъалъхуэм жьэгу яжьэ къищтэрти абы и ныбэм трикIутэрт, щихуэрт: «тхьэм псынщIэу фызэIэпих», жиIэурэ.

**Псыхэплъэ** – хъыджэбз зи ишэгъуэхэр зэхуэсырт, шынакъым псы иракIэрти, я нэр ямыгъэупIэрапIэу абы хэплъэрт, зышэну щIалэхэм я сурэтхэр къищыну жаIэрти.

**Вагъэбдзумэ хъуэхъу** – вакIуэ щыдэкIа япэ махуэм япэ вагъэбдзумэр зрагъэхьыр къуажэм мыбы нэхъ гъавэ бэв къохъулIэ жыхуаIэу дэсыр арат. ВакIуэ тхьэмадэм махъсымэ шынакъ къищтэрти, гъэр бэв хъуну, гъавэ бэв къайхъулIэну хъуахъуэрт. Абы и ужькIэ япэ вагъэбдзумэр зыхуагъэфэщам пхъэIэщэкIыр иубыдырти вагъэбдзумэр хишырт.

**ТхьэлъэIупэ** – (вакIуэихьэж тхьэлъэIу цIыкIу). Дзейм хэтхэм вэн яуха нэужь нэгъуэщI зыри къахэмыту, езым я закъуэу тхьэлъэIу ящIыжырт. Iэщ фIагъэжырти яшхырт, махъсымэ фалъэ зырыз яубыдырти хъуахъуэрт, махъсымэр ирафа нэужь, пщыIэбжэм деж увхэрти фалъэхэр я щхьэмкIэ щхьэпрадзырт, пщыIащхьэмкIэ щхьэдэхуэхын хуэдэу. Абы и ужькIэ вакIуэ къурмэн ящIыну къуажэм дыхьэжхэрт.

**Шэхэх** – цIыхум и Iэпкълъэпкъым къыхэна фочышэ, шабзэшэ хуэдэхэр IэкIуэлъакIуэ дыдэу къыхэзыхыжыф адыгэ Iэзэхэм яхэту щытащ. Абыхэм шэхэхкIэ еджэрт.

**Щыгъын гуэшыж** – цIыхур дунейм ехыжа нэужь илъэс дэкIмэ абы и щыгъынымрэ Iэщэ-фащэмрэ ягуэшыжу щытащ. А махуэм шыгъажэ ящIырт. Зиш къытежым лIам зэрихьэу щыта нэхъ хьэпшыпыфI дыдэр иратырт. Ди зэманми хабзэр щыIэщ, ауэ куэдкIэ зихъуэжащ. Зы илъэс дезыгъэхи нэхъ пасэу зыгуэшыжи

щыIэщ. Иджы щыгъыныр зыхуагуэшыжыр диным ирилажьэхэрщ, къуажэм дэс нэхъ тхьэмыщкIэхэрщ.

**Псыхэдзэ** – уэгъу хъуамэ, лIы нэхъ зришэрейуэ къуажэм дэс цIыхубз гуэрым и вакъэ лъэныкъуэр къадыгъурт, ар башыпэм быдэу фIапхэрти псыку дыдэм деж щыхатIэрт. Абы и ужькIэ езы цIыхубзыр къалъэфырти зэрыхуэпауэ псым хадзэрт, тIэу-щэ щIагъэмбрыуэрт. А псом и ужькIэ тхьэлъэIу ящIырти зэбгрыкIыжырт, уэшх къешхынущ жаIэрти.

**Хьэндыркъуакъуэ хуапэ** – уэгъу щыхъуам деж уэшх кърагъэшхын щхьэкIэ хьэндыркъуакъуэ къаубыдырти бостей цIыкIу щатIагъэрт, мащIэу драдзейрти, къехуэхыжа нэужь къафэхэурэ джэрт, уэшх къешхыну лъаIуэхэу. Къэмыфэмэ, мыджэмэ къешхынукъым, жаIэрт.

**ТхьэлъэIу** – тхьэм елъэIун жиIэу аращ. ТхьэлъэIу щIащIыр Iуэхушхуэ гуэрым теухуауэ гущIэгъу къахуищIын папщIэ тхьэм елъэIунухэу арат. ТхьэлъэIур унагъуэ щхьэхуэхэми, хьэблэр е къуажэр зэгъусэуи ящIу щытащ. Апхуэдэуи ар гуфIэгъуэ гуэрхэми траухуэ. ЯпэщIыкIэ тыхь фIагъэжырти, итIанэ тхьэлъэIум пыщIа Iуэхугъуэ псори ирагъэкIуэкIырт.

**ДУМЭН Хьэсэн** *зэритхыжамкIэ*

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 07.10.15. Формат 70x108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0.
Уч-изд. л. 11,7. Тираж 3280 экз. Заказ №152
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов